

# BAB I

## HAKEKAT WACANA

### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep

1. Bisa ngajéntrékeun kamekaran wacana;
2. Bisa ngajéntrékeun wangenan jeung ciri-ciri wacana;
3. Bisa nétélakeun patalina wacana jeung téks;
4. Bisa nétélakeun wacana dina peristiwa komunikasi;
5. Bisa nétélakeun wacana dina kamahéran basa;
6. Bisa nétélakeun Tujuan, Fungsi, jeung Pamarekan Wacana; sarta
7. Bisa nétélakeun kalungguhan wacana dina ulikan basa.

### A. Kamekaran Wacana

Ulikan wacana saenyana geus dimimitian sababaraha abad kaliwat kalawan dingaranan, di antarana waé, “seni nyarita” atawa rétorika. Ieu widang ulikan téh jaya-jayana dina Abad Panengah, najan dina kamekaran satuluyna mimiti kurang panitén, utamana dina awal abad XX.

Dina awal abad XX, para pakar réa museurkeun panitén kana analisis kalimah dumasar kana unsur-unsur anu leuwih leutik; kalimah disawang jadi puseur tur mandiri nepi ka analisisna leupas tina kontéks. Ulikan wacana kakara ngahontal kamekaran anu écés tur nyugemakeun kira-kira taun 1970-an (Purwo, 1984:44-46).

Dina basa Indonesia panalungtikan wacana kaasup anyar kénéh, malah mah anu ngulikna ogé kawilang saeutik kénéh. Kaharti palebah dieuna mah lantaran dina basa Indonésia ogé ulikan wacana téh kakara meunang panitén sabada taun 1980-an. Sawatara pakar anu naratas jalan pikeun ngulik wacana basa Indonesia, di antarana waé, Dardjowidjojo (1986) anu ngulik tali wengku dina wacana, Poedjosoedarmo (1985) anu medar wangunan wacana, Purwo (1984) anu medar déiksis dina basa Indonésia, dan Purwo

(1987) anu ngulik sirnaan konstituén jeung runtuyan dina nyalusur wacana basa Indonesia. Wawaran lian ngeunaan ulikan wacana dina basa Indonesia nyaeta munculna sawatara buku, di antarana wae, *Pengajaran Wacana* (Tarigan, 1987), *Analisis Wacana* (Samsuri, 1990), *Analisis Wacana Pragmatik* (Lubis, 1993; Wijana & Rohmadi, 2009), jeung *Makna dalam Wacana* (Sudaryat, 2009).

Dina basa Sunda ulikan wacana kawatesanan pisan, anu ngahagalkeun ngulik wacana basa Sunda, di antarana waé, *Wacana, Adegan Kecap, jeung Klausa Basa Sunda* (Prawirasumantri Spk., 1994) jeung *Ulikan Wacana Basa Sunda* (Sudaryat, 1997).

## **B. Wangenan jeung Ciri-ciri Wacana**

Istilah *Wacana* asalna tina basa Sansekerta anu hartina ‘ucapan atawa omongan’ (LBSS, 1983:556). Ari dina basa Inggris disebutna *discourse*. Éta kecap téh asalna tina kecap basa Yunani *discursus* anu hartina lulumpatan ka ditu ka dieu’. Wacana bisa dihartiketin (1) komunikasi pikiran ngaliwatan kecap-kecap; kedaling gagasan, paguneman; jeung (2) karangan, karya tulis, ceramah, hutbah, kuliah (Webster, 1983:522).


Wacana mangrupa peristiwa komunikasi nu puguh adeganana tur dalit gumulungna (*uniter*) dina wujud paripolah basa (Edmonson, 1981:4). Ari paripolah basa atawa linguistik téh wujudiahna mangrupa omongan nu sambung-sinambung, dalit, gramatikal, tur susunanana rapih (Carlson, 1983:XIII). Eta sababna, wacana disebut rékaman basa panggemblengna tina peristiwa komunikasi, dina médium lisan atawa tulisan, kajadianana langsung atawa teu langsung, boh sipatna transaksional (monolog) boh interaksional (dialog) (Samsuri, 1990:1).

Nilik kana wangunan atawa konstruksina, wacana téh mangrupa organisasi unsur-unsur basa saluhureun kalimah atawa klausa, sipatna alamiah, puguh adeganana, hubungan antar unsur-unsurna mibanda sipat konesif, tur kontinuitas nu nyata, boh lisan boh tinulis (Tarigan, 1987: 26-27). Minangka unsur gramatikal pangjembama, wacana bisa ngawujud karangan nu gembleng (novel, buku, artikel, puisi, jsté.) atawa paragraf kalawan mawa amanat nu lengkep (Kridalaksana, 1982:179). Wacana diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah anu dalit patalina tur merenah tatali ma'nana. Runtuyan kalimah téh dipaké geusan

matalikeun proposisi nu hiji jeung proposisi séjénna luyu jeung kontéks situasina (Deese, 1984: 72; Moeliono & Dardjowidjojo, ed., 1988:334;360).

Cindekna, wacana téh nyaéta wangun basa pangjembarna nu diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah nu sambung-sinambung (kontinuitas), tatali unurna ngéntép seureuh (kohési) tur tatali ma'nana dalit (kohérensi) luyu jeung kontéks situasi.

Dumasar kana wangenan di luhur ébréh yén wacana mangrupa médium komunikasi vérbal anu bisa diasumsikan ku ayana panyatur (nu nyarita/nu nulis) jeung pamiarsa (nu ngaregepkeun/nu maca). Baganna bisa diilikan ieu di handap.



### **Bagan 1.1: WACANA MINANGKA WAHANA KOMUNIKASI**

Dumasar kana rupa-rupa wangenan di luhur, bisa disebutkeun ciri atawa karakteristik hiji wacana. Ari ciri-ciri wacana téh, di antarana waé, bisa diwincik kieu.

1. Wacana mangrupa peristiwa komunikasi anu puguh adeganana tur dalit gumulungna dina wujud paripolah basa.
2. Wacana mangrupa omongan anu sambung-sinambung, dalit, gramatikal, tur susunanana ngéntép seureuh.
3. Wacana mangrupa rékaman basa panggablengna tina peristiwa komunikasi, dina médium lisan atawa tulisan, kajadianana langsung atawa teu langsung, boh nu sipatna transaksional (monolog) boh nu interaksional (dialog).
4. Wacana mangrupa organisasi unsur-unsur basa saluruheun kalimah, sipatna alamiah, puguh adeganana, hubungan antara unsur-unsurna mibanda sipat nu kohésif tur kontinuitas nu nyata, boh lisan boh tulisan.

5. Wacana mangrupa konstruksi gramatikal pangjembrana, bisa ngawujud karangan nu gembleng (novél, buku, artikel, jeung puisi) atawa paragraf kalawan mawa amanat nu lengkep.
6. Wacana mangrupa runtuyan kalimah-kalimah anu dalit patalina tur merenah hartina.
7. Wacana mangrupa wangunan gembleng tina runtuyan kalimah-kalimah anu pakait anu matalikeun proposisi nu hiji jeung proposisi séjénna.

Tina katerangan di luhur bisa dicindekkeun yén anu disebut *wacana* téh nya éta wangun basa pangjembarana anu disusun tina runtuyan kalimah-kalimah anu sambung-sinambung, tatali unurna ngéntép seureuh tur tatali ma'nana dalit luyu jeung kontéks situasi.

Singgetna, anu disebut wacana téh nya éta wangunan-wangunan basa anu wujudiahna mibanda ciri-ciri ieu di handap.

- (1) unsur katatabasan (gramatikal);
- (2) unsur basa pangluhurna, panglengkepna, panggedena;
- (3) runtuyan kalimah-kalimah;
- (4) mibanda tatali proposisi;
- (5) mibanda tatali sinambung (kontinu);
- (6) rekaman basa gembleng tina peristiwa komunikasi;
- (7) sipatna bisa transaksional bisa interaksional;
- (8) mediumna bisa lisan bisa tulisan; jeung
- (9) luyu jeung kontéks situasi atawa kontékstual.

### C. Wacana jeung Téks

Harti umum kecap *teks* kapanggih dina *Kamus Umum Bahasa Indonesia* (1988:916), nya éta naskah nu mangrupa (1) kecap-kecap tulén pangarangna, (2) kutipan tina kitab suci pikeun dadasar ajaran atawa alasan, jeung (3) bahan tinulis pikeun dadasar pangajaran atawa biantara, jsté.

Teks (*text*) raket patalina jeung wacana. Wacana minangka hasil tina prosés lisan, ari téks minangka hasil tina tulisan (Samsuri, 1990:1). Wacana museur kana realitas

makéna basa anu disebut téks. Pikeun Halliday (1978:107), “*a text is an operational unit of language*”, anu ulikanana henteu leupas tina eusi, gaya, jeung kontéks omongan. Téks museur kana wujud konkrit makéna basa nu mangrupa runtuyan kalimah-kalimah anu nyangga proposisi nu tangtu kalawan gembleng. Dina téks kakandung komposisi, runtuyan, jeung ciri distribusi nu tangtu. Ari wacana museur kana kompléksitas aspék anu kawangun ku interaksi antara aspék basa saperti kawujudkeun dina téks jeung aspék luar basa. Unsur luar basa museur kana kontéks, anu ngawengku kontéks omongan (*context of utterance*), kontéks budaya (*context of culture*), jeung kontéks référénsi (*context of reference*) (Fowler, 1986:86). Kontéks omongan sipatna nembrak (éksplisit), ari kontéks budaya jeung kontéks référénsi sipatna nyamuni (implisit). Kontéks implisit ngawengku situasi, fisik, jeung sosial; ari kontéks éksplisit ngawengku kontéks linguistik jeung kontéks ékstra-linguistik (Valdman, 1966, dalam Corder, 1973:305).

Halliday (1978) nyawang téks minangka hiji wangunan anu ngéntép seureuh atawa mibanda régister. Eta régistér téks téh dipangaruhan ku kontéks situasi (*context of situation*) anu jadi pilihan panyatur saperti jejer bahan (*field*), hubungan panyatur jeung pamiarsa (*tenor*), sarta kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*). Kontéks situasi aya dina kontéks budaya (*context of culture*) anu medalkan rupining téks (*genre*) anu dipaké ku masarakat pikeun rupa-rupa tujuan komunikasi.

Kontéks budaya, nurutkeun Fowler (1986:88), mangrupa “*the whole network of social and economic conventions and institutions constituting the culture at large*”. Kontéks budaya nyoko kana gunggungankasang tukang kahirupan sosial budaya minangka jaringan konvénsi sosial-ékonomi. Ari kontéks référénsi (*context of reference*) nyoko kana topik. Kana kontéks budaya kaasup kontéks omongan, anu mangrupa situasi, lokasi jeung waktu, pakakas, kahanan, jeung ragam omongan. Fowler (1986) nyebut *context of utterance* minangka “*the situation within which discourse is conducted*”.

Ieu kontéks omongan téh, nurutkeun (Dell Hymes, 1972), mibanda komponén omongan (*component of speech*) SPEAKING, sebagai singkatan dari *S(etting and scene)*, *P(articipants)*, *E(nd purpose and goal)*, *A(ct sequences)*, *K(ey tone or spirit of act)*, *I(nstrumentalities)*, *N(orms of interaction and interpretation)*, *G(enres)*. Komponén omongan bisa disundakeun jadi UNGKARA, anu mangrupa singgetan tina U(ndak usuk

basa atawa tatakrama basa); N(u make basa jeung nu dicaritakeun); G(alur omongan); K(asang tukang, tempat, waktu, jeung suasana; A(lat nu digunakeun); R(asa, nada, jeung ragam basa); sarta A(manat jeung tujuan omongan).


Saluyu jeung kahanan kontéks, waktu neuleuman téks minangka wacana, kagiatan napsirkeun anu dipilampah ku nu maca sipatna ko-tékstual (*co-textual*). Disebut kitu sotéh duméh tafsiran nu maca jaba ti niténan hubungan gambaran ma'na dina téks anu diwangun ngaliwatan kontékstualna: hubungan ma'na kecap, ma'na kalimah, jeung unsur tématis dina téks, nu maca ogé kudu niténan kontéks omongan, kontéks budaya, jeung kontéks référénsi. Prosés nyangkem téks kudu dilelempeng ku panyangkem kaédah pragmatik anu kalawan éksplisit atawa implisit ngasangtukanan hadirna hiji téks. Kompléksitas éta pnyangkem téh perlu dipakaitkeun kana kanyataan yén wujudna téks minangka wangun dadaran fakta, pamadegan, sikep, jeung tujuan, sarta dikasangtukanan ku pérspektif nu tangtu. Pérspektif atawa puseur sawangan téh pakait jeung aspék psikologis, aspék idéologis, jeung jarak panyatur dumasar kana pilihan pidanganana dina ruang jeung waktu.

Ayana panyangkem téks sacara kontékstual (*contextual*) anu disebut élaborasi (*elaboration*) nuduhkeun yén prosés nyangkem téks minangka wacana lain ngan ukur museur kana panyangkem kode basa (*decoding*), unit sintaktis (*syntactic unit*), jeung unit semantis (*semantic unit*), tapi ma'na sosial (*social meaning*). Bagi Halliday (1978), “*meaning is constructed in a social context*”. Ku kituna, panyangkem téks ditangtukeun ku transaksi jeung interaksi pamiarsa. Dina konsépsi Cairney (1995:4), prosés panyangkem téks “*is a complex meaning-based process requiring the interaction of text and reader-based factors*”. Faktor pamiarsa, jaba ti museur kana pangalaman, kaweruh, kajiwaan, idéologis, jeung éksisténsi diri negeunaan ruang jeung waktu, pakait ogé jeung sawanganana kana dunya (*word-views*).

Dumasar kana katerangan di luhur bisa disebutkeun yén téks téh nya éta tulisan anu mueur kana wujud konkrét makéna basa anu ngawujud wacana minangka runtuyan kalimah-kalimah nu mawa rélasi proposisi-proposisi dina hiji gungungan wangunan anu gembleng.

#### D. Wacana dina Peristiwa Komunikasi


Wacana minangka rékaman basa anu gembलग ngeunaan peristiwa komunikasi. Ari komunikasi téh mangrupa pakakas interaksi sosial, nya éta patali antara individu/kelompok jeung individu/kelompok séjénna dina prosés sosial. Ieu komunikasi téh bakal ngalahirkeun dinamika sosial. Kalungguhan wacana dina peristiwa komunikasi bisa dititénan dina bagan ieu di handap.



**Bagan 2.1: DINAMIKA SOSIAL**

Prosés komunikasi bisa maké médium vérbal (lisan jeung tulis) bisa maké médium nonvérbal (isarat, kinésik). Wujudiah medium vérbal téh nya éta wacana. Wacana sipatna bisa transaksional (monolog) bisa interaksional (dialog). Naon waé wangunna, wacana ngasumsikeun ayana unsur panyatur (= *addressor*), nya éta nu nyarita atawa nu nulis jeung pamiarsa (= *addressee*), nya éta nu ngaregepkeun atawa nu maca (Samsuri, 1990:1).


Dina prosés komunikasi basa, penyatur nepikeun pesen (pikiran, rasa, jeung kahayang) anu jadi ma'na dina basa (*lingual*) pikeun ditepikeun ka pamiarsa minangka amanat. Prosés komunikasi basa bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 2.2: PROSES KOMUNIKASI BASA

### E. Wacana dina Kamahéran Basa

Wacana kaasup produk komunikasi vérbal. Wacana lisan (ujaran) mangrupa produk komunikasi lisan, anu ngalibetkeun nu nyarita jeung nu ngaregepkeun; ari wacana tulis (téks) mangrupa produk komunikasi tulis, anu ngalibetkeun nu nulis dan nu maca. Aktivitas penyatur (nu nyarita/nu nulis) sipatna produktif, éksprésif, atawa kréatif; ari aktivitas pamiarsa (nu ngaregepkeun/nu maca) sipatna réseptif. Aktivitas dina diri penyatur sipatna internal, ari patalina penyatur jeung pamiarsa sipatna interpersonal. Baganna kieu.




Bagan 2.3: WACANA DAN KAPARIGELAN BASA



## F. Tujuan, Fungsi, jeung Pamarekan Wacana

Tujuan midangkeun wacana aya tilu rupa, nya éta (1) pikeun midangkeun wawaran (informasi), (2) pikeun ngahudang rasa, jeung (3) pikeun ngawarkeun tur ngahudang rasa. Eta tilu tujuan midangkeun wacana téh mibdanda fungsi séwang-séwangan kayaning fungsi informatif, fungsi émotif, jeung fungsi informatif-émotif. Pamarekan wacana anu dipaké kudu saluyu jeung tujuan katut fungsi wacana. Pikeun tujuan ngawarkeun bisa digunakeun pamarekan faktual, pikeun tujuan ngahudang rasa digunakeun pamarekan imajinatif atawa fiksional, ari pikeun tujuan kombinasional bisa digunakeun pamarekan faktual-imajinatif. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan bagan ieu di handap.




**Bagan 2.4: TUJUAN, FUNGSI, JEUNG PAMAREKAN WACANA**

Patali jeung fungsi wacana, Halliday (1978) nyebutna fungsi tékstual, minangka salasahiji tina fungsi basa, dua fungsi basa séjénna patali jeung fungsi émotif jeung fungsi ekspresif. Eta tilu fungsi basa téh, nya éta (1) fungsi idéasional, anu dipaké pikeun tujuan informatif; (2) fungsi interpersonal, anu dipaké pikeun tujuan interaksi sosial atawa komunikasi; jeung (3) fungsi tékstual, anu dipaké pikeun nyusun wacana anu apik, kohéren, kohésif, dan kontinu.

## G. Kalungguhan Wacana dina Ulikan Basa


Crystal (1989:83) nempatkeun wacana dina ulikan adegan atawa struktur semantik. Kaharti palebah dieuna mah lantaran wacana kaasup kana struktur basa anu réa

ngalibetkeun ma'na, boh ma'na léksiko-gramatikal boh ma'na kontéktual. Kalungguhan wacana dina ulikan basa bisa dibagankeun seperti ieu di handap.



**Bagan 2.5: SISTIM BASA**

Dina adegan basa, wacana mangrupa unsur basa panglengkepna, anu disusun tina unsur sahandapeunana kalawan hierarkial, nyaéta paragraf, kalimah, klausa, frasa, kecap, morfem, jeung fonem. Baganna ébréh ieu di handap.



**Bagan 2.6: UNIT JEUNG TAHAPAN BASA**

## H. Rangkuman

Ieu bab ngadadarkeun hakékat wacana, anu eusina ngawengku (1) kamekaran wacana; (2) wangenan jeung ciri-ciri wacana; (3) patalina wacana jeung téks; (4) wacana dina peristiwa komunikasi; (5) wacana dina kamahéran basa; (6) tujuan, fungsi, jeung pamarekan wacana; sarta (7) kalungguhan wacana dina ulikan basa.

Ulikan wacana saenyana geus dimimitian sababaraha abad kaliwat kalawan dingaranan, di antarana waé, “seni nyarita” atawa rétorika. Ieu widang ulikan téh jaya-jayana dina Abad Panengah, najan dina kamekaran satuluyna mimiti kurang panitén, utamana dina awal abad XX.

Wacana téh nyaéta wangun basa pangjembarna nu diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah nu sambung-sinambung (kontinuitas), tatali unsurna ngéntép seureuh (kohési) tur tatali ma'nana dalit (kohérensi) luyu jeung kontéks situasi.

Teks (*text*) raket patalina jeung wacana. Wacana minangka hasil tina prosés lisan, ari téks minangka hasil tina tulisan. Dina peristiwa komunikasi, wacana mangrupa médium jeung produk komunikasi, nu dihasilkeun ku panyatur tur ditarima ku pamiarsa. Dina kamahéran basa, wacana lisan minangka médium dina nyarita jeung ngaregepkeun, ari wacana tulis minangka médium dina nulis jeung maca.

Wacana mibanda tilu fungsi, nya éta (1) fungsi idéasional, anu dipaké pikeun tujuan informatif; (2) fungsi interpersonal, anu dipaké pikeun tujuan interaksi sosial atawa komunikasi; jeung (3) fungsi tékstual, anu dipaké pikeun nyusun wacana anu apik, kohéren, kohésif, dan kontinu.

Dina adegan basa, wacana mangrupa unsur basa panglengkepna, anu disusun tina unsur sahandapeunana kalawan hierarkial, nyaéta paragraf, kalimah, klausa, frasa, kecap, morfem, jeung fonem.

## Latihan

1. Naon anu dimaksud ku wacana?
2. Naon sasaruatan jeung bédana wacana jeung téks?
3. Kumaha patalina wacana jeung budaya katut situasi?
4. Naon baé ciri-cirina wangun basa nu disebut wacana?

5. Kumaha peranan kontéks dina wacana?
6. Tétélakeun galur kamekaran wacana!
7. Gambarkeun kumaha wacana dina peristiwa komunikasi?
8. Kumaha kalungguhan wacana dina kamahéran basa?
9. Tétélakeun kumaha tujuan, fungsi, jeung pamarekan wacana?
10. Kumaha kalungguhan wacana dina ulikan basa?

### **Pancén**

1. Téangan lima wangenan wacana tina buku atawa internét!
2. Téangan tina internét perkara wacana patalina jeung komunikasi, kamahéran basa, sarta ulikan basa!

### **Daftar Pustaka**

- Carlson, Lauri. 1983. *Dialogue Games: An Approach to Discourse Analysis*. Dordrecht, Holland: Reidel Pub.
- Corder, S. Pit. 1973. *Introduction Applied Linguistics*. London: Penguin Books.
- Crystal, David. 1989. *The Cambridge Encyclopaedia of a Language*. Cambridge University Press.
- Deese, James. 1984. *Thought in to Speech: The Psychology of a Language*. Englewood Cliffs, NJ: Prentice-Hall, Inc.
- Dardjowidjojo, Soenjono (Eds). 1988. *Tatabahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Edmonson, Willis. 1981. *Spoken Discourse: A Model for Analysis*. London: Longman.
- Fowler, Roger. 1986. "On Critical Linguistics" dina Carmen Rosa Caldas-Coulthard & Malcolm Coulthard (Eds), *Text and Practices: Reading in Critical Discourse Analysis*. London: Routledge.
- Halliday, M.A.X. 1978. *Language as Social Semiotics: The Social Interpretation of Language and Meaning*. London: Edward Arnold.
- Hymes, Dell. 1972. "The ethnography of Speaking dina J.A. Fishman (ed.) *Reading in the Sociology of Language*, The Hague: Mouton, 1968.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- LBSS. 1983. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Tarate.
- Lubis, A. Hamid Hasan. 1993. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Moeliono, Anton M. & Soejono Dardjowidjojo. 1988. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1985. "Komponen Tutur" dalam Soenjono Dardjowidjojo (ed.), *Perkembangan Linguistik di Indonesia*. Jakarta: Arcan.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1984. *Deiksis dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

- Purwo, Bambang Kaswanti. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Samsuri. 1990. *Analisis Wacana*. Malang: IKIP Malang.
- Sudaryat, Yayat, 1997. *Ulikan Wacana Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat. 2009. *Makna dalam Wacana*. Bandung: Yrama Widya.
- Tarigan, H.G. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.
- Webster's New Twentieth Century Dictionary*. 1983. USA: The World Publishing Company.
- Wijana, I Dewa Putu & Muhamad Rohmadi. 2009. *Analisis Wacana Pragmatik*. Surakarta: Yuma Pustaka.

## BAB II WUJUDIAH WACANA

### Tujuan Pangajaran

Sarngséna pangajaran, Sadérék dipiharep

1. Bisa ngajéntrékeun pakakas wacana;
2. Bisa ngabédakeun unsur-unsur wacana;
3. Bisa ngajéntrékeun dialog;
4. Bisa ngajéntrékeun monolog jeung alinéa;
5. Bisa ngajéntrékeun proposisi; jeung
6. Bisa ngajéntrékeun kalimah dina wacana.

### A. Pakakas Wacana

Minangka wangun basa pangjembarna, wacana disusun tina runtuyan kalimah-kalimah anu sinambung, dalit, tur rampak luyu jeung kontéks situasi. Hartina dina nganalisis wacana kalibet dua unsur utama, nya éta (1) unsur batin basa atawa adegan internal basa (intralinguistik), anu patali jeung kaédah basa kayaning tata kalimah, tata kecap, jeung tata sora; (2) unsur lahir basa (ékstralinguistik), anu patali jeung kontéks situasi.

Luyu henteuna kaédah basa jeung kontéks situasi dipatalikeun ku *pakakas wacana* atawa *unsur-unsur pragmatis* saperti déiksis, praduga, implikatur, laku basa, jeung adegan konvérsasi. Déiksis mangrupa unsur basa anu dipaké nunjuk acuan. Praduga mangrupa pangira nu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian jeung masalah nonjolkeun hal-hal nu nerangkeun. Implikatur mangrupa eusi bebenaran anu muncul tina runtuyan kecap dina kalimah. Laku basa mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi, Ari adegan konvérsasi mangrupa pola komunikasi basa anu sipatna ‘timbal-balik’ antara panyatur jeung pamiarsa.

## B. Unsur-unsur Wacana

Wacana téh patali jeung unsur-unsur batin basa jeung lahir basa. Unsur batin basa patali jeung tata kalimah (kalimah, klausa, jeung frasa); tata kecap (kecap jeung morfém); sarta tata sora (engang, foném, jeung titinada). Unsur lahir basa patali jeung prosés komunikasi saperti interaksi sosial (konvérsasi jeung tutukeuran) sarta pamekaran téma (monolog jeung paragraf).

Wacana minangka unit gramatikal pangjembarna raket patalina jeung tataran ma'na. Tataran ma'na pangjembarna nya éta interaksi sosial, anu nyoko kana tutukeuran (*exchange*) minangka unit minimum jeung konvérsasi minangka unit jembarna. Tataran ma'na sahandapeunana nya éta pamekaran téma (*theme development*) nu nyoko kana paragraf atawa réndonan kalimah (*sentence cluster*) minangka unit minimum jeung monolog minangka unit jembarna. Tataran ma'na leuwih handap nya éta proposisi, nya éta ma'na kalimah jeung ma'na klausa. Sahandapeun proposisi aya térm anu nyoko kana ma'na frasa jeung kecap. Leuwih handap deui nya éta pakét léksikal anu nyoko kana ma'na morfém jeung réndonan morfém. Geura titénan bagan pasangan tahapan gramatikalna.

MA'NA	UNIT MINIMUM	UNIT MAKSIMUM
Interaksi sosial	Tutukeuran ( <i>exchange</i> )	Konvérsasi
Pamekaran téma	Paragraf	Monolog
Proposisi	Klausa	Kalimah
Term (dasar)	Kecap	Frasa
Pakét léksikal	Morfem	Rendonan morfem

Tabél 2.1: KOMPONEN WACANA

Naon-naon anu dipidangkeun ku Pike & Pike (1977) téh satemenna mah mangrupa unsur-unsur anu kalibet dina nganalisis wacana. Ari wacana bisana dianalisis téh lantaran dumuk kaédah organisasina, boh nu tumali jeung panyatur, pamiarsa, boh situasina. Eta sababna, organisasi wacana téh baris raket patalina jeung fonologi, tata basa (gramatika), jeung organisasi non-linguistik. Geura titénan ieu bagan di handap.

Organisasi non-linguistik	Wacana	Gramatika	Fonologi
Transaksi			
Péreléan tahapan			
	- <i>exchange</i>		
	- <i>move</i>		
	- <i>act</i>		
		- kalimah	
		- klausa	
		- frasa	
		- kecap	
		- morfem	
			- engang
			- fonem
			- titinada

Tabél 2.2: KOMPONEN WACANA JEUNG LINGUISTIK

Dina tulisanana nu séjén, Coulthard & Brazil (1981:88) nétélakeun yén unsur-unsur wacana téh ngawengku: (1) transaksi, (2) préléan urutan (*stage*), (3) tutukeuran (*exchange*), (4) Obahan (*move*), jeung (5) laku atawa polah (*act*).

Upama dipatalikeun kana sipat wacana nu bisa interaksional tur proposisional, unsur-unsur wacana nu ditepikeun ku Pike & Pike (1977) jeung Coulthard (1978) bisa digabungkeun bari dimodifikasi kieu. *Transaksional* mangrupa tataran ma'na anu nyoko kana unit konvérsasi jeung tutukeuran, interaksional nyoko kana unit *monolog* jeung *paragraf*, sarta proposisional nyoko kana unit *obahan* jeung *laku*.

Unsur wacana anu rék dipedar ngawengku (1) dialog, (2) monolog, jeung (3) proposisi.

## C. DIALOG

### 1. Wangenan jeung Pasipatan Dialog

Istilah *Dialog* dina basa Sunda sok disebut guneman atawa paguneman. Dialog mangrupa unsur wacana disawang tina interaksi sosial. Unsur wacana dialog sipatna interaksional. Dina dialog



anu dipentingkeun téh lain eusi, tapi ‘komunikasi timbal-balik’. Aya dua rupa wujud dialog, nya éta konvérsasi jeung tutukeuran. *Konvérsasi* atawa *paguneman* nyoko kana unit pangjembarna (maksimum) tina kagiatan makéna basa ku dua urang panyatur atawa leuwih, boh ragam lisan boh tulis, ukuranana panjang, jeung waktuna lumangsungna lila. Ku lantaran mangrupa unit interkasi basa pangjembarna, konvérsasi téh bisa ogé disebut gabungan tina tutukeuran.

Ari anu disebut *tutukeuran* (*exchange*) nya éta unit minimum tina kagiatan makéna basa antara dua urang panyatur, boh lisan boh tulisan, ukuranana pondok, jeung waktu lumangsungna ogé sakeudeung. Tutukeuran mangrupa gabungan tina omongan (*utterance*), anu sok disebut kalimah.

Contona:

- (01) A : Puntén.  
B : Mangga.
- (02) A : Assalualaikum.  
B : Waalaikumsalam.

Tutukeuran mangrupa gabungan dua omongan atawa leuwih ti panyatur, bisa nyoko kana omongan stimulus bisa omongan réspónsi.

Contona:

- (03) Ujang : “Ema, ari ieu tali naon?”  
Ema : “Tali karuhun.”  
Ujang : “Tali karuhun téh naon?”  
Ema : “Tali kolor Bapa manéh.”

Conto séjén.

- (04) Jajaka : "Néng, terang hartina 'istri mah dulang tinandé?'"  
Nénéng : "Terang lah, istri téh kedah tumut kana kapalay carogé."  
Jajaka : "Dicandak kana liang cocopét?"  
Nénéng : "Keresana atuh."  
Jajaka : "Upami Engkang nikah deui?"  
Nénéng : "Dibabétkeun dulangna kana hulu sia."

## 2. Pola Dialog


Dialog atawa paguneman enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional), anu nuduhkeun yén panyatur jeung pamiarsa téh siligenti.

Contona:

- (05) A : Kumaha damang, Kang?  
 B : Pangésto, Yi.

Pagumenan dina (04) téh lumangsung antara panyatur A jeung pamiarsa B. Hubungan paguneman A jeung B téh disebutna adegan konvérsasi.

Saenyana mah, omongan panyatur nu ditarima ku pamiarsa téh ngaliwatan prosés nu tangtu (Brooks, 1964) saperti ébréh dina bagan ieu di handap.



Bagan 2.1: PROSÉS KOMUNIKASI

### 3. Prinsip Dialog

Komunikasi basa téh kaasup kana aktivitas sosial, anu ngalibetkeun panyatur, pamiarsa, jeung jejer omongan. Ngomong atawa rétorika patali jeung masalah tékstual katut interpersonal. Duanana mikabutuh prinsip nu tangtu. Rétorika tékstual mikabutuh prinsip gawé bareng (kooperatif), ari rétorika interpersonal mikabutuh prinsip kasopanan. Dina ieu bagian rék dipedar prinsip gawé bareng heula, ari prinsip kasopanan dipedar dina tatakrama basa.

Dina raraga ngalaksanakeun prinsip gawé bareng (kooperatif), aya opat maksim paguneman, nya éta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim kasaluyuan, jeung (4) maksim cara. Di handap ieu dipedar hiji-hijina.

*Maksim kuantitas* miharep unggal panyatur bisa ngadeudeul sacukupna naon-naon nu dipibutuh ku pamiarsa. Contona, kalimah (05) di handap ieu leuwih ringkes batan kalimah (06).

- (06) Kuring téh keur *rieut*.  
(07) Kuring téh keur *rieut sirah*.

*Maksim kualitas* miharep sangkan unggal panyatur ngedalkeun hal anu sabenerna.

Contona:

- (08) UPI téh ayana di Jalan Dr. Setiabudhi No. 229  
Bandung.

*Maksim kasaluyuan* miharep sangkan unggal panyatur ngedalkeun hal anu saluyu jeung jejer omongan. Dina conto di handap ieu, jawaban Nénéng henteu saluyu jeung jejer omongan.

- (09) Ceuceu : Néng, aya salam ti Kang Ajat.  
Nénéng : Sabaraha beungkeut, Ceu?

*Maksim cara* meredih sangkan para panyatur ngedalkan hiji hal kalawan togmol, henteu nyamuni, henteu kaleuleuwih, tur sinambung. Contona:

- (10) A : Piraku Péru ibukotana Lima.... Réa-réa  
teuing.  
B : Lain jumlahna, tapi ngaranna.

#### **D. Monolog jeung Alinéa**

Monolog jeung alinéa (paragraf) mangrupa unsur wacana disawang tina pamekaran téma. Duanana boga sipat transaksional. Ngan pédah bédana téh, monolog kaasup unsur pamekaran téma anu maksimum, ari paragraf kaasup pamekaran téma anu minimum.

##### **1. Monolog**

Monolog mangrupa unsur wacana nu sipatna transaksional. Dina monolog mah nu dipentingkeun téh ‘eusi komunikasi’. Unsur wacana monolog mangrupa pamekaran téma atawa gagasan ti saurang panyatur. Wangunna leuwih jembar ti batan paragraf atawa gabungan tina sababaraha paragraf. Ku kituna, gagasan dina monolog mah bisa leuwih ti hiji.

Nurutkeun médium anu dipakéna, aya monolog lisan jeung aya monolog tulis. Monolog lisan bisa mangrupa biantara, ceramah, hutbah, da'wah, jeung déklamasi. Ari monolog tulis bisa mangrupa instruksi tulis, surat, éséy, artikel, jeung mémo.

## 2. Alinéa

Alinéa atawa paragraf mangrupa unit minimum wacana minangka wadah mekarkeun téma, sipatna transaksional. Dina paragraf ngan aya hiji téma atawa gagasan, umumna diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah.

Gagasan paragraf téh mangrupa pikiran-pikiran anu kapanggih dina kalimah-kalimah anu ngawangun éta paragraf. Aya dua rupa pikiran dina paragraf téh, nya éta pikiran utama jeung pikiran panandes. *Pikiran utama* mangrupa pikiran anu ngajiwaan unggal paragraf, ari *pikiran panandes* mangrupa pikiran anu gunana pikeun leuwih ngajelaskeun pikiran utama. Pikiran utama ayana dina kalimah utama, ari pikiran panandes aya dina kalimah panandes.

Nurutkeun cicingna pikiran utama, aya sababaraha rupa paragraf, di antarana, (1) paragraf déduktif, (2) paragraf induktif, jeung (3) paragraf campuran. Di handap ieu didadarkeun hiji-hijina.

### a. Paragraf Déduktif

*Paragraf déduktif* nya éta paragraf anu pikiran utamana aya di awal paragraf. Contona:

- (11) Saban taun masarakat Jawa Barat butuh daging sapi nu kawilang loba. Jumlahna teu kurang ti tilu rebu sapi peunciteun (sapi potong). Kapaksa pikeun nbyumponan kakuranganana nyiar ti daérah séjén, di antarana, Nusa Tenggara Barat. Pikeun ngungkulan kabutuh, dicoba ku cara ngagenjot daérah pakidulan Jawa Barat, jeung metakeun upaya ngalintuh- lintuhkeun sapi nu baregang. sajaba ti kitu, kawin suntik digedékeun (*Manglé* No. 1950:7).

### b. Paragraf Induktif

*Paragraf induktif* nya éta paragraf anu pikiran utamana aya di tungtung paragraf. Contona:

- (12) Dina hasanah kasundaan ogé geuningan monyét minangka hiji sato nu réa dicaritakeun. Sakadang monyét sok digambarkeun pinter, réa akal tapi sakaligus licik. Jeung nasibna téha néhna sok sial baé. Numbuk di sué. Sabalikna, ari sakadang Kuya sanajan mimitina dikakalakeun, untung baé. Boa-boa kolot baheula

geus méré tangara, gurunggusuh, uga-agé, hayang untung tina énténg, nu disilokakeun ku kalakuan sakaadang Monyé, lain hiji sipat nu hadé. Mana kitu ogé bakal meunang sial. Hadéna sabar, lantip, tawekal, jiga sakadang kuya (*Manglé* No. 1950:6).

c. Paragraf Campuran

*Paragraf campuran* nya éta paragraf anu pikiran utamana aya di awal jeung di tungtung paragraf. Contona:


- (13) Géngsi irama dangdut beuki ningkat. Mun baheula mah dianggap kampungan, pakakasna asal aya jeung manggungna ogé di kampung-kampung, ayeuna mah geus robah. Irama dangdut geus teu deui dianggap kampungan. Pakakasna ogé lengkep, méwah, jeung modéren, teu éléh ku band pop. Biduan jeung biduanitana ogé ayeuna aralus, boh gaya jeung dangdangan boh sorana. Orkés Malayu atawa dangdut geus bisa muncul dina pésta gedéan, malah di unggal stasiun tivi réa midangkeun dangdut. Warna irama dangdut geus bisa mapakan irama lian, malah nyusup ka kaum gedongan jeung kampus.

## E. Proposisi

### 1. Adegan Proposisi

Wacana mangrupa wangunan gembleng tina runtuyan kalimah anu sambung-sinambung dina matalikeun proposisi nu hiji jeung proposisi séjénna (Moeliono & Dardjowidjojo, 1988:360). Nurutkeun Langacker (1972:98), struktur proposisi (*prepositional structure*) dipaké pikeun nyirian “*the way in which the semantic representation of a sentence is organized in terms of its component propositions*”. Ari proposisi téh nyaéta konfigurasi semantis anu ngécéskeun eusi komunikasi omongan, nyoko kana ma’na klausa atawa kalimah, diwangun ku prédikador jeung argumén. Patalina prédikador jeung argumén téh disebutna peran (*role*) atawa kasus.

Upamana baé, proposisi tina *klausa kuring dahar cau* bisa dibagankeun kieu.



Bagan 2.2: Struktur Proposisi

Prédikator *baca* peranna 'kalakuan' sarta kategorina verba, argumén *manéhna* peranna 'palaku' sarta kategorina nomina, jeung argumén *buku* peranna 'sasaran' sarta kategorina nomina.

## 2. Obahan jeung Laku

Proposisi nyoko kana tataran ma'na dina klausa minangka unit minimum jeung kalimah minangka unit jembarana. Dina ulikan wacana dipiwanoh ayana obahan jeung laku.

*Kahiji*, obahan (*move*) téh mangrupa unit proposional wacana, mangrupa omongan (*utterance*), atawa dina tatabasa mah satata jeung kalimah.

Contona:

(14) Di rohangan kuliah.

Profésor : "Jadi, kesimpulanana, jelema nu pangbodo-bodona téh nyaéta jelema anu percaya kana omongan batur bari teu dibuktikeun heula."


Mahasiswa : "Percanten, percanten."

Profésor : "Dasar bararodo."

Naon-naon anu diucapkeun ku Profésor atawa ku mahasiswa, masing-masing mangrupa obahan atawa ornongan.

*Kadua*, laku atawa polah (*act*) nya éta unit proposional minimum tina wacana atawa dina tatabasa mah disebut klausa. Laku diwangun ku prédikator jeung argumén. Dina tatabasa sok disebut jejer jeung caritaan (boh binarung ku objék atawa panglengkep, boh henteu).

Titénan kalimah “Kuring mangmeulikeun baju keur manéhna” dina adegan proposisi ieu di handap.



Bagan 2.3: ADEGAN LAKU

### 3. Kalimah dina Wacana

#### a. Gunana Kalimah dina Wacana

Kalimah téh kaasup unit pangleutikna dina tata wacana mah. Ari sababna, wacana téh mangrupa runtuyan kalimah-kalimah nu nyambung-keun hiji proposisi jeung proposisi séjénna. Najan kitu, disawang tina segi proposisi mah, kalimah téh kaasup unit maksimum, ari unit minimumna nya éta klausa. Unsur kalimah dina wacana téh sok disebut *omongan* atawa *obahan* (*move*). Contona, wacana di handap ieu diwangun ku lima kalimah.

- (15) (a) Walungan keur saat. (b) Sok resep ngala hurang kuring mah. (c) Geus sababaraha poé ngala hurang téh meunang saeutik waé. (d) Sobat méré saran, hayang meunang loba hurang mah taheunan ku kutang, cenah. (é) Dicobaan téh, enya wé, mangkok kutang pinuh-pinuh waé ku hurang.

Minangka unit maksimum wacana tina segi proposisi, kalimah téh disusun ku hiji unit minimum atawa leuwih nu disebut klausa. Dina tata wacana mah, klausa téh sok disebut *polah* atawa *laku* (*act*). Ciri utama klausa atawa laku téh nya éta prédikatif, atawa disusun ku prédikator (caritaan) jeung argumén (jejer, objék, atawa panglengkep). Contona dina wacana di luhur, kalimah (a) jeung (b) masing-masing diwangun ku hiji klausa. Ari kalimah (c)-(é) masing-masing diwangun ku dua klausa.

## **b. Wanda Kalimah dina Wacana**

Dina tata kalimah mindeng dibédakeun kalimah sampurna (lengkep) jeung kalimah teu sampurna (teu lengkep). Kalimah sampurna didadasaran ku klausa bébas, ari kalimah teu sampurna didadasaran ku klausa kauger atawa tanpa klausa. Dina tata wacana moal kapanggih wincikan kalimah sarupa kitu téh. Ari sababna, sakur kalimah dina wacana mah sampurna, da nu pentingna eusi kalimah. Aya opat rupa kalimah dina wacana, nyaéta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.

### **1) Kalimah Komisif**

*Kalimah komisif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa pananya. Ieu kalimah miharep réspónsi nu mangrupa jawaban. Wujud pargamtis komisif bisa nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, (a) ngawawarkeun, (b) nitah, (c) ngajak, (d) meredih, (é) ngahulag, jeung (f) ngantebkeun. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (16)-(21) ieu di handap.

- (16) Putra Pa Iding téh teu damang. Ayeuna nuju diopname.
- (17) Asa hareudang. Teu jalan kitu kipas angin téh.
- (18) Pa, asa tos lami teu ngojay ka Cimanggu. Minggu ieu mah salsé sigana.
- (19) Kawitna mah badé ngiring. Nu mawi pun anak udur répot.
- (20) Peuting-peuting kieu rék balik. Loba jelema jahat ayeuna mah. Di dieu gé aya kamer kosong.
- (21) Kuring mah loba gawé. Nya manéhna nu indit téh.



## 2) Kalimah Impositif

*Kalimah impositif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun paréntah. Wujud pragmatis paréntah nyoko rupa-rupa ma'na kayaning (a) nitah, (b) ménta, (c) ngadeseke, (d) miharep, (é) nyaréke, (f) ngajak, (g) ngageuri, (h) ngajurung, jeung (i) ngawawadian. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (22)-(30) ieu di handap.

- (22) Cik, buka panto. Ieu Euceu!
- (23) Asa halabhabkieu. Tiasa nyuhunkeun cai!
- (24) Kudu bener diajar téh. Sing siga manéhna atuh!
- (25) Mugi-mugi Alloh maparin rahmat ka urang sadayana!
- (26) Ulah nangis, In! Keun baé sakitu mah, itung-itung ujian.
- (27) Urang ngaraos heula. Ngarah salsé ngobrolna.
- (28) Wayahna baé, Jang. Sing karunya ka Ema!
- (29) Geus ceudeum. Jung atuh geura miang, bisi kaburu hujan!
- (30) Masalahna beurat. Alusna mah dibadamikeun heula!

## 3) Kalimah Éksprésif

*Kalimah éksprésif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun cumeluk jeung sora bituna rasa. Wujud pragmatis éksprésif nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, (a) nyarékan, (b) ngawilujengkeun, (c) cumeluk, (d) kagét, (é) tumamprak, (f) karumusaan, (g) bungah, (h) kanyeri, (i) mupuas, (j) geuleuh, jeung (k) keuheul. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (31)-(41) ieu di handap.

- (31) Goblog, manéh mah! Piraku aya sarjana kitu patut.
- (32) Wilujeng siang, Pa! Kumaha damang?
- (33) Jang, ka dieu! Ema aya perlu.
- (34) Euleuh, meni alus kitu, nya! Hanjakal teu boga deuitna.
- (35) Alhamdulillah. Sukur ari lulus mah.
- (36) Hatur nuhun kana kasaéan Bapa. Abdi parantos dibantos.

- (37) Horé, meunang , euy!
- (38) Aduh, titajong meni baloboran kieu!
- (39) Hag siah. Nu matak ka kolot kudu ngagugu!
- (40) Iy, aya budak teu mandi. Geuleuh, ah.
- (41) Ih, naha kabina-bina teuing, nya. Gurat batu pisan.

#### 4) Kalimah Asértif

*Kalimah asértif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun bebeneran wawaran. Ari bebeneran dina kalimah téh miboga tilu rupa wujud, nya éta (a) *kalimah analitis*, anu bebeneran eusina aya dina runtuyan kecap-kecapna; (b) *kalimah kontradiktif*, anu bebeneran eusina tojaiah jeung eusi runtuyan kecap-kecapna; jeung (c) *kalimah sintétis*, anu bebeneran eusina gumantung kana fakta di luareun basa. Kalimah (42)-(44) di handap ieu masing-masing nuduhkeun kalimah analitis, kalimah kontradiktif, jeung kalimah sintétis.

- (42) Ari korsi téh paranti diuk.
- (43) Ucing mah sukuna dua.
- (44) Masjid Agung Bandung aya di puseur dayeuh.

## F. Rangkuman

Ieu bab ngadadarkeun genep hal anu patali jeung wujudiah wacana, nyaéta (1) pakakas wacana; (2) unsur-unsur wacana; (3) dialog; (4) monolog jeung alinéa; (5) proposisi; jeung (6) kalimah dina wacana.

Minangka wangun basa pangjembarna, wacana disusun tina runtuyan kalimah-kalimah anu sinambung, dalit, tur rampak luyu jeung kontéks situasi. Hartina dina nganalisis wacana kalibet dua unsur utama, nya éta (1) unsur batin basa atawa adegan internal basa (intralinguistik), anu patali jeung kaédah basa kayaning tata kalimah, tata kecap, jeung tata sora; (2) unsur lahir basa (ékstralinguistik), anu patali jeung kontéks situasi.

Luyu henteuna kaédah basa jeung kontéks situasi dipatalikeun ku *pakakas wacana* atawa *unsur-unsur pragmatis* saperti déiksis, praduga, implikatur, laku basa, jeung adegan konvérsasi. Déiksis mangrupa unsur basa anu dipaké nunjuk acuan. Praduga mangrupa pangira nu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian jeung masalah nonjolkeun hal-hal nu nerangkeun. Implikatur mangrupa eusi bebenaran anu muncul tina runtuyan kecap dina kalimah. Laku basa mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi, Ari adegan konvérsasi mangrupa pola komunikasi basa anu sipatna ‘timbang-balik’ antara panyatur jeung pamiarsa.

Unsur wacana ngawengku (1) dialog, (2) monolog, jeung (3) proposisi. Dialog mangrupa unsur wacana nu ngagambarkeun ‘komunikasi timbal-balik’. Aya dua rupa wujud dialog, nyaéta konvérsasi, nu mangrupa unit paguneman panjang jeung tutukeuran, nu mangrupa unit paguneman pondok. Monolog jeung alinéa (paragraf) mangrupa unsur wacana disawang tina pamekaran téma. Duanana boga sipat transaksional. Ngan pédah bédana téh, monolog kaasup unsur pamekaran téma anu maksimum, ari paragraf kaasup pamekaran téma anu minimum.

Proposisi téh nyaéta konfigurasi semantis anu ngécéskeun eusi komunikasi omongan, nyoko kana ma'na klausa atawa kalimah, diwangun ku prédikator jeung argumén. Proposisi dina kalimah disebutna obahan (*move*), ari proposisi dina klausa disebutna laku atawa polah (*act*).

Dina wacana, kalimah téh mangrupa unit pangleutikna. Aya opat rupa kalimah dina wacana, nyaéta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.

## **Latihan**

1. Naon baé ari pakakas wacana téh?
2. Kumaha patalina ma'na jeung unsur wacana?
3. Sebutan naon baé unsur-unsur wacana téh?
4. Tétélakeun sasaran jeung bédana: konvérsasi jeung tutukeuran, monolog jeung paragraf, sarta obahan jeung laku!
5. Kumaha kalungguhan kalimah dina wacana?

## **Pancén**

Pék téangan komponén-komponén wacana nurutkeun sawatara pakar. Coba buka internét!

## **Daftar Acuan**

Brooks, Nelson W. 1964. *Language and Language Learning*. New York: Macmillan Publishing Co, Inc.

Coulthard, Malcolm. 1978. *An Introduction to Discourse Analysis*. London: Longman.

Coulthard, Malcolm & David Brazil. 1981. *Exchange Structure* dina Malcolm Coulthard & Martin Montgomery. *Studies in Discourse Analysis*. London: Routledge & Kegan Paul.

Dardjowidjojo, Soenjono (Eds). 1988. *Tatabahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Langacker, Ronald W. 1972. *Fundamental Linguistic Analysis*. New York: Holt, Rinehart and Winston.

Majalah *Manglé* No. 1950 . Bandung: PT Manglé Pangipur.

Pike, Kenneth Lee & Evelyn G. Pike. 1977. *Grammatical Analysis*. Dallas: Summer Institute of Linguistics.

## BAB III

### ADEGAN WACANA

#### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep


1. Bisa ngajéntrékeun unsur-unsur pangwangun wacana;
2. Bisa ngajéntrékeun konsép jeung papasingan kohési;
3. Bisa ngajéntrékeun konjungsi dina wacana; jeung
4. Bisa ngajéntrékeun kohérénsi dina wacana

#### A. Pangwangun Wacana

Minangka salasahiji wangunan basa pangjembarna, wacana miboga dua adegan, nya éta adegan lahir jeung adegan batin. Adegan lahir wacana nyoko kana kohési, ari adegan batinna nyoko kana kohérénsi. Sangkan wacana téh kohésif, panyatur kudu boga pangaweruh kaédah basa, kanyataan (réalitas), katut prosés nalar minangka panyindek sintaksis. Hartina, wacana kakara bisa disusun kalawan kohésif tur kohérén lamun aya kasaluyuan antara *kotéks* (situasi-batin basa) jeung *kontéks* (situasi-lahir basa) (Tarigan, 1987).

#### B. Kohési

Kohési mangrupa aspék formal basa dina wacana, kaasup organisasi sintaksis, wadah kalimah-kalimah disusun kalawan dalit tur kompak jadi wacana atawa téks. Cindekna, kohési téh nyaéta patali wangun antara kalimah-kalimah dina wacana. Ieu di handap wincikan kohési wacana.



**Bagan 3.1: WANDA KOHÉSI**

Tina bagan di luhur ebreh yen kohesi teh ngawengku kohési gramatikal, kohési léksikal, dan konjungsi anu aya di tengah-tengah antara kohesi léksikal jeung kohesi gramatikal.

### 1. Kohési Gramatikal

Kohési gramatikal mangrupa unsur basa anu dipaké pikeun ngagumu-lungkeun adegan wacana. Kohési gramatikal diwujudkeun ku (1) référénsi, (2) substitusi, (3) élipsis, jeung (4) paralélismeu. Eta opat kohesi gramatikal teh dipedar hiji-hijina ieu di handap.

#### a. Référénsi

*Référénsi* mangrupa hubungan antara unsur panuduh (déiksis) jeung unsur nu dituduhkeun (acuan atawa antésédén). Acuan nu dituduhkeun bisa aya jeroeun wacana bisa luareun wacana. Lamun dina semantik formal anu diacu téh kudu enya-nya benerna, ari dina wacana mah bebeneran anu dimaksud ku référénsi téh nyaéta bebeneran nurutkeun panyatur. Référénsi umumna diwujudkeun ku pronomina atawa kecap sulur.

Contona:

- (69) H. Hasan Abdulkadir, urang NTB, kasohor bisa ngubaran kasakit maag. *Praktékna* téh ti mimiti taun 1984 kénéh. Nu matak anéh, pasén teu dicarék dahar nu haseum-haseum. Dahar naon ogé euweuh nu dipantang. Ti mana *manéhna* meunang pangabisana?

Unsur *-na* jeung *kecap* manéhna duanana ngacu kana antésédén *H. Hasan Abdulkadir*. Ku kituna, *-na* jeung *manéhna* dina wacana (69) di luhur mangrupa référénsi.

Patalina jeung référénsi, déiksis téh mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hiji hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa. Asalna tina basa Yunani *deiktikos*, anu hartina ‘hal nuduhkeun kalawan langsung’. Naon-naon anu dituduhkeun ku déiksis, boh jeroeun wacana boh luareun wacana, disebut *acuan* atawa *antésédén*. Déiksis anu nuduhkeun acuan di jeroeun wacana atawa sipatna intra-tékstual disebut *déiksis éndoforis*. Ari déiksis anu nuduhkeun acuan nu aya di luareun wacana atawa sipatna ékstra-tékstual disebut *déiksis éksoforis*. Contona, kecap *manéhna* dina wacana (70) jeung (71) di handap ieu masing-masing mangrupa déiksis éksoforis jeung déiksis éndoforis.

- (70) *Manéhna* teu walakaya basa direjengan ku saréréa. Kaharti ari kituna mah, saurang dihurup ku lobaan. Mémang beurat sabeulah.
- (71) Bibi kuring ngebon bonténg, perna sisi lembur. *Manéhna* mah kacida peditna. Entong boro ku dulur, ku anakna ogé sok nyarékan.

Déiksis téh cicingna bisa tukangeun acuan bisa hareupeun acuan. Déiksis anu cicingna tukangeun atawa sabada acuan disebut *déiksis anaforis*, ari anu cicingna hareupeun atawa saméméh acuan disebut *déiksis kataforis*. Contona, kecap *manéhna* dina wacana (71) di luhur mangrupa déiksis anaforis tina acuan atawa antésédén *Bibi kuring*. Sabalikna, dina wacana (72) di handap ieu, unsur *-na* mangrupa déiksis kataforis tina acuan *Uwén*.

- (72) Ku mahérna dina nyarita, Uwén téh bisa jadi MC.

Wujud déiksis umumna mangrupa kecap sultur, kecap panuduh, advérbia, jeung sawatara unsur basa séjénna nu dipaké pikeun nuduhkeun acuan. Nurutkeun hartina dibédakeun rupa-rupa déiksis, di antarana, (1) *déiksis persona* atawa *panuduh jalma*, anu diwujudkeun ku kecap gaganti jalma, saperti *kuring*, *manéh*, jeung *manéhna*; (2) *déiksis témporal* atawa *panuduh waktu*, anu diwujudkeun ku nomina waktu, saperti *ayeuna*, *peuting*, jeung *poé Ahad*; (3) déiksis lokatif atawa panuduh tempat, boh tempat nu deukeut

(proksimal), anggang (semi-proksimal), jeung jauh (distal), saperti *dieu*, *dinya*, jeung *ditu*; (4) déiksis sosial, anu patali jeung unsur basa nu dipaké dina situasi sosial nu tangtu, saperti ngagentraan jalma ku profésina: *Prof*, kaasup soal-soal sesebutan panghormat (honorifik): *Néng*. Contona ébréh dina wacana (73)-(76) ieu di handap.

- (73) *Kuring* nyebutkeun ngaran. *Manéhna* ingguk, tapi semu teu semu teu nyaho. Da bangun nyureng, nginget-ninget. Tangtu keur jalam anyar mah, moal apal ngaran lembur *kuring* teh.
- (74) Cenah *barétona* mah cicing di kota. *Ayeuna* matuhna téh di lembur. Ari usahana mah angger di kota. *Sabulan sakali* mawa pangsiunan ka kota.
- (75) Mangga Ibu sareng Bapa calik palih *dinya*. Wios Abdi ngadeg di palih *dieu*. Hawatos mangkaning lami kénéh.
- (76) A : *Néng*, dupi Pa *Profésor* aya?  
B : Aya. Mangga linggih, heula!

## b. Substitusi

*Substitusi* mangrupa kohési gramatikal anu diwujudkeun ku cara ngaganti acuan ku kecap-kecap nu tangtu. Saenyana pronomina ogé miboga fungsi substitusional, tapi leuwih nyoko kana référénsi. Lian ti éta, substitusi bisa mangrupa *provérba*, nya éta kecap-kecap anu nuduhkeun kalakuan, kaayaan, hal, atawa eusi babagian wacana anu geus disebutkeun saméméhna atawa sabadana. Jadi, *provérba* bisa anaforis bisa kataforis.

Contona:

- (74) *Kieu* ari ti bapa mah. Sing bisa ngeureut neundeun. Ulah awuntah, teu kaop boga duit sok kareunang hayang meuli-keun. Mending rikrik gemi. Najan panghasilan loba ogé, ari ayakanana carang mah moal nyésa.

## c. Ēlipsis

*Ēlipsis* nya éta kohési anu diwangun ku cara ngaleungitkeun unsur-unsur wacana anu geus disebut saméméhna. Cara ngaleungitkeunana rélatif leuwih bébas, henteu kauger ku pangaruh unsur basa lian. Jadi, béda jeung sirnaan (délési) anu boga sipat sabalikna.

Contona:



- (75) Andi : “Mun bapana hiji, indungna dua, naon ngaranna?”  
 Béti : “Poligami.”  
 Andi : “Mun bapana dua, indungna hiji, naon ngaranna?”  
 Béti : “Poliandri.”  
 Andi : “Lamun indung jeung bapana loba?”  
 Béti : “Euh... poliklinik!”

Omongan Béti, nya éta “Poligami”, sabenerna aya nu dileungitkeun. Ari lengkepna mah, nya éta “Mun bapana hiji, indungna dua, ngaranna téh poligami.” Kitu deui, omongan-omongan Béti séjénna saperti “Poliandri” jeung “Euh... poliklinik”.

### é. Paralélisme

Kohési wacana bisa diwujudkeun ku cara paralélisme, nya éta ngaruntuykeun kecap-kecap atawa kalimah anu sarua darajatna.

Contona:

- (76) Anak batur dipiara. Anak sorangan diantep. Ahirna, budak jadi katalangsara.

## 2. Kohési Léksikal

Kohési léksikal nyoko kana patalina unsur-unsur kabeungharan kecap atawa léksikon dina wacana, di antarana, sinonimi, antonimi, hiponimi, kolokasi, répétisi, jeung ékuivalénsi. Ieu di handap dipedar hiji-hijina.

### a. Sinonimi

Kohési sinonimi nyoko kana makéna hungan kecap-kecap anu saharti (sinonim) dina wacana.

Contona:

- (77) Beunghar Wa Haji téh. Pakayana di mana-mana. Sawahna satungtung deuleu. Kebonna héktaran. Ngan hanjalan *pedit, ngeupeul, korét, cap jahé*, jeung *kékéd méngkéné*.

### **b. Antonimi**

Kohési antonimi diwujudkeun ku makéna kecap-kecap anu lalawanan hartina (antonim) dina wacana. Contona:

- (77) Ngadéngé laporan pamajikan yén mesin tik nu *diinjeum* can *dipulangkeun*, nyel haté keuheul. Eta ku *ngajéngkéлкеunana* mah, unjam-injeum téh kudu waé *dicokot*. Lain hideng *nganteurkeun* sorangan. Rék *ngomongan*, lah asa *heurin* ku *létah*.

### **c. Hiponimi**

Kohési hiponimi diwujudkeun ku makéna kecap-kecap anu hartina kawengku ku kecap anu leuwih jembar (hipernim).

Contona:

- (79) Ari ka lembur téh nineung ku balong wé. Rék teu kitu kumaha atuda, cai cur-cor. balongna loba *laukan*. Ti mimiti *guramé, tawés, lauk emas, nilem, kancra, tambak, sepat, jaér*, nepi ka *beunteur* aya.

### **d. Kolokasi**

Kohési kolokasi atawa médan ma'na diwujudkeun ku kecap-kecap anu aya dina lingkungan ma'na kecap nu sarua dina wacana.

Contona:

- (80) Rék teu pada mikaresep kumaha, atuda. Néng Euis téh keur *geulis* téh pinter deuih. Awakna *jangkung lenjang* jeung *démplon*. Manéhna mah bisa disebut *awéwé* sampurna.

### **é. Répétisi**

Kohési répétisi atawa bangbalikan kecap diwujudkeun ku malikan deui kecap-kecap anu sarua dina hiji wacana.

Contona:

- (81) Jalma *pinter* mah kudu dibales ku *pinter* deui. Saméméh urang ngabales, urang kudu *pinter* heula. Carana mah, urang kudu getol diajar pikeun ngalam élmu.

### é. Ĕkuivalénsi

Kohési ékuivalénsi diwujudkeun ku ngagunakeun kecap-kecap anu hartina padeukeut.

Contona:

- (82) Kuring mah inget kénéh ka anjeunna téh. *Guru* kuring basa keur di SD. Anjeunna nu *ngajar maca jeung nulis, nu kungsi mapatahan, nu méré élmu pangaweruh nepi ka kuring bisa cacarita kawas ayeuna. Moal poho nepi ka iraha waé ogé.*

### 3. Konjungsi

Konjungsi atawa kecap panyambung dina wacana kaasup kana kohési, anu aya di tengah-tengah, antara kohési gramatikal jeung kohési léksikal. Konjungsi dipaké pikeun nyambungkeun unsur-unsur sintaksis (frasa, klausa, kalimah) dina wangunan nu leuwih jembar. Aya opat rupa konjungsi, nya éta (1) konjungsi satata, (2) konjungsi sumélér, (3) konjungsi papasangan, jeug (4) konjungsi anteuran (Sudaryat, 2013).

#### a. Konjungsi Satata

Konjungsi satata (koordinatif), nya éta konjungsi anu nyambungkeun klausa-klausa atawa babagian kalimah anu satata saperti *jeung, atawa, tapi*.

Contona:

- (83) Ongkoh deuih apan sastra Jawa *jeung* sastra Sunda téh kaasup sastra daérah anu masih kénéh hirup nepi ka kiwari. Da ari di daérah séjén mah geus teu kacaturkeun deui. Dina unggal pasamoan anu nyabit-nyabit sastra daérah, anu dipaké angkeuhan téh sastra Jawa jeung sastra Sunda. Ari sihoréng, kahirupanana téh sakitu tigeratna.

## b. Konjungsi Sumélér

Konjungsi sumélér (subordinatif), nya éta konjungsi anu nyambungkeun klausa-klausa atawa babagian kalimah anu teu satata, antara indung kalimah (klausa lulugu) jeung sélér kalimah (klausa sélér) saperti *basa, najan, lamun, nu, jeung yén*.

Contona:

- (84) *Basa* langit keur lumayung ngempur hurung, *nu* sakeudeung deui sang Surya tinangtu tilem ninggalkeun karaméan alam dunya beurang. Saurang waruga lalaki masih kénéh ngajentul ngahurun balung bari nangeup tuur, paneuteupna jauh ka tengah jaladri nu tanpa tepi.

## c. Konjungsi Papasangan

Konjungsi papasangan (korélatif), nya éta konjungsi nu nyambungkeun babagian kalimah, biasana sok papasangan tur ngahapit unsur nu disambungkeun, cicingna di awal jeung di tengah kalimah, saperti *boh...boh..., najan...tapi.....* Contona:

- (85) Taun ieu, anu arasup ka Jurusan Sunda, *boh* di UPI *boh* di UNPAD, rada onjoy leuwih ti taun-taun ka tukang. Naon motivasina? Sigana perlu diperhatikeun kalawan gemet.

## d. Konjungsi Anteuran

Konjungsi anteuran nya éta konjungsi anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina paragraf atawa paragraf-paragraf dina wacana. Konjungsi anteuran anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina paragraf disebut *konjungsi antarkalimah*, saperti *najan kitu, sanggeus kitu, satuluyna, sabalikna, ku kituna*, jeung *ku sabab kitu*. Ari konjungsi anteuran nu nyambungkeun paragraf-paragraf atawa di awal paragraf disebut *konjungsi antarparagraf*, saperti *béjana, ceuk béja, tah*.

- (86) Rayat percaya yén Gunung Putri digeugeuh ku lelembut. *Ku sabab kitu*, panambang emas ngahormat pisan kana eta kapercayan.
- (87) *Tah*, ari ranggeuyan acana dina wengi ieu dimunggaran ku laporan kagiatan, ditéma ku ngobrolkeun masalah bau awak, anu dipingkas ku dapur Sekar Arum. Hayu urang ngawitan ku laporan kagiatan.

## C. Kohérénsi

Kohérénsi nyaéta unsur eusi basa dina wacana, mangrupa organisasi semantis, wadah gagasan-gagasan disusun dina runtuyan nu logis jeung harmonis geusan nyungsi maksud omongan kalawan gampang tur keuna. Ku ayana kohérénsi, pamiarsa bisa babari nyangkem omongan nu ditepikeun ku panyatur dina médium lisan jeung ku nu nulis dina médium tulisan.

Disawang tina fungsina dina ngadeudeul gumulungna eusi wacana, aya dua rupa kohérénsi, nya éta (1) kohérénsi référénsial jeung (2) kohérénsi tékstual (Moeliono & Dardjowidjojo, 1988). Eta dua wanda kohérénsi téh masing-masing dipedar ieu di handap.

### 1. Kohérénsi Référénsial

*Kohérénsi référénsial* nya éta kohérénsi anu nuduhkeun tatali harti antarabagian wacana, biasana mangrupa gunggungan gagasan antara unsur-unsur nu tangtu dina hiji beungkeutan pasualan. Aya rupa-rupa tatali harti atawa kohérénsi référénsial wacana, di antarana, didadarkeun di handap ieu.

#### a. Tatali Kausalitas

Tatali kausalitas atawa sabab-musabab bisa nuduhkeun tatali ‘sabab-akibat’ jeung ‘alesan-akibat’. Dina *tatali ‘sabab-akibat’* kagambar kumaha sabab katut akibat lumangsungna kajadian. Ari dina *tatali ‘alesan-akibat’* kagambar naon alesanana pangna kajadian lumangsung sarta kumaha akibatna. Contona ébréh dina wacana (88)-(89) ieu di handap.

- (88) Sakola jaman kiwari mah mahal pisan. Iuran itu iuran ieu. Aya DSP, aya BP-3, acan beulieun buku mah. Buku urut lanceukna teu bisa dipaké ku adina. Da unggal taun robah-robah. Ku nu leutik mah geus teu kaduga, matak eungap. Tingtungan nyakolakeun téh haroréam.
- (89) Ambuing lain deui bingungna harita mah. Boga sapatu maén bal ti mendi. Pan di IPI gé

## **b. Tatali Komparatif**

Tatali komparatif atawa babandingan nuduhkeun babandingan antara dua hal atawa kajadian, boh nembrak boh nyamuni. Tatali babandingan anu nembrak maké kecap panyambung (konjungsi) *saperti, kawas, jiga, jeung siga*, disebutna *tatali ngupamakeun*. Ari tatali babandingan anu nyamuni, henteu maké kecap panyambung, disebutna *tatali lalandian*. Bandingkeun conto wacana (90) jeung (91) di handap ieu.

- (91) Teu kaop bongoh ti kolot barudak téh ngan paraséa baé. Tina silih poyok, tuluy paréa-réa omong. Tungtungna paolotot-polotot. *Kawas* ucing jeung anjing baé.
- (92) Enya pangasilan leutik, kahirupan kulawarga rada katalangsara. Ari kudu pipilueun kawas batur mah ké heula. Komo narima duit panyogok atawa pasang nalo. Mending hidup sakadarna, batan bejad iman mah.

## **c. Tatali Parafrastis**

Tatali parafrastis nuduhkeun yén salasihiji bagian wacana ngébréh- keun eusi wacana ku cara séjén, biasana basana nu leuwih panjang.

Contona:

- (93) Kuring laki-rabi téh jalan dua taun. Lantaran pangasilan salaki tacan sabaraha, salila ieu cicing téh angger jeung kolot. Mémang henteu lega imah indung-bapa kuring téh. Tapi aya kénéh rohangan anu sabada diropéa sautak-saeutik. ahirna bisa dipaké kamer ku kuring.

## **d. Tatali Implikatif**

Tatali implikatif nuduhkeun yén salasihiji bagian wacana ngukuhan atawa jadi dadasar kacindekan kana eusi bagian wacana séjénna. Tatali implikatif anu nuduhkeun kalibetna babagian wacana kana babagian wacana lianna disebut *tatali latar-inklusif*, ari anu nuduhkeun bukti pikeun jadi dadasar kacindekan disebut *tatali latar-kacindekan*. Conto wacana (94) jeung (95) ieu di handap masing-masing nuduhkeun tatali latar-inklusif jeung tatali latar-kacindekan.

- (94) Dasar jelema lieur. Keur boga hutang bari teu mayar téh, éta deuih, basa ditagih lain sasadu kalah nyarékanlaklak dasar.
- (95) Babaturan di SMP nu resep maén bal kaitung euyeub, di antarana Rahmatulloh Ading Afandie (RAF). Atuh lamun kaparengkeun aya nu ngajak maénbal téh teu hésé nguyang pamaén, kari ngajakan wé batur sakelas. Anu matak remen naker sakola kuring mah kapeto jadi juara.

### **é. Tatali Idéntifikatif**

Tatali idéntifikatif nuduhkeun yén patali harti antarabagian wacana bisa kapanggih dumasar kana pangaweruh jeung pangalaman panyaturna.

Contona:

- (96) Mun urang henteu katampa di paguronluhur atawa sakola negeri, lain hartina bodo. Geura wé Eistein? Sarjana fisika anu ngagondol hadiah Nobel téa, kapan kungsi teu katampa waktu milu tés ka universitas negeri.

### **f. Tatali Aditif**

Tatali aditif atawa tambahan nuduhkeun gabungan dua hal atawa kajadian, boh nu patali jeung gabungan waktu bareng katut ngaruntuy boh henteu. Ilaharna tatali aditif atawa tambahan sok nuduhkeun ayana tatali anu satata (koordinatif).

Contona:

- (97) Pagawéan kuring mah geus anggeus. Moal milu maturan sigana mah. Ieu deuih panon geus kacida beuratna, hésé dibeuntakeunana. Kuring rék balik ti heula, rék saré.

### **g. Tatali Generalisasi**

Tatali generalisasi nuduhkeun hubungan antarabagian wacana tina umum kana husus atawa tina husus kana umum. Tatali generalisasi tina umum kana husus disebut *tatali generik-spesifik*, ari tina husus kana umum disebut *tatali spesifik-generik*. Pikeun maham ieu konsép, urang bisa nengetan contona ieu di handap.

- (98) Manéhna mah pohara korétna. Entong boro méré batur, ngaluarkeun duit keur kapentingan dirina ogé hésé béléké. Sakalieun budakna ceurik hayang jajan gé, ti batan dibéré kajeun dicarékan laklak dasar bari digebugan.

#### **h. Tatali Résultatif**

Tatali résultatif nuduhkeun yén hubungan antara babagian wacana téh nuduhkeun hasil, bisa dumasar kana sarana jeung sarat bisa henteu. Tatali résultatif anu dumasar kana sarana disebut *tatali sarana-hasil*, anu dumasar kana sarat disebut *tatali sarat-hasil*, anu dumasar kana hasil nu dituju disebut *tatali sarana-tujuan*, ari anu dumasar kana teu hasilna tujuan tur sipatna anggang disebut *tatali anéksi-hasil*. Tengetan contona dina wacana (98)-(101) ieu di handap.

- (98) Manéhna diajar kacida dariana. Taya waktu kapiceun. Ceuk kolot mah keuna ku paribasa, dibélaan “kuru cileuh, kentél peujit”. Atuh, hasilna ogé nyugemakeun pisan.
- (99) Hukum di nagara urang téh geus kawilang alus. Malah dina prakna bisa leuwih kukuh tur pageuh. Asal waé rahayat dibéjaan naon nu jadi hakna, lain ngan dikudukeun milampah kawajibanana wungkul. Komo bari dicontoan ku para pamingpin mah.
- (100) Program KB (Keluarga Berencana) téh dirancang kalawan inténsif. Nu dipiharep ngarah ngarekahna padumuk dina mangsa nu bakal datang bisa disingkahan.
- (101) Kuring geus ngajejengkruk ti subuh kénéh. Rét deui rét deui. Matak lieuk beuheung sosonggéteun. Nu didago-dagona mah, teu hol kénéh baé. Geus karasa kesel mah, kuring balik.

## **2. Kohérénsi Tékstual**

Kohérénsi tékstual nya éta kohérénsi nu nuduhkeun gumulungna kasang tukang semantis, biasana mangrupa hubungan antarunsur ma’na dina kahanan wacana kalawan gembleng. Gumulungna kasang tukang semantis téh bisa nyoko kana tilu hal, nya éta (1) gunggungan topik, (2) hubungan sosial antara panyatur, jeung (3) warna médium omongan.



Dina gunggungan topik, patalina harti antara babagian wacana téh jelas, torojogan, jeung bisa langsung kaharti, lantaran témbrés kasang tukangna.

Contona:

- (102) Bandung Electronic Center (BEC) panggedéna di Bandung mah. Rupa-rupa barang elektronik aya. Mangga buktoskeun. Sadérék pasti sugema.

Kohérénsi tékstual bisa ogé kapanggih tina hubungan sosial antara para panyatur. Maksud wacana kakara kapanggih lamun apal kasang tukangna. Sabalikna, mun teu kitu, urang bakal bingung kana naon-naon nu diomongkeun ku batur.

Contona:

- (103) A : Tabuh sabaraha, Ceu?  
B : Tukang tahu mah teu acan ngalangkung.

Kalimah si B dina wacana di luhur moal kaharti lamun teu apal kasang tukangna. Lamun tukang tahu biasana sok liwat unggal tabuh dalapan isuk- isuk, nuduhkeun yén jawaban si B “Tukang tahu mah teu acan ngalangkung” hartina ‘harita téh can jam salapan’.

Jaba ti éta, kohérénsi tékstual bisa ogé kapanggih tina warna médium omongan nu dipaké. Upamana baé, upama urang ngadéngkeun siaran radio ngeunaan laporan pertandingan maén bal, tampolana ku urang, sok kadéngé aya kalimah anu pegat-pegat, tapi angger sok kaharti maksudna mah. Najan kitu, naon-naon nu ditepikeun dina radio téa mangrupa wacana nu gembleng.

#### **D. Rangkuman**

Ieu bab ngadarkeun opat hal nu patali jeung adegan wacana, nyaéta (1) unsur-unsur pangwangun wacana; (2) konsép jeung papasingan kohési; (3) konjungsi dina wacana; jeung (4) kohérénsi dina wacana

Minangka salasahiji wangunan basa pangjembarna, wacana miboga dua adegan, nya éta adegan lahir jeung adegan batin. Adegan lahir wacana nyoko kana kohési, ari adegan batinna nyoko kana kohérénsi. Sangkan wacana téh kohésif, panyatur kudu boga pangaweruh kaédah basa, kanyataan (réalitas), katut prosés nalar minangka panyindek

sintaksis. Hartina, wacana kakara bisa disusun kalawan kohésif tur kohéréns lamun aya kasaluyuan antara *kotéks* (situasi-batin basa) jeung *kontéks* (situasi-lahir basa)

Kohési mangrupa aspék formal basa dina wacana, kaasup organisasi sintaksis, wadah kalimah-kalimah disusun kalawan dalit tur kompak jadi wacana atawa téks. Aya kohési gramatikal, kohési léksikal, jeung konjungsi.

Konjungsi dipaké pikeun nyambungkeun unsur-unsur sintaksis (frasa, klausa, kalimah) dina wangunan nu leuwih jembar. Aya opat rupa konjungsi, nya éta (1) konjungsi satata, (2) konjungsi sumélér, (3) konjungsi papasangan, jeung (4) konjungsi anteuran.

Kohérénsi nyaéta unsur eusi basa dina wacana, mangrupa organisasi semantis, wadah gagasan-gagasan disusun dina runtuyan nu logis jeung harmonis geusan nyungsi maksud omongan kalawan gampang tur keuna. Aya kohérénsi référénsial jeung kohér'ensi tékstual.

### **Latihan**

1. Tétélakeun sasaruuan jeung bédana kohési katut kohérénsi!
2. Sebutan tur écéskeun rupa-rupa kohési?
3. Tétélakeun bédana kohési léksikal jeung kohési gramatikal!
4. Naon ari élipsis dina wacana? Contoan!
5. Aya sabaraha rupa konjungsi dina wacana? Tétélakeun!

### **Pancén**

Jieun analisis kohési jeung kohérénsi tina majalah atawa koran Sunda!

### **Daftar Acuan**

- Gutwinski, Waldemar. 1976. *Cohesion in Literary Text*. The Hague: Mouton.
- Moeliono, Anton M. & Dardjowidjojo, Soenjono. 1988. *Tatabahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Sudaryat, Yayat Spk. 2013. *Tatabasa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Tarigan, H.G. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.

## BAB IV WANDA WACANA


### Tujuan Pangajaran

Saréngsena prosés pangajaran, Sadérék dipiharep

1. Bisa ngajéntrékeun médium wacana;
2. Bisa ngajéntrékeun wangun wacana;
3. Bisa ngajéntrékeun warna wacana; jeung
4. Bisa ngajéntrékeun sipat wacana

### A. Papasingan Wacana


Wacana téh mangrupa wujud tina peristiwa komunikasi basa anu pangjembarna. Minangka médium anu bisa ngedalkeun rupining wawaran atawa kontés anu aya dina kahirupan kabudayaan masarakat anu makéna, wacana muncul dina rupa-rupa wangun, wanda, jeung warna. Dina prakna digunakeun, wacana téh boga sababaraha ragam, di antarana waé, (1) médium wacana, (2) wangun wacana, jeung (3) warna wacana. Ieu di handap papasingan wacana téh baris dibagankeun tur dipedar hiji-hijina.



Bagan 4.1: PAPASINGAN WACANA

## B. Médiium Wacana

Dumasar kana médiium anu dipakéna, wacana bisa dibédakeun jadi dua wanda, nya éta wacana lisan jeung wacana tulis. Ieu dua rupa wacana téh aya sasaruuan jeung aya bédana. Sasaruuan wacana lisan jeung wacana tulis pada-pada miboga kaédah tata basa (gramatika) jeung kandaga kecap (léksikon). Ari bédana nya éta lebah médiiumna, wacana lisan patali jeung ucapan atawa omongan (fonologis), wacana tulis patali jeung aksara jeung éjahan (grafologis). Tengetan baganna di handap ieu.



Bagan 4.2: MEDIUM WACANA

### 1. Wacana Lisan

Wacana lisan nya éta wacana anu dipidangkeun maké basa lisan. Pikeun narima jeung nyangkem wacana lisan, pamiarsa kudu ngaregepkeun omongan panyatur kalawan daria. Aya rupa-rupa wacana lisan, di antarana waé, (1) ceramah, (2) biantara, (3) hutbah, (4) sawala atawa diskusi, (5) wangkongan, (6) déklamasi, jeung (7) ngadongéng. Bisa jadi aya wacana lisan anu dihasilkeun ku cara ngagalantangeun wacana tulis saperti macakeun naskah biantara, macakeun dongéng, jeung maca sajak.

### 2. Wacana Tulis

Wacana tulis nya éta wacana anu dipidangkeun maké basa tulis (grafis). Tata tulis merlukeun Palanggeran Ejaan. Pikeun narima jeung nyangkem wacana tulis, pamiarsa kudu maca bacaan kalawan daria. Aya rupa-rupa wacana tulis, di antarana waé, artikel, makalah, skripsi, surat, jeung buku.

### C. Wangun Wacana

Wacana téh miboga wangun anu tangtu. Ari munculna wangun-wangun wacana téh disababkeun ku ayana cara anu béda-béda dina nepikeun eusi wacana. Aya wacana anu cara nepikeun eusina téh ku cara dicaritakeun, didadarkeun, diécéskeun, jeung aya nu diécéskeun bari dibéré alesan-alesan. Tina opat rupa cara nepikeun eusi wacana téh, lahir opat rupa wangun wacana, anu bisa disingget jadi EDAN, nya éta (1) éksposisi, (2) déskripsi, (3) arguméntasi, jeung (4) narasi (Alwasilah, 2005). Ieu di handap dipedar hiji-hijina éta wangun wacana téh.

#### 1. Wacana Éksposisi

Éksposisi atawa pedaran nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, jeung gunana. Wacana éksposisi ditujukeun pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma. sakapeung sok disebut *wacana prosédural* lantaran ngagambarkeun cara ngalaksanakeun hiji pagawéan saperti resép kuéh, resép kadaharan, jeung formula obat.

Aya rupa-rupa téhnik anu bisa dipaké dina nyusun wacana éksposisi, di antarana, ku cara idéntifikasi, babandingan, ilustrasi, klasifikasi, définisi, jeung prosés. Ieu di handap minangka salasihiji conto éksposisi maké téhnik proses.

##### (106) SAMBEL CIBIUK

- Bahan:** (1) tomat ngora (héjo) 2 siki,  
(2) surawung sabeungkeut, candak daunna wungkul,  
(3) cikur dua buku curuk,  
(3) tarasi saséndok th, goréng atanapi beuleum,  
(4) gula bodas satengah séndok téh,  
(5) uyah satengah séndok téh,  
(6) céngék 10 siki, jeung  
(7) cabé héjo 4 siki.

**Ngadamelna:** Tomat sareng cabé héjo siksikan, lajeng réndos sareng sadaya bahan, tapi tomat sareng surawuyngna ulah lembut teuing. Tos kitu mah kantung diidangkeun.

(Manglé No. 1665:50)

## 2. Wacana Déskripsi

Déskripsi, dadaran, atawa candraan nya éta wacana nu eusina ngadadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, panguping, pangrasa, panyabak, jeung pangambeu) minangka hasil pangalamanana. Dina wacana déskripsi digambarkeun obyék sayaana jeung sajénté-jéntréna bari ditataan hiji-hiji kalawan wincik. Tujuan déskripsi pikeun motrét atawa ngalapor-keun saayana naon-naon nu dipikanyaho tanpa dikoméntaran.

Contona:

- (105) Di juru pasar, di jero, aya hiji jongko leutik nu méh rugrug. Nu tungguna saurang awéwé nu geus aya umuran, nu geus rada bauh taneuh. Nu ditungguanana nya éta tarasi geblogan, turubuk, pakis, kéré asin layur jeung samedem. Teu pati loba, ukur cukup keur nyumponan numeuli mah. Unggal ka dinya, keur oléh-oléah ka Ciamis, kuring sok balanja ka jongko éta. Lian ti barangna kasohor ogé, hargana murah.

## 3. Wacana Arguméntasi

Arguméntasi nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun jeug nerangkeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nepi ka jalma lian percaya atawa kahudang pikeun milampah hiji pagawéan. Dina wacana arguméntasi biasana katerangan-katerangan téh dibarengan ku alesan-alesan anu disusun dumasar kana fakta. Eusi pedaran sok ngawawarkeun perkara nu manjing akal (logis) nepi ka nu lian percaya kana enyana. Wacana arguméntasi téh sok disebut ogé *wacana ilmiah* atawa *wacana hortatori*.

Contona:

- (107) Sastra Sunda téh mangrupa sastra guru. Naha atuh maké disebut sastra guru? Lantaran ngan sakola guru anu ngajarkéun basa Sunda kalawan enya-nya jeung hadé-hadé. Guru-guruna ogé kapan ahli basa kawentar cara R.I. Adiwidjadja, E. Sumapraja, Soeria di Radja, R.I. Buldan Djajawiguna, jrrd.

Dina wacana arguméntasi téh réa téhnik midangkeun anu bisa dipaké, di antarana waé, téhnik persuasi. Ku penting-pentingna ieu téhnik dina wacana arguméntasi, henteu anéh upama téhnik pérsuasi mekar kalawan husus jadi wangun wacana pérsuasi.

Wacana p rsuasi nya  ta wacana anu eusina ngaj ntr keun hiji hal bari dibarengan ku alesan-alesan tur ngaluskeun  ta hal nepi ka jalma lian percaya tur kapangaruhan. Saenyana, wacana p rsuasi t h mangrupa t hnik tina wacana argumentasi. Ngan pedah ditujukeun pikeun mangaruhan jalma lian sangkan milampah hiji perkara disebut *wacana p rsuasif*. Upamana wa , biantara kampanye, jeung iklan. Conto wacana iklan:

(108) BALAI PENGELOLAAN  
MUSEUM NEGERI SRI BADUGA

Jalan BKR. No. 185, Telp. (022) 5210976 Fax. (022) 5223214 Bandung  
40243

Buka : saban dinten tabuh 07.30 – 15.00 WIB

Nyor ang alam ka tukang  
nyawang mangsa nu datang  
hayu urang t ang  
Sri Baduga museum urang.

#### 4. Wacana Narasi

Narasi atawa caturan mangrupa wacana anu eusina nyaritakeun lumangsungna kajadian atawa peristiwa kalawan ngaruntuy, boh nu sipatna nyata (faktual) boh nu sipatna r kaan (imajinatif). Kajadian-kajadian carita t h disusunna, dipatalikeunana, heula pandeurina, jeung dir kana dina wangun carita nepi ngawujud fiksi nu gembleng. Sasaran utamana nya  ta tingkah polah nu diracik jeung diruntuykeun jadi hiji kajadian dina gunggungan waktu. Ku kituna, wacana narasi bisa dipak  ngajawab pananya “Naon anu geus kajadian?”

Aya dua rupa narasi, nya  ta narasi  kspositoris jeung narasi sug stif. *Narasi  kspositoris* miboga ciri-ciri, di antarana, dipak  keur ngajembaran kaweruh jeung nepikeun wawaran kajadian, dumasar kana daya nalar geusan ngahontal kasaluyuan rasional, basana informatif, jeung kecap-kecapna d notatif. Sabalikna, *narasi sug stif* miboga ciri-ciri, di antarana, dipak  keur nepikeun amanat nu nyamuni, dumasar kana daya hayal geusan ngahontal kasaluyuan imajinatif, nalar ngan ukur alat keur nepikeun ma’na, basana figuratif, jeung kecap-kecapna konotatif.

Contona:

- (104) Harita téh kuring tos nyaba, kabeneran leungeun téh teu jingjing teu bawa, nya rék naék ojég wé cékéng téh. Brang geus deukeut ka pangkalan ojég, katingali aya ibu-ibu keur pepeta, sangkaan téh keur ngobrol biasa wé jeung tukang ojég. Tapi barang didédéngékeun téh geuning keur nyarékan tukang ojég.

### C. Warna Wacana

Dumasar kana pamarekan anu dipaké waktu midangkeun eusina, aya dua warna wacana, nya éta (1) wacana fiksi jeung (2) wacana non-fiksi. Eta dua warna wacana didadarkeun masing-masing ieu di handap.

#### 1. Wacana Fiksi

Lamun nepikeun hiji hal digunakeun pamarekan imajinatif, wacana anu dihasilkeun téh nya éta *wacana fiksi*. Wacana fiksi miboga ciri-ciri, di antarana, konotatif, intuitif, konséntris, jeung komuni. Dina wacana fiksi réa digunakeun kecap-kecap anu ngandung *makna konotatif*, nya éta ma'na injeuman anu teu langsung nuduhkeun acuanana. Dina wacana fiksi diébréhkeun rupining obyék anu bisa ngahudang daya hayal atawa pangalaman ngaliwatan kesan-kesan imajinatif atawa intuitif. Mémang daya nalar ogé dipaké, tapi sipatna *konséntris*, nya éta ngan saukur keur nepikeun amanat wungkul minangka hasil olahan daya hayal. Kegiatan maca atawa ngaregepkeun karya sastra sipatna *komuni*, nya éta kudu bisa neuleuman kaayaan jiwa anu ngarangna, sanajan teu kudu persis sarua da bisa béda tafsiran. Ku kituna, wacana fiksi sok disebut ogé wacana rékaan, wacana imajinatif, wacana sastra, atawa wacana sugéstif.

Disawang tina wangunna, dibédakeun tilu rupa wacana fiksi, nya éta (1) wacana lancarana, (2) wacana ugeran, jeung (3) wacana drama.

#### a. Wacana Lancaran

Wacana lancarana atawa prosa nya éta wacana anu disusun dina basa lancarana, basa anu rakitanana lumrah dipaké dina kahirupan sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur



lentong anu matok. Nilik wujudiah (visual)na, wacana prosa mah mangrupa runtuyan kalimah-kalimah, boh kalimah langsung boh kalimah teu langsung, tara dipenggel-penggel cara dina padalisan wangun puisi. Wangun ugeran atawa prosa biasana digunakeun dina *dongéng, carita pondok, novel* atawa *roman*, jeung *skétsa*.

Contona:

- (55) Teu ngahaja. Hiji poé, kuring ngalantung jeung barudak ka pusat pertokoan di kota. Gok téh jeung popotongan. Enya, manéhna gé geus teu ngora deui, sarua waé jeung kuring, tapi ari kaasup kolot-kolot teuing mah acan. Boh kuring boh manéhna katara pada-pada gugup. Angot sorangan mah, haté gé nepi ka ngalenyap. Angen asa ratug tutunggulan.

## b. Wacana Ugeran

Wacana ugeran atawa puisi nya éta wacana anu disusun dina basa ugeran, rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wangunna saperti guru lagu, guru wilangan, jeung purwakanti sarta diksina. Wacana ugeran ngagunakeun basa anu has saperti pilihan kecap, frasa, jeung babandingan nu tara kapanggih dina basa sapopoé, ngagedékeun konotasi, sarta irit ku kecap nepi ka ngalantarankeun samar. Kakayaan wacana ugeran atawa puisi Sunda réa rupana, aya nu kagolong puisi heubeul (buhun) aya nu kagolong puisi anyar. Puisi heubeul aya nu ngawujud carita saperti *carita pantun* jeung *wawacan*; aya nu teu mangrupa carita kayaning *mantra* (jangjawokan, singlar, jampé, rajah, ajian, asihan); *papantunan*; *sisindiran* (rarakitan, paparikan, wawangsalan); *sa'ir* (pupujian, sawér); *kakawihan*; *kawih*; jeung *pupuh* (dangding, guguritan).

Conto puisi sisindiran:

- (108) Jauh jalan ka pancuran,  
ngala iwung ka Cimindi.  
Mun jalma katalanjuran,  
kaduhungna sok pandeuri.

Beunteur désa kasorogok,  
Pelemna karasa waé.  
Seueur basa anu nyogok,  
Tebih tina basa saé.

Mihapé sisir jeung minyak,

bisi kaancloman leungeun.  
Mihapé pikir jeung niat,  
Bisi kaangsonan deungun.

Puisi anyar nya éta *sajak*, anu sok disebut ogé puisi bébas. Disebut kitu sotéh duméh teu kauger ku guru wilangan jeung guru lagu saperti dina pupuh.

Conto sajak:

(109) DU'A  
Angkatan '66

Karya: Rachmat M. Sas Karana

Mugi-mugi  
ti antara abdi sadaya  
teu aya nu jalir jangji  
ka lemah cai, bangsa katut nagara  
Diajar tina sajarah  
dina saban perjoangan  
teu weléh aya jalma sarakah  
nyatut kamurnianana  
keur kapentingan dirina

Tapi  
Mugi-mugi  
ti antara abdi sadaya  
teu aya nu jalir jangji  
ka lemah cai, bangsa katut nagara

Bandung, 1966  
(*Sajak Sunda Indonésia Emas*, 1995:88)

Lamun sajak henteu kauger ku aturan guru lagu jeung guru wilangan, sbalikna pupuh mah kauger ku guru lagu jeung guru wilangan sarta watek pupuh. Aya 17 rupa pupuh, aya sekar ageung nu disingget KSAD (Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula), aya sekar alit nu ngawengku balakbak, durma, pucung, mijil, maskumambang, gambuh, gurisa, jurudemung, landrang, lambang, magatru, pangkur, pucung, jeung wirangring. Sangkan leuwih jéntré, tengetan tabél ieu di handap.

PUPUH			
Wanda Sekar	Wangun	Watek	Ugeran Guru Lagu jeung Wilangan
Sekar Ageng	Kinanti	nganti, deudeupeun, kanyaah, prihatin	8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i
	Sinom	kagumbiraan	8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 7-i, 8-u, 7-a, 8-i, 12-a
	Asmarandana	kasmaran, keur birahi, silihasih	8-i, 8-a, 8-o/é, 8-a,7-a, 8-u, 8-a
	Dangdanggula	kabungahan	10-i, 10-a, 8-é/o, 7-u, 9-i, 7-a, 6-u
Sekar Alit	Balabak	pikaseurieun	12-a,3-e,12-a,3-e,12-a,3-e
	Durma	keur ambek, perang	12-a, 7-i, 6-a, 7-a, 8-i, 5-a, 7-i
	Gambuh	bingung, tambuh laku, samar rasa/polah	7-u, 10-u, 12-i, 8-u, 8-o
	Gurisa	guguyon, heureuy	8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a
	Jurudemung	kaduhung	8-a, 8-u, 6-i, 8-a, 8-u
	Ladrang	ocon, heureuy	10-i, 8-a, 8-i, 12-a
	Lambang	ocon, heureuy	8-a, 8-a, 8-a, 8-a
	Magatru	pihatin, babanyolan	12-u, 8-i, 8-u, 8-i, 8-o
	Maskumambang	prihatin kacida	12-i, 6-a, 8-i, 8-a
	Mijil	susah, bingung	10-i,6-o,10-e,10-i, 6-i,6-u
	Pangkur	kajurung napsu, tatahar perang	8-a, 11-i, 8-u, 7-a, 12-u, 8-a, 8-i
	Pucung	piwulang, piwuruk	12-u, 6-a, 8-e/o,12-a
	Wirangrong	apes, wiwirang	8-i, 8-o, 8-u, 8-i, 8-a, 8-a

Tabel 4.1: DAPTAR PUPUH, WATEK, JEUNG KAEDAHNA

Conto wacana pupuh Kinanti:

Hayu atuh batur-batur,  
 urang téh kudu gumati,  
 miara lingkungan urang,  
 tempat cicing titip diri,  
 runtah ulah sagawayah,  
 bisina jadi panyakit.

Conto wacana pupuh Maskumambang:

Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,  
manéh kahutangan,  
ku kolot ti barang lahir,  
nepi ka ayeuna pisan.

Conto wacana pupuh Pucung:

Utamana jalma kudu réa batur,  
Keur silih tulungan,  
Silih titipkeun nya diri,  
Budi akal ngan ukur ti pada jalma.

### c. Wacana Drama

Wacana drama atawa carita drama nya éta wacana anu midangkeun carita atawa lalakon ku paguneman (dialog), diajangeun pikeun dilakukeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran. Nilik kana wangunna, aya wacana drama lancar jeung aya wacana drama ugeran. Drama anu pagunemanana dihaleuangkeun disebut gending karesmén. Wujud lahiriah wacana drama boga hal-hal anu husus tur maranti, di antarana, (a) candraan, (b) pertélaan palaku, (c) babak jeung adegan, (d) candraan, (é) paguneman, jeung (f) prolog katut épilog (Ruyana, 1990).

*Candraan (déskripsi)* biasana aya di awal babak. Eusina nerangkeun kaayaan latar (tempat, waktu), suasana, kajadian carita, jeung palaku. *Pertélaan palaku* nataan ngaran jeung katerangan ngeunaan palaku saperti dedeg-pangadegna, watek, atawa paripolahna. *Pertélaan palaku* bisa ogé diseselkeun dina paguneman atawa omongan para palaku.

*Babak* jeung *adegan* mangrupa hal anu ngabagi-bagi karangan drama. Carita drama bisa diwangun ku sababak bisa ku sababaraha babak. Dina hiji babak dilalakonkeun kajadian-kajadian di hiji tempat dina saruntuyan waktu. Unggal babak dibagi jadi sababaraha adegan, biasana nurutkeun robahna kajadian ku datang atawa inditna palaku.

*Paguneman (dialog)* mangrupa kalimah atawa omongan langsung ti para palaku anu diucapkeun silihtémpas. Dina karangan drama mah gegedéna paguneman, malah jadi ciri wacana drama. Ari carana, mimiti ditulis ngaran palaku, dituturkeun ku titik dua, terus omongan palaku.

*Prolog* jeung *épilog* mangrupa babagian darama nu ayana di awal jeung di ahir carita. Prolong cicingna di awal carita, jadi manggalasastra, eusinamangrupa katerangan pangarang ngeunaan lalakon nu rék disuguhkeun. Sabalikna, *épilog* aya di ahir drama, minangka panutup, eusina mangrupa kacindekan lalakon jeung naséhat pangarang.

Contona:

(110) CEURIK NU BEUNGHAR

Karya: Wahyu Wibisana

*Di imah sudagar.*

*Bojona sudagar asup diiring ku gandék awéwé. Manéhna ujug-ujug nyuuhan kana panyarandéan korsi.*

GANDEK AWEWE : Parantos Juragan, ieu Bibi janten  
bangreung.  
(*Badega lalaki asup.*)

BADEGA LALAKI : (*Ka bojona sudagar*). Juragan  
pameget itu dina béndi, sumping.

BOJONA SUDAGAR: Teu kaciri Bibi, kuring tas ceurik?

GANDEK AWEWE : (*Reuwas*) Ya Alloh, deudeuh  
teuing, Dunungan, ... Emh, ku  
naon atuh?

BADEGA LALAKI : (*Milu reuwas*). Aduh, aduh, aduh.  
Aya naon, Juragan?

## 2. Wacana Non-fiksi

Wacana non-fiksi nya éta wacana nu eusina ngébréhkeun obyék anu bisa nambahan pangalaman pamiarsa, sipatna faktual jeung saujurtna dumasar kana alam nyata. Ku kituna, wacana nonfiksi disebut ogé wacana faktual atawa wacana ékspositoris. Aya rupa-rupa wacana non-fiksi, di antarana, warta, artikel, makalah, skripsi, surat, hutbah jumaah, jeung buku pedaran. Ieu di handap conto sempalan tina warta berita.

- (111) Lémbang lian ti boga poténsi wisata alam anu aréndah tumaninah, kayaning Tangkuban Parahu, Maribaya, Jayagiri, jeung Curug Cimahi, ogé boga poténsi Agribisnis budidaya jamur (supa) anu nguntungkeun para patanina. Pernahna di daérah Cisarua. Ti pusat latihan Kavaleri Parongpong ka kulonkeun, papan-papan ngaran pakumpulan patani supa ngajajr kénca-katuhueun jalan. (*Manglé* No. 1950:38)

Upamana waé, wacana fiksi mibanda ciri-ciri intuitif, konséntris, jeung komuni; ari wacana non-fiksi mah ciri-cirina téh dénotatif, logis, analitis, jeung komunikatif. Kecap-kecap anu dipaké dina wacana non-fiksi lolobana ngagunakeun *harti dénotatif*, nya éta harti sabenerna atawa saujuratna luyu jeung obyék nu dimaksudna. Dadaran dina wacana non-fiksi obyékatif jeung *logis* atawa manjing akal, biasana dieuyeuban ku fakta anu nyata. Cara neuleuman pasualan dina wacana non-fiksi sipatna *analitis*, nya éta dipilam-pah satahap-satahap maké hukum kausal atawa sabab-akibat tur padika ilmiah, leupas tina unsur subyékatif. Kagiatan nu muncul dina maca wacana non-fiksi sipatna *komunikatif*, nya éta wawaran nu aya dina wacana téh kudu katarima kalawan gamblang ku nu maca, tujuanana sangkan teu pasalia paham.

#### **D. Sipat Wacana**

Disawang tina cara ngedalkeunana, wacana dibédakeun jadi dua rupa, nya éta wacana langsung jeung wacana teu langsung. Eta dua sipat wacana téh masing-masing didadarkeun ieu di handap. Geura urang tengetan.

##### **1. Wacana Langsung**

Wacana langsung (*direct discourse*) nya éta wacana anu nuduhkeun ucapan langsung panyaturna, biasana mangrupa omongan nu diwatesan ku lentong atawa pungtuasi. Contona:

- (54) "Si Rahmat nitah Apa ka Jakarta. Hayang tepung cenah, tapi manéhna mah sibuk pisan," saur Apa, belenyéh gumujeng. "Ah, rek ngahaja ka ditu bada lebaran mah," saurna deui masih imut.
- "Ah, barabé Apa, usum lebaran angkat mah. Angot maké ka Jakarta sagala rupi. Kalangsu kéh", ceuk kuring (Galura, April 1992)

## 2. Wacana teu Langsung

Wacana teu langsung (*indirect discourse*) nya éta wacana anu nuduhkeun ucapan teu langsung panyaturna. Contona:

- (55) Apa nyarios yén anjeunna badé angkat ka Jakarta bada Lebaran. Dititah ku Rahmat. Hayangeun tepung, da manéhna sibuk. Ku kuring dicarék lantaran bada Lebaran mah barabé jeung bisi kalangsu deuih.

## E. Rangkuman

Wacana téh mangrupa wujud tina peristiwa komunikasi basa anu pangjembarna. Minangka médium anu bisa ngedalkeun rupining wawaran atawa kontés anu aya dina kahirupan kabudayaan masarakat anu makéna, wacana muncul dina rupa-rupa wangun, wanda, jeung warna. Dina prakna digunakeun, wacana téh boga sababaraha ragam, di antarana waé, (1) médium wacana, (2) wangun wacana, jeung (3) warna wacana.

Médium wacana nyoko kana wacana lisan jeung wacana tulis. Duanana dibédakeun ku lambang basa nu dipaké, nyaéta wacana lisan maké lambang fonis, ari wacana tulis maké lambang grafis.

Wangun wacana nyoko kana cara wacana nepikeun eusina, aya wacana éksposisi, wacana déskripsi, wacana arguméntasi, wacana narasi, jeung wacana pérsuasi.

Warna wacana nyoko kana pamarekan wacana dina nepikeun eusi, aya wacana fiksi (rékaan) anu ngawengku puisi, prosa, jeung drama; aya wacana nonfiksi saperti artikel, makalah, jeung karya ilmiah.

## **Latihan**

1. Tétélakeun sasaruuan jeung bédana wacana lisan jeung wacana tulis!
2. Sebutan ciri-ciri galeuh tina wacana narasi, déskripsi, éksposisi, arguméntasi, jeung pérsuasi!
3. Di mana bédana antara wacana fiksi jeung nonfiksi?
4. Naon ari wacana lancara, ugeran, jeung wacana drama?
5. Mana anu leuwih keuna keur istilah langsung jeung teu langsung, naha keur kalimah atawa keur wacana?

## **Pancén**

Jieun pedaran ngeunaan wacana iklan dina basa Sunda! Data iklan kudu dikumpulkeun tina radio/TV atawa koran jeung majalah.

## **Daftar Acuan**

- Alwasilah, A. Chaedar & Senny Suzana Alwasilah 2005. *Pokoknya Menulis*. Bandung: Kiblat.
- Keraf, Gorys. 1980. *Komposisi*. Ende-Flores: Nusa Indah.
- Keraf, Gorys. 1982. *Eksposisi dan Deskripsi*. Ende-Flores: Nusa Indah.
- Keraf, Gorys. 1984. *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: Gramedia.
- Koran *Galura*. April 1992.
- Majalah *Manglé* No. 1950. Bandung: PT Manglé Panglipur.
- Majalah *Manglé* No. 1665. Bandung: PT Manglé Panglipur.
- Rusyana, Yus. 1990. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Faturohman, Taufik, Ed. 1995. *Sajak Indonesia Emas*. Bandung: Geger Sunten.



## BAB V

### WACANA HUMORIS

#### Tujuan Pangajaran

Saréngsena prosés pangajaran, Sadérék dipiharep

1. Bisa ngajéntrékeun basa Sunda dina wacana humoris;
2. Bisa ngajéntrékeun munculna humor dina komunikasi;
3. Bisa ngajéntrékeun wanda polah ucap humoris;
4. Bisa ngajéntrékeun prinsip polah ucap humoris;
5. Bisa ngajéntrékeun fungsi wacana humoris; jeung
6. Bisa ngajéntrékeun implikatur dina polah ucap humoris.

#### A. Basa Sunda dina Wacana Humoris

Basa dipaké ku manusa pikeun tujuan komunikasi, nya éta nepikeun pesen (gagasan, pikiran, rasa, jeung kahayang) ka jalma lian. Palebah dieu basa dipaké minangka médium pikeun ngedalkeun jeung narima pesen. Makéna basa lumangsung dina kontéks situasi nu tangtu. Kontéks situasi makna basa ngamunculkeun rupining ragam basa.

Ragam basa nyoko kana istilah nu dipaké pikun nyebutkeun salasahiji variasi nu baya dina makna basa. Ari variasi téh muncul lantaran kabutuh panyatur kana ayana komunikasi anu luyu jeung situasi dina kontéks sosialna (Suwito, 1983:148). Ku ayana anéka ragam dina makna basa, balukarna aya kacenderungan kana katetangtuan basa minangka ini sistem. Tiap panyatur katempona siga bisa nyiptakeun sistem basa sakahayangna. Ku kituna, pikun ngajaga kapiarana basa minangka ini sistem nu gembleng tur manteb, perlu ditetepkeun salasahiji variasi basa pikeun dijadikeun ragam basa lulugu (baku). Ku ayana ragam basa lulugu dipiharep komunikasi bisa dilaksanakeun kalawan leuwih éféktif tur éfisién. Pikeun kaperluan nyusun ragam basa lulugu kudu aya pangbakuan basa. Dina unggal kagiatan komunikasi ébréh ayana unsur-unsur nu boga peranan penting, di antarana waé, panyatur, pamiarsa, tempat komunikasi, jejer omongan, suasana omongan, jsb. Waktu nyarita panyatur kudu merhatikeun jeung saha nyarita, di

mana tempatna, iraha waktuna, jeung kumaha suasanana. Ku ayana komponén-komponén anu kalibet dina komunikasi basa, nya muncul rupining ragam makna basa luyu jeung fungsi katut situasina.

Disawang tina médium dipakéna, aya ragam basa Sunda lisan jeung ragam basa Sunda tulis. Ragam basa Sunda lisan ébréh tina paguneman antara duaan atawa leuwih. Ari makéna ragam basa tulis ébréh tina karya sastra, buku pangajaran, majalah, jeung koran. Makéna basa Sunda boh lisan boh tulis bisa lumangsung dina kedaling biasa, kedaling humoris, bisa kedaling campuran duanana. Salasahiji wangun kedaling basa Sunda humoris dina médium tulis ébréh dina wacana rubrik “Barakatak” dina Majalah *Manglé*. Ku lantaran wacana humoris diwujudkeun dina wangun paguneman, nya munasabah lamun ébreh dina polah ucapna.

## **B. Munculna Humor dina Komunikasi**

Komunikasi basa boh lisan boh tulisan, sipatna bisa transaksional lamun nu dipentingkeun ‘eusi’ komunikasi, bisa interaksional lamun nu dipentingkeun hubungan ‘timbang-balik’. Eta dua sifat komunikasi basa téh mibanda prinsip mu tangtu (Samsuri, 1990:2). Paripolah komunikasi anu dipidangkeun ku omongan disebut polah ucap. Ieu hal téh sajalan jeung pamadegan Yule (1998:47) anu nyebutkeun yén

*“actions performed via utterances are generally called speech acts. Both speaker and hearer are usually helped in this process by the circumstances surrounding the utterance. These circumstances, including other utterances, are called speech event”.*

Omongan humoris tawa banyol muncul dina prosés komunikasi teu bonafid (*non-bonafide process of communication*) minangka lalawanan tina prosés komunikasi anu bonafid (*bonafide process of communication*) (Raskin, 1984). Wacana humor mindeng pisan nyimpang tina aturan-aturan komunikasi anu dikudukeun ku prinsip-prinsip pragmatik, Boy mu sipatna tékstual boh nu sipatna interpersonal (Nelson, 1990:125, dina Wijana & Rohmadi, 2010:139). Ngahasilkeun wacana humor bisa dipilampah ku répétisi jeung pérmutasi minangka wujudiah tina interférénsi résiprokal (Bergson, 1983:118, dina Wijana & Rohmadi, 2010:139-140).

Patali jeung humor aya tilu rupa tiori, nya éta tiori kaunggulan, tiori kateuluyuan, jeung tiori pangbebas (Dicutat tina Dasril Iteza, 13-07-2010). *Kahiji*, Tiori Kaunggulan (*Superiority Theory*) nétélakeun yén humor téh nya éta rasa leuwih alus, rasa leuwih luhur atawa leuwih sampurna dina diri ini jalma waktu nyanghareupan ini kaayaan nu ngandung kakurangan atawa kahéngkéran. Urang bakal seuri ngadadak lamun boga rasa unggul lantaran ningali batur milampah kasalahan. *Kadua*, Teori Keteuluyuan (*Incongruity Theory*) nétélakeun yén humor muncul lantaran aya robah anu ngadadak tina situasi mu dipiharep kana situasi lain nu teu diduga-duga. Seuri bisa muncul lantaran aya harepan anu teu luyu atawa jadi kacow (*frustrated expectation*) nepi ka baya sikep mu diébréhkeun tapi kalah salah sasaran. *Katilu*, Teori Pembebasan (*Relief Theory*) nétélakeun yén inti tina humor nya éta miceun kakurangan mu baya dina diri ini jalma. Dorongan batin alamah diri jalma meunang kakurangan atawa tekenan. Lamun tekanan dibekaskeun ku *cawokah*, nyindir pikalucueun, atawa gedebul (ngabuih), balukarna jalma bakal saseuri.

Ahli psikoanalisis, Sigmund Freud (1856-1939) nyebutkeun yén banyol (lulucon) mirip jeung impian. Dina sasana duanana mangrupa sarana pikun ngungkulan panyangreud anu datangna di luar tawa tumbuh dina diri ini Alma. Dina humor tawa banyol bisa waé nyelapkeun panuduh, panghina, tawa kedaling naon waé nu sipatna tebu langsung (Dasril Iteza, 13-07-2010).

Dina Tiori Evolusi, Alastair Clarke nyebutkeun yén pangjéntré jeung kaweruh (kognitif) ngeunaan kumaha jeung ku naon unggal jalma bisa seuri pun manggihan nu pikalucueun. Humor muncul waktu uteuk mikawanoh ini pola yén kejutan diajénan ku pangalaman tina réspon nu lucu (Dasril Iteza, 13-07-2010).

### **C. Wanda Polah Ucap Humoris**

Runtuyan aksi atawa polah ucap raket patalina jeung siat gunana kode basa, saperti: lisan -- tulisan, langsung -- teu langsung, transaksional – interaksional. Tina jiat pragmatis, runtuyan polah ucap mibanda elu warna, nya éta polah lokusi (*locutinary act*), polah ilokusi (*illocutinary act*), jeung polah perllokusi (*perlocutionary act*) (Austin, 1962, 23-24; dalam Yule, 1998:48).

*Lakuning ucap* atawa *tindak lokusi* mangrupa polah basa pikeun ngedalkeun hiji hal ka nu lian (*The Act of Saying Something*). Dina lakuning ucap diwawarkeun hiji perkara saayana, teu dijieun-jieun, komo bari disumputsalindungkeun mah. *Polah sesebutan* atawa *lokusi* (*propositional or locutinary acts*) mangrupa ngirimkeun pesen dina wangun purwa ucap (komunikasi idéasional). Lakuning ucap dipaké pikeun nepikeun hiji perkara nu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa tanpa téndénsi pikeun milampah éta perkara, mana komo pikeun mangaruhan pamiarsa mah. Polana bisa digambarkeun ku “*Panyatur ngomong ka pamiarsa yén X* (= kekecapan nu tangtu anu dikedalkeun kalawan rasa, ma’na, jeung acuan nu tangtu).

Wacana humoris anu mangrupa polah lokasi atawa lakuning ucap ébréh dina contoh ieu di hadap.

#### (01) *Ciwidey*

*Di Ciwidey aya strawberry metik sendiri. Di Lembang naha bet euweuh susu murni nyedot sendiri. Padahal bisnis yang menjanjikan tah!* (M 2349/57/W 20)

Wacana di luhur ngindikasikeun ayana polah lokusi lantaran eusina nepikeun persen panyatur ia pamiarsa. Unsur-unsur humorisna ébréh tina kalimah kahiji anu hartina ganda (ambiguitas), nya éta ‘strawberri metik sendiri’ saolah-olah nuduhkeun yén strawberri metik sorangan, padahal maksudna mah ‘nu metik sorangan téh nu meulina, lain nu boga kebonna’. Unsur humoris nu kadua dituduhkeun ku kalimah kadua minangka analogi kana kalimah kahiji, yakni ‘naha di Lembang teu aya susu sapi (murni) nu nyedot sorangan’. Ieu kalimah téh minangka analog tina kalimah ‘strawberri bisa metik sorangan, tangtu susu ogé kudu nyedot sorangan’.

*Lakuning gawé* atawa *tindak ilokusi* mangrupa polah basa pikeun milampah hiji hal (*The Act of Doing Something*). Dina lakuning gawé henteu ngan ukur dipaké pikeun ngawawarkan hiji hal, tapi ogé dipaké pikeun milampah hiji hal. Ieu teh nuduhkeun yen omongan ngandung dua maksud, jaba ti pikeun ngawawarkeun tapi pikeun nitah milampah hiji pagawean. *Polah gawé* atawa *ilokusi* (*illocutinary acts*) nya éta milampah hiji pagawéan dina ngedalkeun hiji hal (*The Act of Doing Something*). Polana bisa

digambarkeun kieu: “*Ku nyebutkeun X, panyatur ngedalkeun yén P*”. Polah gawé ngirimkeun pesen dina wujud komunikasi antarpribadi (nyarita – ngaregepkeun), saperti nyusun wawaran, pananya, jeung paréntah.

Pikeun ningali warna polah ilokusi dina wangunan humor basa Sunda bisa dicintoan ieu di hadap.

## (02) Tatarucingan

*Adun* : “*Mun nakol bedug ku budak meunang teu?*”

*Dodo* : “*Nya henteu atuh.*”

*Adun* : “*Naha?*”

*Dodo* : “*Atuh nyerieun ku budak mah!*”

*Adun* : “*Euuhh....manéh mah!*” (M 2349/57/W 18)

Polah ilokusi dina wacana di luhur ébréh dina kalimah paguneman nu digunakeun. Kalimah “*Mun nakol bedug ku budak meunang teu?*” jeung kalimah “*Naha?*” mangrupa kalimah pertanyaan. Kalimah “*Nya henteu atuh*” mangrupa kalimah wawaran minangka jawaban. Kalimah “*Atuh nyerieun ku budak mah!*” jeung kalimah “*Euuhh...manéh mah!*” mangrupa kalimah panyeluk (aklamatif). Unsur humoris dina éta wacana téh ngébréhkeun tafsiran anu béda antara panyatur nu ngucapkeun “*Mun nakol bedug ku budak meunang teu?*” jeung pamiarsa. Panyatur boga maksud yén nakol bedug bisa ku budak. Ari pamiarsa ngama’naan Ata Halimah ku Halimah jawaban yén “*nakol bedug tebu menang ku budak isi nyerieun*”.

*Lakuning rasa* atawa *tindak perlokasi* mangrupa polah basa anu dipaké pikeun mangaruhan pamiarsa (*The Act of Affecting Someone*). Ku kituna, lakuning rasa mah aya daya pangaruh (*perlocutionary force*) atawa éfék ka pamiarsa, boh dihaja boh henteu. Dina ieu polah rasa téh aya daya pangaruh (*perlocutionary force*) atawa éfék ka pamiarsa, boh langsung boh teulangsung. Disebut ogé *polah hasil* atawa *perlokasi* (*perlocutionary acts*) nya éta milampah hiji tindakan *ku nyebutkeun* hiji hal (*The Act of Affecting Someone*). Jadi, nu pangpentingna dina lakuning rasa nya eta daya pangaruh atawa efek polah omongan panyatur ka pamiarsa. Polana bisa digambarkeun kieu: “*Ku nyebutkeun ngna*

dina *X*, panyatur ngayakinkeun pamiarsa yén *P*” (Leech, 1983:199). Polah perlokasi nyoko ka jalma nu dituju.

Polah perlokasi dina wacana humoris basa Sunda ébréh dina conto ieu di hadap.

(03) **Keun Baé**

Si Nyai : “Ema itu aya nu bubulucunan!”

Indung : “Saha Nyai?”

Si Nyai : “Artis, dina Tivi!”

Indung : “Nya keun baé ari artis mah, lamun manéh ulah! Bisi dirogrog ku urang lembur!” (M 2349/57/W 14)

Polah perlokasi dina wacana di luhur ébréh tina omongan ti *indung*, nya éta “Nya keun baé ari artis mah, lamun manéh ulah! Bisi dirogrog ku urang lembur!” lantaran eusina pikun ngayakinkeun pamiarsa *Si Nyai* ngeunaan wawaran saméméhna anu diucapkan ku *Si Nyai*. Unsur-unsur humorisna ébréh tina omongan *Indung* yén “Keun waé artis bubulucunan ogé asal ulah anakna (*si Nyai*) lantaran isi ditarongton ku urang sakampung”.

#### **D. Prinsip Polah Ucapan Humoris**

Basa mangrupa wujud pangnyatana dina aktivitas sosial. Dina aktivitas sosial aya interaksi antara individu nu hiji jeung individu nu séjénna. Disawang tina jihat pragmatis, polah ucapan raket patalina jeung rétorika tékstual katut rétorika interpersonal. Minangka rétorika tékstual, pragmatik mikabutuh prinsip gawé bareng (*cooperative principles*), ari minangka rétorika interpersonal, pragmatik mikabutuh prinsip kesopanan (*politeness principles*) (Grice, 1975:45--47). Eta dua prinsip pragmatik téh mibanda maksim asing-masing (Leech, 1983:132) Prinsip rempug jukung mibanda opat maksim, yakni nya éta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim rélevansi, jeung (4) maksim cara. Ari prinsip kasopanan mibanda genep maksim, nya éta nya éta (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim pangcocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpati, jeung (6) maksim balabah.

Maksim jumlah atawa kuantitas (*maxim of quantity*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna

atawa sajumlah anu dipikabutuh ku pamiarsa. Maksim jumlah dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(04) **Senang**

- A : “Senang ningali kahirupan silaing mah, euy?”  
B : “Nya rék teu senang kumaha atuh! Dahar  
seubeuh, paké weuteuh, pamajikan...keur reuneuh!”

(M 2413/53/W 18)

Maksim inajén atawa kualitas (*maxim of quality*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur nyoko kana eusi anu saenyana, teu dijieun-jieun. Maksim inajén dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(05) **Sniper**

- + “Bapa kamu sniper ya Néng?”
- “Aah Aa mah tau aja, emangnya kenapa, mau kenalan ya?”
- + “Pedah wé Éneng telah mengdérédédé hati Aa.”
- “Ahh....lebayy... (M 2349/57/W 21)

Polah ucap di luhur nuduhkeun maksik inajén tawa kualitas lantaran panyatur (+) Nana ngeunaan bapana pamiarsa (-) nu dijawab dienyakeun ku pamiarsa (-). Kualitas séjénna nu sipatna humoris nya éta “sniper” tawa tukang témbak nu nguatkeun pamiarsa nu eusina gus némbak had panyatur.

Maksim kasaluyuan atawa rélevansi (*maxim of relevance*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu luyu atawa rélevan jeung pasualan anu dicaritakeun. Maksim kasaluyuan dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(06) **4 + 6**

- Adun : “Uih sakola, Jang?”  
Budak : “Muhuhn....”  
Adun : “Geus pinter meureun ari tos kelas dua mah.

Cik ngetes, ari lima tambah lima jadi sabaraha?”

Budak : “(Rada lila ngahuleng, mikir tayohna mah. Tuluy gideug).

Adun : “Na meni teu apal, lima tambah limah mah sapuluh!”

Budak : “Tuh nya, tos beda deui wae. Ongkoh saur ibu guru sapuluh mah opat tambah genep, sanes lima tambah lima. Nu mana atuh nu leresna, jadi bingung abi mah!”

Omongan *budak* nu pamungkas nuduhkeun maksim kasaluyuan lantaran ‘lima tambah lima jadi sepuluh’ luyu jeung ‘opat tambah genep jadi sepuluh’. Jaba ti kitu, éta wacana téh gandung unsur humor atawa pikaseurieun lantaran nu diulik ku budak jumlah nu sarua tapi angka pangjumlahna béda nepi ia budak jadi bingungeun.

Maksim cara atawa ‘pelaksanaan’ (*maxim of manner*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu langsung, teu samar atawa nimbulkeun rupa-rupa tafsiran (*ambigu*), jeung teu kaleulewihi. Maksim cara dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

#### (07) Banjir

Ujang : “Uingeun nu nanya, cing naon nu ngalantarankeun Jakarta sok banjir?”

Asep : “Banjir kiriman...”

Ujang : “Lain bodo! Nya cai atuh!”

Polah ucap cara ébréh tina omongan panyatur (*Ujang*) yén “anu nyababkeun banjir téh lain banjir kiriman, tapi cai”. Ieu téh nuduhkeun yén omongan dikedalkeun kalawan langsung, runtut, teu kabur, tebu samar, jeung teu kaleulewihi, tapi nyababkeun pikasurieun.

*Maksim kawijaksanaan (tact maxim)* meredih omongan ku cara ngaréan kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa. Ieu omongan ilaharna diwangun ku



omongan komisif jeung omongan impositif. Maksim kawijaksanaan dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

**(08) Jakarta**

Abud : “Lawas ti lawas teu tepang, na tas ti mana atuh?”

Adun : “Ti Jakarta...”

Abud : “Atuh kali-kali mah si Jakarta sina ka dieu!”

Adun : “???”

Polah ucap kawijaksanaan dina wacana di luhur ébréh tina Halimah panyatur (Abud) yén “Sangkan tebu tuluy-tuluyan ka Jakarta, Tindak tutur kebijaksanaan pada wacana (08) tampak dari kalimat penyapa (*Abud*) bahwa “agar tidak terus-terusan datang ke Jakarta, *atuh kali-kali mah si Jakarta sina ka dieu!*”. Jaba ti omongan Wicaksana sangka Adun tebu capéun, aya unsur humor lantaran mustahil Jakarta minangka lokasi bisa datang sorangan.

*Maksim balabah (generosity maxim)* meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan panghormat jeung pamuji ka pamiarsa atawa ngurangan pamuji ka dirina. Maksim balabah dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

**(09) Gula Kopi**

Aa : “Neng...keur naon aya gula pami aya Enéng di dieu....”

Eneng : “Nya, teruuss badé ditinyuh jeung kopi ku Aa?”

Aa : “Euuhhh...” (M 2400/56/W 7)

Polah ucap balabah nu humoris ébréh tina omongan panyatur (Aa) ngeunaan “tebu perlu gula lamun aya Enéng” minangka analog yén ‘gula téh amis’ jeung ‘Enéng ogé amis (alih-alih tina geulis)’.

*Maksim katumarima (approbation maxim)* meredih sangkan omongan panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep. Maksim katumarima dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(10) **Ngaku-ngaku**

Ternyata kuring téh Darmaji. Dahar lima ngaku Afgan....

Hahaha.... (M 2400/56/W 10)

Polah ucap katumarima dina wacana di luhur ébréh tina Halimah anu ngawangunna. Panyatur ngaku dirina “Darmadji” singgetan tina ‘dahar lima siki ngaku hiji’, tapi dipélésétkeun tawa diheureuykeun jadi ‘dahar lima ski ngaku Afgan’ (ngaran artis penyanyi).

*Maksim handap asor (modesty maxim)* meredih sangkan omongan panyatur leuwih loba ngahormat atawa ngomah-ngomahan haté pamiarsa atawa ngurangan basa loma atawa kasar. Maksim hadap asor dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(11) **Ngarayu**

Budi : “Nyai, terang teu bedana nyai sareng angka 12?”

Nyai : “Eemmm duka nya, naon kitu?”

Budi : “Eu..., mun angka 12 mah aya angka duana, mun nyai mah teu aya duana...”

(M 2400/57/W 17)

Polah ucap handap asor ébréh tina omongan panyatur (Budi) ngeunaan “bédana Nyai jeung angka 12, nya éya angka 12 aya angka duana, ari Nyai mah teu aya duana”. Jaba ti nuduhkeun polah ucap handap asor, nuduhkeun unsur humoris deuih.

*Maksim pangcocog (agreement maxim)* meredih sangkan omongan panyatur kudu leuwih cocog jeung pamiarsa, kurangan omongan anu teu cocog. Maksim pangcocog dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(12) **Samitoha**

- A : “Dupi jenengan téh saha?”  
B : “Abdi Toha. Dupi salira?”  
A : “Abdi ogé Toha.”  
B : “Duh, geuning urang *téh Samitoha!*”

(M 2413/53/W 23)

Polah ucap pangcocog dina wacana di luhur nya éta omongan A jeung omongan B tina kecap “nu ngaku Sarua boga ngaran Toha”. Unsur humorisna nya éta omongan kacindekan pamiarsa “B” yén maranéhna téh “samitoha”, anu gandung dua tapsiran harti, nya éta (1) Sarua ngaranna tawa sami Toha, jeung (2) Sarua mihohana (samitoha). Dina kahirupan sapopoé, kecap “samitoha” dihartikeun sarua mitohana atawa sahiji mitoha.

*Maksim kasimpati (sympathy maxim)* meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan rasa simpati atawa ngurangan antipati ka pamiarsa. Maksim kasimpati dina wacana humoris ébréh ieu di hadap.

(13) **Kenalan**

- Lalaki : “Hai boléh kenalan?”  
Nyai : “Mangga waé....”  
Lalaki : “Eh muhun, sateuacanna kenalan, tiasa teu nambut artos 2000.”  
Nyai : “Kanggé naon?”  
Lalaki : “Kangge mayar parkir di hati nyai...”

(M 2413/52/W 10)

Polah ucap rasa simpati dina wacana (13) ébréh tina réspónsi ani dikedalkeun ku pamiarsa (*Nyai*) ka panyatur (*lalaki*). Unsur humorisna ébréh Ina omongan panyatur (*lalaki*) “kakara wawuh gus rék nginjeum duit, anu tétéla tujuanana kur mayar parkir dina haté nyai, lain keur mayar parkir mobil atawa motor”.

## E. Fungsi Polah Ucap Humoris

Polah ucap mibanda opat fungsi, nya éta (1) fungsi komisif, (2) fungsi impositif, (3) fungsi ekspresif, jeung (4) fungsi asertif (Leech, 1983:214). Polah ucap komisif gumana pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa pertanyaan. Polah ucap impositif gunana pikeun ngedalkeun paréntah. Polah ucap éksprésif gunana pikeun kedaling haté, ngébréhkeun sikep kana kaayaan. Polah ucap asertif gunana pikeun ngedalkeun bebeneran informasi.

Pikeun ningali fungsi polah ucap humoris basa Sunda, ayeuna curang titéan wacana ieu di handap.

### (14) **Leuwih Murah**

- Encep : “Lur, tong sok barangbeuli di warung si éta, marahal! Kabeneran uing rék ka pasar, rék nitip?”
- Uing : “Uing sok meuli roko di warung si éta sabungkus dalapan rébueun. Ari di pasar sabaraha?”
- Encep : “Leuwih murah atuh, tujuh rébu lima ratus!”
- Uing : “Sok atuh nitip. Tah duitna sapuluh rébu.” Sanggeus mulang ti pasar, song si Encép ngasongkeun roko sabungkus jeung duit sarébu.
- Uing : Naha sarébu pulanganana? Ongkoh tujuh rébu lima ratusun!”
- Encep : “Enya pan buruh jeung ongkosna sarébu lima ratus!”

(M 2349/57/W 12)

Dumasar kana wacana di luhur ébréh aya fungsi polah ucap, nya éta fungsi impositif, fungsi komisif, fungsi éksprésif, jeung fungsi asertif. Fungsi impositif ébréh dina kalimah (1) “Lur, tong sok barangbeuli di warung si éta, marahal!” jeung (2) “Sok atuh nitip. Tah duitna sapuluh rébu.” anu eusina paréntah. Fungsi komisif ébréh dina kalimah (3) “Kabeneran uing rek ka pasar, rek nitip?” anu eusina tawaran jeung kalimah (4) “Ari di pasar sabaraha?” anu eusina pertanyaan. Fungsi éksprésif ébréh dina kalimah (5) “Ongkoh tujuh rebu lima ratusun!” anu nuduhkeun sikep panyatur kana kaayaan. Fungsi asertif ébréh dina kalimah (6) “Enya pan buruh jeung ongkosna sarébu lima ratus!” anu nepikeun bebeneran informasi. Tina éta wacana, hal-hal anu nuduhkeun humorisna nya éta

kalimah anu unina “tong meuli roko ka warung si éta mending di pasar sangkan murah, tétéla kanyataanana mah sabalikna lantaran hargana leuwih mahal sabab ditambah ku ongkos sarébu”.

## F. Implikatur dina Polah Ucap Humoris

Presuposisi atawa praduga mangrupa pangira atawa sangkaan anu raket patalina jeung kamustahilan ini perkara bisa kajadian (*defessibility*), masalah proyéksi, atawa nonjolkeun hiji perkara sarta rupining katerangan atawa pangjéntré (Yudibrata dkk., 1989).

Contona:

### (15) Ngaran Antik

- + “Ngaran bapa déwék téh Singadimaja! Kaasup ngaran nu antik euy, sabab bisa diterjemahkeun kana basa Inggris!”
- “Naon kitu basa Inggrisna?”
- + “The lion on the table!” (maksudna: singa dina méja!”)

(M 2400/57/W 21)

Eta data téh mangrupa praduga pikun bebeneran kalimah (+1) yén “ungaran bapana bisa ditarjamahkeun kana basa Inggris”, ari kalimah (+2) mangrupa praduga pikun bebeneran kalimah yén “singa dina basa Inggris ‘lion’ jeung *dimaja* dipélésétkeun dina basa Inggrisna ‘on the table’. Unsur humorisnya dina narjamahkeun kecap *singa* jeung pélésétan *dimaja* jadi “di méja”.

Praduga raket patalina jeung *inférénsi kawacanaan*, nya éta prosés anu dipilampah ku pamiarsa pikeun nyangkem ma’na wacana anu dikedalkeun langsung dina wacana. Inférénsi kawacanaan diperlukeun dina ngama’naa wacana anu nyamuni (implisit) atawa teu langsung nyoko kana tujuan. Data di luhur nuduhkeun panyangkem teu langsung Ana tarjamahan *Singadimaja* Ana basa Inggris jadi “The lion on the table”.

Hiji kalimah bisa méré présuposisi jeung implikasi kana kalimah séjén. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Hiji kalimah disebut méré

présuposisi kana kalimah séjén lamun teu benerna kalimah kadua (nu diprésuposisikeun) ngabalukarkeun kalimah anu kahiji (nu méré présuposisi) teu bisa disebut bener tawa salah (Wijana, 1996:37). Contona:

(16) **Jam Sabaraha?**

Kolot : “Ari ayeuna jam sabaraha Dun?”

Adun : “Jam kulit kurang daging, jamedud kurang-kerung!”

Kolot : “Sing baleg ari ditanya ku kolot téh, kawalat siah!” (M 2413/53/W 20)

Hiji omongan bisa ngaimplikasieun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeunana disebut implikatur (*implicature*). Ku lantaran implikatur lain mangrupa bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, patali antara éta dua proposisi téh henteu mangrupa konsékwénsi mutlak (*necessary consequence*). Contona:

**Alim**

Anak : “Pa, ari nu dimaksud Alim Ulama téh naon?”

Bapa : “Jelema nu boga élmu atawa jelema pinter!  
Pangpangna anu ngarti tur paham pisan  
ngeunaan bagbagan agama!”

Anak : “Ari Alim Dimadu?”

Bapa : “Eta mah indung silaing atuh!”

(M 2400/57)

Grice (1975:65) nyebutkeun dua warna implikatur, nya éta implikatur konvénsional jeung implikatur konvèrsasional.

Implikatur konvénsional mangrupa implikatur anu dihasilkeun tina nalar logika, omongan anu ngandung implikatur nu écés. Contona:

### **Sangeunahna**

Juri : “Pertanyaan kanggo regu Bapa-bapa. Kadungora di mana ayana?”

Bapa-bapa : “Di Garut Jawa Barat!”

Juri : “Salah pisan! Cik regu Ibu-ibu!”

Ibu-ibu : “Kadungora mah ayana dina tangkalna!”

Juri : “Bener. Ku kituna, saratus kanggo regu Ibu-ibu.”

(M 2400/56/W 9)

Eta conto wacana téh mangrupa implikatur konvénsional anu hartina yén ‘enya kanyataanana kadu ngora téh aya dina tangkalna’. Lantaran humor anu dimaksud ku panyatur lain ngaran daérah Kadungora, tapi buah kadu nu ngora.

Implikatur konvérsasional mangrupa implikatur anu dihasilkeun lantaran pameredih kontéks nu tangtu (Thomas, 1995:58). Contona:

### **Titelejog**

Si Udin keur leumpang di kebon titelejog kana tunggul.

“Adow, nyeri euy...”

“Teu nanaon tapi tunggulna mah?”

“Sabodo tunggulna mah deuleu, aing tah donglak!”

(M 2400/57/W 25)

Eta conto téh kaasup implikatur konvérsasi anu hartina sabalikna lantaran kalimah wawaran ‘Si Udin titelejog tunggul’, malah anu ditanyakeun lain kaayaan sukuna tapi kaayaan tunggulna.

Nurutkeun Gadzar, ku cara ngagunakeun prinsip gawé bareng Grice, dibédakeun implikatur husus jeung implikatur umum. Implikatur husus mangrupa implikatur konvérsasional, ari implikatur umum mangrupa implikatur konvénsional (Wijana, 1996).

Béda jeung implikatur, saperti ébréh dina conto di luhur, patali antarkalimah dina Dieu wacana sipatna mutlak. Ku kituna, tatali kalimah di Ujang jeung kalimah di Dodo dina ieu wacana disebut *entailment*.

## **Banjir**

Ujang : “Do, ieu pulpén manéh nya?”

Dodo : “Heueuh.”

Ujang : “Buatan Balé Endah, nya?”

Dodo : “Enya atuh, na ning apal?”

Ujang : “Ning ieu banjir waé!”

Tina contoh di luhur ébréh yén kalimah di Ujang jeung kalimah di Dodo mibanda kakaitan arti (semantis). Ieu téh ébréh Ina eusina anu nuduhkeun yén “pulpén Dodo banjir dipatalikeun kana kaayaan Balé Endah anu salawasna banjir lamun usum hujan’. Jaba ti aya kakaitan semantis, éta wacana téh nuduhkeun unsur humoris.

## **Rangkuman**

Ieu bab ngadadarkeun genep hal nu patali jeung wacana humoris basa Sunda, anu ngawengku (1) basa Sunda dina wacana humoris; (2) munculna humor dina komunikasi; (3) wanda polah ucap humoris; (4) prinsip polah ucap humoris; (5) fungsi wacana humoris; jeung (6) implikatur dina polah ucap humoris.

Basa Sunda dina wacana humoris muncul dina waktu komunikasi anu matak nimbulkeun rasa lucu atawa pikaseurieun. Wacana humor mindeng pisan nyimpang tina aturan-aturan komunikasi anu dikudukeun ku prinsip-prinsip pragmatik, boh mu sipatna tékstual boh nu sipatna interpersonal. Ngahasilkeun wacana humor bisa dipilampah ku répétisi jeung pérmutasi minangka wujudiah tina interférénsi résiprokal.

Polah ucap humoris mibanda tilu wanda, nyaéta pola ucap lokusi, polah ucap ilokusi, jeung polah ucap perlokusi. Wacana humoris mibanda prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan.

Wacana humoris mibanda sababara fungsi, nyaéta fungsi asértif, fungsi komisif, fungsi éksprésif, jeung fungsi diréktif.

Hiji omongan bisa ngaimplikasieun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeunana disebut implikatur (*implicature*). Ku lantaran implikatur lain mangrupa bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, patali antara éta dua proposisi



téh henteu mangrupa konsékwénsi mutlak (*necessary consequence*). Aya implikatur konvénsional aya implikatur konvérsasional.

### **Latihan**

1. Tétélakeun nu disebut wacana humoris!
2. Naon nu ngamunculkeun humor atawa banyol?
3. Naon alesanana impian Sara jeung banyol?
4. Naon nu nyababkeun manusia bisa seuri?
5. Jieun conto wacana humoris!
6. Téangan wacana humoris tina majalah basa Sunda, tuluy analisis kecap-kecap anu nuduhkeun banyol atawa humorna!

### **Daftar Acuan**

- Grice, H.P. 1975. "Logic and Converstion:., *Syntax and Semantics, Speech Act 3*, New York: Academic Press.
- Majalah *Manglé* No. 2349. Bandung: PT Manglé Pangkipur.
- Majalah *Manglé* No. 2400. Bandung: PT Manglé Pangkipur.
- Thomas, Jenny. 1995. *Meaning in Interaction: An Introduction to Pragmatics*. England: Longman.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press
- Yudibrata, Karna. 1989. *Bagbagan Makena Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.

## BAB VI

### WACANA PANGAJARAN

#### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep

- a. Bisa ngajéntrékeun wangenan wacana pangajaran;
- b. Bisa ngajéntrékeun komponén wacana pangajaran; jeung
- c. Bisa ngajéntrékeun kahasan ragam wacana panganteur pangajaran.

#### A. Watesan Wacana Pangajaran

Dina interaksi pangajaran di jero kelas, guru cacarita ka muridna waktu ngajéntrékeun, nanya, atawa nitah milampah hiji pagawean. Guru boga peran jadi panyatur, ari murid jadi pamiarsa. Sabalikna, murid ogé cacarita ka guru waktu menta pangjéntré atawa nanyakeun hiji perkara. Palebah dieu, murid boga peran jadi panyatur, ari guru boga peran jadi pamiarsa. Kajadian sarupa kitu téh mangrupa kajadian omongan atawa konvérsasi. Éta kajadian téh mangrupa wacana paguneman, nya éta ayana J-1 (jalma kahiji) anu boga peran jadi panyatur anu aya dina hiji situasi, ari pamiarsa jadi jalma kadua (J-2) nu aya dina situasi sejen. Omongan anu ditepikeun ku panyatur sarta katarima ku pamiarsa nu sipatna lingual tur aya dina kontéks nu sipatna ékstralingual. Disebut sipatna lingual lantaran eta omongan teh ngawujud kecap, frasa, klausa, jeung kalimah katut lentongna. Ari kecap, frasa, klausa, jeung kalimah teh mangrupa unsur basa (linguistik) tina unsur segmental, ari lentong (intonasi) mangrupa unsur linguistik tina unsur suprasegmental. Jaba ti éta, kontéks ngawujud situasi, nya éta tempat, waktu, atawa fakta-fakta anu saluyu jeung kontéks omongan. Hadirna konteks dina kajadian omongan téh nyampurnakeun unsur wacana minangka wujud baasa pangjembarna dina pangajaran.

Wacana omongan dina kagiatan diajar-ngajar atawa interaksi pembelajaran di jero kelas bisa digolongkeun jadi *real conversation* atau dialog nyata (Syamsuddin, Spk., 1992) anu mikabutuh paguneman saharita (dialog spontan) jeung pateuteup aya adu hareupan nu saenyana. Pateuteup dina paguneman saenyana sok disebut *interlocutor* atawa *service encounter*. Sok sanajan wacana paguneman dina pangajaran téh mikabutuh hadirna panyatur (J-1) jeung pamiarsa (J-2), tapi henteu salawasna disebut paguneman dua urang atawa leuwih. Éta paguneman téh bisa dipilampah ku duaan atawa leuwih kalawan bagenten atawa giliran peran minangka panyatur jeung pamiarsa. Kajadian éta paguneman téh mikabutuh gawé bareng di antara para panyatur jeung pamiarsa, boh baganti giliran nyarita (*turn talking*) boh dina kasaluyuan jejer omongan (*topic*).

Palebah dieu, panyatur jeung pamiarsa nya éta guru jeung murid. Maranéhna bagentén tur giliran jadi panyatur jeung pamiarsa. Ku kituna, paguneman guru jeung murid mangrupa wacana paguneman dina interaksi diajar ngajar di jero kelas nepi ka aya kamungkinan jejer omongan henteu nyimpang ti nu geus dibadamikeun atawa disaluyuan. Bari komo deui, paguneman nu dipilampah ku huru minangka kolot anu mibanda kasang tukang kaweruh jeung basa anu gembleng ti murid, anu kasang tukang jeung basana henteu satata jeung guruna. Pikeun nyukangan éta bébédan, guru kudu maké basa panganteur pangajaran anu satata jeung tahap kamampuh kaweruh katut basa murid.

## **B. Komponén Wacana Pangajaran**

Wacana pangajaran mibanda komponén nu tangtu. Aya salapan komponén wacana paguneman dina prosés diajar-ngajar, nyaéta (1) bubuka jeung pamungkas omongan, (2) gawé bareng panyatur-pamiarsa, (3) polah ucap, (4) penggelan pasangan paguneman (*adjacency pairs*), (5) jejer omongan, (6) giliran nyarita (*turn talking*), (7) paguneman panuluy (*repairs*), (8) sipat runtuyan omongan, jeung (9) unsur tatabasa paguneman (Richards, dina Syamsudin Spk, 1998:94).

## 1. Bubuka jeung Pamungkas Wacana Paguneman

Bubuka jeung pamungkas mangrupa hal anu ilahar dipilampah ku guru jeung murid di jero kelas. Bubuka minangka omongan mimiti atawa awal jeung pamungkas minangka omongan ahir atawa panungtung sok dipilampah ku sing saha wae anu nangtung paguneman di hareupeun kelas. Dina ieu wacana, bubuka mangrupa penggelan salam antara guru jeung murid. Salam anu diucapkeun ku guru ngandung harti ‘ngadungakeun murid sangkan salamet sarta salawasna aya dina panangtayungan Allah SWT. Éta omongan salam téh ilaharna dijawab kalawan rampak ku murid. Salam pamuka mangrupa awal omongan anu bisa tuluy dituturkeun ku omongan-omongan sapandeurieunana. Geura pék tengetan contona ieu di handap.

- (306) Guru : *Assalamu alaikum warohmatulohi wabarokatuh.*  
Murid : *Waalaiikumsalam warohmatullohi wabarokatuh.*  
(307) Guru : Wilujeng siang, barudak.  
Murid : Wilujeng siang, Pa.

Éta omongan pamuka téh sok dituturkeun ku omongan séjénna nu mangrupa ngondisikeun murid, ngolah kelas, apersépsi, jeung purwauji (pratés). Omongan ngolah kelas ilaharna mangrupa ngecék kahadiran murid jeung kagiatan apersépsi, nya éta kagiatan guru nyambungkeun bahan nu geus kaliwat minggu samemehna jeung bahan anu baris diajarkeun. Pék tengetan contona ieu di handap.

- (308) Barudak, ayeuna bapa rék ngabsen heula. Cung, saha nu teu hadir? Aya, Abdul Haris. Agus Pajar Maulid, Ai Ropikoh? ....  
(309) Tah, ayeuna urang malikan deui pangajaran minggu kamari. Di dinya dina *bab 2* aya nulis rencana kagiatan dina wangun proposal. Nulis rencana kagiatan dina wangun proposal.  
(310) Guru : Maraneh kungsi maca proposal?  
Murid : *Kantos.*  
Guru : Ah, anu bener?  
Cik, mun enggeus, naon gunana proposal?

Dina ngamimitian ngolah kelas, sabada ngecék kahadiran murid, ilaharna guru ogé aya nu ngucapkeun puji sukur ka Nu Agung, ka Alloh SWT. Geura urang tengetan contona ieu di handap.

- (311) Alhamdulillah, dina kasempatan ayeuna urang bisa patepung lawung, paamprok jongok deui. Sarta bisa nuluykeun pangajaran anu minggu kamari, *ééh enya, minggu kamari*. Nepi ka mana minggu kamari téh? Oh, enya nepi ka pupujian, nya? Cik, saha anu bisa ngagalantangkeun pupujian?

Gusti urang saréréa,  
Kanjeng Nabi anu mulya,  
Muhammad jenenganana,  
Arab Kurés nya bangsana.

Omongan ngolah kelas nu séjénna ébréh dina penggelan omongan ieu di handap.

- (312) Mangga, ayeuna urang lajengkeun kana pangajaran anu geus biasa ku urang dilaksanakeun, nya éta bidang studi naon? Basa Sunda.
- (313) *Tah, ku kituna kamari sigana*. Euh, pertemuan minggu kamari anu katunda sigana urang tuluykeun minggu ayeuna. Nepi ka mana tah kamari teh? Maca sajak, nya? Sajak karangan saha teh? Tah, enya Usép Romli H.M.

Jaba ti omongan salam kaislaman anu diucapkeun ku guru, nya éta “*Assalamualaikum warohmatullohi wabarokatuh*” sarta jawabanana nu diucapkeun ku murid, nya éta “*Waalaiikum salam warohmatullohi wabarokatuh*”, aya ogé has Sunda. Geura tengetan contona ieu di handap.

- (314) Guru : Sampurasun!  
Murid : Rampés.

Sabalikna, omongan pamungkas sok dimimitian ku kagiatan ngolah kelas pikeun nataharkeun murid rék lekasanpangajaran. Ilaharna guru sok ngayakeun pascauji (postés), répléksi, jeung pancén bumi (PR). Ti dinya dituluykeun kana omongan atawa kekecapan pamungkas ti guru ka murid. Sabada murid ngajawab salam, guru nitah murid ngadunga bareng samemeh baralik. Réngsé ngadunga, guru ngucapkeun salam, dijawab deui ku murid babarengan. Pek tengetan contona ieu di handap.

- (315) Sakitu wé heula, nya. Hatur nuhun. Kahadé dialajar di imah, nya. Sing garetol. Keur pibekeleun hidep engké.
- (316) *Wabillahi taufik walhidayah wassalamualaikum warohma tullohi wabarokatuh*.

Ku kituna, salam pamuka jeung pamungkas bisa maké basa Arab, atawa basa Sunda saperti *Wilujeng Enjing*, *Wilujeng Siang*, jeung *Wilujeng Sonten*. Salam tina basa Arab leuwih netral jeung mikawanoh waktu, boh isuk-isuk, boh beurang atawa peuting, jawabanana angger sarua. Sabalikna, salam tina basa Indonesia atawa basa Sunda mikawanoh waktu saperti isuk-isuk, beurang, soré, jeung peuting. Kitu deui dina basa-basa Indo-Éropah. Atuh, mun isuk-isuk dibéré salam: *Wilujeng énjing*”, boa pabeubeurang katabrak béca. Ari tina basa Arab mah salam téh saendeng-endeng, ti mimiti panggih nepi ka panggih deui jeung nu méréna.

## **2. Gawébareng Panyatur jeung Pamiarsa**

Hiji paguneman dina interaksi pangajaran di kelas bisa ngawujud lamun aya gawébareng antara guru salaku panyatur jeung murid salaku pamiarsa dina paguneman. Ari gawébareng téh mangrupa kalibetna panyatur jeug pamiarsa anu ngawangun paguneman lengkep binarung ku unsur-unsur nu dipikabutuhna, boh dina omongan boh usur pangdeudeulna. Aya henteuna gawébareng bisa kanyahoan kalawan langsung tina paguneman, nya éta waktu lumangsungna paguneman.

Unsur gawébareng atawa kooperatif wacana paguneman dina interaksi pangajaran bisa tumali jeung dua maksim, nya éta (1) maksim kuantitas jeung (2) maksim kualitas.

### **a. Maksim Kuantitas dina Wacana Pangajaran**

Maksim kuantitas miharep unggal panyatur nu kalibet dina paguneman méré pangdeudeul (kontribusi) sacukupna atawa saréa nu dipikabutuh ku pamiarsa. Paguneman dina interaksi pangajaran anu nuduhkeun gawébareng ku maksim kuantitas téh éyaéta paguneman guru jeung murid nu ngawangun jawaban informatif atawa jawaban anu can pasti, anu dibikeun ku murid kana pananya nu dibikeun ku guru. Geura urang tengetan contona ieu di handap.

- (317) *Kunaon* pamaréntah nerapkeun sistim, naon ngaranna téh, pencabutan subsidi BBM?
- (318) BBM, hususna béngsin, ieu téh rata-rata dipakéna ku kalangan menengah ka luhur.
- (319) Hartina, kalangan anu geus cukup segi ékonomina.

- (320) *Aya henteu* rahayat miskin nu boga motor?
- (321) Kriteria rakyat miskin téh réa, nya?
- (322) Aya prasejahtera, sejahtera, malah mah aya nu miskin pisan.
- (323) Miskin pisan téh kritéria kondisi imah, urang tingali lanténa, teu dilantéan, lantaran tina taneuh.
- (324) Tuluy, tingali hateupna, naha teu maké kenténg, tapi maké *kadang-kadang aya kardus, hateup, nya, jarami*, kondisina memang mrihatinkeun.
- (325) Tuluy deui, *dingdingna*, teu dibilikan komo tembok mah jajauheun, tina kardus, marolongo deuih.

Dina éta paguneman, murid ngajawabna can pasti kana pananya “(320) *Aya henteu* rahayat miskin nu boga motor?” Jawabanana teh, nya éta “(321) Kriteria rahayat miskin téh réa, nya”, mangrupa hasil mikir murid dina nganalisis masalah atawa pananya guru nepi ka ngajawab henteu pasti. Anu dicirian ku kecap *réa, nya* dina tungtung kalimah.

#### **b. Maksim Kualitas dina Wacana Pangajaran**

Paguneman dina interaksi pangaajaran anu nuduhkeun gawebareng ku maksim kualitas teh nya éta pagunamden antara guru jeung murid anu mibanda kasaluyuan antara pananya jeung jawaban ti murid. Sangkan leuwih jéntré, geura urang tengetan contona.

- (326) Béda jeung sistem étatisme atawa séntral.
- (327) Ieu téh dipakéna di nagara-nagara komunis.
- (328) Contona nagara-nagara komunis, Rusia.
- (329) Rusia téh daerah mana, cing?
- (330) Rusia téh daerah ... eu... Éropah Timur.
- (331) Aya Rusia anu nganut paham komunis.

Omongan di luhur nuduhkeun gawebareng anu hadé tina omongan guru lantaran jawaban murid saluyu jeung paménta nua aya dina pananya guru. Ieu hal téh muncul lantaran murid geus aya dina kaayaan adem jeung mimiti museurkeun panitenna ka guru. Guru ogé geus hasil mikat perhatian murid. Pananya guru ngeunaan “Rusia teh daérah mana, cing?”, sarta jawaban murid “Rusia téh daérah... eu... Éropah Timur”. Ayeuna pék tengetan conto séjén minangka penggelan wacana.

- (332) Guru : Ari di DKM anu aya gunana téh saha?
- Murid : Ketua DKM.

#### 4. Penggelan Pasangan Paguneman

Penggelan pasangan paguneman (*adjacency pairs*) mangrupa runtuyan omongan atawa polah ucap anu merenah antara panyatur jeung pamiarsa dina hiji omongan atawa paguneman. Omongan atawa polah ucap panyatur mangrupa stimulan pikeun omongan atawa polah ucap pamiarsa anu saluyu jeung maksud pamiarsa. Kaweruh anu ngisarahkeun yén penggelan omongan paguneman bisa ngawujud dina wangun basa saperti kecap, frasa, klausa, jeung kalimah, bisa ngawujud wangun unit interaksi saperti sikep atawa paripolah.

Rupa-rupa penggelan pasangan paguneman, sakumaha nu ditetelakeun ku Richrads dina Syamsuddin, Spk. (1998), ngawengku (1) penggelan salam, (2) penggelan panggentra jeung jawaban, (3) penggelan panuduh jeung pamungkir, (4) penggelan pangwawadi jeung perhatian, (5) penggelan pameredih jeung kapanuju, (6) penggelan menta pangjéntré, (7) penggelan tawaran jasa, sarta (8) penggelan tawaran jeung panolak. Éta tujuh penggelan paguneman téh masing-masing didadarkeun ieu di handap.

##### a. Penggelan Salam

Ieu penggelan omongan téh ngawujud omongan salam ti guru. Éta omongan téh satuluyna dijawab ku murid. Dina basa Indonésia mah sok disebut “tegur sapa”. Geura urang tengetan contona.

- (367) Guru : *Assalamu alaikum warohmatulohi wabarokatuh.*  
Murid : *Walaikumsalam warohmatullohi wabarokatuh.*
- (368) Guru : Sampurasun.  
Murid : Rampés.
- (369) Guru : Wilujeng énjing.  
Murid : Wilujeng énjing, Pa.

##### b. Penggelan Pangwawadi jeung Perhatian

Ieu penggelan téh ngawujud omongan guru anu meredih ka barudak atawa murid pikeun milampah kahadéan, teu meunang milampah kagoréngan, atawa kudu merhatikeun perkara pieunteungeun. Pék ilikan contona.



- (370) Bapa ayeuna ngadungakeun hidep sangkan jadi barudak anu palinter. Barudak anu gedé gunana keur dirina sorangan, masarakat, nagara, bangsa, jeung agama. Urang kudu jadi jalma anu kukuh nyekel bagbagan agama jeung darigama. Aturan tradisi jeung aturan agama.
- (371) Pek sing jujur sing jucing, udag cita-cita sakuat tanaga. Sing jadi budak anu cageur, bageur, bener, pinter, singer, tur pangger.

### c. Penggelan Panggentra jeung Jawaban

Panggentra jeung jawaban mangrupa omongan anu dipilampah ku guru pikeun ngagentraan muridna, tuluy murid ngaréspons ku jawaban. Dina wacana paguneman pangajaran aya panggentra jeung jawaban saperti ébréh dina conto wacana ieu di handap.

- (372) Guru : Jadi tugas ti bapa nya éta hidep sarerea kudu nyungsi babasan jeung paribasa, reana masing-masing 50 siki. Teu kudu ayeuna, ditulis wé dina buku tugas. Dikumpulkeun dua minggu deui. Ayeuna buka buku basa Sunda kaca 10-15, pék pigawé di imah.
- Guru : Mau dipotokopi silahkan.
- Murid : *Halaman sabaraha, Pa?*

### d. Penggelan Pamenta jeung Panyatuju

Ieu penggalan ngawujud omongan murid anu eusina menta atawa meredih ka guru ngeunaan hiji hal sarta disatujuan ku guru. Sabalikna, guru ogé bisa meredih jeung nyatujuan ka murid ngeunaan hal nu dipenta ku murid. Dina paguneman pangajaran, omongan pamenta jeung panyatuju ébréh dina conto ieu di handap.

- (373) Guru : Aya sabaraha unsur basa?
- Murid : *Tujuh.*
- Guru : *Tujuh.* Anu kahiji *fonem*, nya éta sora basa pangleutikna anu boga fungsi pikeun ngabédakeun harti.
- Guru : Terus anu kadua *morfém*, nya éta unsur basa pangleutikna nu boga harti. Anu katilu naon?
- Murid : *Kecap.* Unsur basa bébas pangleutikna anu boga harti.
- Guru : Enya, bener. Tuluy anu kopat jeung kalima naon?

Dina penggelan wacana paguneman di luhur ebreh yen pananya nu diajukeun ku guru menta réspónsi nu mangrupa jawaban ti murid.

#### e. Penggelan Menta Pangjéntré

Penggilan omongan ménta pangjéntré bisa ngawujud omongan guru dina nanyakeun hiji hal ka murid, tuluy murid ngajawab pananya guru. Palebah dieu, ménta pangjéntré ngadorong murid pikeun méré réspónsi anu mangrupa pangjéntré atawa jawaban ka guruna. Geura tengetan contona ieu di handap.

- (374) *Minggu kamari*, geus ditetelakeun naon ari guguritan téh?  
(375) Ari nu disebut ku novel téh nya éta karangan sastra wangun lancara (prosa), loba babagianana, waktu anu kacaturna ogé lila, para palakuna ogé réaan, jalan caritana loba babagianana.

Dina penggelan wacana paguneman di luhur ébréh yén pananya anu diajukan ku guru meredih jawaban ti murid minangka hiji pangjéntré.

#### 5. Giliran Ngomong

Giliran ngomong (*turn talking*) dina interaksi pangajaran cenderung mangrupa giliran otomatis antara guru jeung murid. Éta hal téh ilaharna lumangsung dina paguneman anu pamilonna aya duaan. Najan pamilon paguneman leuwih ti duaan, tapi dumasar kana statusna, éta paguneman téh lumangsung antara guru jeung murid. Giliran ngomong anu polana otomatis téh ngan sakali direbut ku murid, nya éta waktu murid ngarasa kurang luang pangalaman pikeun ngajawab pananya anu ditepikeun ku guru. Geura tengetan contona ieu di handap.

- (376) Guru : *Geus kungsi maca novel Pipisahan* anu dikarang ku R.A.F. acan?  
Guru : *Ai, geus maca acan?* Geus sabaraha kali?  
Murid : Teu aca, Bu.  
Guru : *Geus dicatet?*  
Murid : *Parantos.*  
Guru : *Minggu hareup mah kudu geus maraca, nya?* Ringkesannana catet dina buku tugas.

Dina penggelan wacana paguneman di luhur ébréh yén omongan guru leuwih dominan tina omongan murid. Éta hal téh nuduhkeun yen giliran ngomong murid leuwih saeutik ti batan giliran ngomong guru. Sok sanajan kitu, pola konversasi anu dipilampah ku guru jeung murid bisa ngagambarkeun giliran ngomong, anu disebut “giliran ngomong parebut atawa paselang”, lantaran murid nyelakeun omongan ku cara ngarebut omongan guru atawa ngalihkeun topik.

## 6. Sipat Rantayan Wacana Pangajaran

Sipat rantayan wacana pangajaran dina penggelan pasangan paguneman disebut *linked dialog couplet* atawa *adjacency pair coherent*. Dina interaksi pangajaran kapanggih dua sipat rantayan paguneman, nya eta (1) rantayan ngaranté jeung (2) rantayan meulit.

### a. Rantayan Ngaranté

Rantayan ngaranté ngawangun tanya-jawab anu dipilampah ku guru jeung murid. Ieu rantayan téh nuduhkeun yen unggal pananya guru dituturkeun ku jawaban murid. Geura tengetan contona ieu di handap

- (377) Guru : Assalamualaikum warohmatullohi wabarokatuh.  
 Siswa : Waalaikumsalam warohmatullohi wabarokatuh.
- (378) Guru : Wilujeng énjing, barudak.  
 Siswa : Wilujeng énjing, Pa.

Tengetan ogé rantayan ngaranté ieu di handap. Aya paguneman antara guru jeung murid.

- (379) Guru : Ari KSAD téh naon?  
 Murid : Kinanti, Sinom, Asmarandana, Dangdanggula  
 Guru : Ari sinom naon?  
 Murid : Ngaran jalan di Komplék Wartawan di Bandung.  
 Guru : Ih, sanés éta. Sinom ngaran pupuh?  
 Murid : Sinom nya éta ngaran pupuh anu watekna sedih.  
 Aturanana 8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, ....  
 Guru : Tah, ayeuna hayu urang tembangkeun.  
 Murid : Mangga, Bu.

Wacana paguneman téh cenderung mibanda sipat rantayan ngarante antara guru minangka pelayan atawa *Server* (S) jeung murid minangka panarima atawa *Customer* (C).

### **b. Rantayan Meulit**

Rantayan meulit ngawangun kagiatan murid minangka panarima atawa *Customer* (C) anu midangkeun omongan I (O-1), guru minangka pelayan atawa *Server* (S) ngaréaksi ku omongan II (O-2, malik nanya), tuluy C ngajawab ku jawaban II (J-2) jeung ditungtungan ku S maké jawaban I (J-1).

## **7. Wacana Omongan Panuluy**

Omongan panuluy raket patalina jeung kasempetan nyarita, pangpangna tehnik tumanya atawa ngajawab sangkat pamiarsa kataji pikeun nuluykeun paguneman. Aya dua hal anu kudu dianalisis patali jeung wacana omongan panuluy, nya éta (1) teknik tumanya ka murid, jeung (2) teknik alih kode. Pedaran éta dua hal téh masing-masing dipidangkeun ieu di handap.

### **a. Teknik Tumanya ka Murid**

Dina wacana paguneman di jero kelas, guru ngagunakeun téknik tumanya anu meredih murid pikeun merhatikeun jeung ngajawab pananya anu ditepikeun ku guru dina wangun kalimah. Geura urang tengetan contona ieu di handap.

- (380) Guru : Nomer sapuluh enggeus acan?  
Guru : Nomer sapuluh nyaritakeun ngeunaan prinsip-prinsip pragmatik.  
Guru : Ari nu dimaksud ku prinsip gawé bareng bareng téh naon?  
Guru : Ari prinsip kasantunan naon deuih?  
Guru : Ari prinsip gawé bareng ngabogaan sabaraha maksim?  
Murid : Opat maksim.  
Guru : Ari prinsip kasantunan aya sabaraha maksim?  
Murid : Aya genep masim.  
Guru : Cing tataan hiji-hijina?

Murid : Maksim kualitas, kuantitas, cara, kasaluyuan, handap asor, kawijaksanaan, katumarima, pangcocog, balabah, jeung maksim kasimpati.

Dina penggelan di luhur ébréh yén guru maké téhnik nuluykeun jawaban pikeun mantuan murid nyungsi (*eksplorasi*) kaweruh jeung pangalaman dirina, tuluy nanya deui pikeun ngecek pamanggih anyar murid dina omongan kadua. Teknik mikat haté murid pikeun nuluykeun paguneman ébréh dina penggelan ieu wacana di handap.

- (381) Naon cirina novel téh?
- (382) Naon bedana novel jeung carpon?
- (383) Novel ukuranana panjang, ari carpon mah pondok.
- (384) Ari *Baruang ka nu Ngarora* kagolong kana naon?
- (385) Ari “Petingan” kagolong kana naon?
- (386) Naon ari latar dina carita?
- (387) Cing, pék sebutan rupa-rupa galur carita!
- (388) Naon sasaruana jeung bedana novel katut wawacan?

Tétéla téhnik guru tumanya ka murid téh rélatif aya hasilna nepi ka murid bisa ngajawab pananya guru nu sipatna éksploratif kalawan jawabanana di luar dugaan guru.

## **b. Teknik Alih Kode**

Alih kode (*code switching*) nya éta pindahna maké kecap dina hiji basa ku kecap dina basa séjén. Upamana, waktu urang keur ngobrol dina basa Sunda, tuluy ngadadak aya nu datang tina sélér bangsa séjén, nya kapaksa urang pindah omongan kana basa Indonésia. Pikeun milampah paguneman panuluy, jaba ti téhnik tumanya, bisa ogé maké téhnik tarjamahan omongan atawa téhnik alih kode. Aktivitas alih kode dina wacana pangajaran muncul lamuna di jero kelas aya murid anu teu ngarti kana basa Sunda. Cobtona ebreh dina wacana ieu di handap.

- (389) *Sok, silahkan tulis!*
- (390) *Naon congcorang?*
- (391) *Yah, congcorang sok aya, 'kan?*
- (392) *Jadi loba anak heula.*
- (393) *Geus loba anak mah, rék paraéh ogé, yang penting mah sugan wé nyésa hiji.*
- (394) *Béda jeung beurit.*
- (395) *Mun beurit sakali nagalahirkeun sabaraha hiji?*

- (396) *Tilu.*
- (397) *Minimal lima, nya. Minimal lima beurit.*
- (398) *Hiji beurit téh, lima anakna.*
- (399) *Kabayang lamun dina sawah éta aya sapuluh beurit atawa dua puluh beurit, loba anak heula.*
- (400) *Keun bae dipaehan ku jelema ogé, tetep beurit mah loba deui-loba deui, karena banyak anak, seléksi séksual.*

Tengetan deui penggelan wacana pangajaran ieu di handap, malah aya campur kode (*code mixing*), nya éta maké kekecapan basa Sunda jeung basa Indonésia dicaruk.

- (401) *Urang mah hiji gé, entah bagaimana itu?*
- (402) *Membacanya juga sampai ka diraba-raba.*
- (403) *Ah, da solat itu mah kan nomor dua dalam rukun Islam.*
- (404) *Urang ayeuna dina Islam, bapa gé ayeuna udah empat puluh tiga tahun.*
- (405) *Coba sabaraha tikeleun ti manéh?*
- (406) *Hadis mah masih belum hapal, nya.*

Dumasar kana penggelan wacana di luhur ébréh yén guru réa maké kekecapan tina basa Sunda jeung basa Indonésia dina prosés pangajaranana. Éta hal téh mangrupa alih kode basa, tina basa Sunda kana basa Indonésia, atawa nyampurkeun duanana. Teknik alih kode (*code switching*) téh bisa mikat haté murid pikeun nuluykeun paguneman lantaran maranehna jadi leuwih paham kana maksud omongan guru.

### **C. Kahasan Ragam Wacana Panganteur Pangajaran**

Unggal ragam basa anu dipake ku hiji lingkungan masarakat atawa komunitas nu tangtu mibanda kahasan atawa karakteristik sorangan. Kitu deui, basa panganteur pangajaran mibanda karakteristik sorangan minangka ragam basa lisan. Karakteristik ragam basa lisan panganteur pangajaran dicirian ku ayana (1) kahasan struktur wacana pangajaran, (2) kahasan struktur kalimah, jeung (3) kahasan pilihan kecap (diksi). Minangka salasihiji ragam basa lisan, basa panganteur pangajaran mibanda tilu ciri.

#### **1. Kahasan Struktur Wacana Pangajaran**

Ragam basa panganteur pangajaran mibanda awal jeung ahir wacana anu has, nya éta (1) dimimitian salam pamuka, (2) kekecapan atawa kalimah pamuka, (3) babagian eusi

pangajaran, (4) kekecapan atawa kalimah pamungkas, jeung (5) ditungtungan ku salam pamuka.

*Kahiji*, salam pamuka dina wacana panganteur pangajaran ilaharna maké salam agamis keislaman atawa salam kasundaan “wilujeng énjing, wilujeng siang, atawa wilujeng sonten”. Geura urang tengetan contona ieu di handap.

- (407) Assalamualaikum warohmatullahi wabarokatuh.
- (408) Wilujeng siang, barudak.
- (409) Wilujeng énjing.
- (410) Sampurasun.

Dina conto di luhur ébréh yén bubuka pangajaran maké salam pamuka tina basa Arab minangka has kaislaman jeung salam pamuka has Sunda.

*Kadua*, kekecapan atawa kalimah pamuka dina wacana panganteur pangajaran ilaharna ngandung (1) wawaran tujuan jeung jejer pedaran sarta (2) apersepsi, nya éta wawaran anu matalikeun bahan saméméhna jeung bahan anu bakal dipedar. Geura urang tengetan contona ieu di handap.

- (411) Alhamddulillah, dina kasempatan ayeuna urang bisa patepung deui, sarta bisa nuluykeun pangajaran anu ... éééh... minggu kamari.
- (412) Minggu kamari urang geus diajar ngeunaan babasan jeung paribasa dina bacaan. Cik, saha anu apal kénéh naon bédana babasan jeung paribasa? Cik, Déwi coba écéskeun!

Penggelan wacana pamuka pangajaran di luhur nembongkeun pidang jejer pedaran atawa poko bahasan ngeunaan matéri babasa jeung paribasa. Ieu di handap mangrupa cutatan wacana pamuka pangajaran.

- (413) Poko bahasan anu baris diajarkeun ayeuna nya eta ngeunaan nulis sisindiran. Cing, saha nu kungsi maca atawa nulis sisindiran?

Ébréh yén wacana pamuka pangajaran Basa Sunda di luhur rélatif singget, ngan dua kalimah. Sabada nyebutana poko bahasan, guru langsung asup kana matéri poko atawa matéri lulugu.

Béda jeung wacana pamuka di luhur, wacana pamuka pangajaran ieu di handap rélatif panjang ukuranana.

(414) Tah, minggu kamari urang geus diajar perkara Sisindiran. Ayeuna urang nindak kana bahan ajar guguritan. Naon ari guguritan téh? Guguritan nya éta wangun ugeran (puisi) anu ukuranana rélatif pondok, disusun ku hiji wanda pupuh. Upamana waé, aya guguritan “Laut Kidul” anu diwangun ku pupuh dangdanggula. Ari pupuh dangdanggula téh .....

## **2. Kahasan Struktur Kalimah dina Pangajaran**

Struktur atawa adegan kalimah mangrupa babagian tina tata basa, nya éta kaedah basa anu ngatur jeung ngaorganisasikeun basa sangkan dipakéna bener. Dina wacana pangajaran aya unsur-unsur tata basa anu cenderung disirnakeun jeung diélipsiskeun. Ku kituna, analisis unsur-unsur tata basa wacana paguneman dina interaksi pangajaran nyoko kana dua aspek, nya éta (1) keteulengkepan unsur-unsur kalimah (élips) jeung (2) ngaheulakeun démonstrativa.

### **a. Kateulengkepan Unsur-unsur Kalimah (Élips)**

Kalimah téh mangrupa unsur dasar wacana. Hartina, hiji wacana ngan bisa kawangun lamun aya dua kalimah atawa leuwih anu cicingna ngaruntuy luyu jeung kaedah kawacanaan. Ku kituna, wacana atawa téks kalungguhanana atawa statusna jadi kalimah (Alwi, 1993:311). Kalimah anu hadé atawa merenah kudu éféktif, nya éta bisa nepikeun gagasan kalawan keuna ka jalma lian nepi ka teu nimbulkeun tapsiran séjén (ambigu). Tina jihat tata basa, kalimah anu hadé téh mibanda struktur anu lengkep Jejer (J), Caritaan (C), Udagan (U), Panglengkep (Pa), jeung Katerangan (Kat). Sakurang-kurangnya kalimah anu hadé téh sipatna prédikatif, nya éta mibanda struktur Jejer (J) jeung Caritaan (C), anu disebutna kalimah basajan.



Najan kitu, dina omongan paguneman, kaasup dina wacana pangajaran, sabagian unsur kalimah aya nu sok disirnakeun. Dina wacana pangajaran kapanggih omongan tanjejer atawa teu mibanda jejer saperti ébréh dina conto ieu di handap.

- (415) *Tah, sakitu we heula, nya.*
- (416) *Di manusa gé sarua, lain?*
- (417) *Dina sasatoan ogé sarua.*

Omongan guru “*Di manusa gé sarua, lain?*” bisa dipaluruh ku pananya “Naon anu sarua di manusa téh?” Jawaban kana éta pananya téh nya éta jejer kalimah, nya éta “seléksi alam” nepi ka éta kalimah téh mibanda: *Seléksi alam* (J), *sarua* (C), *di manusa gé* (Kat). Kitu deui, kalimah “*Tah, sakitu heula wé, nya*” jeung kalimah “*Dina sasatoan ogé sarua*”, bisa dipaluruh kalimah lengkepna.

Kalimah tansubjék (418) saenyana mangrupa runtuyan kalimah pananya atawa kalimah interogatif (418a). Lamun éta kalimah dipidangkeun kalawan lengkep, bakal kawangun kalimah ngantet sumélér (subordinatif). Geura urang tengetan contona.

- (418) a. *Ku naon Dinosaurus punah?*
- b. lantaran teu mampuh *adaptasi* kalawan hadé.
- c. Dinosaurus punah lantaran teu mampuh *adaptasi* kalawan hadé.

Kalimah ngantét sumélér (418.c) mangrupa kalimah lengkep minangka jawaban kana kalimah pananya (418.a). Ari wangun kalimah anu teu lengkepna atawa kalimah élipsna ébréh dina kalimah (418.b).

## **b. Ngaheulakeun Démonstrativa dina Kalimah**

Demonstrativa atawa kecap panuduh ilaharna aya dina kalimah minangka panantu barang (artikel définit) jeung panuduh umum hiji barang. Posisina dina konstruksi sintaktis ilaharna ditempatkeun di hareupeun atawa di tukangeun nomina atawa katégori nominal. Contona, démonstrativa *ieu, éta*, jeung *itu* dina ieu kalimah di handap.

- (419) *Imah éta saha nu bogana?*
- (420) *Baju ieu kurang alus.*
- (421) *Sigana mah, mending baju itu.*

Dina basa Sunda, démonstrativa *ieu*, *éta*, jeung *itu* sok ditempatkeun ogé di hareupeun nomina atawa konstruksi nominal saperti ébréh ieu di handap.

(422) *Éta* imah saha nu bogana?

(423) *Ieu* baju kurang alus.

(424) Sigana mah, mending *itu* baju.

Jaba ti *éta*, démonstrativa *ieu*, *éta*, jeung *itu* sok papasangan jeung kecap panganteb *téh*, *mah*, jeung *téa*. Geura urang tengetan contona ieu di handap.

(425) *Éta* Imah *téh* saha nu bogana?

(426) *Ieu* baju *téh* kurang alus.

(427) Sigana mah, mending baju *itu téa*.

Dipatalikeun kana tiori proksimitas, (1) démonstrativa *ieu* nuduhkeun jarak nu deukeut jeung panyatur, (2) démosntartiva *éta* nuduhkeun jarak nu deukeut jeung pamiarsa rada deukeut ti panyatur, (3) ari démosntartiva *itu* nuduhkeun jarak anu jauh boh ti panyatur boh ti pamiarsa.

Sajalan jeung démosntartiva panunjuk umum, aya deui démonstrativa panuduh tempat saperti *dieu*, *dinya*, jeung *ditu*. Eta tilu demonstrativa teh sok ngantet jeung kecap pangantet *di*, *ka*, jeung *ti*, jadi konstruksi frasa pangantét:

( di ka ti )	( dieu dinya ditu )
--------------------	---------------------------

Tina papasangan di luhur kapanggih salapan frasa pangantet, nya *éta*: *di dieu*, *di dinya*, *di ditu*, *ka dieu*, *ka dinya*, *ka ditu*, *ti dieu*, *ti dinya*, jeung *ti ditu*. Kecap pangantet *di* nuduhkeun kaayaan ‘statif’, ari kecap pangantet *ka* nuduhkeun ‘tempat tujuan, ari kecap pangantét *ti* nuduhkeun ‘tempat asal’. Jaba ti *éta*, frasa pangantét *di dieu* jeung *di dinya* disawang tina proksimitasna sok mindeng barobah fungsi jadi kecap gaganti jalma ka hiji jeung jalma ka dua. Frasa pangantét *di dieu* jadi kecap gaganti jalma kahiji (J-1, panyatur), ari frasa pangantét *di dinya* sok jadi kecap gaganti jalma kadua (J-2, pamiarsa).

### c. Kahasan Diksi dina Wacana Pangajaran

Diksi atawa pilih kecap anu dipake dina kalimah perlu dina nyarita anu bener tur merenah. Kahasan kekecapan dina kalimah dina pangajaran, di antarana wae, *euh*, *lain*, *tah*, *nya*, *tah*, *cing*, dan *sakieu heula*. Geura tengetan contona ieu di handap.

- (428) Ngadungakeun kawas urang, *eu* ...dihampura sagala dosana.
- (429) Nya kieu rumusna, *nya*.
- (430) *Tah*, maraneh *lamun* maké pola-pola pupuh kudu bener. Kapan aya pada, padalisan, guru lagu, guru wilangan, jeung watek pupuh
- (431) Ari ayeuna mah geus diganti jadi POLRI, *nya*
- (432) Rusia téh daérah mana, *cing*?

### D. Rangkuman

Wacana pangajaran nyaéta omongan dina kagiatan diajar-ngajar atawa interaksi pembelajaran di jero kelas bisa digolongkeun jadi *real conversation* atau dialog nyata, anu mikabutuh paguneman saharita (dialog spontan) jeung pateuteup aya adu hareupan nu saenyana.

Wacana pangajaran mibanda komponén nu tangtu. Aya salapan komponén wacana paguneman dina prosés diajar-ngajar, nyaéta (1) bubuka jeung pamungkas omongan, (2) gawé bareng panyatur-pamiarsa, (3) polah ucap, (4) penggelan pasangan paguneman (*adjacency pairs*), (5) jejer omongan, (6) giliran nyarita (*turn talking*), (7) paguneman panuluy (*repairs*), (8) sipat runtuyan omongan, jeung (9) unsur tatabasa paguneman

Kahasan wacana pangajaran nyoko kana (1) kahasan struktur wacana, (2) kahasan struktur kalimah, jeung (3) kahasan diksi. Ragam basa panganteur pangajaran mibanda awal jeung ahir wacana anu has, nya éta (a) dimimitian salam pamuka, (b) kekecapan atawa kalimah pamuka, (c) babagian eusi pangajaran, (d) kekecapan atawa kalimah pamungkas, jeung (é) ditungtungan ku salam pamuka.

Unsur-unsur tata basa wacana paguneman dina interaksi pangajaran nyoko kana dua aspek, nya éta (a) keteulengkepan unsur-unsur kalimah (élips) jeung (b) ngaheulakeun démonstrativa.

Kahasan kekecapan dina kalimah dina pangajaran, di antarana wae, *euh*, *lain*, *tah*, *nya*, *tah*, *cing*, dan *sakieu heula*.

## Latihan

Pék jawab sakur pananya ieu di handap!

1. Naon ari basa panganteur pangajaran téh?
2. Naon waé nu jadi ciri omongan pangantéur pangajaran?
3. Naon ciri has pilihan kecap dina basa panganteur pangajaran?
4. Naon ari téhnik alih kode téh?
5. Kumaha giliran ngomong dina pangajaran?
6. Kumaha fungsi demonstrativa *ieu, éta, jeung itu* sacara pragmatis?

## Daftar Acuan

- Alwi, Hasan Spk. 1993. *Tatabahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Brooks, Nelson W. 1964. *Language and Language Learning*. New York: Macmillan Publishing Co, Inc.
- Carlson, Lauri. 1983. *Dialogue Games: An Approach to Discourse Analysis*. Dordrecht, Holland: Reidel Pub.
- Coulthard, Malcolm. 1978. *An Introduction to Discourse Analysis*. London: Longman
- Sudaryat, Yayat. 2014. *Makna dalam Wacana*. Bandung: Yrama Widya.
- Syamsuddin AR, Sp. 1998. *Studi Wacana: Teori-Analisis-Pengajaran*. Bandung: FPBS UPI Bandung.

## BAB VII

### ANALISIS WACANA KRITIS

#### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep bisa

- a. Ngajéntrékeun wangenan analisis wacana kritis (AWK);
- b. Ngajéntrékeun watek analisis wacana kritis;
- c. Ngajéntrékeun Pamarekan dina Analisis Wacana Kritis;
- d. Ngajéntrékeun paradigma analisis wacana kritis;
- e. Ngajéntrékeun bédana analisis wacana jeung analisis eusi; sarta
- f. Ngajéntrékeun analisis wacana intertékstual.

#### A. Wangenan Analisis Wacana Kritis

Wacana téh mangrupa wujud tina peristiwa komunikasi basa anu pangjembarna. Minangka médium anu bisa ngedalkeun rupining wawaran atawa kontéks anu aya dina kahirupan kabudayaan masarakat anu makéna, wacana muncul dina rupa-rupa wangun, wanda, jeung warna. Wacana rea disebut dina rupa-rupa widang kahirupan kayaning demokrasi, hak asasi manusa, masarakat sipil, jeung lingkungan hirup. Istilah wacana réa ogé dipaké ku rupa-rupa kalangan ti mimiti linguistik, psikologi, sosiologi, politik, komunikasi, sastra, jsb.

Naon ari analisis wacana jeung analisis wacana kritis? Istilah analisis wacana mangrupa istilah umum anu dipaké dina réa paélmuan tur rupining wangenan. Najan rupa-rupa tahapan badag tina rupining wangenan, cagakna mah analisis wacana téh patali jeung ulikan basa atawa makéna basa. Kumaha basa disawang dina analisis wacana? Sakurang-kurangna aya tilu sawangan, nya éta sawangan positivismeu-émpiris, sawangan konstruktivismeu, jeung sawangan krsitis.

*Kahiji*, kaum positivismeu-empiris nyawang basa minangka cukang antara manusa jeung obyék di luar dirina. Pangalaman manusa dianggap bisa kalawan langsung

dikedalkeun ngaliwatan makéna basa tanpa ayana bangbaluh (distorsi), salila diébréhkeun maké wawaran anu logis, sintaktis, jeung mibanda patali jeung pangalaman émpiris. Salasahiji sawangan ieu kaum nya éta ngabédakan pikiran jeung kanyataan (réalitas). Dipatalikeun kana analisis wacana, konsekwénsi logis tina ieu panyangkem nya éta jalma teu kudu mikanyaho harti-harti subjéktivis atawa ajén-inajén anu ngadadasaran wawaranana, lantaran anu penting naha wawaran anu dikedalkeun téh enya-nya dumasar kana kaédah sintaktis jeung semantis. Ku kituna, tatabasa, bebeneran sintaktis mangrupa widang utama tina paham positivismeu-émpiris ngeunaan wacana. Analisis wacana ditujulkeun pikeun ngagambarkeun tata aturan kalimah, basa, jeung pangartian babarengan. Satuluyna, wacana diukur maké tinimbangan bebeneran/kasalahan (nuturkeun sintaktis jeung semantis).

*Kadua*, paham konstruktivismeu anu réa dipangaruhan ku pamikiran fenomenologi. Ieu paham nolak sawangan émpirismeu/positivismeu anu misahkeun subyék jeung obyék basa. Dina sawangan konstruktivismeu, basa henteu ngan ditempo minangka papakas pikeun nyangkem réalitas obyékif wungkul jeung dipisahkeun tina subyék minangka kedaling wawaran. Konstruktivismeu nganggap subyék minangka faktor puseur dina kagiatan wacana sarta patalina jeung masarakatna. Subyék mibanda kamampuh pikeun ngalakukeun kontrol kana maksud-maksud nu tangtu dina unggal wacana. Basa dicangkem dina ieu paradigma diatur tur dihirupkeun ku wawaran-wawaran anu écés tujuanana. Unggal wawaran dina dasarna nya éta paripolah nyiptakeun harti, nya éta paripolah ngawangun diri sarta kedaling jatidiri ti panyaturna. Ku kituna, analisis wacana ditujulkeun minangka hiji analisis pikeun ngabongkar maksud-maksud jeung harti-harti nu tangtu. Wacana mangrupa hiji tarekah kedaling maksud nyamuni ti diri subyék anu midangkeun hiji wawaran. Éta kedaling téh dipilampah, di antarana waé, ku nempatkeun diri dina posisi panyatur kalawan tapsiran nuturkeun adegan harti ti panyaturna.

*Katilu*, sawangan kritis anu ngoméan sawangan konstruktivismeu anu kurang sénsitif kana prosés produksi jeung réproduksi harti anu muncul kalawan historis tur instiotusional. Sawangan konstruktivismeu masih kénéh can nganalisis faktor-faktor hubungan kakawasaan nu inheren dina tiap wacana, anu dina waktuna boga peran dina ngawangun rupining subyék nu tangtu katut paripolahna. Nya ieu pisan anu ngalahirkeun

paradigma kritis. Analisis wacana henteu dipuseurkeun kana bebeneran/kasalahan adegan tatabasa atawa prosés napsirkeun saperti dina analisis konstruktivismeu. Analisis wacana dina paradigma kritis museurkeun konstélasi kakuatan anu aya dina prosés produksi jeung réproduksi harti. Hiji jalma teu dianggap minangka subyék anu netral anu bisa napsirkeun kalawan bébas luyu jeung pikiranana, lantaran pohara gedé patalina jeung dipangaruhanana ku kakuatan sosial anu aya di masarakat. Basa henteu dicangkem minangka medium nétral anu aya di luar diri panyatur. Basa dina sawangan kritis dicangkem minangka réprésentasi anu boga peran dina ngawangun subyék nu tangtu, tema-téma wacana nu tangtu, kaasup stratégi di jerona. Ku kituna, analisis wacana dipaké pikeun ngabongkar kawasa anu aya dina tiap prosés basa: wangenan-wangenan anu dimeunangkeun jadi wacana, pérspektif anu kudu dipaké, jeung topik naon nu dicaritakeun. Tina ieu sawangan, wacana nempo basa salawasna kalibet dina hubungan kakawasaan, pangpangna dina ngawangun subyék jeung rupining paripolah réprésentasi anu aya di masarakat. Ku nyangkem pérspektif kritis, analisis wacana kategori katilu disebut analisis wacana kritis (AWK) atawa *critical discourse analysis*(CDA).

## **B. Watek Analisis Wacana Kritis**

Dina analisis wacana kritis, wacana henteu dicangkem minangka ulikan basa. Analisis wacana mémang maké basa dina téks pikeun dianalisis, tapi basa anu dianalisis dieu AWK rada béda jeung ulikan basa dina wangenan linguistik tradisional. Basa dianalisis henteu ngan ngagambarkeun aspék basa wungkul, tapi dipatalikeun kana kontéks. Kontéks dimaksudkeun yén basa dipaké pikeun tujuan jeung prakték nu tangtu, kaasup di jerona prakték kakawasaan.

Analisis wacana kritis nyawang wacana—makéna basa dina omongan jeung tulisan—minangka wangun jeung prakték sosial (Fairclough & Wodak, 1997). Ngagambarkeun wacana minangka praktek sosial nyababkeun hiji hubungan dialektis di antara kajadian diskursif nu tangtu ku situasi, institusi, jeung adegan sosial nu ngawangunna. Prakték wacana bisa jadi midangkeun pangaruh idiologi: bisa mroduksi jeung ngaréproduksi hubungan kakawasaan anu teu imbang antara kelas sosial, lalaki jeung awéwé, kelompok mayoritas jeung minoritas, anu bebedaanana téh diwujudkeun dina

posisi sosial. Analisis wacana kritis nempo basa minangka faktor penting, nya éta kumaha basa dipaké pikeun nempo katimpangan kakawasaan nu lumangsung di masarakat. Sakuma nu ditétélakeun ku Fairlough & Wodak, analisis wacana kritis nalungtik kumaha ngaliwatan basa hiji kelompok sosial nu aya tarung tur midangkeun vérsina séwang-séwangan.

Aya sawatara watek atawa ciri wacana kritis kayaning (1) polah (laku), (2) kontéks, (3) historis, (4) kakawasaan, jeung (5) idiologi.

### **1. Polah**

Wacana dicangkem minangkan hiji polah (*action*). Wacana diasosiasikan minangkan wangun interaksi. Wacana henteu ditempatkeun dina rohangan nutup tur internal. Hiji jalma nyarita atawa nulis henhteu ditapsirkeun sakumaha manéhna nulis atawa nyarita pikeun dirina. Hiji jalma nyarita, nulis, atawa make basa pikeun ngayakeun interaksi sarta patalimarga jeung jalma lianna. Hal ieu nuduhkeun yén wacana bisa disawang tina rupa-rupa. Kahiji, wacana disawang minangka perkara nu puguh tujuanana kayaning mangaruhan, ngadebat, ngolo, ngareaksi, jsté. Jalma anu nyarita atawa nulis pasti boga maksud nu tangtu. Kadua, wacana dicangkem minangka hiji perkara anu dikedalkeun kalawan sadar, kakontrol, lain perkara di luar kadali atawa dikedalkeun di luar kasadaran.

### **2. Kontéks**

Analisis wacana kritis nimbang-nimbang kontéks tina wacana kayaning latar, situasi, kajadian, jeung kondisi. Palebah dieu, wacana disawang minangka hiji perkara anu diproduksi, dicangkem, jeung dianalisis dina hiji kontéks nu tangtu. Analisis wacana ogé mariksa konteks tina komunikasi: saha anu nepikeun komunikasi ka saha jeung naha; di mana jeung kumaha situasina; ngaliwatan médium naon; kumaha bedana tipeu tina kamekaran komunikasi; jeung patalina jeung masing-masing pihak. Puseur pamiangan analisis wacana nya éta basa henteu ngan bisa dicangkem minangka mékanismeu internal tina linguistik wungkul, tapi hiji obyék anu diisolasi dina rohangan nutup. Basa dicangkem dina kontéks kalawan gemblereng. Aya tilu hal utama patali jeung wacana, nya éta teks, kontéks, jeung wacana. Teks nya éta sakabeh wangun basa, lain ngan kekecapan anu tinulis



dina lambaran keretas wungkul, tapi ogé sakabéh warna kedaling komunikasi, ucapan, musik, gambar, éfék sora, citra, jsb. Kontéks ngasupkeun sakabéh situasi jeung hal nu aya di luareun téks sarta mangaruhan makena basa saperti partisipan dina basa, situasi tempat téks diproduksi, fungsi nu dipimaksud, jsb. Wacana dima'naan minangka téks jeung kontéks babarengan. Puseur paniten tina analisis wacana nya eta ngagambarkeun téks jeung kontéks kalawan babarengan dina hiji prosés komunikasi. Lebah dieu diperlukeun lain ngan kognisi dina harti umum wungkul, tapi ogé gambaran spesifik tina budaya nu dibawana. Ulikan basa di dieu ngasupkeun kontéks lantaran basa salawasna aya dina kontéks sarta taya hiji ogé polah komunikasi tanpa partisipan, intertéks, situasi, jsb.

Wacana henteu dianggap minangka wilayah nu konstan, muncul di mana waé jeung iraha waé, dina situasi naon waé. Wacana diwangun nepi ka kudu ditapsirkeun dina kondisi jeung situasi husus. Wacana kritis ngadefinisikeun téks jeung gunamena dina hiji situasi: wacana aya dina situasi sosial nu tangtu. Najan kitu, henteu sakabéh kontéks diasupkeun kana analisis, ngan nu saluyu sarta dina sababaraha hal anu aya pangaruhna kana produksi jeung tafsiran téks nu diasupkeun kana analisis. Aya sababaraha kontéks anu penting lantaran aya pangaruhna kana produksi wacana. Kahiji, partisipan wacana, latar saha nu mroduksi wacana. Jenis kelamin, umur, atikan, kelas sosial, étnis, agama, dina réa hal saluyu dina ngagambarkeun wacana. Kadua, latar sosial nu tangtu saperti tempat, waktu, posisi panyatur jeung pamiarsa atawa lingkungan fisik nya éta kontéks anu aya gunana pikeun nyangkem wacana.

### **3. Historis**

Historis nuduhkeun lalampahan kahirupan ti jaman ka jaman. Dina lalampahan sajarah baris kagambar kumaha peripolah manusa dina hirup kumbuhna.

Nempatkeun wacana dina kontéks sosial nu tangtu nuduhkeun yen wacana diproduksi dina kontéks nu tangtu sarta moal bisa dicangkem tanpa ngalibetkeun kontéksna. Salasahiji aspék penting pikeun bisa nyangkem téks nya éta ku cara nempatkeun wacana dina kontéks historis nu tangtu. Panyangkem ngeunaan wacana téks ngan kapanggih lamun urang bisa méré kontéks historis tempat éta téks dicipatkeun.

#### 4. Kakawasaan

Analisis wacana kritis nimang-nimbang elemén kakawasaan (*power*) dina analisisna. Tiap wacana anu muncul, dina wangun téks, guneman, atawa wangun naon waé, henteu disawang minangka hiji hal nu alamiah, wajar, jeung nétral, tapi mangrupa wangun tarung kakawasaan. Konsép kakawasaan nya éta salasihiji konci hubungan antara wacana jeung masarakat. Upamana waé, kakawasaan lalaki ka awéwé soal séksisme, kakawasaan bule ka négro dina wacana rasisme, kakawasaan pangusaha jugala ka pangusaha leutik, jsb. Nu maké basa henteu ngan panyatur, nu nulis, pamiarsa, atawa nu maca, maranéhna ogé bagian tina anggota kelas sosial nu tangtu, bagian tina kelompok profésional, agama, komunitas atawa masarakat nu tangtu. Hubungan anu lumangsung ogé lain A jeung B, tapi kolot-budak, dokter-pasén, lalaki-awéwé, jeung dunungan-badega. Hal ieu ngimplikasikeun analisis wacana kritis henteu ngawatesan dirina kana detil téks atawa adegan wacana wungkul tapi ogé matalikeun kana kakuatan jeung kondisi sosial, pulitik, ékonomi, jeung budaya nu tangtu. Guneman antara dunungan jeung badega lain guneman alamiah lantaran aya dominasi kakawasaan dunungan ka badega. Aspék kakawasaan téh perlu dikritisi pikeun ningal, upamana, naha buruh téh lumah-laméh pikeun nyugemakeun dununganana wungkul.

Kakawasaan patalina jeung wacana penting pikeun ningal naon-nan nu disebut kontrol. Hiji jalma atawa kelompok ngontrol jalma atawa kelompok séjén ku wacana. Palebah dieu, kontrol henteu ngan dina wangun fisik, tapi ogé kontrol mental atawa psikis. Kelompok domina mungkin ngawasa kelompo lain pikeun milampah naon-naon nu dipikahayangna. Naon sababna ngan bisa dipilampah ku kelompok dominan? Lantaran nurutkeun van Dijk, maranéhna leuwih mibanda aksés dibandingkeun jeung kelompok anu teu dominan kayaning kaweruh, duit, jeung atikan.

Wangun kontrol kana wacana bisa rupa-rupa. Bisa kontrol kana kontéks anu gampang bisa ditingali ti saha panyatur jeung kudu ka saha nyarita sarta anu pamiarsa anu ngan bisa ngabandingan wungkul. Jiaba ti kontéks, éta kontrol téh diwujudkeun ogé dina wangun kontrol adegan wacana. Jalam anu gedé kakawasaanana henteu ngan nangtukeun bagian mana bisa dipidangkeun jeung mana anu teu bisa, tapi milih kecap-kecap mana anu kudu dipaké.

## 5. Idiologi

Idiologi ogé mangrupa konsép puseur dina analisis wacana kritis. Ieu téh disababkeun lantaran téks, guneman, jeung sajabana mangrupa wangun tina prakték idiologi atawa eunteung tina idiologi nu tangtu. Tiori-tiori buhun ngeunaan idiologi, di antarana waé, netelakeun yén idiologi diwangun ku kelompok anu dominan kalawan tujuan pikeun ngaréproduksi jeung ngalégitimasi dominasi maranéhna. Salasahiji stratégi utamana nya éta ku nyieun kasadaran ka masarakat umum yén éta dominasi téh ditarima kalawan *taken for granted*. Wacana dina pamarekan sarupa kieu disawang minangka medium ngalawitan mana kelompok dominan mangaruhan jeung ngomunikasikeun ka masarakat umum produksi kakawasaan jeung dominasi nu dipimilikna nepi ka katingal absah tur bener, Idiologi ti kelompok dominan ngan éféktif lamun didadasaran ku kanyataan yén anggota komunitas anu didominasi nganggal éta hal minangka bebeneran jeung kawajaran. Palebah dieu, van Dijk ngajelaskeun fénomena anu disebut “kasadaran palsu”, kumaha kolompok dominan ngamanipulasi idiologi ka kelompok héngkér ngaliwatan disinformasi, ngaliwatan kontrol média, jsb.

Kumaha peranan wacana dina raraga idiologi? Van Dijk nétélakeun yén idiologi pangpangna ditujulkeun pikeun ngatur masalaha paripolah jeung prakték individu aawa anggota kelompok. Idiologi ngawangun anggota hiji kelompok sangkan lumampah dina situasi nu sarua, bisa matalikeun masalah maranéhna, jeung méré kontribusi dina ngawangun solidaritas sarta kohési dina kelompokna. Dina ieu pérspektif, idiologi mibanda sababaraha implikasi penting. Kahiji, idiologi kalawan inhéren sipatna sosial, lain personal atawa individual, mikabutuh silih eledan di antara anggota kelompok, organisasi, atawa koléktivitas jeung nu séjénna. Hal-hal anu jadi silihélédan téh dipaké pikeun ngawangun solidaritas jeung rempug jukung langkah dina lumampah jeung tangtungan. Upamana waé, idiologi anu sipatna féminis, antirasis, jeung prolingkungan.

Kadua, idiologi najan sipatna sosial, tapi dipaké kalawan internal di antara anggota kelompok atawa komunitas. Ku kituna, idiologi henteu ngan nyayagikeun fungsi koordinatif jeung kohési wungkul, tapi ngawangun jatidiri keompok tur ngabédakeun jeung kelompok séjén. Palebah dieu, idiologi sipatna umum, abstrak, jeung ajén-inajén nu sumebar di antara anggota kelompok anu nyayagikeun dadasar kumaha masalah kudu

ditempo jeung diréngsékeun. Dina ieu sawangan, wacana henteu dicangkem minangka hiji hal nu nétral tur lumangsung kalawan alamiah lantaran dina tiap wacana kakansung ideologi pikeun ngadominasi tur parebut pangaruh. Ku kituna, analisis wacana henteu bisa nempatkeun basa kalawan nyamuni, tapi kudu ningal kontéks, pangpangna kumaha idiologi ti hiji kelompok nu aya boga peran dina ngawangun téks anu muncul minangka eunteung tina idiologi hiji jalma kayaning féminis, antiféminis, kapitalis, sosialis, jsb.

### **C. Pamarekan dina Analisis Wacana Kritis**

Aya sawatara pamarekan dina analisis wacana kritis, di antarana waé, (1) analisis basa kritis, (2) analisis wacana Prancis, (3) analisis kognisi sosial, (4) analisis parobahan sosial, jeung (5) analisis wacana sajarah.

#### **1. Analisis Basa Kritis**

Analisis basa kritis (*critical linguistics*) diwangun ku hiji kelompok pangatik di Universitas East Anglia taun 1970-an. Pamarekan wacana anu dipaké réé dipangaruhan ku tiori sistematik ngeunaan basa nu diwanohkeun ku Halliday. Ieu analisis museurkeun analisis wacana kana basa sarta matalikeun jeung idiologi. Wacana dianalisis kalawan formal dumasar kana tatabasa. Kumaha tatabasa mawa posisi jeung harti idiologi nu tangtu. Palebah dieu, aspék idiologi dititénan tina pilihan basa jeung adegan tatabasa anu dipaké. Basa, boh pilihan kecap boh adegan tatabasa, dicangkem minangka pilihan, mana anu dipilih ku hiji jalma pikeun ngedalkeun baris mawa idiologi nu tangtu. Éta idiologi téh dina tahap umum nuduhkeun kumaha hiji kelompok usaha meunangkeun dukungan publik sarta kumaha kelompok séjén disisihkeun ngaliwatan makéna basa jeung adegan tatabasa nu tangtu.

#### **2. Analisis Wacana Prancis**

Analisis wacana Prancis (*French Discourse Analysis*) ditaratas ku Pecheux. Ieu analisis wacana téh réa dipangaruhan ku pamadegan ideologi Althusser jeung tiori wacana Foucault. Nurutkeun Pecheux, basa jeung ideologi téh dina makéna basa jeung bahan basa dina idiologi. Duana, kecap jeung harti kecap anu dipaké nuduhkeun posisi hiji jalma dina

status nu tangtu. Basa mangrupa pakalangan ngaliwatan mana rupining kelompok jeung kelas sosial usaha melak kayakinan jeung panyangkemna. Pecheux museurkeun perhatian kana éfék idiologi tina formasi wacana anu nempatkeun hiji jalma minangka subyék dina situasi sosial nu tangtu. Hiji jalma ditempatkeun kalawan imajiner dina posisi nu tangtu, wacana nyayagikeun éfék idiologis mangrupa nempatkeun idiologi hiji jalma. Leuwih husus deui, formasi wacana hiji jalma ditempatkeun dina sagemblengan prakték dominasi di masarakat. Dina tahap nu sarua, ieu hal teh dipilampah ku Sara Mills, anu ngajukeun tiori ngeunaan posisi nu nulis jeung halayak sarta kumaha hiji jalma ditempatkeun dina subyék nu tangtu. Puseur panitén Mills pangpangna masalah féminis.

### **3. Analisis Kognisi Sosial**

Analisis kognisi sosial (*Socio-cognitif approach*) dimekarkeun ku pangatik di Universitas Amsterdam, Walanda, anu inohongna Teun van Dijk. Van Dijk ti taun 1980-an saparakanca nalungtik warta-warta dina koran Éropah, pangpangna ngeunaan kelompok minoritas dipidangkeun. Puseur panitén van Dijk nya éta masalah étnis, rasialismeu, jeung pangungsi. Pamarekan van Dijk disebut kognisi sosial lantaran nyawang faktor kognisi minangka élemén penting dina produksi wacana. Wacana henteu ngan disawang tina adegan wacana, tapi ogé ngalibetkeun kumaha wacana diproduksi. Prosés produksi wacana ngalibetkeun prosés nu disebut kognisi sosial. Tina analisis téks, upamana waé, bisa dipikanyaho yén wacana cenderung ngamarjinalkeun kelompok minoritas dina guneman publik. Najan kitu, wacana sarupa kitu ngan tumuwuh dina suasana kognisi nu nyusun téks anu memeang boga tanggungan cenderung ngamajrinalkeun kelompok minoritas. Ku kituna, panalungtikan nu komprehensif ngeunaan kognisi sosial bisa ditingali patalina nepi ka wacana bisa ditingali kalawan gembleng.

Van Dijk ngabagi adegan atawa struktur teks jadi tilu rupa, nya Ata (1) struktur makro, (2) superstruktur, jeung (3) struktur mikro. Struktur makro mangrupa ma'na global tina ini teks anu bisa ditoténan tina topik tawa téma nu diangkat tina ini téks (TEMATIK). Superstruktur mangrupa raraga ini téks seperti Bubka, efusi, jeung panutup (SKEMATIK). Struktur mikro mangrupa ma'na lokal tina ini téks anu bisa dititénan tina pilihan kecap, kalimat, jeung gaya anu dipaké ku ini téks (DETAIL TEKS).

Satuluyna, struktur mikro mibanda opak aspék, nya éta (1) Semantik, anu ngawengku detail, maksud, praanggapan, jeung nominalisasi; (2) Stilistik, anu ngawengku léksikon, kecap konci, jeung pilihan kecap; (3) Sintaksis, anu ngawengku wangun kalimah, kohérensi, jeung kecap sulur; sarta (4) Rétoris, anu ngawengku grafis, métafora, jeung ékspresi (kedaling basa).

#### **4. Analisis Parobahan Sosial**

Analisis parobahan sosial (*Sociocultural change approach*) museurkeun panitén kana patalina wacana jeung parobahan sosial. Tokohna Fairclough réa dipangaruhan ku Foucault jeung Julia Kristeva jeung Bakhtin. Wacana disawang minangka praktik sosial. Ku kituna, aya hubungan dialéktis antara praktik diskursif jeung idéntitas katut rélasi sosial. Wacana oge rapet kana situasi, institusi, jeung kelas sosial nu tangtu. Ku nyangkem wacana samodél kitu, bisa mantuan ngajéntrékeun kumaha wacana bisa mroduksi jeung ngaréproduksi *status quo* jeung ngayakeun transformasina.

Analisis praktis sosiokultural dumasar asumsi yén kontéks sosial anu aya di luar mangaruhan wacana anu muncul. Aya tilu tataran analisis praktis sosiokultural, nya éta situasional, institusional, jeung sosial. Kahiji, situasional waktu téks diproduksi jadi panitén kontéks sosial. Teks dihasilkeun dina kondisi atawa suasana nu has, unik nepi ka hiji bisa beda tina téks séjénna. Lamun wacana dicangkem minangka hiji tindakan, saenyana mangrupa tarékah pikeun ngaréspons situasi atawa kontéks sosial nu tangtu.

Kadua, institusional nyawang kumaha pangaruh institusi organisasi dina prakték produksi wacana. Institusi téh asalna bisa internal tina jero wacana bisa ogé kakuatan éksternal fi luar wacana. Produksi wacana teu mungkin leupas tina pangaruh ekonomi anu mangaruhan wacana anu muncul dina komunikasi.

Katilu, faktor sosial gedé pangaruhna kana wacana anu muncul dina komunikasi, malahan wacana anu muncul ditangtukeun ku parobahan sosial. Dina tataran sosial, budaya masarakat, upamana, milu nangtukeun kamekaran wacana. Lamun aspék situasional leuwih museur kana waktu atawa suasana mikro, aspék sosial leuwih museur kana aspék makro saperti sistem pulitik, sistem ékonomi atawa sistem budaya masarakat kalawan

gembheng. Éta sistem téh nangtukeun saha nu kawasa, ajén-inajén naon anu dominan di masarakat.

## 5. Analisis Wacana Sajarah

Analisis wacana sajarah (*discourse historical approach*) dimekarkeun ku kelompok pangatik di Vienna nu dipingpin ku Ruth Wodak. Wodak saparakanca dipangaruhan ku pikiran Jurgen Habermas ti Sakola Frankfurt. Panalungtikan Wodak ditujulkeun pikeun nganalisis kumaha wacana séksisme, antisemit, rasialisme dina media jeung masarakat kontémporer. Disebut analisis wacana historis lantaran nganalisis wacana bari ngalibetkeun kontéks sajarah kumaha wacana ngeunaan hiji kelompok atawa komunitas digambarkeun. Upamana waé, gambaran goréng atawa rasis ngeunaan hiji kelompok diwangun ku prosés sajarah anu panjang. Prasangka, bias, misréprésentasi, jsb. kudu dibongkar ku nilik sajarahlan lantaran prasangka téh mangrupa titinggal atawa warisan heubeul anu panjang.

### D. Paradigma Kritis

Paradigma kritis nyoko kana pikiran Sakola Frankfurt. Nalika Sakola Farnkfirt tumuwuh, di Jerman keur lumangsung prosés propaganda gedé-gedéan Hitler. Média dipinuhan ku prasangka, rétorika, jeung propaganda. Média jadi alat pamaréntah pikeun ngontrol publik, jadi sarana pamarentah pikeun ngahurungkeun sumanget perang. Tetala media lain maujud nu nétral, tapi dikawasa ku kelompok dominan. Nya ti Sakola Frankfurt lahir pikiran nu béda, anu satuluyna disebut aliran kritis. Pananya utama ti paradigmatikritis nya éta ayana kakuatan anu béda di masarakat anu ngontrol prosés komunikasi. Ku kituna, pananya utamana nya éta saha anu ngontrol média? Naha maké ngontrol? Kauntungan naon anu bisa dicokot tina ngontrol kitu? Kelompok mana anu lemah tur jadi obyék ngontrol? Ieu paradigma percaya yén media mangrupa sarana kelompok dominan pikeun ngontrol kelompok dominan malahan ngamajirnalkeun ku ngawasa jeung ngontrol média.

Aliran Sakola Frankfurt rea niténan aspék ékonomi politik dina prosés nyebarkeun pesen. Tiori kritis lahir lantaran aya kaprihatinan akumulasi jeung kapitalismeu ngaliwatan modal badag, anu mimiti nangtukeun jeung mangaruhan kahirupan masarakat. Nya modal

pisan anu ngagerakkeun jeung nangtukeun masarakat. Individu henteu deui mibanda kontrol kana éta modal, malahan kalawan alamiah ogé—jadi di luar kasadaranana—maranehna kudu nyaluyukeun diri jeung masarakat nu dikawasa modal. Salsahiji sipat dasar tina tiori kritis nya éta salawasna curiga jeung tumanya kana kondisi masarakat kiwari. Lantaran kondisi masarakat katingalina produktif tur alus, saenyana nyamuni struktur masarakat anu nindas jeung nipu kasadaran halayak. Upamana waé dina prosés warta. Kondisi warta kiwari ku akumulasi modal gedé-gedéan nétélakeun yén warta obyektif nepi ka pananya anu dimekarkeun téh nya éta kumaha sangkan média bisa ngaliput peristiwa kalawan obyektif. Dina tiori kritis pananya anu mimiti kudu diajukeun nya éta ngeunaan obyektivitasna sorangan. Sakabéh katégori ajén warta jeung obyektif kudu salawasna ditanyakeun lantaran bisa jadi alat kelompok anu dominan nu aya di masarakat. Nagaliwatan éta katégori, bisa jadi dominasi kakawasaan keur dikukuhkeun nepi ka waktu urang percaya kana obyektivitas, nya harita pisan urang ngukuhan tur percaya struktur sosial anu dina dasarna henteu saimbang tur palsu. Ku kituna, rupining wangenan jeung katégori kudu hiji hiji ditanyakeun deui kalawan kritis.

Pikiran aliran Frankfurt dimekarkeun satuluyna ku Stuart Hall. Dina tulisanana nu judulna *The Rediscovery of Ideology: The Return of the Represses in Media Studies*, Hall ngeritik kacendrerungan studi media anu teu nempatkeun ideologi minangka bagian penting. Inyana ngeritik sawangan kaum pluralis anu percaya yén média nyekel peranan dina ngawangun konsensus di masarakat, ngaliwatan konsesnsus media kalawan fungsional nempatkeun dirina di tengah masarakat. Tapi, nurutkeun Hall, kaum pljuralis ningal peran konsensionnal téh lumangsung kalawan alamiah, lumangsung kitu waé dina sistem jeung struktur anu geus aya. Padahal ngawangun konsensus téh ngaliwatan prosés anu ruwed, kompléks, tur ngalibetkeun kakuatan sosial nu aya di masarakat. Média saenyana ngawangun kasarana (*manufactured consent*). Tapi, Hall ogé ngarévisi sawangan kritis nu ningal média siga boga peran kalawanlangsungm média minangka alat kelompok dominan pikeun ngawasa kelompok lemah. Média ngajalankeun peranna ngalakukeun réprésentasi kelompok séjén ngaliwatan prosés nu kompléks, ngaliwatan prosés ngadefinisikeun jeung nandaan, nepi ka waktu aya kelompok anu goréng dina warta, hal éta téh diréprésentasikeun minangka hiji hal anu wajar, tur katémbong alamiah.



Konsensus diwangun ngaliwatan praktek sosial, pulitik, disiplin legal, jeung kumaha kelas, kakawasaan, jeung otoritas ditempatkeun. Nurutkeun Hall, éta konsensus téh henteu timbul kalawan alamiah tur spontan, tapi kawangun ngaliwatan prosés anu kompléks anu ngalibetkeun konstruksi sosial jeung légitimasi. Palebah dieu média ngabogaan peranan penting. Média kalawan basajan henteu ditingal réfléksi jeung konsensus, tapi ngadukung jeung ngalegitimasi hiji struktur, ngadukung hiji tindakan, jeung ngalégitimasi éta tindakan. Nyusun définisi ngeunaan éta situasi nya éta prosés anu kudu dianalisis, lamun définisina rinéka dina kakuatan sosial anu béda, jeung média lumampah ngaliwatan dukungan kana éta définisi. Réalitas di dieu henteu dicangkem minangka gunggungan fakta, tapi hasil tina sawangan nu tangtu tina ngawangun réalitas. Konstruksi réalitas ngaliwatan média, nempatkeun masalah réprésentasi jadi isu utama dina panalungtikan kritis. Paradigma kritis lain ngan ngarobah sawangan ngeunaan realitas nu sipatna alamiah, tapi ogé méré alesan yén média mangrupa konci utama dina pakalangan kakawasaan, ngaliwatan ajén-inajén kelompok sosial dikukuh, disina mangaruhan, jeung nangtukeun naon-naon nu dipikahayang ku halayak.

Dina prosés ngawangun réalitas, aya dua puseur panitén Stuart Hall. Kahiji, basa sakumaha dicangkem kalangan strukturalis mangrupa sistem tanda. Réalitas bisa ditandaan kalawan béda dina situasi sarua. Harti anu béda bisa diraketkeun kana peristiwa anu sarua. Kumaha cara méré harti diwangun? Lamun méré harti kana realitas bisa nimbulkeun rea bebedan tapsiran, naha ngan hiji harti anu ku urang ditarima? Kumaha hiji harti bisa leuwih ditarima dibandingkeun jeung harti sejen? Naon sababna alaternatif saluareun harti nu dominan jadi marjinal jeung kasisihkeun? Nurutkeun Hall, hal éta téh teu bisa leupas tina kumaha wacana dominan ngawangun, ngitung definisi, jeung ngawangun wates-wates tina éta wangenan. Harti muncul tina pakalangan sosial, di mana masing-masing kelompok sarua pada-pada ngaku bebeneranana séwang-séwangan. Wacana palebah dieu dicangkem minangka minangka palagan pakalangan sosial anu kabéhanana dikedalkeun ngaliwatan basa. Basa jeung wacana dianggap minangka palagan pakalangan sosial sarta wangun ngadéfinisikeun réalitas. Jadi, naon sababna hiji perkara ditapsirkeun kitu tur dominan sarta bisa ditarima. Balukarna lain ngan tapsiran atawa définisi nu tangtu anu dianggap bener, tapi ogé tapsiran jeung définisi séjén dianggap nyimpang/salah.

Kadua, politik nandaan, nya ta kumaha praktk sosial dina ngawangun harti, ngontrol jeung nangtukeun harti. Puseur panitén Hall nya éta peran média dina nandaan peristiwa atawa réalitas dina sawangan nu tangtu sarta nuduhkeun kumaha kakawasaan ideologi boga peran: idiologi jadi widang di mana pakalangan kelompok aya di masarakat. Tapi, kaayaan kitu teh nuduhkeun yen idiologi napel dina produksi sosial, produksi média, jeung sistem budaya. Tiap budaya ngawangun épisode pikiran nu tangtu sarta nyayagikeun anggota ti éta komunitas hiji pikiran atawa gagasan nu tangtu nepi ka maranéhna tinggal nampa (*taken for granted*) dina pangaweruhna. Gambaran kumaha hiji perkara ditandaan keur urang, gumantung kana prosés nandaanana. Éfék idiologi kana média nya éta midangkeun pesen keur realitas hasil éta konstruksi ébréh saperti nyata, alamiah, tur bener. Wangenan ngeunaan réalitas gumantung kana kumaha éta perkara ditandaan tur dihartikeun. Wacana aya di tengah-tengah, nempatkeun naon-naon nu kurang diasumsikeun ngeunaan dunya jeung nu bisa disebutkeun minangka bebeneran.

#### **E. Analisis Wacana jeung Analisis Eusi**

Analisis wacana jeung analisis eusi mangrupa dua metode anu béda dina nganalisis basa. Bébédan éta dua métode teh aya opat rupa saperti didadarkeun ieu di handap. *Kahiji*, analisis wacana dina analisisna sipatna leuwih kualitatif dibandingkeun jeung analisis eusi nu sipatna kuantitatif. Analisis wacana leuwih museurkeun ngahartikeun téks tina sajumlah unit katégori saperti dina analisis eusi. Dadasar tina analisis wacana nya éta interprétasi lantaran analisis wacana mangrupa bagian tina métode interprétatif anu ngandelkeun interprétasi jeung tafsiran panalungtik. Ku kituna, dina prakprakanana, analisis wacana henteu merlukeun lambaran koding anu nyokot sababaraha item atawa rundayan tina konsép nu tangtu. Najan aya panduan naon-naon anu bisa ditempo jeung dititinan tina hiji téks, dina prinsipna kabehanana gumantung kana interprétasi ti panalungtik. Eusi disawang lain hiji hal anu mibanda harti anu keuna, lantaran panalungtik jeung halayak boga tafsiran anu sarua kana téks. Malah sabalikna, tiap téks dina dasarna bisa dihartikeun béda-béda atawa rinéka. Bédana téh didadasaran ku nu hiji mangrupa bagian tina tradisi panalungtikan émpiris, ari nu séjén sipatna interprétatif.

*Kadua*, analisis eusi kuantitatif dina umumna ngan bisa dipaké pikeun ngabedah muatan téks komunikasi anu sipatna nyata (*manifest*), ari analisis wacana boga pretensi museur kana pesen anu nyamuni (*latent*). Kacida réana téks komunikasi ditepikeun kalawan nyamuni (implisit). Harti hiji pesen teu ngan bisa ditapsirkeun seperti anu ébréh dina téks, tapi kudu dianalisis tina harti anu nyamuni. Préténsi analisis wacana nya éta muatan, nuansa, jeung harti anu latén dina téks. Analisis eusi ngan ningali naon anu ébréh, teu bisa dileupaskeun tina métode anu dipaké. Dina analisis eusi kuantitatif, anu dipentingkeun nyaéta obyektivitas, validitas, jeung réliabilitas. Teu meunang aya tafsiran ti panalungtik. Panalungtik ngan bisa maca anu ditepikeun jeung ébréh dina téks.

*Katilu*, analisis eusi kuantitatif ngan bisa nimbang-nimbang “naon anu dikedalkeun”(*what*), tapi teu bisa nalungtik “kuamaha cara ngedalkeunana” (*how*). Dina kanyataanana, anu penting lain naon anu dikedalkeun ku panyatur, tapi kumaha jeung kaca naon pesan dikedalkeun. Analisis wacana henteu ngan bagerak dina tataran makro (eusi tina hiji téks), tapi dina tataran mikro (anu nyusun téks saperti kecap, kalimah, kedaling, jeung rétoris). Dina analisis wacana lain ngan kecap jeung aspék séjénna anu bisa dikodekeun, tapi adegan wacana nu kompléks ogé bisa dianalisis tina rupining tahapan déskripsi.

*Kaopat*, analisis wacana henteu boga préténsi milampah generalisasi. Ieu hal téh béda dibandingkeun jeung tradisi analisis eusi anu mémang boga tujuan ngayakeun generalisasi, malahan ngayakeun prédiksi. Nyokot sampel, uji statistik anu bisa dipaké dina analisis eusi kalawang teu langsung memang boga tujuan sangkan hasil panalungtikan dilaksanakeun bisa ngagambarkeun fénoména sagemblengna isu/peristiwa, malahan lamun bisa ngayakeun prédiksi. Lamun kaayaan jeung kondisi anu ditalungtik sarua jeung nu ditalungtik ku urang, nya kaayaan nu sarua lamun ditalungtik ku nu séjén hasilna bakal sarua. Jadi, ku nyokot sampel anu ketat, dipiharep bisa ngagambarkeun jeung nyieun generalisasi. Analisis wacana henteu boga tujuan ngayakeun generalisasi ku sababaraha asumsi. Di antarana waé, tiap peristiwa dina dasarna salawasna unik lantaran teu bisa dipilampah ku prosédur anu sarua anu dilarapkeun keur isu jeung kasus anu béda. Peristiwa atawa isu anu ditalungtik ogé boga kontéks jeung rélasi sosial anu beda-beda. Ku kituna,

lain waé teu mungkin dilakukan generalisasi, tapi ogé tiap analisis kuduna niténan tiap peristiwa unik. Bédana analisis eusi jeung analisis interprétatif ébréh dina tabél di handap.

Tabél 7.1: Bédana Analisis Eusi jeung Analisis Interpretatif

No.	Analisis Eusi	Analisis Interpretatif
1.	Kuantitatif	Kualitatif
2.	Fragméntoris	Holistik
3.	Sistematik	Selektif
4.	Generalisasi	Spésifik
5.	Obyéktif	Interprétatif
6.	Harti nembrak (manifest)	Harti nyamuni (latent)

Diadaptasi ti Denis McQuail (1995:279), *Mass Communication Theory: An Introduction*.

## F. Analisis Intertékstualitas

Analisis intertékstualitas nyaéta analisis wacana anu dipatalikeun kana wacana séjén. Aya dua rupa intertékstualitas, nyaéta intertékstualitas manifes jeung intertékstualitas interdikursif.

### 1. Intertékstualitas Manifes

Intertékstualitas manifes (*manifest intertextuality*) nyaéta wangun intékstualitas lamun téks nu séjén muncul kalawan éksplisit dina téks. Dina intértékstual manifes, téks lain hadir kalawan éksplisit dina téks, anu muncul dina wangun kutipan. Hiji téks mungkin ngagabungkeun téks séjén tanpa ngutip téks séjén kalawan langsung. Ngan ngadadasaran ngaliwatan konvénsi dina prosés produksi téks. Aya sababaraha rupa intertékstualitas manifes, nya éta réprésentasi wacana, praanggapan, pamungkir, ironi, jeung métawacana.

*Kahiji*, réprésentasi wacana (*discourse representation*) dipaké pikeun nuduhkeun istilah kumaha éta peristiwa dikedalkeun. Naon sababna panyatur milih warna wacana nu tangtu henteu warna wacana séjén. Naon anu dipidangkeun téh lain ngan ucapan wungkul, tapi ogé tulisan, sarta lain ngan gambaran tatabasa, tapi wacana nu tangtu deuih.

*Kadua*, praanggapan (*presupposition*) mangrupa proposisi anu ditarima ku nu nyusun téks anu siap ditempatkeun minangka hiji hal anu disawang bener jeung ditempatkeun dina organisasi téks kalawan gembleng. Pranggapan umumna hadir tanpa

panyatur engeuh, tapi ditarima minangka hiji bebeneran. Proposisi ogé muncul ngaliwatan harti anu ditarima sarta sering tara ditatanyakeun. Tapi, praanggapan hadir samemeh peristiwa, malah saméméh peniléyan kana peristiwa; hiji hal anu ditarima *taken for granted* nepi ka bisa ngamanipulasi kajadian lantaran salawasna dipatalikeun kana praanggapan.

Pamungkir atawa négasi (*negation*) nu diwujudkeun dina wangun kalimah mideng dipaké pikeun tujuan polémik. Kalimah pamungkir mawa tipe husus tina praanggapan di mana waé lumampah kalawan intertékstualitas, asup kana téks séjén. Upamana waé, “kuring mah teu nampa duit sasén ogé”, hartina kuring teu narima naon-naon.

Ironi (*irony*) mangrupa istilah anu dipaké pikeu ngagambarkeun yen naon-naon anu diucapkeun lain nu saenyana dikedalkeunana. Maksudna ukur keur nyindir atawa keur banyol. Contona, mun aya jelema ngaroko waé, muncul kalimah “karéta api téh meledug waé”.

Métawacana mangrupa wangun intertékstual manifes anu nuduhkeun yén nu nyusun téks méré tahapan anu béda kana téks anu dipibanda tur méré jarak dirina kana tahap téks séjén. Métawacana umumna dipaké ku ngawatesanan obyék omongan ku kedaling nu tangtu. Métawacana midangkeun panyatur dina situasi nu dominan jeung nempatkeun obyék kana kelompok anu teu dominan atawa obyék anu didefinisikeun.

## 2. Intertékstualitas Interdiskursif

Intertékstualitas interdiskursif nya éta intertékstualitas anu nuduhkeun téks-téks séjén téh ngadadasaran konfigurasi elemén anu beda tina runtuyan wacana (*order of discourse*). Prinsip intertekstualitas diskursif dijalankeun dina rupining tataran, nya éta tahap sosiétal, institusional, personal, jsb. Aya rupa-rupa intertékstualitas interdiskursif, di antarana waé, génre, tipe aktivitas, gaya, jeung wacana.

Istilah génre mangrupa bagian tina konvénsi anu dipatalikeun kana tindakan: meuli barang di toko, wawancara, puisi, artikel ilmiah. Hiji génre henteu ngan midangkeun tipe téks nu tangtu, tapi ogé prosés produksi, distribusi, jeung konsumsi tina téks. Upamana waé, puisi jeung warta lain ngan béda dina cara produksi (anu kahiji diproduksi kalawan koléktif minangka gawé bareng, ari kadua produk individual), tapi ogé béda dina hal

konsumsi téks—warta ditarima ku déskripsi, ari puisi ditarima ku dilenyapan tur dirarasakeun ku cara interprétasi jeung dirarasakeun hartina.

Tipe aktivitas mangrupa génre anu dipatalikeun kana adegan komposisi nu tangtu. Hiji tipe aktivitas ditandaan ku kumaha tindakan jeung subyék dikomposisikeun dina hiji organisasi tipe aktivitas nu tangtu. Ngaliwatan komposisi atawa organisasi, tindakan, subyek, jeung obyék diatur dina hiji tata aturan anu tangtu dina hiji tipe aktivitas. Génre diluyukeun kana tipe aktivitas nu tangtu. Gaya (*style*) nangtukeun kumaha partisipan dina hiji interaksi. Gaya lain ngan nangtukeun kumahahiji jalma ngayakeun interaksi, tapi ogé kekecapan jeung istilah anu dipaké dina éta interaksi. Hiji tulisan, upamana waé, bisa mangrupa tulisan akademik, formal, jurnalistik, jsb.

Wacana (*discourse*) nuduhkeun diménsi téks anu kalawan umum didefinisikeun salaku eusi, ide, téma, topik, jsb. Palebah dieu wacana nuduhkeun kana naon-naon nu dipidangkeun ku téks. Upamana waé, wacana féminis ngeunaan séksualitas, nuduhkeun kumaha téma séksualitas dikonstruksi tina sawangan kaum féminis. Wacana pangajaran nuduhkeun kumaha éta wacana ngagambarkeun prosés diajar-ngajar di jero kelas.

### **G. Modél Analisis Wacana Kritis**

Salasahiji analisis wacana kritis nu kungsi mekar, di antarana waé, ditepikeun ku Teun van Dijk. Inyana profesor dina widang Analisis Wacana Kritis ti Universitas Pompeu Fabra, Barcelona, Spanyol, sarta kungsi jadi profesor dina widang nu sarua di Universitas Amsterdam nepi ka taun 2004. Puseur panalungtikanana ngeunaan rasisme, idéologi, kawasa, kelas gender, jeung diskriminasi. Inyana ogé nyawang struktur sosial, dominasi, kelompok kakawasaan anu aya di masarakat jeung kumaha kognisi ngawangun tur mangaruhan teks nu tangtu.

Analisis Wacana Kritis ala Teun van Dijk disebut model “Kognisi Sosial”. Ieu istilah téh raket patalina jeung pamarekan psikologi sosial, anu najelaskeun ngeunaan struktur jeung prosés kawangunna téks. Wacana nempatkeun téks minangka bagian tina struktur sosial. Teks aya dina kognisi sosial, ari kognisi sosial aya dina kontéks sosial.

Raraga analisis wacana kritis nyoko kana tilu aspék, nyaéta (1) téks linguistik kritis, anu nyoko kana nganalisis kumaha strategi wacana (strategi tékstual) anu dipaké

pikeun ngambarkeun hiji jalma atawa kajadian nu tangtu; (2) kognisi sosial ku wawancara jero, nu nyoko kana nganalisis kumaha kognisi sosial wartawan dina nyangkem hiji jalma atawa kajadian nu rék ditulis; (3) Sosial ulikan pustaka jeung salusur sajarah, nu nyoko kana nganalisis kumaha wacana anu mekar di masarakat, prosés produksi jeung réproduksi kajadian nu digambarkeun.

Dina nganalisis téks dilaksanakeun ku tilu struktur, nyaéta (1) struktur mikro, nu medar bagian strategi linguistik nu dipaké dina wacana: SEMANTIK< SINTAKSIS< STILISTIK< RETORIS; (2) struktur Makro (TEMATIK), anu medar téma nu dikahareupkeun dina warta; jeung (3) Superstruktur (SKEMATIK), anu medar bagian sistematika wacana nepi ka jadi utuh. Struktur mikro patali jeung opat ulikan, nyaéta (a) semantik, nu ngawengku latar, detail, maksud, praanggapan, jeung nominalisasi; (b) sintaksis, nu ngawengku kumaha wangun jeung susunan kalimah (kohérensi); (c) stilistik, nu ngawengku léksikon, pronomina, jeung rarahulan; sarta (d) rétoris, nu ngawengku grafis jeung éksprési.

Téks kalawan ngaruntuy museur tina unsur tématik, nu ngarunday kana skématik, latar, detail, maksud, kohérensi pangbéda, kohérensi kondisional, pamungkir, wangun kalimah, pronomina, léksikal, hiperbola (arahulan), métafora, grafis, jeung ditungtungan ku praanggapan. **Tématik** nyoko kana gambaran umum hiji téks, disebut ogé gagasan inti, ringkesan, atawa jejer wacana. Bagian tématik umumna kanyahoan sanggeus tahap analisis linguistik sacara gembleg. **Skématik** nyoko kana babagian téks, nu ngawengku bubuka, pedaran ringkes, pedaran peralihan, pedaran wincik, jeung cutatan langsung atawa teu langsung. **Latar** mangrupa bagian nu bisa mangaruhan semantik kalawan gembleg, jadi alesan ngaenyakeun gagasan nu diajukeun dina téks, tur umumna dikonstruksi dina wangun paragraf. **Detail** nu lengkep tur panjang mangrupa tarékah nonjolkeun nu dipilampah kalawan dihaja pikeun nyiptakeun citra ka nu maca. **Maksud** nuduhkeun dadasar bebeneran nu hayang diciptakeun ku nu nulis, boh implisit boh éksplisit. **Métafora** dipaké pikeun tujuan ngamaksimalkeun harti nu ditepikeun, dikonstruksi, jeung diciptakeun ngaliwatan gagasan. Wujudna bisa mangrupa babasan, paribasa, kecap buhun, ayat suci, jeung pakeman basa séjénna. **Praanggapan** mangrupa wawaran nu dipaké pikeun ngadeudeul ma'na téks nu dihadirkeun ku cara méré prémiss nu dianggap geus dipikanyaho

ku umum. **Hiperbola** mangrupa salasihiji strategi téks nu dipaké pikeun nyiptakeun suasana kaleuleuwih. **Koherensi** mangrupa élemén wacana pikeun ningali nu nulis kalawan stratégi nyusun wacana. **Léksikal** mangrupa pilihan kecap dina téks nu bisa ngagambarkeun idéologi nu tangtu. **Pronomina** mangrupa kecap nu nyuluran acuan dina téks. **Grafis** dina wacana nangtukeun cara muserukeun jeung ngama'naan nu ditepikeun. Dina analisis nu leuwih jero, grafis nuduhkeun idéologi nu tangtu. Grafis wacana ngawengku ukuran huruf, warna huruf, huruf kandel, huruf condong, gurat handap, grafik, gambar, tabél, data statistik, hasil survéy, nempatkeun kaca wacana, foto, sarta ilustrasi.

## **Rangkuman**

Ieu bab ngadadarkeun genep hal nu patali jeung analisis wacana kritis (AWK), nya eta (1) wangenan analisis wacana kritis (AWK); (2) watek analisis wacana kritis; (3) Pamarekan dina Analisis Wacana Kritis; (4) paradigma analisis wacana kritis; (5) analisis wacana jeung analisis eusi; sarta (6) analisis wacana intertékstual.

Analisis wacana kritis mangrupa analisis wacana anu matalikeun unsur linguistik dina “wacana” kana unsur non-linguistik (*non-language stuff*) pikeun merankeun kagiatan, sawangan, jeung jatidiri. Ieu wangun non-linguistik téh bisa mangrupa kapentingan idéologi, politik, ékonomi, agama, jsb.

Analisis wacana kritis nganalisis basa henteu ngan ngagambarkeun aspék basa wungkul, tapi dipatalikeun kana kontéks. Kontéks dimaksudkeun yén basa dipaké pikeun tujuan jeung prakték nu tangtu, kaasup di jerna prakték kakawasaan. Aya sawaara watek analisis wacana kritis, nyaéta polah ucap, kontéks, historis, kakawasaan, jeung idéologi.

Aya sawatara pamarekan dina analisis wacana kritis, di antarana waé, (1) analisis basa kritis, (2) analisis wacana Prancis, (3) analisis kognisi sosial, (4) analisis parobahan sosial, jeung (5) analisis wacana sajarah.

Paradigma wacana kritis nyoko kana média minangka alat pamaréntah pikeun ngontrol publik, anu dipinuhan ku prasangka, rétorika, jeung propaganda.

Analisis wacana jeung analisis eusi mangrupa dua metode anu béda dina nganalisis basa. Analisis wacana sipatna kuantitatif, ari analisis eusi sipatna kuantitatif.



Analisis intertékstualitas nyaéta analisis wacana anu dipatalikeun kana wacana séjén. Aya dua rupa intertékstualitas, nyaéta intertékstualitas manifes jeung intertékstualitas interdikursif. Intertékstualitas manifes (*manifest intertextuality*) nyaéta wangun intékstualitas lamun téks nu séjén muncul kalawan éksplisit dina téks. Dina intértékstual manifes, téks lain hadir kalawan éksplisit dina téks, anu muncul dina wangun kutipan. Intertékstualitas interdikursif nyaéta intertékstualitas anu nuduhkeun téks-téks séjén téh ngadadasaran konfigurasi elemén anu beda tina runtuyan wacana (*order of discourse*).

### **Latihan**

1. Naon sasaruuan jeung bédana antara analisis wacana jeung analisis wacana kritis?
2. Kumaha pamarekan dina analisis wacana kritis?
3. Kumaha paradigma analisis wacana kritis?
4. Naon bédana analisis wacana jeung analisis eusi?
5. Kumaha ari analisis intertékstualitas téh?

### **Pancén**

Téangan warta dina koran atawa majalah anu eusina patali jeung soal-soal pulitik! Analisis tina segi wacana kritis!

### **Daptar Acuan**

- Darma, Yoce A. 2009. *Analisis Wacana Kritis*. Bandung: Yrama Widya.
- Eriyanto. 2006. *Analisis Wacana*. Yogyakarta: LKiS.
- Fairclough, Norman & Ruth Wodak. 1997. "Critical Discourse Analysis" dina Teun A. Van Dijk (Eds), *Discourse as Social Interaction*. Vol 2. London: Sage Pub.
- Faruk HT. 2004. *Analisis Wacana dari Linguistik sampai Dekonstruksi*. Yogyakarta: Kanak.
- Fowler, Roger. 1986. "On Critical Linguistics" dina Carmen Rosa Caldas-Coulthard & Malcolm Coulthard (Eds), *Text and Practices: Reading in Critical Discourse Analysis*. London: Routledge.
- McQuail, Denis. (1995). *Mass Communication Theory: An Introduction*.
- Sudaryat, Yayat. 2014. *Makna dalam Wacana*. Bandung: Yrama Widya.

## BAB VIII

### PRAGMATIKA WACANA

#### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep:

- a. Bisa ngajéntrékeun kasang tukang sajarah pragmatik;
- b. Bisa ngajéntrékeun kalungguhan pragmatik;
- c. Bisa ngajéntrékeun wangenan jeung ciri-ciri pragmatik;
- d. Bisa ngajéntrékeun semiotik patalina jeung sintaksis, semantik, katut pragmatik;
- e. Bisa ngajéntrékeun pragmatik minangka fungsi komunikatif; jeung
- f. Bisa ngajéntrékeun fungsi makéna jeung modalitas basa.

#### A. Kasang Tukang Sajarah Pragmatik

Pragmatik, minangka salasahiji dahan linguistik, mimiti mekar di Amerika ti taun 1970-an. Saméméhna mah, hususna taun 1930-an, linguistik dianggap ulikan nu ngawengku fonétik, fonémik, jeung morfologi wungkul. Mangsa nu ilahar disebut linguistik Bloomfieldian téh teu pati merhatikeun ulikan sintaksis, pangpangna nu dipatalikeun kana ma'na.

Eta tradisi teh robah sabada mekarna tiori linguistik Chomsky dina taun 1960-an. Dina ieu mangsa, sintaksis mimiti diperhatikeun, malahan dianggap komponén puseur (séntral) dina tatabasa. Tiori sintaksis téh tumuwuh tur mekar pisan sabada Katz ngasupkeun semantik kana wilayah linguistik.

Ti mimiti taun 1970-an, Ross & Lakoff anu boga nuansa transformasi generatif nyebutkeun yén sintaksis teu bisa leupas tina kontéksna. Eta kamandang téh meunang warisan ti filosof kawentar saperti John Langsaw Austin ti Inggris jeung muridna John R. Searle ti Amerika. Lamun di Amerika ulikan basa nu ngalibetkeun ma'na teh dimitian dina taun 1970-an, ari di Eropah mah dimitian dina taun 1940-an anu diparajian ku John Ruppert Firth. Jadi, ulikan basa nu ngalibetkeun ma'na di Eropah leuwih ti heula batan di Amerika.


Istilah *pragmatik* geus dipikawanoh ti mimiti Charles Morris (1946), nya éta salasahiji tina tilu dahan semiotik atawa élmu tanda anu maluruh patalina tanda-tanda jeung nu napsirkeunana. Dua dahan semiotik séjénna, nya éta *sintaktik* anu maluruh patalina wangun tanda-tanda, jeung *semantik* anu medar patalina tanda-tanda jeung obyékna.

## B. Kalungguhan Pragmatik

Sakumaha nu geus ditétélakeun ti heula yén pragmatik téh mangrupa dahan semiotik anu ngulik asal-usul, makéna, sarta pangaruh (éfék) tanda-tanda (Morris, 1946). Lamun pragmatik ngulik acuan nembrak (éksplisit) pikeun panyatur atawa pamaké basa, sémantik nganalisis kedaling (ékspresi) katut panandaanana, ari sintaksis nganalisis patalinaantara kedaling basa atawa tanda-tanda basa nu mangrupa kecap (Searle et al., 1980:vii). Kalawan basajan, Stalnaker (1972) ngébréhkeun yén sintaksis ngulik kalimah-kalimah, sémantik ngulik ma'na kalimah (proposisi), jeung pragmatik ngulik polah-polah basa (linguistik) katut kontéks tempat muncul atawa lumangsungna.

Tumali jeung kalungguhan pragmatik dina élmuning basa (linguistik), Crystal (1989:83) nétélakeun yén pragmatik nya éta babagian tina élmuning basa anu matalikeun saluyu (serasi atawa harmonis) henteuna adegan atawa kaédah basa jeung makéna basa. Kalungguhan pragmatik dina ulikan basa téh bisa diténan dina ieu bagan di handap.

Bagan 8.1: PRAGMATIK DINA TATARAN BASA



Dina bagan di luhur ébréh yén pragmatik mangrupa ulikan anu matalikeun kasaluyuan (harmonisasi) adegan basa jeung makena basa. Palebah dieu, pragmatik leuwih museur kana fungsi komunikatif basa, anu sok disebut fungsi fatis, nya éta fungsi anu matalikeun panyatur (nu nyarita) ka pamiarsa (nu ngaregepkeun).

### C. Wangenan jeung Ciri-ciri Pragmatik

Réa wangenan pragmatik anu ditepikeun ku para pakar. Geura urang tataan sawatara pamadegan para pakar ngeunaan pragmatik. Charles Morris (1946) ngawatesan pragmatik minangka ulikan patalina tanda-tanda jeung nu napsirkeunana. Pragmatik ngajéntrékeun alesan atawa pamikiran panyatur jeung pamiarsa dina nyusun korélasi dina hiji kontéks antara tanda kalimahjeung proposisina. Palebah dieu, tiori pragmatik mangrupa bagian tina performansi.

Nurutkeun Mead (1964:31-38), pragmatik téh bisa disebut semantik béhavioral, nya éta elmu anu ngulik sagemblengna paripolah jalma, utamana mah dina patalina jeung lambang=lambang atawa tanda-tanda. Pragmatik museurkeun panitén kana cara jalma lumampah dina sagemblengna situasi mere tanda jeung narima tanda. Dina pragmatik, nurutkeun Heatherington (1980:155), diulik omongan-omongan husus dina situasi husus atawa museurkeun paniténan kana anéka ragam cara anu mangrupa wadah anéka kontéks sosial minangka pérformansi basa anu bisa mangaruhan interpretasi. Pragmatik teh henteu ngan maluruh pangaruh fonem supraségmental, dialék, jeung régister, tapi nyawang pérformansi omongan minangka hiji kagiatan sosial anu ditata ku anéka ragam konvénsi sosial. Aya tilu prinsip kagiatan omongan, nya éta kakuatan ilokusi (*illocutionary force*), prinsip-prinsip paguneman (*conversational force*), jeung présuposisi (*presupposition*).

Pamadegan lian ditepikeun ku Dowty *et al* (1981:138) yén pragmatik téh nya éta ulikan kagiatan omongan langsung atawa teu langsung, présuposisi, implikatur konvérsasional, jeung sajabana.

Pragmatik ngulik hubungan antara basa jeung kontéks anu kagramatikalisasikeun atawa disandikeun dina struktur basa. Pragmatik ogé mangrupa ulikan ngeunaan aspék-aspék harti anu teu karagam dina tiori sémantik. Singgetna mah, pragmatik medar sagala rupa aspék harti omongan anu teu bisa dijéntrékeun kalawan tutas ku référénsi langsung

kana kondisi-kondisi bebeneran kalimah anu diucapkeun. Lamun dirumuskakeun, pragmatik téh bisa dipidangkeun kieu.

*Pragmatik = harti - kondisi-kondisi bebeneran*

Levinson (1983:9) ngajéntrékeun yén pragmatik téh nya éta ulikan basa anu medar patalina basa jeung kontéksna nu diatur ku kaédah tatabasa tur dikodekeun dina adegan basa. “*Pragmatics is the study of those relations between language and context that are grammaticalized and encoded in the structure of a language*”.

Kontéks dina konsép pragmatik sipatnat éksternal, nya éta kumaha hiji basa dipaké dina komunikasi nyata. Ku kituna, Parker (1986:11) nyebutkeun yén “*Pragmatics distinct from grammar, which is the study of the internal structure of language. Pragmatics is the study of how language is used to communication*”. [Pragmatik béda jeung tatabasa, nya éta ulikan adegan internal basa. Ari pragmatik nya éta ulikan kumaha carana basa dipaké pikeun komunikasi].

Samsuri (1990) nyebutkeun yén pragmatik merupakan élmu ngeunaan wacana, anu ilahar disebut tata wacana.

Yule (1998:3-4) nyebutkeun lima wangenan jeung ciri-ciri anu patali jeung pragmatik, nya éta:

- 1) *Pragmatics is the study of speaker meaning.*
- 2) *Pragmatics is the study of contextual meaning.*
- 3) *Pragmatics is the study of how more gets communicated than is said.*
- 4) *Pragmatics is the study of expression of relative distance.*
- 5) *Pragmatics is the study of the relationship between linguistic forms and the users of those forms.*

Ciri-ciri jeung wangenan pragmatik ti Yule bisa disundakeun kieu.

- [1] Pragmatik téh hiji ulikan ma’na panyatur.
- 2) Pragmatik téh hiji ulikan ma’na kontekstual.
- 3) Pragmatik téh hiji ulikan ngeunaan cara nyangkem komunikasi leuwih tina anu diucapkeun.
- 4) Pragmatik téh hiji ulikan ngeunaan kedaling nu rélatif jauh.

5) Pragmatik téh hiji ulikan ngeunaan patalina wangun basa jeung anu makéna.


Tina katerangan di luhur bisa dicindekkeun yén pragmatik teh mangrupa dahan semiotik anu maluruh harmonis henteuna patalina adegan basa jeung makéna basa, nepi ka kapanggih cara pamiarsa napsirkeun ma'na ti panyatur katut ma'na kontéks situasi.

#### D. Semiotik: Patalina Pragmatik, Sintaksis, Semantik

Basa téh mangrupa salahsahiji unsur budaya sarta sakaligus jadi wahana dina mekarkeun budaya. Basa anu jadi objék linguistik téh raket patalina jeung unsur budaya lianna. Ku kituna, teu anéh upama linguistik téh raket patalina jeung paélman lianna, di antarana waé, élmuning tanda (semiotik). Charles Morris (1946) netélakeun yen serniotik téh ngawengku sintaksis, semantik, jeung pragmatik. Sintaksis maluruh patalina unsur-unsur basa, semantik maluruh patalina unsur basa jeung objék nu dimaksudna, ari pragmatik maluruh patalina unsur basa jeung makéna atawa kontéks situasina (Searle, spk., 1980:viii).


Patalina jeung hal eta, Ferdinand de Saussure (1916) ngajentrekeun yen tanda basa (*signe linguistique*) diwangun ku pananda (*signifiant*) jeung tinanda (*signifie*). Eta dua unsur basa teh raket patalina jeung acuana nu aya di luar basa. Palebah dieu, Saussure nganggap yen basa teh mangrupa sistem tanda atawa sistem semiotik. Jadi, semiotik bisa dianggap minangka tatapakan munculna harti.

Patalina tanda basa jeung dunya luar basa bisa diilikan dina ieu bagan di handap.




Ogden & Richards (1923) ngagambarkeun unsur-unsur harti ku bagan “Juru tilu semiotik”. Dijentrekeun yen harti (pikiran atawa referensi) mangrupa hubungan antara lambang (simbol) jeung acuan atawa referen. Hubungan antara lambang jeung acuan sipatna teu langsung, ari hubungan antara lambang jeung referensi (harti) sarta referensi jeung acuan sipatna langsung. Hubungan antara lambang, harti, jeung acuan, ebreh dina ieu bagan di handap.

Bagan 8.3: JURUTILU SEMANTIK (SEMIOTIK)



Tina katerangan jeung bagan di luhur ebreh yen patalina jeung juru tilu semiotik kalibet tilu perkara, nya eta (1) harti (konsep), nu diulik ku semantik; (2) hubungan antarlambang, anu diulik ku sintaksis; jeung (3) hubungan acuan jeung pamiarsa, anu diulik ku pragmatik. Hubungan sintaksis, semantik, jeung pragmatik minangka garapan semiotik, bisa dibagankeuns aperti ieu di handap.

Bagan 8.4: JURUTILU SEMIOTIK



Pragmatik jeung semantik téh raket patalina. Duanana pada-pada ngamangpaatkeun ma'na minangka eusi komunikasi. Bédana téh semantik museur kana pikiran (*competance, langue*), ari pragmatik, museur kana omongan (*performance, parole*). Jaba ti éta, pragmatik téh raket patalina jeung sintaksis deuih, nyaéta pada-pada ngamangpaatkeun unsur basa. Bédana téh sintaksis museur kana kalimah minangka objékna, sipatna isolatif, ari pragmatik museur kana wacana (téks) minangka prosés pamakéan, sipatna motivasional. Cindekna, pragmatik maluruh bagbagan makéna basa keur kaperluan nu tangtu dina hiji situasi, kumaha patalina antara basa jeung kontéks makéna, atawa kumaha carana milih kalimah anu keuna tur luyu jeung pangabutuh nu makéna (Levinson, 1983:6-7;21-24). Upama diringkeskeun, patalina pragmatik, sintaksis, jeung semantik minangka bagian tina semiotik, bisa dipidangkeun dina ieu tabel di handap.

Tabel 8.1: PATALINA SINTAKSIS JEUNG PRAGMATIK

No.	Ciri-ciri	Sintaksis	Pragmatik	Semantik
1.	Puseur Panitén	Réprésentasi	Interprétasi	Ma'na
2.	Kaédah	Gramatikal	Retoris	Semantis
3.	Sipat Kaédah	Konvénsional	Motivasional (non-konvénsional)	Situasional
4.	Rélasi	Pangartian ( <i>sense</i> )	Kakuatan ( <i>force</i> )	Ma'na
5.	Koréspondénsi	Metakeun	Ngungkulan Masalah	Ngeceskeun
6.	Pangécés	Formal	Fungsional	Tematis
7.	Fungsi Basa	Idéasional	Interpersonal, Tékstual	Komunikatif
8.	Dadaran	Angger tur Matok(isolatif)	Teu angger tur teu matok	Bisa matok bisa henteu.



## E. Pragmatik minangka Fungsi Komunikatif

Pragmatik bisa dibedakan jadi dua rupa, nya eta (1) pragmatik minangka hiji perkara nu diajarkeun, jeung (2) pragmatik minangka hiji hal nu ngawarnaan paripolah ngajar. Minangka hiji perkara nu diajarkeun, pragmatik nyoko kana (a) pragmatik minangka widang ulikan linguistik, jeung (b) pragmatik minangka salasihiji widang dina makena basa. Pragmatik minangka hiji hal nu ngawarnaan paripolah ngajar ilaharna disebut “fungsi komunikatif”. Fungsi komunikatif mangrupa fungsi utama tina basa. Ku kituna, ieu di handap didadarkeun heula perkara hakekat jeung fungsi komunikatif basa.

Sawatara pakar basa netelakeun yen pragmatik bisa dianggap minangka fungsi komunikatif basa, anu disebut fungsi pragmatis atawa fungsi fatis, nya eta fungsi anu matalikeun harmonis henteuna komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa (Jakobson, 1968; Halliday, 1973; Leech, 1981:41). Fungsi pragmatis atau fungsi fatis oge patali jeung pesen basa anu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa, naha katarima kalawan hade atawa tojajiah nepi ka teu salah paham, pasalia (*misunderstanding*) atawa salah ngomong (*misscommunication*). Nya tujuan komunikasi anu ngalantarankeun nepina pesen ti panyatur sarta katampa jadi amanat ku pamiarsa.

Fungsi komunikatif mangrupa fungsi atawa kagunaan utama tina basa. Basa jadi pakakas utama pikeun kahirupan manusa. Bisa dibayangkeun mun manusa teu mibanda basa. Manusa make basa pikeun pakakas komunikasi. Malah basa teh jadi ciri pangbeda antara umat manusa jeung mahluk hirup sejenna saperti sasatoan atawa tutuwuhan.

Disawang tina genep aspek komunikasi, nya eta panyatur, pamiarsa, kontak, kode, amanat, jeung konteks, aya genep kagunaan atawa fungsi basa (Jakobson, 1968). Eta genep fungsi komunikatif basa teh nya eta:

- (1) fungsi emotif, anu patali jeung ebrehan basa ti panyatur;
- (2) fungsi konatif, anu patali katarimana basa ku pamiarsa;
- (3) fungsi fatis, anu patali ngukuhan hubungan panyatur jeung pamiarsa;
- (4) fungsi metalinguistik, anu patali jeung ngulik lambang atawa kode basana sorangan;
- (5) fungsi imajinatif (puitik), anu patali jeung cara nepikeun amanat nu sipatna estetis;
- (6) fungsi kognitif (referensial), anu patali jeung cara ngebrehkeun konteks situasi.

Halliday (1973) dina karyana “Explorations in the Function of Language” nyebutkeun tujuh fungsi basa atawa “sapta guna basa”, nyaéta:

- (1) Fungsi intrumental (*the instrumental function*), anu patali jeung ngolah lingkungan, anu nyababkeun munculna kajadian nu tangtu.
- (2) Fungsi regulasi (*the redulatory function*), anu gunana pikeun nitenan jeung ngadalian kajadian.
- (3) Fungsi representatif (*the representational function*), anu nyoko kana ngawangun wawaran (pernyataan), nepikeun fakta jeung kaweruh, ngajentrekeun atawa ngalaporkeun, sarta ngebrehkeun realitas anu saenyana.
- (4) Fungsi interaksional (*interactional function*), anu pancenna pikeun ngajamin sarta ngukuhan katahanan jeung lumangsungan komunikasi sosial.
- (5) Fungsi personal (*the personal function*), anu mere lolongkrang ka panyatur pikeun ngedalkeun rasa, emosi, pribadi, sarta reaksina anu jero.
- (6) Fungsi heuristik (*the heuristic function*), anu ngalibetkeun makena basa pikeun meunangkeun ilmu kaweruh, tur ngulik seluk-beluk lingkungan.
- (7) Fungsi imanitatif (*the imaginative function*), anu gunana pikeun nyipta sistem atawa gagasan nu sipatna ciptan atawa hayalan (imajinatif).

Patalina jeung tahap kamekaran barudak jeung fungsi basa (Tarigan, 1985) bisa ditabelkeun saperti ieu di handap.

Tabél 8.2: DASAGUNA BASA

Fase Umur	Fase Harti	Fungsi Basa	Conto Kalimah
Fase I (9 – 16 bulan)	Sora jeung Harti	Fungsi Regulasi	<i>Bawa ka dieu!</i>
		Fungsi intrumental	<i>Abdi hoyong.</i>
		Fungsi interaksional	<i>Urang asup yu!</i>
		Fungsi heuristik	<i>Naon itu?</i>
		Fungsi personal	<i>Kuring cape.</i>
		Fungsi imajinatif	<i>Kong-ko-rongok</i>
Fase II (16 – 24 bulan)	Tata basa jeung Paguneman		
		Fungsi pragmatik	<i>Sok udag ka dieu!</i>
		Fungsi Matetik	<i>Eta sato.</i>
Fase III (24 bulan – ...)	Teks	Fungsi Interpersonal	<i>Sakedap Mah, pameng.</i>
		Fungsi ideasional	<i>Itu panonpoe. Eta seuneu.</i>

#### F. Fungsi Makéna jeung Modalitas Basa

Basa mangrupa gejala sosial sarta dipake komunikasi antara sasama manusa. Minangka gejala sosial nu komunikatif, perlu dibedakeun makena basa jeung tujuan makena basa minangka pakakas komunikasi.

Charles Morris (1946) nyebutkun yén (1) fungsi makéna atawa gunana basa ngawengku fungsi informatif, fungsi valuatif, fungsi incitif, jeung fungsi sistemik; ari (2) modus makéna basa nyoko kana modus designatif, modus apresiatif, modus preskriptif, jeung modus formatif.

Patalina antara fungsi makéna basa jeung modus makéna basa bisa ditabélkeun saperti ieu di handap.

Tabel 8.3: Fungsi jeung Modus Makéna Basa

Modus Makéna Basa	Fungsi Makéna Basa			
	Informatif	Valuatif	Incitif	Sistemik
Designatif	Ilmiah	Fiktif	Legal	Kosmologis
Apresiasi	Mistik	Poeitik	Moral	Kritikal
Preskriptif	Teknologis	Politikal	Religius	Propagandistis
Formatif	Logiko= matematik	Retorikal	Gramatikal	Metafisikal

Tina tabel di luhur ebreh yen fungsi makna basa ngawengku opat fungsi makna basa, nyaéta fungsi informatif, fungsi valuatif, fungsi incitif, jeung fungsi sistemik. **Fungsi informatif** nyaéta fungsi basa nu sipatna rasional, ngagambarkeun naon-naon nu geus kaliwat, keur karandapan, jeung nu bakal datang. Ilaharna fungsi informatif make tanda basa pikeun nimbulkeun interpretasi saayana ka pamiarsa. **Fungsi valuatif** nyaéta fungsi basa nu dipaké pikeun nimbulkeun emosi jeung rasa anu tangtu ka pamiarsa, ilaharna bisa mere informasi dina wangun nu nekenkeun rasa tur imajinasi. **Fungsi incitif** nyaéta fungsi basa nu dipaké pikeun nimbulkeun tindakan atawa aksi, ilaharna bisa ngarangsang tindakan jeung ngahudang kawani ka pamiarsa pikeun ngayakeun tindakan. Sok dipake dina widang hukum, moral, agama, jeung tatabasa. **Fungsi sistemik** nyaéta fungsi basa nu sipatna ngatur, ngahudang piikiran nu kritis jeung spekulatif, dipake pikeun nata tilu guna basa samemehna. Ilaharna aya dina widang kosmologis, kritik, propaganda, jeung metafisik.

Kitu deui, modus makna basa ngawengku opat rupa, nyaéta modus designatif, modus apresiasi, modus preskriptif, jeung modus formatif. **Modus designatif** nyaéta modus makna basa anu museur kana acuan empiris, ngacu kana bebeneran fakta tur bisa dipercaya. **Modus apresiasi** nyaéta modus makna basa pikeun ngajen hal-hal nu sipatna pribadi atawa opini, bener-salah, alus-goreng, kotor-beresih, jeung etis-teu etis. **Modus preskriptif** nyaéta makna basa pikeun nuduhkeun tujuan nu hayang dihontal ku panyatur. **Modus formatif** nyaéta modus makna basa anu museur kana kahayang panyatur pikeun ngatur hal-hal nu ditepikeun ku modus sejen.

Modus jeung fungsi makena basa teh ngalahirkeun rupa-rupa wanda makena basa saperti ieu di handap.

#### **a. Modus Designatif**

Modus designatif patali jeung opat fungsi basa, nyaeta:

- 1) Modus designatif-informatif-ilmiah nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan sarat elmu pangaweruh.
- 2) Modus designatif-valuatif-fiktif nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung hayalan.
- 3) Modus designatif-incitif-legal nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung aturan atawa hukum.
- 4) Modus designatif-sistemik-kosmologis nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung hubungan rohng katut waktu di alam dunya.

#### **b. Modus Apresiatif**

Modus apresiatif patali jeung opat fungsi basa, nyaeta:

- 1) Modus apresiatif-informatif-mistik nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal gaib nu teu kahontal ku akal manusa biasa.
- 2) Modus apresiatif-valuatif-poetik nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung karya sastra sarta ugeran wirahma tur purwakanti.
- 3) Modus apresiatif-incitif-moral nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung ajaran hade goreng atawa budi pekerti.
- 4) Modus apresiatif-sistemik-kritikal nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung tanggapan binarung pedaran kalawan tinimbangan hade goreng.

#### **c. Modus Preskriptif**

Modus preskriptif patali jeung opat fungsi basa, nyaeta:

- 1) Modus preskriptif-informatif-teknologis nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan kamampuh tehnik nu dumasar kana kaweruh elmu eksakta kalawan nyumender kana proses teknis.
- 2) Modus preskriptif-valuatif-politikal nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung politik, kanagaraan, tur pamaretahan.
- 3) Modus preskriptif-incidentif-religius nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung kaagamaan.
- 4) Modus preskriptif-sistemik-propagandistis nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung penerangan salah bener tur persuasif.

#### **d. Modus Formatif**

Modus formatif patali jeung opat fungsi basa, nyaeta:

- 1) Modus formatif-informatif-logikomatematik nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan kaweruh ngeunaan kaedah mikir tur prosedur operasional nu dipake ngarengsekeun masalah bilangan.
- 2) Modus formatif-valuatif-retorikal nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung makena basa kalawan merenah.
- 3) Modus formatif-incidentif-gramatikal nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung kaedah basa anu bener.
- 4) Modus formatif-sistematik-metafisikal nyoko kana gunana basa pikeun nyumponan hal-hal nu patali jeung hal-hal nonfisik tur teu katempo.

### **Rangkuman**

Pragmatik, minangka salasahiji dahan linguistik, mimiti mekar di Amerika ti taun 1970-an. Saméméhna mah, hususna taun 1930-an, linguistik dianggap ulikan nu ngawengku fonétik, fonémik, jeung morfologi wungkul. Mangsa nu ilahar disebut linguistik Bloomfieldian téh teu pati merhatikeun ulikan sintaksis, pangpangna nu dipatalikeun kana ma'na.

Kalungguhan pragmatik dina élmuning basa (linguistik), nyaéta babagian tina élmuning basa anu matalikeun saluyu (serasi atawa harmonis) henteuna adegan atawa

kaédah basa jeung makéna basa. Pragmatik ogé bisa dianggap minangka dahan semiotik anu maluruh harmonis henteuna patalina adegan basa jeung makéna basa, nepi ka kapanggih cara pamiarsa napsirkeun ma'na ti panyatur katut ma'na kontéks situasi.

Serniotik téh ngawengku sintaksis, semantik, jeung pragmatik. Sintaksis maluruh patalina unsur-unsur basa, semantik maluruh patalina unsur basa jeung objék nu dimaksudna, ari pragmatik maluruh patalina unsur basa jeung makéna atawa kontéks situasina.

Pragmatik mibanda fungsi komunikatif. Aya genep fungsi komunikatif basa, nyaéta (1) fungsi emotif, anu patali jeung ebrehan basa ti panyatur; (2) fungsi konatif, anu patali katarimana basa ku pamiarsa; (3) fungsi fatis, anu patali ngukuhan hubungan panyatur jeung pamiarsa; (4) fungsi metalinguistik, anu patali jeung ngulik lambang atawa kode basana sorangan; (5) fungsi imajinatif (puitik), anu patali jeung cara nepikeun amanat nu sipatna estetis; sarta (6) fungsi kognitif (referensial), anu patali jeung cara ngebrehkeun konteks situasi.

Tina segi pragmatik, basa mibanda fungsi jeung modus makéna, Fungsi makéna atawa gunana basa ngawengku fungsi informatif, fungsi valuatif, fungsi incitif, jeung fungsi sistemik. Ari modus makéna basa nyoko kana modus designatif, modus apresiatif, modus preskriptif, jeung modus formatif.

## **Latihan**

Jawab sakur pananya ieu di handap!

- 1) Kumaha kasang tukang pragmatik teh?
- 2) Kumaha kalungguhan pragmatik dina linguistik?
- 3) Kumaha pamadegan saderek kana pragmatik? Kumaha ciri-cirina?
- 4) Tetelakeun nu dimaksud ku “pragmatik = harti – kondisi bebeneran”?
- 5) Tetelakeun patalina pragmatik, sintaksis, jeung semantik!
- 6) Naon nu dimaksud ku pragmatik minangka fungsi komunikatif?
- 7) Kumaha hubungan umur jeung kagunaan basa?
- 8) Tetelakeun tur contoan salasihiji hubungan modus jeung fungsi makna basa!

## Daptar Acuan

- Crystal, David. 1989. *The Cambridge Encyclopedia of a Language*. London: Cambridge University Press.
- Dowty, D.R. et al. 1981. *Introduction to Montague Semantics*. New York: Springer Science & Business Media.
- Halliday, M.A.X. 1973. *Explorations in the Function of Language*. London: Edward Arnold.
- Heatherington, Madelon E. 1980. *How Language Works*. Canada: Winthrop Publishers.
- Jakobson, R. (1968 (1941)). *Child language, aphasia, and phonological universals*. The Hague: Mouton.
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.
- Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Lubis, A. Hamid Hasan. 1993. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Mead, George Herbert. 1964. *The Foundation of Pragmatic Sociology*. Chicago: University of Chicago Press
- Morris, Charles. 1946. *Foundations of the Theory of Signs*. New York:
- Ogden, C.K. & I.A. Richards. 1923. *The Meaning of Meaning*. Magdalene College, University of Cambridge.
- Parker, Frank. 1986. *Linguistics for Non-Linguistics*. London: Tylor & Francis Ltd.
- Samsuri. 1990. *Analisis Wacana*. Malang: IKIP Malang.
- Saussure, Ferdinand de. 1916. *Cours de Linguistique de Generale*. Paris: Payot.
- Searle, John R. 1980. *Speech Acts*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Stalnaker, R. 1972. Pragmatics. In G. Harman and D. Davidson (eds.): *Semantics of Natural Language*. Dordrecht: Reidel, P. 380-397.
- Tarigan, H.G. 1985. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Yule, George. 1998. *Pragmatics*. Oxford: Oxford University Press.



## BAB IX

# KOMPONEN PRAGMATIK

### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep:

- a. Bisa ngajéntrékeun wincikan komponén pragmatik;
- b. Bisa ngajéntrékeun perkara déiksi;
- c. Bisa ngajéntrékeun perkara praaanggapan;
- d. Bisa ngajéntrékeun perkara polah ucap;
- e. Bisa ngajéntrékeun adegan konvérsasi; jeung
- f. Bisa ngajéntrékeun implikatur konvérsasi.

### A. Wincikan Komponén Pragmatik

Pragmatik ngulik patalina polah basa jeung konteks tempat lumangsungna, waktu, jeung kaayaan panyaturna, sarta hubungan ma'na kana aneka situasi omongan. *Pragmatics is the study of the relation of signs to interpreters or the study of language usage*. Bisa oge disebutkeun yen pragmatik téh mangrupa ulikan ngeunaan kahanan atawa kondisi-kondisi umum makena komunikasi basa. Ku kituna, pragmatik ngawengku unsur-unsur eusi komunikasi omongan anu lega pisan ambahanana.

Obyék anu disalusur ku pragmatik ngawengku opat komponén, nyaéta (i) déiksis, (ii) praanggapan, (iii) polah ucap, (iv) adegan konvérsasi, jeung (v) implikatur konvérsasi (Levinson, 1983:54-364).


Eta opat komponen pragmatik téh boga karakteristik jeung fungsi séwang-séwangan saperti didadarkeun ieu di handap.

## B. Déiksis

Déiksis téh mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa. Asalna tina basa Yunani *deiktikos* anu hartina 'hal nuduhkeun kalawan langsung'. Déiksis dipaké pikeun ngébréhkeun fungsi kecap sulur, kecap panuduh, peran waktu, jeung sawatara ciri gramatikal katut éksikal séjénna anu dipatalikeun kana kontéks tempat jeung waktu lumangsungna komunikasi basa (Lyons, 1977.636).

Naon-naon anu dituduhkeun ku deiksis téh disebutna *antésédén*. Nilik kana warna antésédénna, déiksis bisa dibédakeun jadi déiksis persona, déiksis témporal, déiksis lokatif, déiksis wacana jeung déiksis sosial (Levison, 1983:68-90). Nilik kana tempat antésédén, aya déiksis éndoforis jeung déiksis éksoforis. Nilik kana sipat antésédén, aya déiksis anaforis jeung déiksis kataforis. Baganna bisa diébréhkeun saperti ieu di handap.

**Bagan 2.1: WANDA DÉIKSIS**



### 1. Déiksis Éksoforis

Déiksis éksoforis (luar-tuturan) nya éta déiksis anu nuduhkeun naon-naon anu aya di luareun wacana atawa téks. Déiksis éksoforis sok disebut ogé déiksis ékstratékstual. Aya sababaraha rupa déiksis éksoforis, di antarana baé: 1) déiksis persona, (2) déiksis témporal, (3) déiksis lokatif, jeung (4) déiksis sosial (Kaswanti Purwo, 1986).

#### a. Déiksis Persona

Déiksis persona atawa panuduh jalma lumrahna dieusian ku kecap sulur atawa kecap gaganti jalma. Kecap gaganti jalma bisa diwincik jadi kieu:

- a) kecap gaganti jalma kahiji (panyatur): *abdi, aing, déwék, kuring, kula, urang, saréréa*;
- b) kecap gaganti jalma kadua (pamiarsa): *anjeun, manéh, salira, silaing, ilaing, aranjeun*;
- c) kecap gaganti jalma katilu (nu dicaritakeun): *anjeunna, manéhna, mantenna, aranjeunna*.

Contona:

- (01) Kuring nyebutkeun ngaran lembur. *Manéhna* ingguk, semu teu nyaho téa. Da bangun nyureng nginget-ninget. Tangtu keur jelema anyar mah moal apal ngaran lembur *kuring* téh. (Galura, April 1992).

### b. Déiksis Temporal

Déiksis temporal atawa panuduh waktu nya éta deiksis anu nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian. Anu kaasup panuduh waktu téh nya éta:

- a) heuleutna, mangkukna, kamari, ayeuna, isukan, pageto.
- b) baréto (baheula), tadi, kiwari (ayeuna), engké, jaga;
- c) minggu, bulan, taun → + (kamari, ayeuna, hareup)
- d) beurang, peuting, isuk-isuk, pabeubeurang, pasosoré.

Contona:

- (02) Cenah harilona mah cicing di kota, tapi sanggeus anakna nu lima kurénan, hayang balik ka lembur. Ayeuna matuhna téh di lembur, sanajan usahana mah angger di kota. Sabulan sakali mawa pangsiunan ka kota.

### c. Déiksis Lokatif

Déiksis lokatif atawa panuduh tempat nya éta deiksis anu dipaké pikeun nuduhkeun pernahna hiji hal atawa barang, boh deukeut, rada deukeut, atawa jatih. Déiksis lokatif dina basa Sunda, di antarana baé, ngawengku:

- a) panuduh deukeut: *dieu*, rada deukeut: *dinya*, jeung jauh: *ditu*;
- b) *gigireuen*, *tukangeun*, *hareupeun*, *luhureun*, *handapeun*, *jsté*.

Contona:



Tabel 3.1: DÉIKSIS ANAFORIS JEUNG KATAFORIS

Déiksis Anaforis	Déiksis Kataforis
itu, kitu, sakitu ku kituna, éta sababna, ku sabab éta, ku lantaran kitu.	ieu, sakieu, kieu, saperti kieu, di handap ieu, kawas kieu,

*Référénsi* mangrupa tatali antara unsur panuduh (déiksis) jeung unsur nu dituduhkeun (acuan atawa antésédén). Acuan nu dituduhkeun bisa aya jeroeun wacana bisa luareun wacana. Lamun dina semantik formal anu diacu téh kudu enya-nya benerna, ari dina wacana mah bebeneran anu dimaksud ku référénsi téh nya éta bebeneran nurutkeun panyatur. Référénsi umumna diwujudkeun ku pronomina atawa kecap sulur.

Contona:

- (06) H. Hasan Abdulkadir, urang NTB, kasohor bisa ngubaran kasakit maag. *Praktékna* téh ti mimiti taun 1984 kénéh. Nu matak anéh, pasén teu dicarék dahar nu haseum-haseum. Dahar naon ogé euweuh nu dipantang. Ti mana *manéhna* meunang pangabisana?

Unsur *-na* jeung kecap *manéhna* duanana ngacu ka antésédén *H. Hasan Abdulkadir*. Ku kituna, *-na* jeung *manéhna* dina wacana (69) di luhur mangrupa référénsi.

Patalina jeung référénsi, déiksis téh mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hiji hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa. Asalna tina basa Yunani *deiktikos*, anu hartina ‘hal nuduhkeun kalawan langsung’. Naon-naon anu dituduhkeun ku déiksis, boh jeroeun wacana boh luareun wacana, disebut *acuan* atawa *antésédén*. Déiksis anu nuduhkeun acuan di jeroeun wacana atawa sipatna intra-tékstual disebut *déiksis éndoforis*. Ari déiksis anu nuduhkeun acuan nu aya di luareun wacana atawa sipatna ékstra-tékstual disebut *déiksis éksoforis*. Contona, kecap *manéhna* dina wacana (70) jeung (71) ieu di handap teh masing-masing mangrupa déiksis éksoforis jeung déiksis éndoforis.

- (07) *Manéhna* teu walakaya basa direjengan ku saréréa. Kaharti ari kituna mah, saurang dihurup ku lobaan. Mémang beurat sabeulah.
- (08) Bibi kuring ngebon bonténg, perna sisi lembur. *Manéhna* mah kacida peditna. Entong boro ku dulur, ku anakna ogé sok nyarékan.

Déiksis téh cicingna bisa tukangeun acuan bisa hareupeun acuan. Déiksis anu cicingna tukangeun atawa sabada acuan disebut *déiksis anaforis*, ari anu cicingna hareupeun atawa saméméh acuan disebut *déiksis kataforis*. Contona, kecap *manéhna* dina wacana (71) di luhur mangrupa déiksis anaforis tina acuan atawa antésédén *Bibi kuring*. Sabalikna, dina wacana (72) di handap ieu, unsur *-na* mangrupa déiksis kataforis tina acuan *Uwén*.

- (09) Ku mahérna dina nyarita, *Uwén* téh bisa jadi MC. Manéhna mindeng diondang ka mamana.

Wujud déiksis umumna mangrupa kecap sulur, kecap panuduh, advérbia, jeung sawatara unsur basa séjénna nu dipaké pikeun nuduhkeun acuan. Nurutkeun hartina dibédakeun rupa-rupa déiksis, di antarana, (1) *déiksis persona* atawa *panuduh jalma*, anu diwujudkeun ku kecap gaganti jalma, saperti *kuring*, *manéh*, jeung *manéhna*; (2) *déiksis témporal* atawa *panuduh waktu*, anu diwujudkeun ku nomina waktu, saperti *ayeuna*, *peuting*, jeung *poé Ahad*; (3) déiksis lokatif atawa panuduh tempat, boh tempat nu deukeut (proksimal), anggang (semi-proksimal), jeung jauh (distal), saperti *dieu*, *dinya*, jeung *ditu*; (4) déiksis sosial, anu patali jeung unsur basa nu dipaké dina situasi sosial nu tangtu, saperti ngagentraan jalma ku profésina: *Prof*, kaasup soal-soal sesebutan panghormat (honorifik): *Néng*. Contona ébréh dina wacana (10)-(13) di handap ieu.

- (10) *Kuring* nyebutkeun ngaran. *Manéhna* ingguk, tapi semu teu semu teu nyaho. Da bangun nyureng, nginget-ninget. Tangtu keur jalam anyar mah, moal apal ngaran lembur *kuring* teh.
- (11) Cenah *barétona* mah cicing di kota. *Ayeuna* matuhna téh di lembur. Ari usahana mah angger di kota. *Sabulan sakali* mawa pangsiunan ka kota.
- (12) Mangga Ibu sareng Bapa calik palih *dinya*. Wios abdi ngadeg di palih *dieu*. Hawatos mangkaning lami kénéh.

- (13) A : *Néng, dupi Pa Profésor aya?*  
B : Aya. Mangga linggih, heula!

### 3. Panyulur (Substitusi)

*Substitusi* mangrupa kohési gramatikal anu diwujudkeun ku cara ngaganti acuan ku kecap-kecap nu tangtu. Saenyana pronomina ogé miboga fungsi substitusional, tapi leuwih nyoko kana référénsi. Lian ti éta, substitusi bisa mangrupa *provérba*, nya éta kecap-kecap anu nuduhkeun kalakuan, kaayaan, hal, atawa eusi babagian wacana anu geus disebutkeun saméméhna atawa sabadana. Jadi, *provérba* bisa anaforis bisa kataforis.

Contona:

- (14) *Kieu ari ti bapa mah. Sing bisa ngeureut neundeun. Ulah awuntah, teu kaop boga duit sok kareunang hayang meuli-keun. Mending rikrik gemi. Najan panghasilan loba ogé, ari ayakanana carang mah moal nyésa.*

### C. Praanggapan atawa Praduga

Praduga, praanggapan, atawa presuposisi mangrupa pangira atawa panyangka anu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian, masalah proyeksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan nu sipatna ngajéntrékeun. Praduga mangrupa prasarat pikeun nyindekkeun bener henteuna omongan nu lian. Ku kituna, praduga raket patalina jeung *inférénsi kawacanaan*, nya éta prosés nu dipilampah ku pamiarsa geusan nyangkem atawa maham ma'na wacana anu henteu diébréhkeun langsung dina wacana. Inférénsi dipibutuh dina ngama'naan wacana anu malibir atawa henteu togmol kana tujuan. Dina lebah dieu, sok aya omongan “ulah ngan cukup ku *ngarti* wungkul, tapi kudu bari jeung *surti* deuih”.

Contona:

- (15) A : Bu, punten gelas nu Bapa.  
B : Badé cai hérang atanapi citéh?

Kalimah nu diucapkeun ku si A lain ngan sakadar nanyakeun gelas wungkul, tapi aya maksud nu leuwih jero, nya éta ménta cai nginum. Ku kituna, si B geus surti naon nu dipimaksud ku si A, nepi ka manéhna nanyakeun cai naon nu dipikahayang ku si A.

kamampuh si B napsirkeun maksud nu teu torojogan ti si A téh disebutna kamampuh inférénsi.

Hiji kalimah disebut méré praduga atawa présuposisi kana kalimah séjén lamun teu benerna kalimah kadua (anu dipraduga atawa diprésuposisi) ngabalukarkeun kalimah kahiji (nu méré praduga) can bisa disebut bener atawa salah.

Contona:

- (16) Di alun-alun Bandung téh ramé pisan.  
Loba nu daragang. Aya oge nu arulin.

Kalimah (16) mraduga yén ‘di alun-alun Bandung téh ramé pisan’. Hal éta téh bisa ditarima lamun mémang “di alun-alun téh bener-bener ramé pisan”. Sabalikna, lamun kanyataanana henteu kitu, nya kalimah (16) can bisa diajén bener-salahna.

Praduga, praanggapan, atawa presuposisi (*preposuposition*) mangrupa pangira atawa panyangka anu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian (*defeasibility*), masalah proyéksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan anu ngajéntrékeun. Praduga mangrupa prasarat anu diperlukeun geusan bener henteuna omongan.

Contona:

- (17) Nu mareuli ngagimbung-ngagimbung baé. Rék teu kitu kumaha, atuda, barang-barangna sarwa aya, anu nungguanana saroméah pisan.  
(18) *Piraku aya jelema geus maot bisa hirup deui mah.*

Conto kalimat (17) mangrupa praduga keur benerna kalimah yén "barang daganganana pohara larisna," ari conto (18) mangrupa praduga keur benerna kalimah yén "dina kanyataanana jelema geus paéh téh tara hirup deui."

Praduga raket patalina jeung *inferensi kawacanaan* nyaéta prosés nu dipilampah ku pamiarsa geusan nyangkem ma'na, wacana anu henteu diébréhkeun langsung dina wacana. Inferensi dipibutuh dina ngama'naan wacana anu malibir atawa henteu togmol kana tujuan.

Contona baé, “aya hiji jalma anu rék nginjeum duit ka tatanggana, tapi éra pok”, bakal kieu pok-pokanana.



- (19) Ari isinna mah nataku dongkap ka dieu tek Mung punanak tos dua dinten panas nyebrét. Diceuceuhan mah teras, tapi angger waé. Duka kedah kumaha? Badé dibantun ka dokter, nyaéta atuh. Ka dieu ogé mamananian.

Najan henteu togmol rék nginjeum duit, tapi pamiarsa baris surti kana eusi éta wacana anu dikedalkeun. Jalma anu datang aya kabutuh ka pribumi, tapi éra rék pok langsung nginjeum duit mah. Mémang mun patali jeung duit mah, urang sok éra.

Hiji kalimah disebut méré praduga atawa présuposisi kana kalimah séjén lamun teu benerna kalimah kadua (anu dipraduga atawa diprésuposisi) ngabalukarkeun kalimah kahiji (nu méré praduga) can bisa disebut bener atawa salah.

Contona:

- (20) Di alun-alun Bandung téh ramé pisan.

Kalimah (20) mere praduga yén ‘di alun-alun Bandung téh ramé pisan’. Hal éta téh bisa ditarima lamun mémang “di alun-alun téh bener-bener ramé pisan”. Sabalikna, lamun kanyataanana henteu kitu, nya kalimah (20) can bisa diajén bener-salahna.


#### **D. Adegan Konvérsasi**

Konvérsasi téh mangrupa unit pangjernbarna tina wacana atawa basa nu sipatna interaksional. Adegan paguneman atawa struktur konversi mibanda pola, kaédah, jeung prinsip nu tangtu.

##### **1. Pola Konvérsasi**

Paguneman atawa konvérsasi boga adegan jeung pola nu béda-béda luyu jeung komponén laku basa SPEAKING atawa UNGKARA. Paguneman dina enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional). Éta sababna, paguneman ngalibetkeun panyatur (panulis) pamiarsa (pamaca), jeung kontak ngaliwatan médium basa (Brooks, 1964:4). Geura urang titénan dina ieu bagan di handap.

Bagan 2.2: ADEGAN PAGUNEMAN



Ku lantaran sipatna timbal balik, pola paguneman téh ngisarahkeun yén panyatur jeung pamiarsa siligenti. Upama panyatur nyanta, pamiarsa ngaregepkeun. Kitu deui, sabalikna. Conto pagunernan (konvérsasi) basajan anu kapanggih dina kahirupan basa Sunda.

- (21) A : Sampurasun.  
B : Rampés.
- (22) A : Punten  
B : Mangga,
- (23) A : Assalarnualaikum.  
B : Waalaikumsalam,
- (24) A : Wilujeng énjing  
B : Wilujeng énjing.  
B1 : Énjing.
- (25) A : (Kumaha) damang?  
B : Pangésto.  
B1 : Aya berekah.  
B2 : Saé.

Paguneman bubuka (prolog) saperti kitu téh sok kapanggih lamun pamaké basa Sunda tepung atawa nyémah.

## 2. Kaédah Konversasi

Kaédah konvérsasi nyaéta aturan-aturan anu kudu dikukuhkeun ku pamaké basa ngarah omonganana komunikatif. Ku cara kitu, waktu lumangsungna komunikasi moal muncul pamoyok "batur ngalér ieu ngidul atawa "pasalia" (*miscommunication*). Jaba ti éta, kaédah konvérsasi téh baris ngawangun tahapan kamampuh basa (kompeténsi) panyatuma. Ari kaédah konvérsasi téh ngawujud aturan-aturan wacana nu sipatna fungsional kayaning: (1) cara mikat haté nu lian, (2) cara milih jejer (topik), (3) cara mekarkeun topik, jeung (4) cara mungkas topik.

### 1) Cara Mikat Haté nu Lian

Ngarah paguneman urang mikat haté batur aya sawatara aturan anu kudu diéstoikeun pisan, kayaning.

- a) kudu apal carana jeung iraha waktuna motong omongan batur.
- b) apal lilinggeran dina ngedalkeun kateupanujuan.
- c) ulah megat atawa motongan omongan batur.
- d) ulah ngomong kaleuleuwihan, haliwu, atawa motah teuing.
- e) ulah diborong ku sorangan.
- f) nyegah hal-hal atawa jejer nu matak nyugak.
- g) ulah haharéwosan duaan di tengah paguneman.
- h) mun nu lian nyarita kudu daék ngahaminan.
- i) témbongkeun rasa resep atawa teu resep sawajamal.
- j) singkahan jejer (pasualan) nu sipatna pribadi.
- k) atur bedasna sora sing merenah.
- l) ulah pacental ngeunaan perkara nu kurang gunana.
- m) ulah api lain ka nu anyar datang kana riungan.
- n) omongan ulah matak jaheut atawa éraeun nu lian.

### 2) Cara Milih jeung Mekarkeun Jejer (Topik) Omongan

Topik (tina basa Yunani *topoi* = 'tempat lumangsungna kajadian'). Topik mangrupa jejer atawa galeuh omongan. Dina wacana topik téh mangrupa proposisi anu ngawujud

frase atawa klausa tur biasana ngandung inti topik. Satemenna mah wacana katut babagianana téh henteu boga topik, da ari anu boga topik mah ngan panyatur baé.

Topik tek bisa rupa-rupa. Sakurang-kurangna aya tilu rupa topik, nya éta (a) topik salancar, (b) topik jembar, jeung (c) topik sambung-luncat. Ieu di handap dipedar hiji-hijina rupa-rupa topik téa.

Topik salancar nyaéta topik anu dicaritakeun ku panyatur dina hiji wacana kalawan babarengan. Hiji topik direreyang ku sababaraha urang panyatur.

Contona:

- (26) BODO
- Marnan : "Pa, nyuhunkeun roko!"  
Bapa : "Eh, budak leutik mah teu meunang udud, matak bodo!"  
Maman : "Pangnyleunkeun momobilan baé atuh!"  
Bapa : "Teu bisa nyieun momobilan Bapa mah."  
Maman : "Matak, Bapa ulah ngaroko, ambéh teu bodo."

(Ki Umbara, 1986:29)

Dina conto (26) boh Maman boh Bapa pada-pada nyaritakeun topik "ngaroko", témana nuduhkeun yén "ngaroko téh matak bodo".

Topik jembar nyaéta topik wacana anu dicaritakeun ku panyatur kalawan séwang-séwangan, tapi tetep sinambung lantaran aya bagian omongan ti panyatur méméhna.

Contona:

(27) ANAK TUKANG RÉNTEN

- Dédi : "Bapa urang mah basa balik kapeutingan, ditodong ku duaan, ngan sagebragan tingjurahroh"  
Doni : "Komo bapa urang mah, keur saré. Didatangan garong opatan, teu kungsi digebrag, ukur didéhéman geus lalumpatan."  
Ucok : "Geuning basa bapa Dédi jeung Bapa Doni didatangan ku bapa u urang, teu digebrag teu didehéman, ditanyakeun 'mana', geus tingleketey."

(Ki Umbara, 1986:66)

*Topik sambung-luncat* nyaéta topik wacana anu béda-béda. Parapanyatur anteng nyaritakeun topikna séwang-séwangan. Contona:

(28) MATIH

- Dokter I : "Kuring mah alhamdulillah, dina sapopoena téh ari ngawelas mah kudu. Matak, karék tilu taun gé geus ganti mobil deui."
- Dokter II : "Komo kuring mah, teu sirikna ngantay nu rék uubar téh. Boa ka hareup mah kudu ngingu satpam sagala keur ngatur pasén."
- Dokter III : "Kuring mah dina sabulan téh paling gé dua atawa tiluan."
- Dokter I + II : "Leuh, karunya nya? Tapi, naha bisa kitu."
- Dokter III : "Da kuring mah dokter matih. Sakali datang gé, tuluy calageur."

(Cakakak 06:13)

Waktu komunikasi basa lumangsung sering kajadian panyatur téh pindah topik, tina topik nu hiji kana topik anu lian. *Alih topik* tampolana teu karasaeun ku parapanyatur. Najan kitu, aya pananda alih-topik kayaning kecap-kecap *ah, oh, enya, naon nya, ngomong-ngomong, jsté*.

### 3) Gelarna Topik

Dina kanyataanana topik téh henteu salawasna nyampak, bisa waé datangna pandeuri luyu jeung kontéks situasi waktu wacana lumangsung. Éta kaayaan téh gumantung kana prosés interaksi antara panyatur jeung pamiarsa nepi ka kasaluyuan ayana topik. Tanggapan pamiarsa mimitina mah dumasar kana panyangkana kana pidangan wacana ti panyatur. Rebut-tawar antara para panyatur teh bisa sakeudeung bisa lila, gumantung kana gancang henteuna panyatur jeung pamiarsa "nepungkeun kasaluyuan maksud".

Dina kanyataanana mindeng kajadian antara panyatur jeung pamiarsa téh teu sarua 'persepsi', utamana mah upama panyatur medar pasualan nu kontroversial bari pamiarsa kur ang nyangkem atawa teu sapamadegan. Balukarna tanggapan pamiarsa kana wacana ti panyatur tek anékawama.

#### 4) Cara Milih Jejer (Topik)

Ari topik atawa jejer nu alus téh kudu dipilih dumasar kana sababaraha pasaratan, kayaning (1) geus dipikanyaho ku panyatur najan kakara saeutik, (2) mikat haté panyatur, jeung (3) mikat haté pamiarsa.

Hiji topik bakal dipikaresep atawa ngahudang minat pamiarsa lamun nyumponan sababaraha sarat, di antrana wae:

- (i) tumali jeung pasualan pamiarsa,
- (ii) méré pituduh dina ngungkulan pasualan pamiarsa,
- (iii) pasualanana aktual,
- (iv) pasualanana ngandung konflik pamadegan,
- (v) pedaran pasualan teu ngaliwatan wates daya-tangkep pamiarsa, jeung
- (vi) pasualan nu dipidangkeun bisa diréngsékeun dina waktu anu geus disayagikeun.

Tampolana topik téh sok karasa umum. Ku kituna, topik kudu diwatesanan nepi ka spésifik. Aya sababaraha cara ngawatesanan topik téh. Ngarah gampang urang singget baé jadi PUSAT B anu aksara mimitina nyoko kana:

P (peranan); topik dipedar peranana wungkul;

U (untung-rugina); topik dipedar untung rugina, alus goréngna, ngeunah henteuna;

S (sajarah), topik dipedar sajarahna, asal-usulna, kasang tukangna, atawa sikep panyatur kana topik;

A (ayana); topik dipedar kaayaanana, fakta, data, atawa, cara migawena;

T (tipena); topik dipedar tipe-tipena, wama, wanda, atawa wangunna wungkul;

B (bener-henteuna); topik dipedar bener henteuna, luyu henteuna jeung kanyataan.

#### 5) Cara Mekarkeun Topik

Topik bisa dimekarkeun ku sababaraha eara. Aya tilu perkara penting dina mekarkeun topik, nyaéta (1) nangtukeun tujuan, wanda, jeung wangun wacana, (2) nangtukeun pamarekan (*approach*), jeung (3) nangtukeun raraga pamekaran topik. *Tujuan* wacana bisa "ngawawarkeun" kalawan pamarekan faktual, bisa "ngahudang rasa" kalawan pamarekan imajinatif. Wangun wacana nu dipilih bisa EDAN, nya eta eksposisi (pedaran), deskripsi (candraan), argumentasi (alesan), jeung narasi (kisahan).

Aya sababaraha cara anu bisa dipilampah enggoning mekarkeun topik. Ngarah babari, eta cara téh dipidangkeun dina wangun singgetan kieu.

- (1) Bagan *B-K-P*; topik dipedar nurutkeun waktu *Bihari*, *Kiwari*, jeung *Pingburi*.
- (2) Bagan *DAM-D*; topik dimekarkeun nurutkeun runtuyan *duduk pasualan*, *Alesan*, *Misil*, jeung *duduk pasuala*.
- (3) Bagan PM Hatta; topik dimekarkeun nurutkeun kana *Perhatian*, *Minat*, *Hasrat*, jeung *Tindakan*.
- (4) Bagan 5 W + 1 H; topik dipedar dumasar kana *What* (naon), *Who* (saha), *When* (iraha), *Where* (di mana), *Why* (ku naon), jeung *How* (kumaha)
- (5) Bagan B-EU-P; topik dimekarkeun luyu jeung runtuyan *Bubuka*, *Eusi*, jeung *Pungkasan*.

## 6) Topik, Téma, jeung Judul

Topik, téma, jeung judul téh raket patalina. Topik mangrupa jejer pasualan nu dipidangkeun. *Téma* mangrupa amanat utama nu dipidangkeun ku panyatur dina wacana, minangka rumusan tina topik, najan sakapeung mah téma jeung topik tek padédémpét. *Téma* mangrupa topik nu diwatesan. Cara ngawetasanan topik jadi téma téh nyaéta ku bagan PUSAT B téa. Contona, topikna "bahaya narkoba", arti témana bisa "cara ngungkulan bahaya narkoba".

Judul atawa titél mangrupa étikdt, label, mérek, atawa ngaran nu dilarapkeun kana wacana, gunana pikeun ngahudang kapanasaran pamiarsa kana pasualan nu dipedar. Judul mangrupa slogan anu midangkeun topik dina wangunan nu leuwih narik ati. Ku kituna, judul kudu luyu tur nyuluran sagemblengna eusi wacana, écés, tur singget. Judul bisa dijieun saméméh atawa sabada wacana réngsé. Judul bisa nembrak bisa linambang atawa rgiaskeun topik kalawan teu langsung.

Judul téh gedé gunana. Wacana anu sarua sagala rupana, upama judulna béda bads dibayangkeun atawa ditapsirkeun béda. Contona:

(29) DI STATION

Teuing geus sabaraha lilana Nanti nganti-nganti di dinya, tapi can kurunung kénéh baé. Salila diuk, biwirna mah ngawet, tandana ambek. Paromanna alum mesum. Meusmeus ngalieuk ka beh wétan. Nu didagoanana niah weléh taya ringkang-ringkangna acan. Nanti keuheul, ambek nyedek tanaga midek. Antukna, jung nangtung, da karasa bujurna baal. Ti dinya Kulantang-kulingting bari luh-lah.

Wacana di luhur ngébréhkeun saurang wanoja keur ngadagoan karéta api di station. Tangtu bayangan urang moal kana naonnaon deui, tapi kana kaayaan Nanti nu keseleun lantaran karéta nu didagoanana can datang kénéh baé. Éta wacana bakal béda ditapsirkeun, upama dijudulan séjén. Geura titenan conto ieu di handap.

(30) MALEM MINGGU

Teuing geus sabaraha lilana Nanti nganti-nganti di dinya, tapi can kurunung kénéh baé. Salila diuk, biwirna mah ngawet, tandana ambek. Paromanna alum mesum. Meusmeus ngalieuk ka beh wétan. Nu didagoanana niah weléh taya ringkang-ringkangna acan. Nanti keuheul, ambek nyedek tanaga midek. Antukna, jung nangtung, da karasa bujurna baal. Ti dinya Kulantang-kulingting bari luh-lah.

Wacana (21) ngébréhkeun Nanti keur ngadagoan beubeureuhna anu teu datang waé.

### E. Implikatur Konvérsasi

Omongan atawa kalimah bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Ku sabab implikatur téh henteu jadi bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, hubungan di antara éta dua proposisi téh konsékwénsina henteu mutlak (*innecessary consequence*). Contona:

- (31) A : Kang, seueul beuteung.  
B : Tuh, aya warung nasi.



Dina wacana (31), omongan B lain bagian tina omongan A. Omongan B muncul lantaran ayana inferensi nu didadasaran ku kasang tukang pangaweruh yén di warung nasi téh pasti aya sangu nu bisa didahar. Ari sangu téh kapan ubar seueul beuteung atawa lapar.

Ku lantaran teu aya kakaitan ma'na antara hiji omongan jeung nu diimplikasikeun, atuh teu kudu anéh mun hiji omongan téh bisa nimbulkeun rupa-rupa implikatur nu tan wates wangen jumlahna. Contona, omongan si A dina wacana (32) bisa nimbulkeun omongan si B, si C, atawa si D.

- (32) A : Kang Ujang datang.  
B : Rokona sumputkeun heula.  
C : Abdi mah badé permios heula.  
D : Kamerna benahan heula.

Béda jeung implikatur, saperti ébréh dina tatali omongan A-B nu dicontoan ku wacana (31)-(32), tatali omongan A-B dina kalimah (33) di handap ieu sipatna mutlak. Tatali omongan A-B nu sipatna mutlak ték sok disebut *entailment*. Contona:

- (33) A : Tiasa nyuhunkeun citéh. Asa hanaang pisan.  
B : Abdi gé, tos eueut mah, hanaang téh leungit.

Omongan B dina (33) mangrupa bagian atawa konsékwénsi mutlak (*necessary consequence*) tina omongan A.

*Entailment* (mungkin bisa ditarjamahkeun ‘pangartian’) nyoko kana harti anu muncul balukar tina harti nu aya dina hiji wangunan basa. Harti kalimah kieu:

- (34) Kaduhung kuring geus ngarémpak aturan.

nuduhkeun yén “kuring geus ngarémpak aturan”.

Omongan atawa kalimah bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Ku sabab implikatur téh henteu jadi bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, hubungan di antara éta dua proposisi téh konsékwénsina henteu mutlak (*innecessary consequence*).

Contona:

- (35) A : Kang, seueul beuteung.  
B : Tuh, aya warung nasi.

## F. Polah Ucap

Polah ucap atawa laku basa (*language event, speech act*) mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Laku basa mangrupa kontéks kawacanaan. Minangka kagiatan omongan, laku basa pohara dipangaruhanana ku rupa-rupa faktor. Dell Hymes (1972) nétélakeun yén komponén omongan (*components of speech*) anu mangaruhan pilihan laku basa téh bisa disingget jadi SPEAKING anu fonem awalria nyoko kana:

- S (etting and scene)
- P (artisipants)
- E (nd purpose and goal)
- A (ct squences)
- K (ey tone or spirit of act)
- I (nstrumentalities)
- N (orms of interaction and interpretation)
- G (enres)

Naon-naon nu ditepikeun ku Dell Hymes téh ngarojong pisan kana munculna wacana. Pedaran ngeunaan polah ucap atawa laku basa baris dipidangkeun kalawan husus.

## Rangkuman

Pragmatik ngulik patalina polah basa jeung konteks tempat lumangsungna, waktu, jeung kaayaan panyaturna, sarta hubungan ma'na kana aneka situasi omongan. Bisa oge disebutkeun yen pragmatik teh mangrupa ulikan ngeunaan kahanan atawa kondisi-kondisi umum makena komunikasi basa. Obyék ulikan pragmatik ngawengku opat komponén, nyaéta (i) déiksis, (ii) praanggapan, (iii) polah ucap, (iv) adegan konvérsasi, jeung (v) implikatur implikatur konvérsasi.

Déiksis mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa. Upamana waé, unsur *-na* dina kalimah “Imahna aya di Jalan Bima.” Aya dua rupa déiksis, nyaéta déiksis éndoforis anu nyoko kana acauan di jero wacana jeung déiksis éksoforis anu nyoko kana acauan di luar wacana.

Praduga, praanggapan, atawa presuposisi mangrupa pangira atawa panyangka anu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian, masalah proyéksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan nu sipatna ngajéntrékeun. Praduga mangrupa prasarat pikeun nyindekkeun bener henteuna omongan nu lian. Praduga aya patalina jeung inférénsi atawa tapsiran kawacanaan.

Konvérsasi mangrupa unit pangjembarna tina wacana atawa basa nu sipatna interaksional. Konvérsasi mibanda adegan, kaédah, jeung prinsip nu tangtu. Pola konvérsasi nyoko kana hubungan timbal balik antara panyatur jeung pamiarsa. Kaédah konvérsasi nyaéta aturan-aturan anu kudu dikukuhan ku pamaké basa ngarah omonganana komunikatif. Ari kaédah konvérsasi téh ngawujud aturan-aturan wacana nu sipatna fungsional kayaning: (1) cara mikat haté nu lian, (2) cara milih jejer (topik), (3) cara mekarkeun toplk, jeung (4) cara mungkas topik.

Polah ucap atawa laku basa (*language event, speech act*) mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Komponen polah ucap bisa disingget SPEAKING atawa UNGKARA.

Omongan atawa kalimah bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Ku sabab implikatur téh henteu jadi bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, hubungan di antara éta dua proposisi téh konsékwénsina henteu mutlak

## Latihan

Pék jawab sakur pananya ieu di handap!

1. Naon baé komponén pragmatik téh?
2. Tétélakeun perkara déiksis! Sebutkeun wangun jeung wanda déiksis sarta contoan!
3. Naon ari praduga téh? Pék contoan!
4. Kumaha patalina komunikasi jeung konvérsasi?
5. Tétélakeun ngeunaan implikatur tur contoan!
6. Naon ari polah ucap téh? Kumaha patalina jeung konvérsasi?

## Daptar Acuan

- Brooks, Nelson W. 1964. *Language and Language Learning*. New York: Macmillan Publishing. Co, Inc.
- Hymes, Dell. 1972. "The ethnography of Speaking dina J.A. Fishman (ed.) *Reading in the Sociology of Language*, The Hague: Mouton, 1968.
- Levinson, Stephen C.1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Lubis, A. Hamid Hasan. 1993. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Lyons, John. 1977. *Semantics I & II*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1985. "Komponen T tutur" dalam Soenjono Dardjowidjono (ed.), *Perkembangan Linguistik di Indonesia*. Jakarta: Arcan.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1984. *Deiksis dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Samsuri. 1990. *Analisis Wacana*. Malang: Penerbit IKIP.
- Wijana, I Dewa Putu.1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press
- Wijana, I Dewa Putu & Muhamad Rohmadi. 2009. *Analisis Wacana Pragmatik*. Surakarta: Yuma Pustaka.

## BAB X

# TATABASA KOMUNIKATIF

### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep:

- a. Bisa ngajéntrékeun wangenan tatabasa komunikatif;
- b. Bisa ngajéntrékeun métabasa pragmatik;
- c. Bisa ngajéntrékeun aspék pamungkir jeung pananya;
- d. Bisa ngajéntrékeun unsur fungsional pragmatis kalimah; jeung
- e. Bisa ngajéntrékeun wujud pragmatis kalimah.

### A. Wangenan Tatabasa Komunikatif

Tatabasa komunikatif boga anggapan yén (1) basa nyaeta fenomena sosial; (2) kasagatan basa (*language universal*) asalna tina kasagatan makena basa di masarakat; (3) basa diulik patalina jeung fungsi sosialna; (4) basa budak mekar tina kamampuh jeung kabutuh komunikatif barudak di masarakat; (5) makéna basa dianalisis miheulaan kode basa; (6) masarakat basa dianggap hiji matriks kabeungharan kode; (7) konsep saperti masarakat basa, omongan, atawa fungsi basa mangrupa konsép problematis nu husus diulik (Kridalaksana, 2002:9-10).

Tatabasa komunikatif boga tujuan pikeun matalikeun tilu tataran dina analisis basa, nya éta tataran sintaksis, tataran semantik, jeung tataran pragmatik. Tatabasa komunikatif nganalisis katégori gramatikal kayaning pamungkir (négasi), modalitas, jeung pananya dina tilu tataran anu beda. Tataran kahiji, nyoko tataran anu pangdipikawanohna ku pakar basa nya éta tataran sintaksis. Upamana wae, nyusun kalimah tina klausa anu ngandung unsur pamungkir. Upamana waé, medar operator pamungkir (*negative operator*) jeung hubungan logika proposisional. Tataran kadua, nyoko kana tataran semantik anu nyoko kana harti, lain daya. Tataran katilu, nyoko kana tataran pragmatik, anu medar aspék pragmatik pamungkir kayaning submaksim kateuinformatifan nu négatif.

Dina nganalisis tatabasa komunikatif, aya sababaraha hal anu perlu diécéskeun.

- (a) Daya omongan atawa tuturan (T) dibéré watesan minangka beungkeutan implikatur omongan (D), nya éta proposisi anu dicindekkeun kalawan pragmatik tina harti (U), asumsi yén  $n$  taat prinsip jeung maksim rétorik interpersonal, jeung kaweruh kontéktual.
- (b) Beungkeutan implikatur D diruntuykeun tur disusun kalawan merenah nepi ka tiap implikatur bisa dicirian kamalairna sangkan éta implikatur téh bisa dicindekkeun.
- (c) Unggal implikatur mibanda derajat kapercayaan atawa probabilitas pikeun jadi bagian tina pesan  $n$  anu ditepikeun ku T.
- (d) Beungkeutan implikatur D nangtukeun daya ilokusi T. Ieu beungkeutan téh nangtukeun ruwed-henteuna analisis omongan T. Dina ieu analisis, omongan T jadi kagiatan puseur, anu jadi tujuan ilokusi  $n$  ngucapkeun omongan T nu ditangtukeun ku beungkeutan implikatur.
- (e) Sabeungkeut T lianna anu ngantét kana T kahiji, nangtukeun  $n$  dina aspék kumaha wae nu diduga taat maksim rétorik interpersonal. Ieu implikatur téh nangtukeun tujuan *rétorik*  $n$  anu diduga téa. Upamana waé, “diduga tujuan  $n$  ngucapkeun omongan T nya éta pikeun taat maksim PS nu tangtu”.
- (f) Réa implikatur anu kudu dipatalikeun kana ajén-inajén dina skala pragmatik. Upamana waé, implikatur dina wangun sikep proposisional saperti ‘ $n$  yakin yen [X]’ kudu dipatalikeun kana hiji ajén subyéktif luyu jeung derajat kapercayaan éta kayakinan. Bisa dirumuskeun dina huruf Yunani, nya éta ‘ $t$  yakin  $\alpha$  yén [X]’.
- (g) Sawatara implikatur ngandung leuwih ti hiji caritaan sikep; proposisi nu hiji diseselkeun (*embedded*) kana proposisi nu séjén. Upamana waé, implikatur ‘ $n$  ngasumsikeun  $\alpha$  yen [ $t$  handap asor  $\beta$ ] mibanda dua caritaan sikep, nya éta *asumsi* jeung *handap asor*.

## B. Métabasa Pragmatik

Métabasa naon anu diperlukeun pikeun ngadadarkeun daya pragmatik? Urang bisa ngamangpaatkeun kecap pagawéan jeung kecap sipat anu biasa dipaké pikeun nyoko kana kajadian atawa kaayaan méntal nu karandapan ku atawa aya dina  $n$  (sikep proposisional).

Upamana waé, kecap pagawéan kahayang (volisional) *hayang* jeung kecap pagawéan lainna *badé* atawa *maksud*, bisa dibédakeun kualitasna anu dina réalitas pragmatikna teu dimeunangkeun. Ku kituna, perlu dirarancang metabasa anu nétral, nya éta metabasa anu ngandung caritaan nu ngeunteungkeun signifikansi pragmatikna sorangan sarta teu kauger ku harti kecap dina basa-basa nu tangtu.

Aya metabasa séjén pikeun daya pragmatik kayaning implikatur anu ngébréhkeun sikep proposisional téh sipatna métalinguistik atawa métaproposisional. Upamana waé, '*n* yakin yen *X*' lantaran éta implikatur téh nyoko kana hiji proposisi [*X*] anu saeutik lobana dipibanda ku *n*. Ku sabab eusi proposisional nu dieunteunkeun ku *X* ilaharna kapanggih tina maksud omongan *T* anu dayana keur didadarkeun, nya metabasa pargamtikna nyoko sakabéh ébréhan anu dipaké pikeun ngarepresentasikeun harti omongan dina basa. Daya kaasup kana fungsi panghandapna, nyaéta fungsi interpersonal atawa fungsi informatif.

Dina tatabasa komunikatif, anu ngaitkeun sintaksis kana pragmatik ku semantik, tangtu waé diperedih ayana dadaran anu has. Ieu tatabasa teh leuwih jembarna mah, lain ngan ngaitkeun sintaksis jeung pragmatik interpersonal, tapi ogé jeung pragmatik tékstual. Ku kituna, Halliday (1985) ngawanohkeun tilu métafungsi basa, nyaeta

- (1) **ideational function**, anu mangrupa manifestasi tina tujuan basa pikeun maham lingkungan;
- (2) **interpersonal function**, anu mangrupa manifestasi tina tujuan basa pikeun milampah tur ngayakeun tali mimitran jeung sasama panyatur; jeung
- (3) **textual function**, anu mangrupa manifestasi tina relevansi kana dua fungsi samemehna, nyaeta maham lingkungan jeung ngayakeun tali mimitran antarsasama panyatur.

## C. Aspék Pamungkir jeung Pananya

### 1. Analisis Sintaksis

Dina tataran sintaksis, kalimah-kalimah (1) –(8) kapanggih dina basa Sunda, iwal kalimah (2) teu pati ilahar. Kalimah-kalimah (1), (4), (6), jeung (8) bisa dianggap ilahar. Éta kalimah teh bisa dianalisis ku kaidah sintaksis nu disebut *redundancy*.

- Kaédah I négatif → non-asértif (négatif = - afirmatif)  
 Kaédah II interogatif → non-asértif (interogatif = - déklaératif)  
 Kaédah III nu séjénna → asértif

Analisis dina tataran sintaksis téh henteu ngajentrekeun kasus-kasus anu teu ilahar, saperti (3), (5), jeung (7). Kitu deui, henteu bisa ngajéntrékeun yén hubungan antara pananya afirmatif (6) jeung pananya négatif (8) henteu saajar jeung hubungan antara pananya afirmatif (91) jeung pananya negatif (4). Sangkan leuwih jéntré, tengetan tabél ieu di handap.

Tabel 7.1: KALIMAH DÉKLARATIF, AFIRMATIF, ASÉRTIF

No.	Kalimah	Déklaratif	Afirmatif	Asértif
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Agus kalan-kalan telat. (Karéta apina geus datang).	V	V	V
2.	Agus kungsi telat. (Karéta apina geus datang).	V	V	X
3.	Agus henteu kalan-kalan telat. (Karéta apina can datang).	V	X	V
4.	Agus henteu kungsi telat. (Karéta apina can datang).	V	X	X
5.	Naha Agus kalan-kalan telat? (Naha karena apina geus datang?)	X	V	V
6.	Naha Agus kungsi telat? (Naha karéta apina geus datang?)	X	V	X
7.	Agus téh kalan-kalan telat, lain? (Naha karéta apina geus datang?)	X	X	V
8.	Agus téh kungsi telat, Lain? (Naha karéta apina can datang?)	X	X	X



## 2. Analisis Semantik

Kasus-kasus kalimat (3), (5), jeung (7) di luhur bisa dijentrekeun dina tataran struktur logika atawa tataran semantik. Dina ieu tataran ébréh yén tilu oposisi sintaksis sajarah jeung tilu oposisi logikal/semantik.

### Oposisi Sintaksis

### Oposisi Logikal/Semantik

Afirmatif	: négatif	[pos (X)]	: [neg (X)]
Déklaratif	: interogatif	[pos/neg (X)]	: [?(X)]
Asértif	: non-asertif	[X <sup>+</sup> ]	: [X <sup>o</sup> ]

Dina ieu analisis X ngalambangkeun sasaran prediksi ('eusi proposisional') anu dipibanda ku tiap kalimat dina beungkeutan kalimat. Tanda + jeung o dina X<sup>+</sup> jeung X<sup>o</sup> ngalambangkeun operator faktualitas 'fakta' jeung 'nonfakta', tanda tanya (?) mangrupa simbol panna; pananya mangrupa variabel bebas anu ngambat antara [pos, neg] dina pananya *enya/henteu* atawa *enya/lain*.

## D. Unsur Fungsional Pragmatis Kalimah

Disawang tina jihat pragmatik, kalimat mibanda unsur fungsional tema—rema atawa topik—komen. Tema nyaéta bagian omongan anu mere wawaran ngeunan 'naon-naon nu diomongkeun', ari rema nyaéta bagian omongan anu mere wawaran ngeunaan 'naon anu diomongkeun ngeunaan tema'.

Tema mangrupa tumpuan omongan. Tema mibanda sawatara ciri kieu.


1. Tema mangrupa unsur awal (mimiti) dina omongan. Contona:

(37) *Pa Abud guru kuring.*  
T R

Tema bisa sarua jeung jejer bisa beda. Ieu di handap aya conto tema anu sarua jeung jejer (38) aya nu beda (39).

(38) *Ieu teh imahna.*  
T R

(39) *Bah Karta, bojona bageur pisan.*



2. Wates antara téma jeung rema ditangtukeun ku randegan poténsial, interjéksi, atawa kategori fatis (**kecap panganteb**).

Contona:

(40) *Kuring mah, nya, kumaha alusna bae.*

T IntjR

3. Tema ditangtukeun ku unsur-unsur nu ngawangun eta tema saperti:

(a) Inti konstruksi, Contona:

(41) *Pa Abud teh guru kuring.*

T R

(b) Konjungsi, inti konstruksi, rema:

(42) *Sanajan ari kanyataanana mah, beda*

Konj -----, -----  
T R

(c) inti konstruksi, kategori fatis, rema:

(43) *Ari kuring mah, atuh geus boga.*

Kat. Fatis, -----  
T R

Jaba ti tema—rema, dina analisis unsur fungsional pragmatis kalimah aya nu disebut fokus—latar. Fokus (F) mangrupa bagian omongan anu ngandung wawaran ngeunaan aspek pangpentingna nu dicaritakeun dina eta omongan. Bagian omongan nu difokuskeun kadang-kadang meunang tekenan tur pangseringna diteundeun dina bagian

mimiti omongan. Bagian omongan sejenna disebut latar (L). Aya sawatara ciri fokus saperti ieu di handap.

1. Neundeun bagian kalimah di hareup. Contona:

(44) *Alus / imahna teh.*  
F L

2. Makena kecap panganteb jeung sufiks *-na* dina unsur kalimah nu difoksukan. Contona:

(45) *Kuring **teh** ti Tasik.*  
F L

(46) *Bapa maos **koranna** di tepas.*  
L F

3. Dina kalimah pananya, unsur fokus dicirian ku kecap pananya. Contona:

(47) ***Saha** manehna teh?*  
F L

4. Dina omongan nu ngandung frasa modifikatif, fokus nyaeta unsur modifikator nu dipeuhalaan ku kecap (*a*)nu:

(48) *Ulah meuli buku **nu eta**.*  
L F

Fokus (F) bisa pakait jeung kontras (K). Fokus mangrupa bagian omongan nu ngandung perkara nu dipentingkeun, ari kontras mangrupa unsur wawaran nu ngandung unsur positif atawa negatif. Fokus jeung kontras aya dina konstruksi disjungtif tur ngandung tekanan atawa informasi nu tangtu.

(49) *Nu indit mah **manehna**, lain **kuring**.*  
F K

Dina analisis pragatis kalimah aya nu disebut konstuksi empatis. Unsur empatis atawa panganteb mangrupa bagian omongan anu ditonjolkeun ku cara ditekenkeun. Panganteb bisa wae mangrupa mindahkeun bagian omongan ka hareup.

Contona:

(50) *Nya manehna anu manggihan ali teh.*



Panganteb

## E. Wujud Pragmatis Kalimah

Wujud pragmatis kalimah didasaran ku fungsi atawa ajén komunikatif kalimah, nya éta (a) wawaran (déklaratif), (b) pananya (interogatif), (c) paréntah (imperatif), jeung (d) panyeluk (aklamatif). Éta opat wujud pragmatis kalimah téh masing-masing dipedar ieu di handap.

### 1. Wujud Pragmatis Kalimah Wawaran

Wujud pragmatis wawaran (deklaratif) nyaéta wujudiah atawa réalisasi maksud ngawawarkeun dina basa Sunda anu diatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Singgetna, harti pragmatik wawaran ditangtukeun ku konteks situasi, boh kontéks linguistik boh kontéks non-linguistik. Aya tujuh harti pragmatik wawaran, nya éta (1) ‘iber’, (2) ‘nitah’, (3) ‘ngajak’, (4) ‘ménta’, (5) ‘ngabagéakeun’, (6) ‘nyarék’, jeung (7) ‘ngantebkeun’.

#### a. Wawaran nu Harti Pragmatisna ‘Iber’

Wawaran anu harti pragmatisna ‘iber’ mangrupa omongan anu ilaharna disebut kalimah wawaran atawa iber. Tengetan contona ieu di handap.

(51) Kolot-kolotna isuk-isuk kénéh geus arindit ka kebon.

(52) Putrana Pa Sodik teu damang.

#### b. Deklaratif nu Harti Pragmatisna ‘Nitah’

Wawaran anu harti pragmatisna ‘nitah’ mangrupa omongan anu wujudna kalimah wawaran tapi eusina nitah. Tengetan contona ieu di handap.

(53) Asa hareudang. Teu jalan kitu kipas angin téh.

Diucapkeun ku salasaurang di rohangan kantor waktu hawana panas. Kipas angin teu dihurungkeun. Tapi, kabeneran aya babaturan atawa sahandapeun anu deukeut jeung

pamencetan kipas angin. Sacara teu langsung panyatur menta babaturanana ngahurungkeun eta kipas angin.

### **c. Wawaran nu Harti Pragmatisna ‘Ngajak’**

Wawaran anu harti pragmatisna ‘ngajak’ mangrupa omongan anu wujudna kalimah wawaran tapi eusina ngajak. Tengetan contona ieu di handap.

(54) Pa, asa tos lami teu ngojay ka Cimanggu. Minggu ayeuna mah salsé sigana.

Omongan di luhur diucapkeun pamajikan ka salakina. Signa méré beja yén ‘ngojay ka Cimanggu geus lila teu dilaksanakeun’. Padahal, di satukangeun éta omongan aya maksud ngajak salakina sangkan ngojay ka Cimanggu.

### **d. Wawaran nu Harti Pragmatisna ‘Ménta’**

Wawaran anu harti pragmatisna ‘ménta’ mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun tapi eusina ménta. Tengetan contona ieu di handap.

(55) Kawitna mah bade ngiring ka Cipatat téh. Numawi pun anak udur répot.

Omongan di luhur diucapkeun ku salasaurang nu teu bisa milu ka Cipatat lantaran anakna keur gering parna. Tapi, di satukangeun éta warta dina dasarna aya maksud ‘menta’, husuna menta hampura.

### **é. Wawaran nu Harti Pragmatisna ‘Ngabagéakeun’**

Wawaran anu harti pragmatisna ‘ngabagéakeun’ mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun tapi eusina ngabagéakeun. Tengetan contona ieu di handap.

(56) Ibu-ibu miwah Bapa-bapa acara badé dikawitan. Korsi di payun kosong kénéh.

Omongan di luhru diucapkeun ku pangatur acara dina hiji lawungan. Sigana ngawawarkeun yen korsi di beulah hareup masih keneh kosong. Tapi, satukangeun éta

kalimah aya maksud ‘ngabageakeun’ pamilon sangkan asup tur ngeusian korsi nu geus disayagikeun.

#### **f. Wawaran nu Harti Pragmatisna ‘Nyarek’**

Wawaran anu harti pragmatisna ‘ngabagéakeun’ mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun tapi eusina ngabageakeun. Tengetan contona ieu di handap.

- (57) Peuting-peuting kieu rék balik. Loba jelema jahat ayeuna mah. Di dieu ge aya kamer keur saré mah.

Omongan di luhur diucapkeun ku pribumi ka semah anu wujudna ngawawarkeun. Tapi, eusina nyaréék mulang lantaran di geus peuting sarta di jalan rea jalma jarahat. Semah téa disina ngendong da aya kamer kosong.

#### **g. Wawaran nu Harti Pragmatisna ‘Ngantebkeun’**

Wawaran nu harti pragmatisna ‘ngantebkeun’ (émpatik) mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun, tapi eusina ngantebeun atawa negeskeun. Umumna anu diantebkeun teh jejer kalimah. Najan kitu, bisa wae anu diantebkeun téh caritaan, udagan, panglengkep, atawa katerangan. Tegetan cotona ieu di handap.

- (58) **Nya** manehna nu indit téh.

Dina omongan (134) di luhur diwawarkeun yén ‘anu indit teh manehna’. Palebah dieu aya diantebkeun nya eta jejer kalimah “manéhna” ku ditambahan kecap paganteb nya.

Ari dina kalimah (135--138) kalawan ngaruntuy anu diantebkeun téh nya éta caritaan, udagan, panglengkep, jeung katerangan.

- (59) Manehna melong *baé*, nyidik-nyidik ka kuring.  
(60) Bapa maos koranna\_ di tepas.  
(61) Mang Karta dagang béasna di pasar.  
(62) Harita *gé* diajak ka dieu.

## 2. Wujud Pragmatis Kalimah Pananya

Wujud pragmatis kalimah pananya (interogatif) nya éta wujudiah atawa réalisasi maksud nanaykeun dina basa Sunda anu dipatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Aya 13 harti pragmatis kalimah pananya, nya éta (1) ‘kaayaan’, (2) ‘waktu’, (3) ‘ngantebkeun’, (4) ‘tempat’, (5) ‘rasa’, (6) ‘kalakuan’, (7) ‘sabab’, (8) ‘cara’, (9) ‘asal’, (10) ‘golongan’, (11) ‘jarak’, (12) ‘babandingan’, jeung (13) ‘ajén’.

### a. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Kaayaan’

Pananya nu harti pragmatisna kaayaan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun kaayaan hiji barang, hal, atawa peristiwa. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *kumaha* jeung *aya naon*. Tengetan contona ieu di handap.

- (63) Ari kitu kumaha?
- (64) Aya naon, asa rareuwas Aceuk mah?
- (65) Aya nu énténg, Bapa?
- (66) Aya pidameleun naon?
- (67) Bade mulih?

### b. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Waktu’

Pananya nu harti pragmatisna waktu mangrupa omongan anu eusina nanyakeun waktu lumangsungna hiji kajadian. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *iraha*. Contona:

- (68) *Iraha* asup deui sakola?
- (69) *Iraha rék* balik teh?
- (70) *Iraha urang nyuratan téh*?
- (71) Lami pistana Enggin téh, Ibu?
- (72) Tos sabaraha dinten Éha di rumah sakitna?

### c. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Ngantebkeun’

Pananya nu harti pragmatisna ngantebkeun mangrupa omongan anu eusina nanyakeun hal anu diantebkeun. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *ari*, *kitu*, jeung *nya*. Tengetan contona ieu di handap.

- (73) Ari di dinya rék resep kitu baé bubujangan?
- (74) Aya di bumi, kitu?
- (75) Bapa, moal pisan ngabantuan?
- (76) Geus karaos lepatna, nya?
- (77) Geus nyaho sidik ka Mahmud téh?

#### **d. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Tempat’**

Pananya nu harti pragmatisna tempat mangrupa omongan anu eusina nanyakeun tempat atawa perenahna. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *ti mana, ka mana, di mana*. Tengetan contona ieu di handap.

- (78) Ti mana ieu téh?
- (79) Badé angkat ka mana?
- (80) Cacandakanana di mana?
- (81) Di mana bumi téh?
- (82) Di mana selop Endén?

#### **é. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘rasa’**

Pananya nu harti pragmatisna rasa mangrupa omongan anu eusina nanyakeun rasa seperti rasa héran, was-was atawa ragu-ragu. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *kitu*. Tengetan contona ieu di handap.

- (83) Ka éta heula kitu?
- (84) Kumaha Adén, nganggo Ciparagé-ciparagé kitu?
- (85) Ku naon kitu?

#### **f. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Kalakuan’**

Pananya nu harti pragmatisna kalakuan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun kalakuan atawa paripolah. Ilaharna dicirian ku kecap pananya (*bade, aya, rék*) *naon*. Tengetan contona ieu di handap.

- (86) Badé naon Adén?
- (87) Badé naon Enéng?



- (88) Badé naon?
- (89) Cing rék kumaha kahayang téh?
- (90) Rék naon, rék kumaha pikarepeun?

**g. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Sabab’**

Pananya nu harti pragmatisna kalakuan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun sabab-musabab. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *keur naon, ku naon, naon, jeung lain*. Tengetan contona ieu di handap.

- (91) Ari ayeuna maké ngajak badami, keur naon?
- (92) Ari jero-jerona pang Den Kalipah teu panuju ka dinya naon?
- (93) Badé naon ka pasar heula?
- (94) Da naon?
- (95) Naha atuh tadi ngajak-ngajak ngilik-ngilik anu rada lindeuk, rék neangan deui lain?

**h. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Cara’**

Pananya nu harti pragmatisna cara mangrupa omongan anu eusina nanyakeun cara kalakuan dilaksanakeun. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *kumaha*. Tengetan contona ieu di handap.

- (96) Ari hayang mah hayang Ibu, ngan kumaha?
- (97) Kumaha ari pamanna, Den Kalipah terangeun kitu?
- (98) Kumaha bade dipegatanana?
- (99) Kumaha ngilarina sakieu poekna?
- (100) Kumaha nya nganuhunkeunana?

**i. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Asal’**

Pananya nu harti pragmatisna asal mangrupa omongan anu eusina nanyakeun asalna barang atawa hal. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *ti saha, ti mana, jeung ti nu naon*. Tengetan contona ieu di handap.

- (101) Na ti saha Eha nyaho diomé?

(102) Ti saha uninga, abdi aya di dieu?

**j. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Golongan’**

Pananya nu harti pragmatisna asal mangrupa omongan anu eusina nanyakeun hiji golongan, saperti golongan malaikat, manusa, sasatoan atawa tutuwuhan. Ilaharna dicirian ku kecap pananya *naon, ceuk, kana naon*. Tengetan contona ieu di handap.

(103) Ari nu katiluna naon?

(104) Ceuk saha dua?

(105) Dipentog ku saha?

**k. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Jarak’**

Pananya nu harti pragmatisna jarak mangrupa omongan anu eusina nanyakeun jauh/jarakna ti hiji tempat ka tempat sejen. Tengetan contona ieu di handap.

(106) Tebih bumi téh?

(107) Sakumaha jauhna ti dieu?

(108) Sabaraha kilo ti Bandung ka Kawahputih téh?

**l. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Babandingan’**

Pananya nu harti pragmatisna babandingan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun sasaruuan jeung bedana antara dua hal. Tengetan contona ieu di handap.

(109) Mending mana, emas saeutik teu guna sareng suasana gedé mangpaatna?

(110) Alus mana gambar ieu jeung nu éta?

**m. Pananya nu Harti Pragmatisna ‘Ajén’**

Pananya nu harti pragmatisna ajén mangrupa omongan anu eusina nanyakeun ajén (kualitas) hiji barang, kajadian, atawa hal. Tengetan contona ieu di handap.

(111) Alus gambarna, nya?

(112) Ari jelemana bener kitu?

(113) Baju teh hadé pisanieu mah.

### 3. Wujud Pragmatis Kalimah Paréntah

Wujud pragmatis kalimah paréntah (imperatif) nya éta wujudiah atawa realisasi maksud marentah dina basa Sunda anu dipatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Aya 13 harti pragmatik kalimah paréntah, nya éta (1) ‘maréntah’, (2) ‘nitah’, (3) ‘ménta’, (4) ‘pamaksa’, (5) ‘pangharepan’, (6) panyaréék, (7) ‘pangajak’, (8) ‘panggeuri’, (9) ‘pangbagéa’, (10) ‘panganjur’, (11) ‘panggentra’, (12) ‘pangwawadi’, jeung (13) ‘panganteb’.

#### a. Parentah nu Harti Pragmatisna ‘Pangjurung’

Parentah anu harti pragmatisna pangjurung mangrupa omongan anu eusina ngajurung jalma lian sangkan milampah parentah anu dijurungkeun ku panyatur. Ilaharna dicirian ku kecap *geura*, *gancang*, *buru(keun)*. Tentetan contona ieu di handap.

(114) **Geura** jung atuh ari rék ka balong mah!

(115) **Burukeun** leumpangna bisi kaburu hujan!

(116) **Gancang** bawa ka dieu bukuna!

#### b. Parentah nu Harti Pragmatisna ‘Panitah’

Parentah nu harti pragmatisna panitah mangrupa omongan anu eusina nitah jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean nu diparantéhkeun. Ilaharna diciran ku kecap pagawean parentah, kecap pagawéan nu dirarangkenan tukang *keun*, jeung kecap parentah *pek* jeung *cing*. Tentetan contona ieu di handap.

(117) **Buka** panto. Ieu Euceu!

(118) **Pék** ngitung heula!

(119) **Cing** atuh ngilu sakali mah!

(120) Taros**keun** ka anjeunna!

(121) Laillahailékong kitu, **pek**!

### c. Parentah nu Harti Pragmatisna ‘Paménta’

Parentah nu harti pragmatisna paménta mangrupa omongan anu eusina ménta jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean nu dipenta. Ilaharna mangrupa paraétah biasa kalawan lenting handap. Tengetan contona ieu di handap.

- (122) Duh, Nita, dungakeun atuh!
- (123) Dungakeun atuh!
- (124) Dungakeun baé...nya Nita!
- (125) Dungakeun kaka sing hasil maksud!
- (126) Dungakeun Nita, sangkan manéhna salamet di jalan!

### d. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Pamaksa’

Paréntah nu harti pragmatisna pamaksa mangrupa omongan anu eusina maksa atawa ngadesek jalma lian sangkan ngalakukeun pagawéan. Ilaharna dicirian ku kecap *kudu* atawa *kedah*. Tengtetan contona ieu di handap.

- (127) Ari jadi awéwé **kudu** bisa tepi ka kitu nyenangkeun hate lalaki téh!
- (128) Hidep ka Ua téh saenyana **kedah** nyebat aki!
- (129) Kaka **kudu** daék ngorbankeun kahayang!
- (130) **Kudu** siga awéwé!
- (131) Mun urang hayang téréh meunang gelar, **kudu** sakola ka luar nagri!

### é. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Pangharepan’

Parentah nu harti pragmatisna pangharepan mangrupa omongan anu eusina miharep jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean atawa nyumponan naon-naon nu dipiharepna. Ilaharna dicirian ku kecap *mugi*, *mugi-mugi*, *mugia*, *muga-muga*. Tengtetan contona ieu di handap.

- (132) Ayeuna nu darangsa **mugi** kersa liren heula!
- (133) **Muga-muga** bae kapalay Ibu tinekanan!
- (134) **Mugi-mugi** Alloh maparin rahmat!
- (135) **Mugi** kersa rarepeh heula!

#### **f. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Panyarék’**

Paréntah nu harti pragmatisna panyarék mangrupa omongan anu eusina nyarek jalma lian sangkan ulah ngalakukeun pagawéan naon-naon. Ilaharna dicirian ku kecap *ulah* jeung *entong*. Tengetan contona ieu di handap.

- (136) **Tong** gandéng ah!
- (137) **Tong** bingung-bingung, Nini!
- (138) **Tong** hayang-hayang teuing ka luar nagri!
- (139) **Ulah** kéténg, Apa wé!
- (140) **Ulah** nangis, In!

#### **g. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Pangajak’**

Paréntah nu harti pragmatisna pangajak mangrupa omongan anu eusina ngajak jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean. Ilaharna dicirian ku kecap *yu*, *hayu*, *urang*, *hayu urang*. Tengetan contona ieu di handap.

- (141) **Yu**, ayeuna gancang!
- (142) **Hayu urang** ngayakeun pésta!
- (143) **Urang** ngaraos heula!
- (144) **Urang** meuli éta waé!

#### **h. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Panggeuri’**

Paréntah nu harti pragmatisna panggeuri mangrupa omongan anu eusina ngageuri atawa menta kalawan lumengis sangkan jalma lian mikarunya. Ilaharna dicirian ku kecap *wayahna*. Tengetan contona ieu di handap.

- (145) **Wayahna** baé Nita, sing karunya ka kuring!
- (146) **Hih atuh** Kasep, wayahna baé sing daék prihatin!

#### **i. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Pangbagea’**

Paréntah nu harti pragmatisna pangbagea mangrupa omongan anu eusina ngabagéakeun jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean. Ilaharna dicirian ku kecap *mangga*. Tengetan contona ieu di handap.

- (147) **Mangga** linggih heula, atuh!
- (148) **Mangga** atuh, Enden!
- (149) **Mangga** ayeuna mah urang sami-sami ngempelkeun tanaga.
- (150) **Mangga** teraskeun!

#### **j. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Anjuran’**

Paréntah nu harti pragmatisna anjuran mangrupa omongan anu eusina nganjurkeun jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean. Ilaharna diciran ku kecap (*alusna, saéna, hadéna*) mah. Tengetan contona ieu di handap.

- (151) **Alusna mah** dibadamikeun heula.
- (152) **Hadena mah** boga gawé heula.
- (153) **Saena mah** angkat ayeuna baé.

#### **k. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Panggentra’**

Paréntah nu harti pragmatisna panggentra mangrupa omongan anu eusina ngagentraan atawa nyalukan jalma lian sangkan datang ka panyatur. Tengetan contona.

- (154) Héy, ka dieu!
- (155) Jang, dieu!
- (156) Mang, sayur!
- (157) Nyai, Nyai!
- (158) Tét, Téti, ka dieu!

#### **l. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Pangwawadi’**

Paréntah nu harti pragmatisna pangwawadi mangrupa omongan anu eusina ngawawadian jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean. Ilaharna diciran ku kecap *ka(ha)dé* dan *ati-ati*. Tengetan contona ieu di handap.

- (159) Ati-ati di jalanna!
- (160) Ka(ha)dé sing bisa jaga diri!
- (161) Kadé sing ati-ati, loba jelema baragajul ayeuna mah!

#### **m. Paréntah nu Harti Pragmatisna ‘Panganteb’**

Paréntah nu harti pragmatisna panganteb mangrupa omongan anu eusina ngantebkeun kalakuan anu kudu dipilampah ku jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(162) Wios wé abdi nu mios.

(163) Wios wéakang nu ngantosan.

#### **4. Wujud Pragmatis Kalimah Panyeluk**

Wujud pragmatis kalimah panyeluk (aklamatif) nya éta wujudiah atawa realisasi maksud cumeluk atawa kedaling sora bituna rasa panyaturna dina basa Sunda anu dipatalikeun kana konteks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Aya 11 harti pragmatik kalimah panyeluk, nya éta (1) ‘kukulutus’, (2) ‘pangwilujeng’, (3) ‘panghaturan’, (4) ‘kagumbira’, (5) ‘tumamprak’, (6) ‘kakaget’, (7) ‘kahariwang’, (8) ‘kageuleuh’, (9) ‘kanyeri’, (10) ‘kakeuheul’, jeung (11) ‘katengtrem’.

##### **a. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kukulutus’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kukulutus mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kesel panyaturna ka jalma lian. Ilaharna sok digunakeun kecap-kecap anu patali jeung *rarangan, katuna awak, atawa sasatoan*. Tengetan contona ieu di handap.

(164) Bebel siah!

(165) Cécér téh!

(166) Dasar si Tulang sirit.

(167) Goblog, manéh mah!

(168) Kunyuk rawun téh!

##### **b. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Pangwilujeng’**

Panyeluk nu harti pragmatisna pangwilujeng mangrupa omongan anu eusina kedaling pangwilujeng atawa salam panyaturna ka jalma lian. Ilaharna sok digunakeun kecap-kecap anu patali jeung *kasalametan, kasuksesan, atawa sungkawa*. Tengetan contona ieu di handap.

(169) Wilujeng énjing, Pa!

(170) Wilujeng sumping di Bandung!

(171) Ngiring bingah.

**c. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Panghaturan’**

Panyeluk nu harti pragmatisna panghaturan mangrupa omongan anu eusina kedaling ngahaturkeun nuhun panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(172) Nuhun, Pa.

(173) Hatur nuhun parantos kersa sumping.

**d. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kagumbira’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kagumbira mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kagumbira atawa kabungah panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(174) Horé, urang meunang euy!

(175) Lakadalah meunang lauk téh mani badag pisan!

**e. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Tumamprak’**

Panyeluk nu harti pragmatisna tumamprak mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa tumamprak atawa tumarima panyaturna kana kaayaan. Tengetan contona.

(176) Ah, kuring mah kumaha bréhna waé!

(177) Emh, nasib teh aya ku goréng-goréng teuing!

**f. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kakaget’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kakaget mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kagét atawa reuwas panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(178) Ambuing aya lauk badag-badag teuing!

(179) Wah piraku aya nu maot hirup deui inaman!

(180) Kutan, manehna teh urang Tasik!



### **g. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kahariwang’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kahariwang mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kahariwang panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(181) Boa-boa manéhna téh kahujanan!

(182) Palangsiang budak téh cilaka!

### **h. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kageuleuh’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kageuleuh mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kageuleuh atawa kasebel panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(183) Iy, aya titinggi ngarayap kana terlas!

(184) Ey, geuleuh aya budak teu mandi!

### **i. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kanyeri’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kanyeri mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kanyeri panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(185) Aduh, suu titajong kana batu!

(186) Alah ieung, beuteung téh nyeri-nyeri teuing!

### **j. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Kakeuheul’**

Panyeluk nu harti pragmatisna kakeuheul mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kakeuheul panyaturna ka jalma lian. Tengetan contona ieu di handap.

(187) Na, aya budak bangor-bangor teuing!

(188) Ih, jalma teh dibageuran kalah ngalunjak!

### **k. Panyeluk nu Harti Pragmatisna ‘Katengtrem’**

Panyeluk nu harti pragmatisna katengtrem mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa katengtrem panyaturna ka Gusti Alloh. Tengetan contona ieu di handap.

(189) Alhamdulillah, ya Alloh abdi parantos dipaparin kakiatan!

(190) Nuhun Gusti abdi parantos disalametkeun!

## Rangkuman

Tatabasa komunikatif boga anggapan yén (1) basa nyaeta fenomena sosial; (2) kasagatan basa (*language universal*) asalna tina kasagatan makena basa di masarakat; (3) basa diulik patalina jeung fungsi sosialna; (4) basa budak mekar tina kamampuh jeung kabutuh komunikatif barudak di masarakat; (5) makéna basa dianalisis miheulaan kode basa; (6) masarakat basa dianggap hiji matriks kabeungharan kode; (7) konsep saperti masarakat basa, omongan, atawa fungsi basa mangrupa konsép problematis nu husus diulik.

Tatabasa komunikatif boga tujuan pikeun matalikeun tilu tataran dina analisis basa, nya éta tataran sintaksis, tataran semantik, jeung tataran pragmatik. Tatabasa komunikatif nganalisis katégori gramatikal kayaning pamungkir (négasi), modalitas, jeung pananya dina tilu tataran anu beda.

Dina tatabasa komunikatif, anu ngaitkeun sintaksis kana pragmatik ku semantik, tangtu waé diperedih ayana dadaran anu has. Ieu tatabasa teh leuwih jembar mah, lain ngan ngaitkeun sintaksis jeung pragmatik interpersonal, tapi ogé jeung pragmatik tékstual. Ku kituna, aya tilu métafungsi basa, nyaéta (1) **ideational function**, anu mangrupa manifestasi tina tujuan basa pikeun maham lingkungan; (2) **interpersonal function**, anu mangrupa manifestasi tina tujuan basa pikeun milampah tur ngayakeun tali mimitran jeung sasama panyatur; jeung (3) **textual function**, anu mangrupa manifestasi tina relevansi kana dua fungsi samemehna, nyaeta maham lingkungan jeung ngayakeun tali mimitran antarsasama panyatur.

Wujud pragmatis kalimah didasaran ku fungsi atawa ajén komunikatif kalimah, nya éta (a) wawaran (déklaratif), (b) pananya (interogatif), (c) paréntah (imperatif), jeung (d) panyeluk (aklamatif). Wujud pragmatis wawaran (deklaratif) nyaéta wujudiah atawa réalisasi maksud ngawarkeun dina basa Sunda anu diatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Wujud pragmatis kalimah pananya (interogatif) nya éta wujudiah atawa réalisasi maksud nanaykeun dina basa Sunda anu dipatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Wujud pragmatis kalimah paréntah (imperatif) nya éta wujudiah atawa realisasi maksud marentah dina basa Sunda anu dipatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna.

## Latihan

Jawab sakur pananya ieu di handap!

- 1) Naon bédana tatabasa jeung tatabasa komunikatif?
- 2) Naon anu dimaksud ku metapramatik? Pék contoan!
- 3) Naon ari aspék pamungkir téh? Kumaha ciri sintaktis jeung semantisna?
- 4) Naon ari aspék pananya? Kumaha ciri sintakstis jeung semantisna? Pék contoan!
- 5) Naon waé wujud pragmatis kalimah dina basa Sunda?
- 6) Naha bisa kalimah wawaran tapi eusina nitah? Contoan!
- 7) Naha bisa sora bituna rasa diasupkeun kana kalimah paréntah?
- 8) Tétélakeun sasaruuan jeung bédana kalimah paréntah jeung kalimah panyeluk!

## Daptar Acuan

- Fillmore, Charles, 1977. *Santa Crus Lectures on Deixis*. Mimeo: Indiana University Linguistics Club.
- Halliday, M.A.X. 1985. *Language as Social Semiotics: The Social Interpretation of Language and Meaning*. London: Edward Arnold.
- Kridalaksana, Harimurti. 2002. *Struktur, Kategori, dan Fungsi dalam Teori Sintaksis*. Jakarta: Unika Atmajaya.
- Kunjana, Rahardi. 2000. *Imperatif dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.
- Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1984. *Deiksis dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ramlan, M. 1987. *Sintaksis*. Yogyakarta: Karyono.
- Samsuri. 1985. *Tatakalimat Bahasa Indonesia*. Jakarta: Sastra Hudaya.
- Sudaryat, Yayat. 2001. "Struktur Pragmatis Kalimat Bahasa Sunda". Bandung: Proyek Due-Like UPI.
- Sudaryat, Yayat. 2014. *Struktur Bahasa Sunda*. Bandung: SPs UPI.

# BAB XI

## KONTÉKS KAPRAGMATIKAN WACANA

### Tujuan Pangajaran

Saréngsena prosés pangajaran, Sadérék dipiharep

- a. Bisa ngajéntrékeun wangenan kontéks situasi;
- b. Bisa ngajéntrékeun kontéks wacana.

### A. Kontéks Situasi

Kontéks téh mangrupa situasi anu aya patalina jeung hiji kajadian. Dina tata basa, kontéks kagolong kana babagian omongan atawa kalimah anu ngadeudeul atawa nambahan écésna harti (KBBI, 1988:458). Sora, kecap, atawa frasa anu miheulaan atawa nuturkeun unsur basa dina omongan. Kontéks ogé mangrupa ciri-ciri alam di luar basa yang anu numuwuhkeun harti dina omongan atawa wacana; lingkungan non-linguistik tina wacana; sakumna faktor dina proses komunikasi anu henteu jadi bagian tina wacana (Kridalaksana, 1982:93).

Konteks wacana mangrupa ciri-ciri alam di luar basa (kontéks non-linguistik) anu numuwuhkeun harti omongan atawa wacana. Kleden (2004:365) ngécéskeun yén kontéks nya éta tempat jeung waktu anu spesifik anu disanghareupan ku hiji jalma atawa kelompok jalma. Unggal rékacipta atawa kréasi budaya (atawa wacana) salawasna lahir dina kontéks omongan. Ku kituna, panyangkem kana kontéks merlukeun sawangan anu sipatna kontékstual. Sok sanajan kitu, kontéks lain hiji pangartian anu angger (statis). Tiap kontéks salawasna bisa didékontékstualisasi jeung dirékontékstualisasi ku tiap kelompok dina mangsana. Kontéks jadi penting lamun dilenyapan kalawan tékstual nepi ka jadi muka pikeun dibaca atawa ditapsirkeun ku sing saha waé.


Béh ditu mah para pakar basa téh nganalisis kalimah di luar kontéks. Harti atawa ma'na tina hiji kalimah saenyana mah kakara bisa disebut bener lamun urang nyaho ka saha panyatur, saha pamiarsa, waktu prosés komunikasi. Ku kituna, pakar wacana nganalisis kalimah-kalimah samemehna nganalisis kontéksna heula. Pakar wacana nganalisis data basa minangka téks anua aya dina hiji kontéks. Fillmore (1977:119) nétélakeun yén:

*The task is to determine what we can know about the meaning and context of an utterance given only the knowledge that the utterance has occurred.... I find that whenever I notice some sentences in context, immediately find myself asking what the effect would have been if the context had been slightly different.*

Nurutkeun Valdman (1966, dalam Corder, 1973:305) dina bukuna *Trend in Language Teaching*, kalawan gembleng (total) anu disebut ku kontéks téh sipatna nyamuni (implisit) jeung nembrak (éksplisit). Kontéks implisit ngawengku situasi, fisik, jeung sosial; ari kontéks éksplisit ngawengku kontéks linguistik (*linguistic context*) jeung kontéks ékstra-linguistik.


Imam Syafi'ie (1990:126) nétélakeun yén kontéks makéna basa aya opat rupa, nya éta (1) kontéks fisik (*physical context*) anu nyoko kana lumangsungna makéna basa dina hiji prosés komunikasi; (2) kontéks épistemis (*epistemic context*) anu nyoko kana kasang tukang pangaweruh anu pada-pada dipikanyaho ku panyatur jeung pamiarsa; (3) kontéks linguistik (*linguistic context*) anu nyoko kana kalimah-kalimah anu miheulaan atawa nuturkeun kalimah séjénna dina hiji komunikasi; jeung (4) kontéks sosial (*social context*) anu nyoko kana hubungan sosial katut kasang tukang anu ngalengkepan hubungan panyatur jeung pamiarsa.

Sangkan leuwih jéntré, bisa diilikan dina ieu bagan gunggungan (totalitas) kontéks di handap.



Bagan 11.1: TOTALITAS KONTÉKS

Halliday (1978) nyawang basa minangka pakakas dina prosés komunikasi atawa sistim semiotik. Dina komunikasi basa kalibet ayana kontéks, téks, jeung sistim basa. Aya dua rupa kontéks, nya éta kontéks budaya (*context of culture*) jeung kontéks situasi (*context of situation*). Kontéks budaya medalkeun rupa-rupa téks (*genre*) anu dipaké ku masarakat pikeun rupaning tujuan komunikasi. Kontéks situasi mangrupa kontéks anu mangaruhan rupa-rupa pilihan panyatur basa, di antarana waé, jejer bahan (*field*), patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*), sarta kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*). Baganna bisa diilikan ieu di handap.



Bagan 11.2: MODEL KONSTEKSTUAL

## B. Kontéks Wacana

Kontéks wacana mangrupa ciri-ciri alam luareun basa atawa lingkungan nonlinguistik anu numuwuhkeun ma'na omongan atawa wacana waktu komunikasi. Kontéks wacana anu ngarojong cara ngama'naan omongan nya éta *situasi kawacanaan*. Luyu jeung pamadegan Dell Hymes (1972) anu nyebut komponen tutur ku singgetan SPEAKING. Situasi wacana raket patalina jeung laku basa atawa polah ucap. Minangka kagiatan omongan, laku basa dipangaruhan ku rupa-rupa faktor nu disebut *komponén omongan*. Sakumaha nu geus ditetelakeun dina bab samemehna, dina ieu tulisan komponén omongan anu jadi ciri kontéks wacana téh rék disingget UNGKARA, anu foném awalna mangrupa singgetan tina:

- U (ndak usuk basa atawa tata krama basa)
- N (u maké basa jeung nu dicaritakeun)
- G (alur omongan)
- K (asang tukang tempat, waktu, jeung suasana)
- A (lat nu digunakeun)
- R (asa, nada, jeung ragam basa)
- A (manat jeung tujuan omongan).

Tiap-tiap aksara anu jadi pondokna tina komponén kontéks situasi kawacanaan téh baris dipedar hiji-hijina saperti ieu di handap.

## **1. Undak usuk atawa Tatakrama Basa**

### **a. Wangenan Tatakrama Basa**

Undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus disaluyuan jeung diajénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat – teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun.

Ari tatakrama basa téh nya éta sopan santun makéna basa waktu ngayakeun komunikasi. Tatakrama basa mangrupa sopan santun anu geus disaluyuan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Éta sababna, upama nyarita henteu maké tatakrama basa atawa undak usuk basa, hartina urang henteu sopan atawa teu nyaho di kasopanan.

Tatakrama mibanda prinsip nu tangtu dina kahirupan masarakatna. Tatakrama basa téh mangrupa hiji hal anu ditarima, dianut, tur diajénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna. Eta téh baris katingal dina ungkara anu gelar di masarakat anu unina kieu:

- (270) Ari jadi jelema, kudu hadé gogog hadé tagog, hadé tata hade basa. Hade ku omong goreng ku omong. Basa mah teu meuli ieu. Mending hadé tata hadé basa, ngarah teu matak nyugak ka anu ngabandungan.

Cutatan ungkara di luhur téh nuduhkeun suasana nu silih hormat tur silih ajénan. Suasana sarupa kitu pisan anu kudu terus dikukuhan lantaran mangrupa konci pikeun lumangsungna tali mimitran antarwarga masarakat geusan ngudag hirup kumbuh sauyunan, “ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak”, baé pinuh ku suasana silihasah, silihasih, jeung silihasuh. Hirup masarakat rempug jukung, rukun, tur henteu “pagiri-giri calik, pagirang-girang tampian”.



## b. Ragam Tatakrama Basa

- Ari enas-enasna, munculna tatakrama basa téh gumantung kana tilu perkara, nya éta
- (a) *pamaké basa*, saha panyatur (I), saha pamiarsa (II), jeung saha nu dicaritakeun (III);
  - (b) *kalungguhan pamaké basa*, naha sahandapeun (h), sasama (s), atawa saluhureun (l); jeung
  - (c) *gambaran rasa panyatur* waktu komunikasi lumangsung, naha hormat (H), biasa atawa loma (L), jeung kasar (K).

*Basa lemes* atawa *hormat* dipaké lamun urang nyarita bari hayang nétélakeun panghormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur nu diajak nyarita (jalma II) atawa nu dicaritakeun (jalma III). Nurutkeun satata henteuna antara panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun, aya dua rupa kecap lemes, nya éta (1) lemes keur sorangan jeung (2) lemes keur batur. Contona:

(50) Abdi mah *dongkap* téh wengi. Dupi Akang iraha *sumping*?

(51) Mugi diantos heula, pun adi teu acan *dongkap*.

Kecap lemes *dongkap* disebut kecap lemes keur sorangan, ari *sumping* disebut kecap lemes keur batur. Keur jalma katilu nu umurna satata atawa sahandapeun panyatur, mun nyarita ka saluhureun, digunakeun kecap lemes keur sorangan.

*Basa loma* atawa *kasar* dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa babaturan nu geus loma pisan. Sakapeung kecap loma téh dipaké nyarita hareupeun balaréa. Contona:

(52) A : Iraha *datang* ti Jakarta téh, Dén?

B : Kamari *pabeuburang*.

Kecap *datang* jeung *pabeuburang* dina wacana (51) di luhur kaasup kana kecap loma.


Dina kahirupan sapopoé sok kapanggih *basa kasar pisan*, biasana mun nyaritakeun sato atawa mun keur ambek. Contona:

(53) Cekel *cokor* hayam téh, ngarah teu teterejelan baé.

(54) Teu *neuleu* pisan, *cokor* kotor *dibanjut* ka *gogobrog*.

Kecap *cokor*, *neuleu*, *dibanjut*, jeung *gogobrog* masing-masing kaasup kana basa kasar pisan atawa cohag.

Dumasar kana katerangan di luhur, tatakrama basa Sunda téh bisa dibagankeun kieu:



Bagan 11.3: TAHAPAN TATAKRAMA BASA

Upama urang nyarita bari hayang ngébréhkeun panghormatan, lumrahna nu maké basa téh leuwih ngutamakeun kedalan ragam basa lemes. Ari gelarna kecap-kecap lemes dina basa Sunda téh bisa ku rupa-rupa cara, kayaning:

(a) ngabalibirkeun kecap:

- beuteung → patuangan
- ngising → kabeuratan
- kiih → kahampangan

(b) ngaganti kecap ku basa kosta kayaning:

(1) basa Jawa:

- bulan → sasih
- ceurik → nangis
- kénca → kiwa

(2) basa Sansekerta:

- kawajiban → darma
- paéh → palastra
- sora → sabda

(3) basa Arab:

- kuburan → makam
- kuring → abdi
- paéh → maot

(c) ngarobah salah sahiji atawa leuwih fonemna:

- (1) /u/ jadi /i/ : kuat → kiat
- murah → mirah

(2) /u/ jadi /a/	:	sebut	→	sebat
		rempug	→	rempag
(3) /a/ jadi /i/	:	rupa	→	rupi
		upama	→	upami
		utama	→	utami
(4) /i-u/ jadi /é-a/	:	itung	→	étang

### c. Ciri Kasopanan Tatakrama Basa

Ciri kasopanan pragmatis nyoko kana maké basa lemes atawa hormat. Adiwidjaja (1951:65-66) nétélakeun yén maké basa lemes téh dideudeul ku opat hal, nya éta (a) *lisan* atawa *kecap*, (b) *lentong* (intonasi), (c) tindak-tanduk (*rengkak* jeung *peta*), sarta (d) *pasemon*. Unsur (a) jeung (b) kagolong kana faktor basa (linguistik), ari unsur (c) jeung (d) kagolong kana faktor luar basa (non-linguistik, ékstra-linguistik).

Patali jeung hal éta, Rahardi (2000:119) nétélakeun yén kasopanan pragmatis dicirian ku dua faktor, nya éta faktor basa (linguistik) jeung faktor luar basa (non-linguistik, ékstra-linguistik). Kasopanan pragmatis anu dicirian ku wujudiah basa (faktor linguistik) ngawengku lima hal, nya éta (1) kecap-kecap hormat, (2) runtuyan omongan, (3) panjangna omongan, (4) lentong (intonasi), jeung (5) pakeman kasopanan. Ari kasopanan pragmatis anu dicirian ku wujudiah luar basa (non-linguistik) nyoko kana isarah kinesik saperti (a) *pasemon*, jeung (b) gerakan awak (*réngkak* jeung *peta*).

### d. Pola Pakecapan Tatakrama Basa

Kecap-kecap dina basa Sunda bisa dibédakeun jadi tilu rupa tahapan tatakrama basa, nya éta (1) kecap kasar, (2) kecap lemes keur sorangan, jeung (3) kecap lemes keur batur. Patali jeung éta tahapan kecap, aya tilu rumus atawa pola kayaning:

- (a) Kecap kasar (KK) = kecap lemes keur sorangan (KLJ-1) ≠ kecap lemes keur batur (KLJ-2). Contona:

biwir	=	biwir	≠	lambey
mandi	=	mandi	≠	siram
hudang	=	hudang	≠	gugah

adu	=	adu	≠	aben
ais	=	ais	≠	emban
ajar	=	ajar	≠	wulang
aji	=	aji	≠	aos

(b) Kecap kasar (KK) ≠ kecap lemes keur sorangan (KL J-1) = kecap lemes keur batur (KL J-2). Contona:

abus	≠	lebet	=	lebet
acan	≠	teu acan	=	teu acan
alus	≠	saé	=	saé
anggel	≠	bantal	=	bantal
anggeus	≠	réngsé	=	parantos
angir	≠	kuramas	=	kujamas
angkir	≠	saur	=	saur
anti	≠	antos	=	antos
arang,	≠	awis-awis	=	awis-awis
aré	≠	badé	=	badé
permisi	≠	permios	=	permios

(c) Kecap kasar (KK) ≠ kecap lemes keur sorangan (KL J-1) ≠ kecap lemes keur batur (KL J-2). Contona:


ajang	≠	kanggo	≠	haturan
anggeus	≠	réngsé	≠	parantos
anggir	≠	kuramas	≠	kujamas
angkir	≠	ondang	≠	ulem
anjang	≠	ngadeuheus	≠	natamu
anteur	≠	jajap	≠	nyarengan
balik	≠	wangsul	≠	mulih
bawa	≠	bantun	≠	candak
dahar	≠	neda	≠	tuang
saré	≠	mondok	≠	kulem
meuli	≠	mésér	≠	ngagaleuh

## 2. Nu Maké Basa jeung Nu Dicaritakeun

### a. Nu Maké Basa

Nu maké basa ngalibetkeun saha nu nyarita (panyatur) atawa nu nulis (panulis) jeung saha nu diajak nyarita (pamiarsa) atawa nu maca (pamaca). Lumangsungna komunikasi basa antara panyatur jeung pamiarsa museur kana obyék nu dicaritakeun.

Patalina antara nu nyarita (nu nulis), nu diajak nyarita (nu maca), jeung nu dicaritakeun bisa dititénan dina diagram di handap.



Bagan 11.4: KONTAR PANYATUR JEUNG PAMIARSA

Panyatur jeung pamiarsa bisa béda-béda nurutkeun (1) umurna, (2) kaayaan warugana, (3) kaayaan méntalna, jeung (4) kamahéran maké basana. Tina segi umurna, nu maké basa téh bisa budak, rumaja, bisa kolot. Tina segi warugana, nu maké basa téh bisa lalaki bisa awéwé, malah bisa ogé banci. Tina kaayaan méntalna, nu maké basa téh bisa pinter, bisa bodo, atawa siger tengah. Tina kamahéran basana, nu maké basa téh bisa capétang bisa arapap-eureupeup, atawa lumrah baé.

Tumali jeung panyatur atawa aspék nyarita, dina budaya Sunda mah katingalna geus ti béh ditu mula jadi paniténan utama masarakatna. Kabuktian dina basa Sunda géréngsél pisan ungkara anu aya patalina jeung peta nyarita kayaning:

- 1) *hadé gogog hadé tagog,*
- 2) *hadé tata hadé basa,*
- 3) *basa mah teu meuli ieuh,*
- 4) *basana garihal,*

- 5) *biwir nyiru rombéngeun,*
- 6) *teu nyaho di tata basa,*
- 7) *hambur congcot murah bacot,*
- 8) *sabda teu di ungang-ungang,*
- 9) *kawas kacang ninggang kajang,*
- 10) *jalma (songong, saréhséh, séréwél, daréhdéh),*
- 11) *jalma (handap lanyap, lancang),*
- 12) *ulah suaban,*
- 13) *nyaritana (capétang, perténtang),*
- 14) *jalma soméah,*
- 15) *nyaritana (teureugeus, candaél, ancad laér, gewong, paséhat),  
ngomongna (sabedug sakali, pondok nyogok, cowong).*

Tumali jeung paregep dina tradisi bangsa Sunda aya panyawad pamuji, atawa ungkara anu unina kieu:

- 1) *jahna (lowér, saregep, liwar, saliwang),*
- 2) *batur ngalér ieu ngidul,*
- 3) *abong ceuli léntaheun,*
- 4) *kawas ceuli katél), jsté.*

Lain ku réana wungkul pentingna téh, tapi upama ditiénan hartina, katingalna mah dina hiji mangsa dina hirup kumbuh bangsa urang, peta nyarita jeung ngaregepkeun téh kungsi jadi indikator anu penting dina "nangtukeun pribadi jalma."

## **b. Nu Dicaritakeun**

Obyék nu dicaritakeun dina omongan atawa wacana bisa mangrupa jalma, barang, kaayaan, atawa kajadian. Obyék nu mangrupa jalma sok disebut jalma katilu. Hal atawa perkara anu jadi galeuh omongan atawa wacana disebut *jejer omongan*.

Patali jeung topik, aya nu disebut téma jeung judul. *Topik* (tina basa Yunani *topoi* = 'tempat lumangsungna kajadian'). Topik mangrupa jejer atawa galeuh omongan, biasana diwujudkeun dina hiji frasa, klausa, atawa kalimah. Saenyana mah, wacana téh boga topik, da anu boga topik mah ngan panyatur. Henteu salawasna topik téh nyampak dina wacana,

tapi datang pandeuri luyu jeung kontéks situasi. Gelarna topik gumantung kana kasalu-  
yuan maksud antara panyatur jeung pamiarsa waktu interaksi. Malah mindeng kajadian  
béda ‘persépsi’ antara panyatur jeung pamiarsa.

Tampolana topik téh karasa umum nepi ka kudu diwatesnan jadi leuwih spesifik.  
Cara ngawatesan topik téh bisa disingget PUSAT B, nya éta medar topi ngan ukur dumasar  
kana:

P (eranan) atawa fungsina,

U (ntung-rugina), alus-goréngna, ngeunah-henteuna;

S (ajarah), asal-usulna, kasang tukang, jeung sikep panyatur;

A (yana), kaayaan, fakta, data, atawa cara migawéna;

T (ipe-tipe)na, warna, wanda, atawa wangunna; jeung

B (ener-henteuna), luyu-henteuna, jeung kanyataanana.

Nilik kana eusina, aya tilu rupa topik, nya éta topik salancar, topik jembar, jeung  
topik sambung luncat.

Topik salancar mangrupa topik anu dicaritakeun ku para panyatur kalawan  
babarengan. Hiji topik diréréyang ku sababaraha urang.

Contona:

(55) A : Di sakola abdi mah nuju seueur kagiatan. Aya lomba maca sajak, biantara,  
ngarang, jeung ngadongéng.

B : Resep atuh.

A : Ih, puguh wé!

B : Ngiringan henteu?

A : Nya, ngiringan.

A : Sukur atuh. Muga-muga kénging.

Topik jembar mangrupa topik anu dicaritakeun ku panyatur kalawan séwang-  
séwangan, tapi tetep sinambung lantaran aya babagian omongan ti panyatur samémhna.

Contona:

(56) A : Di sakola abdi mah nuju seueur kagiatan. Aya lomba maca sajak,  
biantara, ngarang, jeung ngadongéng.

B : Kamari abdi gé tos ti Borobudur. Widyawisata.

C : Seueur guru anyar di sakola abdi mah. Ngawulangna ogé raoseun tur  
pikaresepeun. Matak genah diajarna ogé.

Topik sambung-luncat mangrupa topik wacana anu béda-béda, anu dicaritakeun ku panyatur séwang-séwangan. Contona:

- (57) Dokter I : Kuring mah, alhamdulillah, dina sapopoéna téh ari ngawelas mah kudu. Matak, karék tilu taun gé geus ganti mobil deui.  
Dokter II : Komo kuring mah, teu sirikna ngantay nu uubar téh. Boa ka hareup mah kudu ngingu suster keur ngatur pasén.  
Dokter III : Kuring mah dina sabulantéh paling ogé dua atawa tiluan.  
Dokter II : Leuh, karunya, nya? Tapi, naha bisa kitu?  
Dokter III : Da kuring mah dokter matih. Sakali datang agé, tuluy cageur.

Topik raket patalina jeung téma. Topik mangrupa jejer pasualan nu dipidangkeun. Ari téma mangrupa amanat utama nu dipidangkeun ku panyatur dina wacana, wengkuannya leuwih jembar tur abstrak batan topik. Najan kitu, sakapeung mah téma jeung topik téh padédempét.

Topik ogé patali jeung *judul* atawa *titél*, nya éta labél, mérek, atawa ngaran nu dilarapkeun kana hiji wacana, gunana pikeun ngahudang kapanasaran pamiarsa kana pasualan nu dipedar. Judul mangrupa *slogan* anu midangkeun topik dina wangun nu leuwih narik ati. Ku kituna, judul kudu luyu jeung nyuluran sagemblengna eusi wacana, écés, tur singget. Dijieunna judul bisa saméméh atawa sabada wacana réngsé, utamana judul karya sastra. Judul karya ilmiah biasana ditangtukeun ti anggalna. Wujudiah judul bisa nembrak bisa linambang atawa ngiaskeun topik kalawan teu langsung.

Judul téh gedé gunana. Wacana anu sagala-galana sarua, lamun dijudulan béda, baris ditapsirkeun béda. Bandingkeun wacana (58) jeung (59) anu dijudulan béda, padahal runtuyan kalimah-kalimahna sarua.

(58) KATATAMUAN

Tos lohor, nya. Badé solat di masjid, Ceu. Ti luar aya sora ngagentraan. Mangga baé, Ceuceu mah nuju kadongkapan tamu.

Wacana (58) ngébréhkeun yén Ceuceu “katatamuan nepi ka teu bisa solat”. Lamun judulna diganti ku “Palangan”, anu dimaksud ku ‘tamu’ téh saenyana ‘ménstruasi’. Geura bandingkeun!



(59) PALANGAN

Tos lohor, nya. Badé solat di masjid, Ceu. Ti luar aya sora ngagentraan. Mangga baé, Ceuceu mah nuju kadongkapan tamu.

### 3. Galur Omongan

Galur omongan mangrupa jengléngan basa anu dipaké waktu lumangsungna komunikasi. Galur omongan aya patalina jeung adegan omongan. Ari adegan omongan atawa adegan basa diwujudkeun ku sora, runtuyan kecap (*word order*), wangunan (konstruksi), jeung pilihan kecap (diksi). Ku kituna, adegan omongan miboga dua lapisan, nya éta adegan lahir jeung adegan batin.

*Kahiji, adegan lahir (surface structure)* mangrupa kedaling sora (réprésentasi fonétis), wujudiahna sora (kayaning foném, morfém, kecap, frasa, klausa, jeung kalimah), ayana dina wilayah baham, mangrupa paripolah ucap (*parole, competence*), sipatna hétérogén tur rinéka, antukna gancang robah.

*Kadua, adegan batin (deep structure)* mangrupa aturan, rumus, atawa kaédah basa (kayaning fonologi, morfologi, sintaksis, leksikon, jeung semantik), ayana dina wilayah uteuk, mangrupa kamampuh basa (*langue, competence*), sipatna homogén tur rélatif angger.

Dina galur omongan, anu rélatif hésé robah téh nya éta *langue* (rumus-rumus basa), sipatna angger, sawarna, tur teu kapangaruhan ku sistem anyar. Najan kitu, kedaling atawa ékspresina mah nu sok disebut *parole* (ucapan), rélatif robah tur anékawarna, loba kapangaruhan ku sistem anyar, katembresan pangaruh waktu, tempat, jeung situasi.

### 4. Kasang Tukang Tempat, Waktu, jeung Suasana

Kedalna omongan atawa wacana téh lumangsung di tempat jeung dina waktu sarta suasana nu tangtu. Di mana dipakéna omongan, iraha dipakéna, jeung kumaha suasana makéna, bakal mangaruhan kana maksud omongan.

Tempat lumangsungna omongan bisa di mana waé, di antarana, di imah, di jalan, di sawah, di kantor, di pasar, jeung di masjid.

Waktu lumangsungna komunikasi bisa iraha waé, di antarana, beurang, pasosoré, peuting, isuk-isuk, jeung pabeubeurang. Bisa ayeuna bisa baheula. Tangtu basa anu dipakéna ogé bakal béda, utamana mah dina lebah pilihan kecap (diksi).

Suasana lumangsungna omongan bisa dina rupa-rupa kaayaan, di antarana, dina kaayaan dines (resmi, formal), dina kaayaan sahinasna atawa biasa (teu resmi, informal). Bisa dina kahirupan sapopoé bisa dina upacara- upacara adat. Geus tangtu basa nu dipakéna ogé aya bédana, dina suasana dines, upamana, kudu maké basa hormat.

## 5. Alat nu Digunakeun

Basa anu dipaké waktu komunikasi bisa basa lisan bisa basa tulis. Tampolana pikeun ngedalkeun pamaksudan sok digunakeun isarah jeung gerak awak atawa kinésik (*cinesics, body language*) saperti rengkuh, peta, jeung pasemon.

Dina prakna komunikasi sok aya alat bantu kayaning lawong, radio, televisi, surat, majalah, jeung telepon. Ngan anu jelas mah dipakéna alat bantu téh, jaba ti nambahan gancangna wawaran, baris kacida gumantungna kana tempat, waktu, jeung suasana lumangsungan komunikasi basa.

## 6. Rasa, Nada, jeung Ragam Basa

### a. Rasa

*Rasa* mangrupa sikep panyatur kana jejer atawa obyék anu keur dicaritakeun. Rasa basa sipatna subyéktif sabab kacida gumantungna ka pribadi panyaturna. Dina waktu lumangsungna omongan, panyatur bisa miboga rasa bungah, sedih, keuheul, resep, ningnang, yakin, jeung ragu-ragu. Dina suasana bungah jeung sedih, kalimah ieu di handap bakal béda hartina.

(60) Maké keketrok sagala. Asup! Teu dikonci ieu.

### b. Nada

*Nada* mangrupa sikep panyatur ka pamiarsa. Nada basa ogé sipatna subyéktif sabab dipangaruhan ku pribadi panyaturna. Dina waktu lumangsungna omongan, sikep panyatur

ka pamiarsa bisa miboga nada sinis, nyungkun, meupeuh lemes, jeung ceplak pahang. Gaya nyaritana bisa torojogan langsung atawa bisa malibir. Contona, kalimah:

(61) Datang téh nyubuh-nyubuh teuing.

bakal béda nadana. Mun diucapkeun ka ‘budak nu datang ka sakola kabeurangan’, nadana nyungkun. Sabalikna, mun diucapkeun ka ‘budak nu datang isuk-isuk kénéh’, nadana ‘hayang apal atawa reueus’.

### c. Ragam Basa

*Ragam basa* nyoko kana rupa-rupa wacana atawa omongan anu dipaké dina waktu komunikasi. Ragam basa, rinéka basa, atawa variasi basa anu dipaké ku masarakat basa téh bisa dipasing-pasing nurutkeun (1) pamaké jeung (2) pamakéan.

Nurutkeun pamaké atawa nu makéna, ragam basa téh bisa dibédakeun jadi dua rupa, nya éta logat jeung gaya basa. *Logat* atawa *dialék* nya éta ragam basa anu diluyukeun kana lingkungan makéna. Ragam basa anu dipaké di wewengkon nu tangtu disebut *régiolék* (*dialék lokal*, *lokabasa*, atawa *basa wewengkon*). Ragam basa anu dipaké ku golongan masarakat nu tangtu, di antarana, aya basa budak, basa rumaja, jeung basa kolot, disebut *sosiolék* atawa *dialék sosial*. Ragam basa anu dipaké dina wengkuan waktu anu béda, upamana, aya basa Sunda buhun, jeung aya basa Sunda kiwari, disebut *kronolék* atawa *dialék témporal*. Ragam basa anu dipaké pikeun tujuan nu tangtu luyu jeung fungsina disebut *fungsionalék* atawa *dialél fungsional*. Ragam basa anu has dipaké ku saurang panyatur disebut *idionalék* atawa *dialék individual*.

Disawang tina sikep pamaké basa, aya nu disebut *gaya basa*, nya éta ragam basa anu has tur imajinatif geusan nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka pamiarsa. Gaya basa bisa dipasing-pasing dumasar kana (1) *adegan kalimah*, saperti gaya basa klimaks, antiklimaks, pararlélisme, antitésis, jeung repetisi; (2) *nada*, saperti gaya basa basajan, siger tengah, jeung gaya basa ruwed; (3) *pilihan kecap* (*diksi*), saperti gaya basa resmi jeung teu resmi; jeung (4) *harti*, saperti gaya basa aliterasi, eufimismeu, litotés, pléonasme, hiperbol, paradok, métafora, personifikasi, métonomia, jeung sindiran.

Disawang tina pamakéan basa, ragam basa bisa dibédakeun nurutkeun (1) *jejer omongan*, kayaning ragam basa agama, politik, ilmiah, téhnologi, ékonomi, seni, jeung hukum; (2) *médium (sarana)*, kayaning ragam basa lisan jeung ragam basa tulis; sarta (3) *hubungan pamaké basa*, kayaning ragam basa hormat jeung loma, ragam basa resmi jeung teu resmi, ragam basa baku jeung teu baku.

## 7. Amanat Omongan

Amanat omongan mangrupa pesan panyatur nu geus katarima ku pamiarsa. Eusina mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang. Dina amanat aya maksud panyatur saperti ngawawarkeun, nanya, maréntah, atawa cumeluk. Omongan wawaran meredih sangkan pamiarsa aya perhatian ka panyatur. Omongan pananya meredih sangkan pamiarsa ngajawab naon-naon nu ditanyakeun ku panyatur. Omongan paréntah meredih sangkan pamiarsa milampah pagawéan nu dikedalkeun ku panyatur. Ari omongan panyeluk digunakeun pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyaturna.

Amanat omongan kacida raketna jeung eusi atawa harti nu dikandung ku omongan. Ku kituna, aya amanat nu langsung katarima ku pamiarsa aya nu kudu dipikiran heula. Aya amanat nu torojogan bisa kaharti atawa kacangkem, aya amanat omongan anu merlukeun dadasar kalantipan atawa kasurti. Lamun pesan ti panyatur teu teu katarima jadi amanat ku pamiarsa, matak salah paham atawa pasalia (*miscommunication, misunderstanding*).

## Rangkuman

Kontéks téh mangrupa situasi anu aya patalina jeung hiji kajadian. Dina tata basa, kontéks kagolong kana babagian omongan atawa kalimah anu ngadeudeul atawa nambahan écésna harti. Sora, kecap, atawa frasa anu miheulaan atawa nuturkeun unsur basa dina omongan. Kontéks ogé mangrupa ciri-ciri alam di luar basa yang anu numuwuhkeun harti dina omongan atawa wacana; lingkungan non-linguistik tina wacana; sakumna faktor dina proses komunikasi anu henteu jadi bagian tina wacana.

Konteks wacana mangrupa ciri-ciri alam di luar basa (kontéks non-linguistik) anu numuwuhkeun harti omongan atawa wacana. Kontéks nyoko kana tempat jeung waktu anu

spesifik anu disanghareupan ku hiji jalma atawa kelompok jalma. Unggal rékacipta atawa kréasi budaya (atawa wacana) salawasna lahir dina kontéks omongan.

Dina komunikasi basa kalibet ayana kontéks, téks, jeung sistim basa. Aya dua rupa kontéks, nya éta kontéks budaya (*context of culture*) jeung kontéks situasi (*context of situation*). Kontéks budaya medalkeun rupa-rupa téks (*genre*) anu dipaké ku masarakat pikeun rupaning tujuan komunikasi. Kontéks situasi mangrupa kontéks anu mangaruhan rupa-rupa pilihan panyatur basa, di antarana waé, jejer bahan (*field*), patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*), sarta kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*).

Komponén omongan anu jadi ciri kontéks wacana téh bisa disingget UNGKARA, anu foném awalna mangrupa singgetan tina:

U (ndak usuk basa atawa tata krama basa)

N (u maké basa jeung nu dicaritakeun)

G (alur omongan)

K (asang tukang tempat, waktu, jeung suasana)

A (lat nu digunakeun)

R (asa, nada, jeung ragam basa)

A (manat jeung tujuan omongan).

### **Latihan**

1. Naon ari kontéks? Kumaha patalina jeung situasi?
2. Naon ari kontéks linguistik, nonlinguistik, jeung kontéks budaya?
3. Tétélakeun unsur-unsur dina kontéks wacana!
4. Naon ari undak usuk basa? Naon sababna **teu** diasupkeun kana tatabasa?

### **Pancén**

Jieun pedaran ngeunaan daptar undak usuk basa anu mindeng salah diucapkeun!

## Daftar Acuan

- Adiwidjaja, R.I. 1951. *Adegar Basa Sunda*. Jakarta: J.B. Wolters.
- Corder, S. Pit. 1973. *Introducing Applied Linguistics*. London: Penguins Books.
- Fillmore, Charles, 1977. *Santa Crus Lectures on Deixis*. Mimeo: Indiana University Linguistics Club.
- Halliday, M.A.X. 1978. *Language as Social Semiotics: The Social Interpretation of Language and Meaning*. London: Edward Arnold.
- Halliday, MAX & Ruaqia Hasaa. 1982. *Bahasa, Teks, dan Konteks*. Yogyakarta: UGM Press.
- Hymes, Dell. 1972. "The ethnography of Speaking" in J.A. Fishman (ed.) *Reading in the Sociology of Language*, The Hague: Mouton, 1968.
- Kleden, Ignas. 2004. *Sastra Indonesia dalam Enam Pertanyaan*. Jakarta: Grafiti.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Moeliono, Anto M. Spk. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1985. "Komponen Tutur" dalam Soenjono Dardjowidjono (ed.), *Perkembangan Linguistik di Indonesia*. Jakarta: Arcan.
- Rahardi, R. Kunjana. 2000. *Imperatif dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Sudaryat, Yayat. 1996. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat dkk. 2013. *Pemakaian Kaidah Tatakrama Bahasa Sunda sebagai Acuan Pergaulan Mahasiswa*. Bandung: LPPM UPI.
- Syafi'ie, Imam. 1990. *Pragmatik dalam Pengajaran Bahasa Indonesia*. Medan: FPBS IKIP Medan.
- Yudibrata, Karna dkk. 1989. *Bagbagan Makena basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.

## BAB XII

# PRINSIP JEUNG MAKSIM PRAGMATIS

### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep


- a. bisa ngajéntrékeun wangenan prinsip jeung maksim pragmatik;
- b. bisa ngajéntrékeun prinsip kasopanan; jeung
- c. bisa ngajéntr'ekeun prinsip rempug jukung.

### A. Ambahan Prinsip jeung Maksim Pragmatik

Komunikasi basa, boh basa lisan boh tulisan mibanda dua sipat, nya éta (1) sipatna transaksional lamun anu dipentingkeun 'eusi' komunikasi, jeung (2) sipatna interaksional lamun anu dipentingkeun hubungan 'timbang-balik' antara panyatur jeung pamiarsa. Eta dua sipat komunikasi basa téh mibanda prinsip anu tangtu. Komunikasi basa anu sipatna transaksional mibanda prinsip babari, écés, bsajan, tur sangkil (éféktif).

Dina prakna komunikasi diperlukeun médium nyata anu disebut kalimah. Palebah dieu, kalimah mangrupa wangun basa anu pangnyatana dina aktivitas sosial. Ari dina aktivitas sosial téh aya interaksi antara hiji jalma jeung jalma lianna nepi ka ngawangun hiji komunitas. Disawang tina jihat pragmatik, kalimah raket patalina jeung rétorika tékstual katut interpersonal. Minangka wujudiah tina rétorika tékstual, pragmatik mikabutuh prinsip rempug jukung, gawé bareng, atawa kerjasama (*cooperative principles*). Sabalikna, minangka wujudiah tina rétorika interpersonal, pragmatik mikabutuh prinsip kasopanan (*politeness principles*) (Grice, 1975:45--47). Eta dua prinsip pragmatik téh masing-masing mibanda maksim (*maxim*) séwang-séwangan (Leech, 1983:132). Ieu di handap wincikan maksim pragmatik luyu jeung prinsip-prinsipna.

Bagan 12.1: PRINSIP PRAGMATIK WACANA



Dumasar kana bagan di luhur écés yén prinsip pragmatis dina komunikasi basa téh mibanda maksim pragmatis séwang-séwangan. Prinsip rempug jukung mibanda opat maksim, ari prinsip kasopanan mibanda genep maksim. Jadi, jumlah jambléh aya dua prinsip pragmatis dina komunikasi jeung sapuluh maksim pragmatis. Ieu di handap dipedar hiji-hijina éta prinsip jeung maksim pragmatis dina komunikasi téh.

## B. Prinsip Kasopanan

Prinsip kasopanan (*politeness principles*) mangrupa kaédah makéna basa dina waktu ngayakeun paguneman jeung jalma lian kalawan binarung ku kasopanan. Kasopanan dina makéna basa dina basa Sunda ilahar disebut undak usuk basa atawa tatakrama basa. Ciri kasopanan pragmatis nyoko kana maké basa lemes atawa hormat. Adiwidjaja (1951:65-66) nétélakeun yén maké basa lemes téh dideudeul ku opat hal, nya éta (a) *lisan* atawa *kecap*, (b) *lentong* (intonasi), (c) tindak-tanduk (*rengkak* jeung *peta*), sarta (d) *pasemon*. Unsur (a) jeung (b) kagolong kana faktor basa (linguistik), ari unsur (c) jeung (d) kagolong kana faktor luar basa (non-linguistik, ékstra-linguistik).

Prinsip kasopanan dina makéna basa mibanda genep rupa maksim, nya éta (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim pangcocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpatu, jeung (6) maksim balabah.



## 1. Maksim Kawijaksanaan

*Maksim kawijaksanaan (tact maxim)* meredih omongan ku cara ngaréaan kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa. Ieu omongan ilaharna diwangun ku omongan komisif jeung omongan impositif.

Contona:

(112) a. Mun bisa, kuring rék nepungan ka imah Bapa. (Teu hormat)

b. Upami tiasa, abdi badé nepungan ka bumi Bapa. (Hormat)

(113) a. Cik pangmukakeun jandela, hareudang! (Teu hormat)

b. Punten, tiasa pangmukakeun jandela! (Hormat)

Dina wacana (112) jeung (113) ébréh yén omongan (112a) jeung (113a) nuduhkeun tahapan teu hormat atawa henteu wijaksana, ari omongan (112b) jeung (113b) kaasup kana omongan anu tahapanana hormat atawa wijaksana. Omongan anu wijaksana ilaharna nguntungkeun pamiarsa atawa ngurangan karugian pamiarsa, najan bisa jadi ngarugikeun atawa ngarendahkeun panyatur.

## 2. Maksim Katumarima

*Maksim katumarima (approbation maxim)* meredih sangkan omongan panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep, diwangun ku omongan komisif jeung omongan impositif.

Contona:

(114) a. Cing ulah ngaroko baé, atuh!

b. Aya saéna upami rokona dipareuman.

(115) a. Garandeng atuh, ngarobrol wae! Ieu teh di perpustakaan.

b. Tiasa jempe. Ieu teh di perpustakaan.

Dina wacana (114) jeung (115), ébréh yén omongan (114a) jeung (115a) kurang hormat, sabalikna ari omongan (114b) jeung (115b) leuwih hormat. Omongan anu kurang hormat ilaharna teu pati katarima ku pamiarsa, tapi ari omongan anu hormat mah leuwih katarima ku pamiarsa lantaran dianggapna henteu nganyerikeun haté.

### 3. Maksim Pangcocog

*Maksim pangcocog (agreement maxim)* meredih sangkan omongan panyatur kudu leuwih cocog jeung pamiarsa, kurangan omongan anu teu cocog, biasana diwangun ku omongan asértif jeung éksprésif.

Contona:

(116) A : Basa Sunda téh énténg bangga, nya?

B : Enya.

C : Ah, ceuk saha, sakitu babarina.

Omongan si B dina wacana (116) leuwih sopan tur cocog jeung kalimah si A, sabalikna omongan si C mah henteu cocog. Omongan si A mangrupa kedaling asértif, ari omongan si C kaasup kana kedaling ékprésif.

### 4. Maksim Kasimpati

*Maksim kasimpati (sympathy maxim)* meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan rasa simpati atawa ngurangan antipati ka pamiarsa, biasana diwangun ku omongan asértif jeung éksprésif.

Contona:

(117) A : Kuliah téh tiwas, teu bisa laju.

B : Sabar wé. Lain nasibna meureun.

C : Wah, pinter, nya.

Dina wacana (117), omongan si B nuduhkeun rasa simpati ka si A, sabalikna omongan si C nuduhkeun rasa kurang simpati atawa antipati. Omongan si A jeung si C kaasup omongan asertif, ari omongan si B kaasup kana omongan éksprésif.

### 5. Maksim Balabah

*Maksim balabah (generosity maxim)* meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan panghormat jeung pamuji ka pamiarsa atawa ngurangan pamuji ka dirina. Omongan anu make ieu maksim ilaharna diwangun ku omongan éksprésif jeung omongan asértif. Contona:

- (118) A : Raos pisan angeun téh, Ceu.  
B : Ah, angeun kieu disebut raos.  
C : Saha heula atuh nu ngangeunna, Ceu Juju.

Dina wacana (118), omongan si A loba muji ka pamiarsa, jawaban si B ngurangan pamuji ka dirina. Kitu deui, jawaban si C loba muji si A. Omongan si A jeung omongan si C kaasup omongan ékspresif, ari omongan si B kaasup kana omongan asertif.

## 6. Maksim Handap asor

*Maksim handap asor (modesty maxim)* meredih sangkan omongan panyatur leuwih loba ngahormat atawa ngomah-ngomahan haté pamiarsa atawa ngurangan basa loma atawa kasar, diwangun ku omongan asertif jeung omongan ékspresif. Contona:

- (119) A : Saurna, tuang putra téh juara umum di sakolana?  
B : Ah, saur saha? Pun anak mah ngedul, tara ngapalkeun.  
(120) A : Kang, saurna tos lulus kuliah teh?  
B : Ah, boro-boro. Nyusun skripsi oge acan.

Dina wacana (119) jeung (120), omongan si A narékahan sangkan nguntungkeun pamiarsa, sabalikna jawaban si B ngurangan panghormat atawa handap asor. Omongan si A kaasup kana omongan asertif, ari omongan si B kaasup kana omongan ékspresif.

## C. Prinsip Rempug jukung

Prinsip rempug jukung, gawe bareng, atawa kooperatif (*cooperative principles*) mangrupa kaédah makéna basa dina waktu ngayakeun paguneman jeung jalma lian. Ieu prinsip diperlukeun sangkan komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa lumangsung kalawan harmonis, teu aya pabéntar paham. Palebah dieu, panyatur jeung pamiarsa gawe bareng dina ngedalkeun jeung maham eusi komunikasi.

Aya opat rupa maksim rempug jukung atawa gawé bareng, nya éta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim rélevansi, jeung (4) maksim cara. Éta opat maksim pragmatis tina tina prinsip rempugjukung téh masing-masing didadarkeun ieu di handap.

### 1. Maksim Jumlah (Kuantitas)

Maksim jumlah atawa kuantitas (*maxim of quantity*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna atawa sajumlah anu dipikabutuh ku pamiarsa. Contona:

- (121) Manéhna téh keur rieut sirah. Jangar karasana.  
Ku dokter mah sok disebut migrén.

### 2. Maksim Inajén (Kualitas)

Maksim inajén atawa kualitas (*maxim of quality*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur nyoko kana eusi anu saenyana, teu dijieun-jieun. Contona:

- (122) UPI téh aya di Jalan Setiabudhi Nomer 229.  
Liliwatan antara Bandung jeung Lembang.

### 3. Maksim Kasaluyuan (Relevansi)

Maksim kasaluyuan atawa relevansi (*maxim of relevance*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu luyu atawa rélevan jeung pasualan anu dicaritakeun. Contona:

- (123) A: Pa, aya telepon.  
B: Pambeng. Nuju di jamban, Bu.
- (124) A: Pa, meser jeruk.  
B: Tos dugi ka kompleks.

### 4. Maksim Cara

Maksim cara atawa ‘pelaksanaan’ (*maxim of manner*) nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu langsung, teu samar atawa nimbulkeun rupa-rupa tafsiran (*ambigu*), jeung teu kaleuleuwihi.

Contona:

- (125) Lamun ka Bandung, meuli sapatu di Cibaduyut.  
Aralus geura. Hargana murah deuih.
- (126) Iraha ka Jogja. Nyimpang di Pringharjo, meuli  
batik, nya.

### **Rangkuman**

Dina prakna komunikasi diperlukeun médium nyata anu disebut kalimah. Palebah dieu, kalimah mangrupa wangun basa anu pangnyatana dina aktivitas sosial. Ari dina aktivitas sosial téh aya interaksi antara hiji jalma jeung jalma lianna nepi ka ngawangun hiji komunitas. Disawang tina jihat pragmatik, kalimah raket patalina jeung rétorika tékstual katut interpersonal. Minangka wujudiah tina rétorika tékstual, pragmatik mikabutuh prinsip rempug jukung, gawé bareng, atawa kerjasama (*cooperative principles*). Sabalikna, minangka wujudiah tina rétorika interpersonal, pragmatik mikabutuh prinsip kasopanan (*politeness principles*). Eta dua prinsip pragmatik téh masing-masing mibanda maksim (*maxim*) séwang-séwangan.

Prinsip kasopanan dina makéna basa mibanda genep rupa maksim, nya éta (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim pangcocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpat, jeung (6) maksim balabah.

Prinsip rempug jukung atawa gawé bareng mibanda opat maksim, nyaéta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim rélevansi, jeung (4) maksim cara.

### **Latihan**

Jawab sakur pananya ieu di handap!

1. Naon ari maksim pramatis teh?
2. Naon dadasar babagian prinsip pragmatis teh?
3. Aya sabaraha rupa wanda maksim pragmatis?
4. Naon anu dimaksud ku maksim kawijaksanaan teh? Pek contoan!
5. Naon ari bedana maksim kualitas jeung kuantitas? Pek contoan!

## Daptar Acuan

- Adiwidjaja, R.I. 1951. *Adegan Basa Sunda*. Jakarta: J.B. Wolters.
- Grice, H.P. 1975. "Logic and Converstion:., *Syntax and Semantics, Speech Act 3*,  
New York: Academic Press.
- Kartomihardjo, Soeseno. 1988. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta:  
Depdikbud.
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.
- Nababan, P.W.J. 1992. *Pragmatik: Teori dan Terapan*. Jakarta: P3LPTK.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat  
Bahasa.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1985. "Komponen Tutur" dalam Soenjono Dardjowidjono  
(ed.), *Perkembangan Linguistik di Indonesia*. Jakarta: Arcan.
- Sudaryat, Yayat. 1993. *Ulukan Wacana Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press
- Yudibrata, Karna Spk. 1990. *Bagbagan Makéna Basa*. Bandung: Rahmat Cijulang.

## BAB XIII

### POLAH UCAP

#### Tujuan Pangajaran

Saréngsena prosés pangajaran, Sadérék dipihareop:

- a. Bisa ngajéntrékeun wangenan polah ucap;
- b. Bisa ngajéntrékeun warna polah ucap;
- c. Bisa ngajéntrékeun wujud polah ucap; jeung
- d. Bisa ngajéntrékeun wanda polah ucap.

#### A. Wangenan Polah Ucap

Polah ucap (*speech act*) atawa laku basa (*language event*) mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Polah ucap mangaruh munculna harti omongan. Aya tilu polah ucap, nya éta

- (a) *Lokusi*, anu rumusna:  $n$  nyebutkeun ka  $t$  yén X (kecap nu tangtu);
- (b) *Ilokusi*, anu rumusna: Dina nyebutkeun X,  $n$  NEGESKEUN (*ASSERTS*) yén P''
- (c) *Perlokusi*, anu rumusna: Ku nyebutkeun X,  $n$  NGAYAKINKEUN (*CONVINCES*)  $t$  yén P''.

#### B. Warna Polah Ucap

Disawang tina jihat pragmatis, sakurang-kurangna aya tilu rupa laku basa, nya éta lakuning ucap (*locutionary act*), lakuning gawé (*illocutionary act*), jeung lakuning rasa (*perlocutionary act*) (Austin, 1962, dina Searle, 1969:23--24).

#### 1. Lakuning Ucap (*Tindak Lokusi*)

*Lakuning ucap* atawa *tindak lokusi* mangrupa polah basa pikeun ngedalkeun hiji hal ka nu lian (*The Act of Saying Something*). Dina lakuning ucap diwawarkeun hiji perkara

saayana, teu dijieun-jieun, komo bari disumputsalindungkeun mah. *Polah sesebutan* atawa *lokusi (propositional or locutinary acts)* mangrupa ngirimkeun pesen dina wangun purwa ucap (komunikasi idéasional). Lakuning ucap dipake pikeun nepikeun hiji perkara nu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa tanpa tendensi pikeun milampah eta perkara, mana komo pikeun mangaruhan pamiarsa mah. Polana bisa digambarkeun ku “*Panyatur ngomong ka pamiarsa yén X* (= kekecapan nu tangtu anu dikedalkeun kalawan rasa, ma’na, jeung acuan nu tangtu). Contona:

(77) Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) aya dina wengkuan Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni (FPBS) Universitas Pendidikan Indonesia (UPI). Pernahna di Jalan Dr. Setiabudhi No. 229. Teleponna (022) 2013163 Pes. 2407, Bandung 40154.

(78) Ramo leungeun teh jumlahna lima.

Omongan di luhur dikedalkeun ku hiji jalma dina ngawawarkeun hiji perkara tanpa ayana karep pikeun milampah hiji perkara. Komo bari hayang mangaruhan pamiarsa mah.

## 2. Lakuning Gawé (*Tindak Ilokusi*)

*Lakuning gawé* atawa *tindak ilokusi* mangrupa polah basa pikeun milampah hiji hal (*The Act of Doing Something*). Dina lakuning gawé henteu ngan ukur dipaké pikeun ngawawarkan hiji hal, tapi ogé dipaké pikeun milampah hiji hal. Ieu teh nuduhkeun yen omongan ngandung dua maksud, jaba ti pikeun ngawawarkeun tapi pikeun nitah milampah hiji pagawean. *Polah gawé* atawa *ilokusi (illocutinary acts)* nya éta milampah hiji pagawéan dina ngedalkeun hiji hal (*The Act of Doing Something*). Polana bisa digambarkeun kieu: “*Ku nyebutkeun X, panyatur ngedalkeun yén P*”. Polah gawé ngirimkeun pesen dina wujud komunikasi antarpribadi (nyarita – ngaregepkeun), saperti nyusun wawaran, pananya, jeung paréntah.

Contona:

(79) Abdi mah teu tiasa dongkap.

(80) Jang, geus panjang buuk téh. Gimbal deuih.



Omongan (79) henteu ngan ngabéjaan yén “kuring teu bisa datang’, tapi bisa jadi ‘neda idi atawa neda hapunten’. Kitu deui, omongan (80) henteu ngan sakadar ngabéjaan yén ‘buuk geus panjang’, tapi nitah sangkan “buuk téh kudu dicukur jeung dikuramas”.

### 3. Lakuning Rasa (*Tindak Perlokusi*)

*Lakuning rasa* atawa *tindak perlokusi* mangrupa polah basa anu dipaké pikeun mangaruhan pamiarsa (*The Act of Affecting Someone*). Ku kituna, lakuning rasa mah aya daya pangaruh (*perlocutionary force*) atawa éfék ka pamiarsa, boh dihaja boh henteu. Dina ieu polah rasa téh aya daya pangaruh (*perlocutionary force*) atawa éfék ka pamiarsa, boh langsung boh teulangsung. Disebut ogé *polah hasil* atawa *perlokusi* (*perlocutionary acts*) nya éta milampah hiji tindakan *ku* nyebutkeun hiji hal (*The Act of Affecting Someone*). Jadi, nu pangpentingna dina lakuning rasa nya eta daya pangaruh atawa efek polah omongan panyatur ka pamiarsa. Polana bisa digambarkeun kieu: “*Ku nyebutkeun ngna dina X, panyatur ngayakinkeun pamiarsa yén P*” (Leech, 1983:199). Polah perlokusi nyoko ka jalma nu dituju sarta bisa digambarkeun dina wangun kecap pagawéan (verba):

- (a) *ngadeudeul pamiarsa ngulik hiji hal,*
- (b) *ngayakinkeun,*
- (c) *nipu,*
- (d) *ngabohong,*
- (e) *nganjurkeun,*
- (f) *ngabeberah haté,*
- (g) *ngajéngkélkan,*
- (h) *ngaganggu,*
- (i) *pikasebeleun,,*
- (j) *nyingsieunan,*
- (k) *narik ati,*
- (l) *ngahibur,*
- (m) *ngailhaman,*
- (n) *mangaruhan,*
- (o) *ngabingungkeun, jsté.*

Di luhur eces rupa-rupa kecap pagawean anu nuduhkeun lakuning rasa. Pikeun leuwih écés bisa diilikan ieu contona di handap.

(81) Imahna ogé jauh.

Anu dikedalkeun ku hiji jalma ka pupuhu pakumpulan, anu ilokusina nya éta kalawan teu langsung ngawarkeun yén ‘jalma nu keur dicaritakeun téh moal bisa ilubiung pisan lantaran imahna jauh’. Conto séjénna:

(82) A : Pagawéan numpuk, jalma kurang. Anu can  
dipapancénan téh tinggal Ocih.

B : Bumina tebih. Katambah-tambah ngedul deuih.

Omongan si B kalawan teu langsung méré ilokusi yén “Ocih ulah loba teuing dibéré pagawéan, lian ti imahna jauh, katambah-tambah ngedul”.

### **C. Wujud Polah Ucap**

Polah ucap bisa diwujudkeun ku kecap pagawéan (vérba) nu tangtu (Leech, 1983:214). Vérba polah (tindak) nyoko kana tilu wanda, nyaéta polah lokusi, polah ilokusi, jeung polah perlokusi. Polah lokusi nyoko kana vérba ngadadarkeun jeung ngawincik. Polah ilokusi nyoko kana vérba asértif, diréktif, komisif, éksprésif, jeung rogatif. Ari polah perlokusi nyoko kana vérba ngayakinkeun.

Vérba polah (tindak) raket patalina jeung vérba psikologis, anu ngawengku vérba kausatif, kréditif, volisional, atitudinal, dubiatif, jeung kognitif. Jaba ti éta, aya vérba séjénna saperti dadaran fonik nu patali jeung vérba sora sarta verba nétral nu eusina ngedalkeun.

Warna vérba pola jeung vérba psikologis anu mangrupa wujud polah ucap bisa dibagankeun ieu di handap.



Aya genep wangun omongan atawa kalimah, nyaéta:

- (a) *wangun omongan komisif* nya éta omongan anu gunana pikeun ngedalkeun jangji atawa nawarkeun hiji hal;
- (b) *wangun omongan impositif* nya éta omongan anu dipake pikeun ngedalkeun paréntah atawa panitah;
- (c) wangun omongan *éksprésif* nya éta omongan anu dipaké pikeun ngebrehkeun sikep psikologis panyatur kana hiji kaayaan;
- (d) *wangun omongan asértif* nya éta omongan anu ilahar dipaké pikeun nepikeun bebeneran proposisi nu dikedalkeun; (e) *wangun omongan diréktif* nya éta omongan anu dipaké pikeun ngarojong atawa nitah hiji jalma;
- (f) *wangun omongan rogatif* nya éta omongan anu dipake pikeun nanyakeun atawa nepikeun karagu-raguan kana hiji perkara.

Dina tata kalimah mindeng dibédakeun kalimah sampurna (lengkep) jeung kalimah teu sampurna (teu lengkep). Kalimah sampurna didadasaran ku klausa bébas, ari kalimah teu sampurna didadasaran ku klausa kauger atawa tanpa klausa. Dina tata wacana moal kapanggih wincikan kalimah sarupa kitu téh. Ari sababna, sakur kalimah dina wacana mah sampurna, da nu pentingna eusi kalimah. Aya opat rupa kalimah atawa omongan dina wacana, nya éta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.

### 1. Kalimah Komisif

*Kalimah komisif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa pananya. Ieu kalimah miharep réspónsi nu mangrupa jawaban. Wujud pargamtis komisif bisa nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, (a) ngawarkeun, (b) nitah, (c) ngajak, (d) meredih, (é) ngahulag, jeung (f) ngantebkeun. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (15)-(20) di handap ieu.

- (83) Putra Pa Iding téh teu damang. Ayeuna nuju diopname.
- (84) Asa hareudang. Teu jalan kitu kipas angin téh.
- (85) Pa, asa tos lami teu ngojay ka Cimanggu. Minggu ieu mah salsé sigana.
- (86) Kawitna mah badé ngiring. Nu mawi pun anak udur répot.

- (87) Peuting-peuting kieu rék balik. Loba jelema jahat ayeuna mah. Di dieu gé aya kamer kosong.
- (88) Kuring mah loba gawé. Nya manéhna nu indit téh.

## 2. Kalimah Impositif

*Kalimah impositif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun paréntah. Wujud pragmatis paréntah nyoko rupa-rupa ma'na kayaning (a) nitah, (b) ménta, (c) ngadeseke, (d) miharep, (é) nyaréék, (f) ngajak, (g) ngageuri, (h) ngajurung, jeung (i) ngawawadian. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (89)-(97) di handap ieu.

- (89) Cik, buka panto. Ieu Euceu!
- (90) Asa halabhabkieu. Tiasa nyuhunkeun cai!
- (91) Kudu bener diajar téh. Sing siga manéhna atuh!
- (92) Mugi-mugi Alloh maparin rahmat ka urang sadayana!
- (93) Ulah nangis, In! Keun baé sakitu mah, itung-itung ujian.
- (94) Urang ngaraos heula. Ngarah salsé ngobrolna.
- (95) Wayahna baé, Jang. Sing karunya ka Ema!
- (96) Geus ceudeum. Jung atuh geura miang, bisi kaburu hujan!
- (97) Masalahna beurat. Alusna mah dibadamikeun heula

## 3. Kalimah Éksprésif

*Kalimah éksprésif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun cumeluk jeung sora bituna rasa. Wujud pragmatis éksprésif nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, (a) nyaréékan, (b) ngawilujengkeun, (c) cumeluk, (d) kagét, (é) tumamprak, (f) karumusaan, (g) bungah, (h) kanyeri, (i) mupuas, (j) geuleuh, jeung (k) keuheul. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (98)-(108) di handap ieu.

- (98) Goblog, manéh mah! Piraku aya sarjana kitu patut.
- (99) Wilujeng siang, Pa! Kumaha damang?
- (100) Jang, ka dieu! Ema aya perlu.
- (101) Euleuh, meni alus kitu, nya! Hanjakal teu boga duitna.
- (102) Alhamdulillah. Sukur ari lulus mah.

- (103) Hatur nuhun kana kasaéan Bapa. Abdi parantos dibantos.
- (104) Horéh, meunang , euy!
- (105) Aduh, titajong meni baloboran kieu!
- (106) Hag siah. Nu matak ka kolot kudu ngagugu!
- (107) Iy, aya budak teu mandi. Geuleuh, ah.
- (108) Ih, naha kabina-bina teuing, nya. Gurat batu pisan.

#### 4. Kalimah Asértif

*Kalimah asértif* nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun bebeneran wawaran. Ari bebeneran dina kalimah téh miboga tilu rupa wujud, nya éta (a) *kalimah analitis*, anu bebeneran eusina aya dina runtuyan kecap-kecapna; (b) *kalimah kontradiktif*, anu bebeneran eusina tojaiah jeung eusi runtuyan kecap-kecapna; jeung (c) *kalimah sintétis*, anu bebeneran eusina gumantung kana fakta di luareun basa. Kalimah (109)-(111) di handap ieu masing-masing nuduhkeun kalimah analitis, kontradiktif, jeung sintétis.

- (109) Ari korsi téh paranti diuk.
- (110) Ucing mah sukuna dua.
- (111) Masjid Agung Bandung aya di puseur dayeuh.

#### D. Wanda Polah Ucap

Wanda polah ucap mangrupa rupa-rupa paripolah ngedalkeun hiji perkara atawa milampah hiji perkara. Maké basa téh dina enas-enasna mangrupa paripolah ucap.

##### 1. Cara Kedaling Ucapan

Dumasar kana cara kedalingna, polah ucap dibedakeun jadi dua rupa, nya éta ucapan performatif jeung ucapan konstatatif.

Ucapan performatif mangrupa ucapan anu dipaké pikeun milampah hiji perkara. Eusina bisa mangrupa menta hampura, jangji, taruhan, ngumumkeun, jeung ngaresmikeun.

Contona:

- (44) Hapunten dongkapna elat, rada macét.
- (45) Abdi jangji moal deui-deui.

- (46) Sok urang tumpangan manéhna téh moal datang.
- (47) Dibewarakeun yén dinten énjing kuliah  
Pragmatik teu aya jalaran Bapa dosénna aya pambengan.
- (48) Kalawan ngucapkeun rasa sukur ka Alloh SWT,  
ieu acara kalayan resmi dibuka.

Ucapan konstatatif mangrupa ucapan anu dipaké pikeun ngedalkeun hiji perkara, ilaharna nuduhkeun wawaran. Kalimah konstatatif eusina ngandung gambaran ngeunaan kajadian, proses, atawa kaayaan. Contona:

- (49) UPI téh aya di Jalan Dr. Setiabudhi Bandung.
- (50) Ibuna teh nuju teu damang wales.
- (51) Kamari bapa angkat ka Jakarta.

## 2. Relasi Bebeneran Ucapan

Dumasar kana tatali atawa rélasi bebeneran ucapanana, polah ucapan bisa dipasing-pasing jadi tilu rupa, nya éta (1) ucapan analitis, (2) ucapan kontradiktif, jeung (3) ucapan sintétis.

*Kahiji*, ucapan analitis nya éta ucapan atawa kalimah anu bebeneranana aya dina runtuyan kecap-kecapna. Kalimah anu ngandung bebeneran analitis (*analytical truth*). Contona:

- (52) Pulpen teh mangrupa alat tulis.
- (53) Kuda kaasup sasatoan nu sukuna opat.
- (54) Masjid teh wangunan tempat solat umat Islam.

Kalimah di luhur bener lain lantaran kanyataanana memang kitu, tapi lantaran dina basa Sunda kecap-kecap: *pulpen, kuda, masjid* masing-masing mibanda harti ‘tulis’, ‘sabangsa sasatoan’, jeung ‘tempat solat’.

*Kadua*, ucapan atawa kalimah kontradiktif, nya éta Kalimah anu patukang tonggong hartina jeung runtuyan kecap-kecap anu ngawangunna. Contona:

- (55) Juru tilu ngabogaan opat juru.
- (56) Presiden teh lain kapala nagara.

Kalimah di luhur salah lantaran dina basa Sunda *juru tilu* mibanda harti ‘hal nu mibanda tilu juru’ jeung *presiden* mibanda harti ‘kapala nagara’

*Katilu*, ucapan ayawa kalimah nu bebeneranana gumantung kana fakta nu aya di luar basa. Bebeneran kalimah sintetis henteu gumantung kana bebeneran kecap-kecap anu ngawangunna, tapi éta kalimah téh luyu henteuna jeung kaayaan dunya anu aya di luarna. Contona:

(57) UPI Bandung aya di Jalan Setiabudi.

(58) Kota Bandung téh kaitung ramé.

Bebeneran kalimah di luhur hetu kapanggih tina hasil analisis harti kecap-kecap anu ngawangunna, tapi kudu dibuktikeun kalawan nyata ku kanyataan di luar basa, nya éta ‘aya UPI ngaran paguron luhur di Bandung’ jeung ‘aya tempat nu ngaranna Jalan Setiabudhi’.

### 3. Relasi Bebeneran Dua Ucapan

Disawang tina tatali bebeneran di antara dua ucapan atawa kalimah, polah ucap patali jeung tilu hal, nya éta (1) praduga, (2) implikatur, jeung (3) *entailment*.

#### a. Praduga

Praduga, praanggapan, atawa présuposisi mangrupa pangira atawa panyangka anu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian, masalah proyeksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan nu sipatna ngajéntrékeun. Praduga mangrupa pasarat pikeun nyindekkeun bener henteuna omongan nu lian. Ku kituna, praduga raket patalina jeung *inférensi kawacanaan*, nya éta prosés nu dipilampah ku pamiarsa geusan nyangkem atawa maham ma’na wacana anu henteu diébréhkeun langsung dina wacana. Inférensi dipibutuh dina ngama’naan wacana anu malibir atawa henteu togmol kana tujuan. Dina lebah dieu, sok aya omongan “ulah ngan cukup ku *ngarti* wungkul, tapi kudu bari jeung *surti* deuih”.

Contona:

(59) A : Bu, punten gelas nu Bapa.

B : Badé cai hérang atanapi citéh?



Kalimah nu diucapkeun ku si A lain ngan sakadar nanyakeun gelas wungkul, tapi aya maksud nu leuwih jero, nya éta ménta cai nginum. Ku kituna, si B geus surti naon nu dipimaksud ku si A, nepi ka manéhna nanyakeun cai naon nu dipikahayang ku si A. kamampuh si B napsirkeun maksud nu teu torojogan ti si A téh disebutna kamampuh inférénsi.

Hiji kalimah disebut méré praduga atawa présuposisi kana kalimah séjén lamun teu benerna kalimah kadua (anu dipraduga atawa diprésuposisi) ngabalukarkeun kalimah kahiji (nu méré praduga) can bisa disebut bener atawa salah. Contona:

(60) A : Di alun-alun Bandung téh ramé pisan.

B : Da enyana atuh, jelema balawiri, jalan macét, mobil gé ngarayap.

Kalimah (60) méré praduga yén ‘di alun-alun Bandung téh ramé pisan’. Hal éta téh bisa ditarima lamun mémang “di alun-alun téh bener-bener ramé pisan”. Sabalikna, lamun kanyataanana henteu kitu, nya kalimah (60) can bisa diajén bener-salahna.

#### **b. Implikatur**

Omongan atawa kalimah bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Ku sabab implikatur téh henteu jadi bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, hubungan di antara éta dua proposisi téh konsékwénsina henteu mutlak (*innecessary consequence*). Contona:

(61) A : Kang, seueul beuteung.

B : Tuh, aya warung nasi.

Dina wacana (61), omongan B lain bagian tina omongan A. Omongan B muncul lantaran ayana inferensi nu didadasaran ku kasang tukang pangaweruh yén di warung nasi téh pasti aya sangu nu bisa didahar. Ari sangu téh kapan ubar seueul beuteung atawa lapar.

Ku lantaran teu aya kakaitan ma’na antara hiji omongan jeung nu diimplikasikeun, atuh teu kudu anéh mun hiji omongan téh bisa nimbulkeun rupa-rupa implikatur nu tan wates wangen jumlahna. Contona, omongan si A dina wacana (62) bisa nimbulkeun omongan si B, si C, atawa si D.

- (62) A : Kang Ujang datang.  
 B : Rokona sumputkeun heula.  
 C : Abdi mah badé permios heula.  
 D : Kamerna benahan heula.

### c. Entailment

Béda jeung implikatur, saperti ébréh dina tatali omongan A-B nu dicontoan ku wacana (61)-(62), tatali omongan A-B dina kalimah (63) di handap ieu sipatna mutlak. Tatali omongan A-B nu sipatna mutlak ték sok disebut *entailment*.

- (63) A : Tiasa nyuhunkeun citéh. Asa hanaang pisan.  
 B : Abdi gé, tos eueut mah, hanaang téh leungit.

Omongan B dina (63) mangrupa bagian atawa konsékwénsi mutlak (*necessary consequence*) tina omongan A.

## 4. Sipat jeung Wujud Ucapan

Disawang tina sipatna, ucapan atawa omongan téh aya nu langsung aya nu teu langsung. Omongan langsung nuduhkeun omongan atawa ucapan langsung panyaturna, ari omongan teu langsung nuduhkeun omongan teu langsung panyaturna.

### a. Omongan Langsung

Dumasar modusna, tina jihat formal kalimah téh dibédakeun jadi wawaran (deklaratif), pananya (interogatif), jeung parentah (imperatif). Tina jihat konvensional, kalimah wawaran pikeun méré beja (ngawawarkeun), kalimah pananya pikeun nanyakeun, jeung kalimah paréntah pikeun nitah, ngajak, menta, jeung miharep.

Lamun tina jihat konvensional, kalimah téh dipaké luyu jeung fungsina masing-masing disebut polah ucap langsung (*direct speech act*). Contona:

- (64) Bandung téh nelah Parijs van Java.  
 (65) Di mana ari Jalan Martanagara téh?  
 (66) Punten pangmukakeun jandéla!

### **b. Omongan teu langsung**

Teu salawasna parentah téh dikedalkeun ku kalimah parentah, tapi bisa ogé ku kalimah wawaran atawa kalimah pananya. Tujuanana sangkan karasa lemes nepi ka jalma nu diajak nyarita teu karasa dititahna. Kalimah samodél kitu disebut pola ucap teu langsung (*indirect speech act*). Contona:

(67) Asa hareudang kieu.

(68) Bi, aya emuk bapa di dinya?

Kalimah (67) ngawarkeun hawa karasa hareudang, padahal maksudna mah pangahurungkeun AC atawa pangmukakeun jandéla. Kitu deui, kalimah (68) nanya aya henteuna emuk, padahal maksudna mah nitah pangnyokotkeun cai nginum kana emuk.

### **c. Omongan Literal**

Omongan literal nyaéta omongan atawa kalimah anu hartina sarua jeung runtuyan kecap-kecap nu dipake ngawangunna. Contona:

(69) UPI téh aya di Jalan Dr. Setiabudhi No. 229 Bandung.

(70) Bandung téh puseur dayeuh Jawa Barat.

### **d. Omongan Iliteral**

Omongan Iliteral atawa tan-literal (*nonliteral speech act*) nyaéta omongan anu maksudna atawa hartina teu sarua jeung kecap anu ngawangunna. Contona:

(71) Jang, sora teh mani halimpu, (tapi aya saena pami teu ngawih).

(72) Angeun teh mani pedo kieu. Komo mun dikirangan mah uyahna.

Omongan (71) jeung (72) mangrupa kalimah atawa polah ucap tan-literal sabab nu dimaksud ‘sora si eneng teh lain halimpu, tapi rebek’ jeung ‘angeun teh rasana lain pedo, tapi pangset’.

### **e. Omongan langsung literal**

Omongan langsung literal (*direct literal speech act*) nyaéta omongan anu langsung diucapkeun make modus omongan jeung harti nu sarua jeung maksud kedalingna. Contona:

- (73) Budak teh katingali pinter.
- (74) Tabuh sabaraha, Kang?
- (75) Tiasa dibuka jandelana!

**f. Omongan teu langsung literal**

Omongan teu langsung literal (*indirect literal speech act*) nya eta kalimah anu dikedalkeun ku modus kalimah anu teu luyu jeung maksud kedalingna. Contona:

- (76) A : *Lante imah téh kotor.*
- B : *Mangga, badé dipél ku abdi, Bu.*

Omongan A saenyana henteu boga maksud yén ‘lanté imah kotor’, tapi ‘nitah dipél atawa disapukeun’.

**g. Omongan Langsung Tan-literal**

Omongan langsung tan-literal (*direct Inoniteral speech act*) nyaéta omongan anu langsung diucapkeun maké modus luyu jeung maksud omongan, tapi kecap-kecap anu dipakena teu mibanda harti nu sarua jeung maksud panyaturna. Contona:

- (77) Tiungna sae pisan, meni serasi.

Maksudna ‘tiungna goréng atawa teu pantes.

**h. Omongan teu langsung tan=literal**

Omongan teu langsung tan-literal (*indirect nonl-iteral speech act*) nyaéta kalimah anu dikedalkeun ku modus jeung harti kalimah anu teu luyu jeung maksud kedalingna. Contona:

- (78) TV teh alon teuing, teu kakuping.

Omongan di luhur saenyana ngandung kekecapan jeung maksud sabalikna, nya eta ‘TV teh sorana lain alon, tapi tarik teuing’.

## Rangkuman

Polah ucap (*speech act*) atawa laku basa (*language event*) mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Polah ucap mangaruh munculna harti omongan. Aya tilu polah ucap, nya éta

- (d) *Lokusi*, anu rumusna:  $n$  nyebutkeun ka  $t$  yén  $X$  (kecap nu tangtu);
- (e) *Ilokusi*, anu rumusna: Dina nyebutkeun  $X$ ,  $n$  NEGESKEUN (*ASSERTS*) yén  $P$ ”
- (f) *Perlokusi*, anu rumusna: Ku nyebutkeun  $X$ ,  $n$  NGAYAKINKEUN (*CONVINCES*)  $t$  yén  $P$ ”.

Polah ucap bisa diwujudkeun ku kecap pagawéan (vérba) nu tangtu. Vérba polah (tindak) nyoko kana tilu wanda, nyaéta polah lokusi, polah ilokusi, jeung polah perlokusi. Polah lokusi nyoko kana vérba ngadadarkeun jeung ngawincik. Polah ilokusi nyoko kana vérba asértif, diréktif, komisif, éksprésif, jeung rogatif. Ari polah perlokusi nyoko kana vérba ngayakinkeun.

Vérba polah (tindak) raket patalina jeung vérba psikologis, anu ngawengku vérba kausatif, kréditif, volisional, atitudinal, dubiatif, jeung kognitif. Jaba ti éta, aya vérba séjénna saperti dadaran fonik nu patali jeung vérba sora sarta verba nétral nu eusina ngedalkeun.

Wanda polah ucap mangrupa rupa-rupa paripolah ngedalkeun hiji perkara atawa milampah hiji perkara. Paripolah ucap téh enas-enasna mangrupa wujudiah makéna basa. Wanda polah ucap mibanda cara, rélasi, sarta sipat jeung wujud. Cara polah ucap nyoko kana ucapan performatif jeung ucapan konstatatif. Rélasi bebeneran polah ucap nyoko kana ucapan analitis, ucapan kontradiktif, jeung ucapan sintétis. Rélasi bebeneran dua polah ucap nyoko kana praduga, implikatur, jeung entailment. Sipat polah ucap nyoko kana ucapan langsung jeung ucapan teu langsung. Wujud polah ucap nyoko kana ucapan literal jeung ucapan iliteral.

Gabungan sipat jeung wujud polah ucap nyoko kana opat wanda ucapan, nyaéta ucapan langsung literal, ucapan teu langsung literal, ucapan langsung iliteral, jeung ucapan teu langsung iliteral.

.  
.

## Latihan

Jawab sakur pananya ieu di handap!

1. Naon ari polah ucap (*language event*) téh?
2. Naon warna polah ucap téh?
3. Naon ari lakuning ucap, lakuning gawé, jeung lakuning rasa? Pek contoan!
4. Naon waé wujud polah ucap téh? Kekecapan naon waé anu ngagambarkeun warna polah ucap?
5. Naon waé wangun omongan téh? Pék tétélakeun tur contoan!

## Daptar Acuan

Austin, J.L. 1962. *How to Do Things With Word*. Oxford: Oxford University Press.

Edmonson, Willis. 1981. *Spoken Discourse: A Model for Analysis*. London: Longman.

Grice, H.P. 1975. "Logic and Conversation:., *Syntax and Semantics, Speech Act 3*, New York: Academic Press.

Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.

Searle, John R. 1980. *Speech Acts*. Cambridge: Cambridge University Press.

Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press

Yule, George. 1998. *Pragmatics*. Oxford: Oxford University Press.

## BAB XIV

### ASPEK KEDALING PRAGMATIK

#### Tujuan Pangajaran

Saréngséna prosés pangajaran, Sadérék dipiharep

- a. Bisa ngajéntrékeun ciri-ciri aspék kedaling pragmatik; jeung
- b. Bisa ngajéntrékeun wanda aspék kedaling pragmatik.

#### A. Ciri-ciri Aspék Kedaling Pragmatik

Sakumaha geus ditétélakeun yén makéna basa kalawan pragmatis téh mibanda prinsip-prinsip jeung tahap kasopanan. *Kahiji*, prinsip kasopanan basa atawa tatakrama basa nyoko kana genep maksim, nya éta maksim kawijaksanaan, maksim handap asor, maksim tumamprak, maksim kasaluyuan, maksim balabah, jeung maksim kasimpat. *Kadua*, tahap kasopanan basa, anu ilahar disebut *undak usuk basa*, atawa *tatakrama basa*, ngawengku tahap lemes, tahap wajar (sedeng), jeung tahap kasar.

Makena basa dina situasi sopan atawa santun kagolong kana paniten utama dina pragmatik. Kaharti lebah dieuna mah lantaran pragmatie enya-nya nyoko kana basa lisan jeung basa tulisan luyu jeung kontéks situasi.

Aspék-aspék pragmatik raket patalina jeung fungsi komunikasi basa katut komponén-komponénna. Ari komponén komunikasi téh, ceuk Jakobson (1968), aya genep rupa, nyaéta panyatur, pamiarsa, kontak, kode, amanat, jeung kontéks. Dumasar kana éta genep komponen komunikasi téh, aya genep fungsi komunikatif basa téh nya éta (1) fungsi émotif, anu patali jeung ebrehan basa ti panyatur; (2) fungsi konatif, anu patali katarimana basa ku pamiarsa; (3) fungsi fatis, anu patali ngukuhan hubungan panyatur jeung pamiarsa; (4) fungsi metalinguistik, anu patali jeung ngulik lambang atawa kode basana sorangan; (5) fungsi imajinatif (puitik), anu patali jeung cara nepikeun amanat nu sipatna éstétis; sarta (6) fungsi kognitif (référensial), anu patali jeung cara ngébréhkeun kontéks situasi.

## B. Wanda Aspék Kedaling Pragmatik

Dipatalikeun kana komponén jeung fungsi komunikasi basa, kedaling omongan nu sipatna pragmatis téh aya genep rupa, nyaéta (1) aspék sosialiasi, (2) aspék sikep inteléktual, (3) aspek émosi, (4) aspék informasi faktual, (5) aspék moral, jeung (6) aspék ngaréngsékeun masalah.

### 1. Aspék Sosialisasi

Istilah “sosial” téh patali jeung masarakat, nya éta gundukan jalma-jalma dina hiji pakumbuhan. Sosialisasi ngandung harti ngamasarakatkeun, nya éta prosés diajar anggota masarakat pikeun mikawanoh jeung neuleuman kabudayaan masarakat nu aya di lingkunganana. Dina ulikan pragmatik, aspék sosialisasi nyoko kana cara gaul atawa patalimarga antara panyatur jeung pamiarsa dina pakumbuhan masarakat. Upamana waé, waktu papanggih, kumpul, atawa paturay. Ieu aspék téh bisa waé patali jeung wawaran anu ditepikeun ku cara lisan atawa tulis. Tengetan ieu guneman di handap.

- (299) A: Puntén!  
B: Mangga!

Aspek sosialisasi bisa waé mangrupa omongan ménta idin. Upamana waé, saurang murid menta idin ka bu guru, yén isuk moal bisa sakola lantaran rék indit ka kampung pikeun ngalongok akina nu gering payah. Contona:

- (300) Dewi : Ibu, badé neda widi, dinten énjing. Déwi moal tiasa sakola.  
Bu Lia : Naha ku naon Déwi? Aya naon kitu?  
Dewi : Nu mawi pun aki teu damang wales. Parantos lima dinten dirawat di rumah sakit. Abdi badé ngiring ka Pun biang sareng pun bapa ngalayad ka lembur.  
Bu Lia : Oh, kitu, nyah! Heug baé ari kitu mah. Didungakeun sing salamet. Mugi-mugi Aki téh sing buru-buru sehat. Salam ti Ibu kituh, nya!  
Dewi : Nuhun, Bu. Mangga atuh, Bu.  
Bu Lia : Mangga.



## 2. Aspek Sikap Inteléktual

Intelék mangrupa daya atau prosés mikir amu leuwih luhur patali jeung hiji kaweruh; cerdas, kacerdasan. Inteléktual ngandung harti cerdas, boga akal, atawa mikir jejeg dumasar kana élmu pangaweruh. Jalmana sok disebut intelék atawa cendekiawan.

Sikap inteléktual nya eta sikep-sikep jalma anu nyakola, jumhur, weruh ku élmu kaweruh, jembar ku panalar. Aspék sikap intelektual dina pragmatik nyoko kana paripolah nu tangtu, di antarana waé:

- (a) Hayang mikanyaho kamampuh jeung kateumampuh;
- (b) Haying mikanyaho hiji perkara asup akal henteuna;
- (c) Méré kamandang atawa pamadegan dina sawala;
- (d) Cara nolak atawa nyaluyuan hiji perkara;
- (e) Cara mihat haté pamiarsa;
- (f) Cara ngayakinkeun pamadegan;
- (g) Nepikeun hiji perkara ka batur;
- (h) Nyirian hiji perkara kalawan wajar; jeung
- (i) Ngawawarkeun.

Aspek pragmatik patali jeung pasti henteuna hiji hal ku jalan nataan ciri-cirina.

Contona:

- (301) Nunung : Ku naon nya Déwi teu sakola? Boa gering?  
Titin : Ah henteu, dewi mah teu gering. Ngan kamari katempo bébéja ka Bu Lia. Meureun rék permisi.
- Nunung : Permisi rek ka mana kitu?  
Titin : Teuing atuh, teu nyaho, da teu ngintip. Mun teu salah denge mah, bejana akina gering, diopname di rumah sakit.
- Nunung : Di mana kitu?  
Titin : Ceuk Déwi mah di lemburna, di Tasik.
- Nunung : Euh, ari kitu mah. Meureun Déwi téh sigana rék ngalayad akina ka lembur.
- Titin : Engké mah urang tanyakeun lamun Déwi geus asup deui ka sakola.
- Nunung : Enya atuh.

### 3. Aspék Émosi

Émosi téh kedaling rasa anu mekar atawa surud dina waktu anu singget. Emosi ogé mangrupa kaayaan tur réaksi batin jeung lahir anu sipatna pribadi (subyékatif) kayaning sedih, gumbira, reueus, ngewa, resep, jsté. Aspék émosi dina pragmatik nyoko kana cara panyatur ngedalkeun rasa nunyangkaruk dina dirina saperti:

- (a) Ngedalkeun hiji perakara pikaresepeun henteuna;
- (b) Mikanyaho rasa sugema henteuna;
- (c) Nyungsi papasingan atawa golongan mikat haté henteuna;
- (d) Mikanyaho hiji perkara asup akal henteuna.

Aspék émosi téh bisa ogé nétélakeun suasana rasa gumbira atawa sedih. Contona:

- (302) Nunung : Ari aki di lembur kumaha?  
Dewi : Alhamdulillah, tos majeng ka séhat. Kamari ogé basa ka lembur, tos dicandak ka bumina.
- Titin : Sukur atuh ari kitu mah.  
Nunung : Wi, wilujeng, nya?  
Dewi : Wilujeng naon?  
Titin : Peunteun basa Sunda anu Déwi, kenging salapan.  
Dewi : Alhamdulillah. Asiiik atuh, nya?  
Nunung : Peunteun Nunung mah ngan dalapan.  
Dewi : Wios atuh, éta gé tos saé. Ieu yeuh, aya oleh-oleh ti lembur. Ieu keur Nunung, tah nu ieu keur Titin.
- Nunung : Nuhun, Wi.  
Titin : Enya, Wi. Nuhun, nya!  
Dewi : Sami-sami.

### 4. Aspék Informasi Faktual

Informasi faktual mangrupa nepikeun wawaran anu sipatna nyata tur bukti. Kedaling omongan pragmatis anu patali jeung aspek informasi faktual, di antarana waé, kieu:

- (a) Mikanyaho hiji perkara mungkinhenteunna;
- (b) Mikanyaho hiji perkara pikaresepeun henteuna;
- (c) Ngomean kasalahpahaman;

- (d) Ngawarkeun hiji perkara atawa kajadian;
- (e) Méré informasi atau peristiwa;
- (f) Nyarankeun hiji pagawéan atawa kagiatan;
- (g) Ngedalkeun hiji perkara kalawan inténsif;
- (h) Ngedalkeun ciri-ciri atawa papasingan;
- (i) Ngoméan hiji perkara; jeung
- (j) Méré pangrojong atawa panulung.

Aspék infotmasi faktual ogé nétélakeun wawaran atawa informasi nu sanyatana luyu jeung kanyataan.

Contona:

- |       |        |   |
|-------|--------|---|
| (303) | Nunung | : Basa indit ka lembur kana naon, Wi?                       |
|       | Dewi   | : Kana beus?  |
|       | Nunung | : Tabuh sabaraha ti Bandung?                                |
|       | Dewi   | : Jam 06.00 isuk-isuk.                                      |
|       | Nunung | : Ari aki téh teu damang naon kitu?                         |
|       | Dewi   | : Ceuk dokter mah, jantung.                                 |
|       | Nunung | : Atuh panyawat abot, teu kaop kénging kareuwas sok janten. |
|       | Dewi   | : Nu mawi éta gé kitu.                                      |

## 5. Aspék Moral

Moral mangrupa ahlak, budi pekerti, atawa ajaran hadé goréng anu disaluyuan ku masarakat tina jihat agama jeung darigama. Ieu moral téh jadi paripolah, sikap, atawa kawajiban anu kudu dikukuhkeun ku masarakatna. Lamun moral tea direumpak, masarakat bakal ngarendahkeun jalma anu ngarempakna. Moral ogé bisa dihartikeun hiji kaayaan mental anu ngadorong hiji jalma aya kawani, sumanget, gairah, disiplin, jsté. Aspék moral dina pragmatik nyoko kana sawatara hal, di antarana waé:

- (a) Nepikeun kasaluyuan;
- (b) Nepikeun pangajén; jeung
- (c) Nepikeun aprésiasi kana hiji perkara.

Aspék moral nuduhkeun sikep ngahargaan laku hadé atawa ngeunggeureuhkeun laku goréng.

Contona:

- (304) Déwi : Ibu, katitipan serat ti pun bapa. Surna hatur nuhun, Déwi tos diwidian ngiring ngalayad pun aki.  
Bu Lia : Mana suratna, Wi?  
Déwi : Ieu. Bu. Sareng ieu aya oléh-oléh sakedik.  
Bu Lia : Ih atuh, mani ngarérépot. Sawios atuh geulis, da Ibu mah teu ngarep-ngarep oléh-oléh. Aki hidep tiasa énggal damang ogé, Ibu mah atoh kacida. Carisoskeun ka Bapa sareng ka Mamah, oléh-oléh tos katampi. Hatur nuhun kituh, nya!  
Déwi : Muhun, Bu. Mangga atuh, Bu! Déwi permios.  
Bu Lia : Heug, ka dinyah.

## 6. Aspék Ngungkulan Masalah

Masalah mangrupa hiji perkara anu kudu diréngsékeun. Munculna masalah dilantarankeun ku ayana kateusaluyuan antara harepan jeung kanyataan. Jadi, masalah téh nétélakeun hal anu kudu diréngsékeun atawa diungkulan.

Contona:

- (305) Déwi : Tin, basa Déwi teu sakola, aya PR?  
Titin : Aya. PR basa Sunda. Seueur téh!  
Déwi : Nambut bukuna, nya?  
Titin : Pék waé. Ngan bukuna aya di imah.  
Déwi : Naon PR-na?  
Titin : Ngempelkeun dongéng.  
Dewi : Oh. Enya urang kumpulkeun wé. Naroskeun ka Mamah sareng Bapa.

## Rangkuman

Pragmatik téh mibanda prinsip-prinsip jeung tahap kasopanan. *Kahiji*, prinsip kasopanan basa atawa tatakrama basa nyoko kana genep maksim, nya éta maksim kawijaksanaan, maksim handap asor, maksim tumamprak, maksim kasaluyuan, maksim balabah, jeung maksim kasimpat. *Kadua*, tahap kasopanan basa, anu ilahar disebut *undak usuk basa*, atawa *tatakrama basa*, ngawengku tahap lemes, tahap wajar (sedeng), jeung tahap kasar.

Dipatalikeun kana komponén jeung fungsi komunikasi basa, kedaling omongan nu sipatna pragmatis téh aya genep rupa, nyaéta (1) aspék sosialiasi, (2) aspék sikep inteléktual, (3) aspek émosi, (4) aspék informasi faktual, (5) aspék moral, jeung (6) aspék ngaréngsékeun masalah.

### **Latihan**

Jawab sakur pananya ieu di handap!

- 1) Naon ari aspék kedaling pragmatik téh?
- 2) Naon bédana aspék moral jeung aspék émosi? Pék contoan!
- 3) Naon bedana sikep inteléktual jeung informasi faktual? Pék contoan!
- 4) Patali jeung naon ari aspék sosialisasi? Pék contoan!
- 5) Pék contoan aspék prgamatik tina informasi faktual!

### **Daptar Pustaka**

- Jakobson, R. (1968 (1941)). *Child language, aphasia, and phonological universals*. The Hague: Mouton. English translation of Kindersprache, aphasie und allgemeine Lautgesetze. Uppsala
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.
- Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Lubis, A. Hamid Hasan. 1993. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Tarigan, H.G. 1986. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Tarigan, H.G. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.
- Yudibrata, Karna dkk. 1989. *Bagbagan Makena basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.